

Ongka 2 Kemis kaping 8 Januwari 1874
BRA MARTANI

Sarehning ing samangke bayaranipun 1 serat kang medal pos 2 kethip ingkang punika para priyantun utawi sanesipun manawi kintun saerat dhateng kula tuwan Jonas Portir en ko. Mugi kakintuna prangko pos denten wangsulanipun serat ugi kula jintunaken prangko pos. Jonas Portir en ko.

Kula Wisudhan

Mas Jaka Sakidin murid calon mantri guru ing pamulangan jawi nagari Surakarta, ing nalika tanggal kaping 18 Dhesember 1873 kinula wisudha dados mantri guru ing Malang (Pasuruhan) kapatedhan balonja 50 rupiyah sawulanipun.

Mas Yoasafat juru serat ing kantor reserse Samawis, ing nalika tanggal 31 Dhesember 1873 kinula wisudha dados mantri beya ing Ngebum (Samawis).

Mas Suleman ajung sebandar ing Ngebum, Samawis, ing nalika tanggal kaping 31 Dhesember 1873 kinula wisudha dados mantri beya ing Ngebum Samawis ugi.

Panjurung.

Surakarta

Sampun sawatawis dinten ing peken Kaliwon wonten tiyang kakalih dhatengan saking Indhu, punika kawartos angakeni turunan saking Arab, bok manawi amurih kalulutana ing bongsa jawi, sarta anggelar pratingkah ingkang anggegendeng dhateng kagawokan punapa dene sok amemeca, mupung ing mangke dereng kalajeng kathah tiyang jawi kapencut ing gelar aneh wau sarta sarehning tiyang jawi sampun kaping pinten-pinten atus kecelik utawi kajung kelang awit saking kebandhang ing gugon tuhonipun, mila Bra Martani kumawawa angatur pepenget dhumateng ingkang sumedya marepeki ing papadhang, sampun ngantos kebandhang ing gugon tuhon malih, awit rak sampun kekerepen ta.

Tiyang kakalih wau samangke teksih wonten ing peken Kaliwon utawi ing kampung Adiwijayan.

Telegram saking Batawi tanggal kaping 30 Dhesember 1873

Kanjeng Tuwan Kolonel Dheroi fan Seidhen dipuntimbali dening senapatining wadya bala lurugan, kakarsakaken gumantos anindhihi brigadhinipun Kanjeng Tuwan Kolonel Wihgres fan Kerkem ingkang nandhang labet boten sanget.

Telegram saking Penang tanggal kaping 31 Dhesember 1873

Sabakdaning perang brubuh kala tanggal kaping 25 tuwin 26 ing wulan kapengker punika beteng-beteng ing sabrang tengenipun kaprenah lepen sangajenging karaton sami kapracondhang, ing ngriku kaadegan beteng kangge amasang mariyem ageng-ageng ingkang badhe kadamel ambendrong kadhaton.

Telegram bab Aceh

Seratipun kanjeng tuwan jendral fan Switen ingkang katampen ing kantor telegram ing Penang, suraosipun makaten:

Kala tanggal kaping 26 wadya bala anjajah papan sangajenging karaton sarta perang brubuh malih mawi babanten kados ing ngandhap punika:

Tuwan Kaptin Lapors kasambut ing ngalaga, tuwan Mayor fan Lit, tuwan Kaptin Nik, Litnan Irsman, Wilkes tuwin Kut sami kabraran, ananging boten sanget, kathahing saradhadhu pejah 15 dene ingkang labet 55.

Beteng ingkang kangge amasang mariyem ageng-ageng saweg kagarap sarta badhe enggal rampung, beteng wau kasantosan ing dadamel.

Raja ing Pedir lumebet ing karaton ambekta bala 1500 badhe angadoni ing ngayuda, awit saking punika wonten prajurit lautan ingkang kalurugaken dhateng tanah Pedir badhe amisesa tanah tuwin titiyang ing ngriku.

Caraka kula ingkang lumampah amanggihi sultan Aceh kacepeng, kaancam-ancam badhe kapejahan sarta kabekta babandan dhateng ing tanah tengahan, dene serat-serat ingkang dipunbekta sami kasuwek-suwek boten kaaturaken ing sultan.

Titiyang ing ngriku sami puguh.

Tuwan Litnan Birger mister, tilar dunya kencing kolerah.

Menggah kawontenaning sasakit sampun suda.

Lokomotif tanggal kaping 31 Dhesember 1873.

Telegram bab Aceh ping 8 Januwari

Sabakdanipun perang tanggal kaping 26 boten perang-perang malih.

Kraton tuwin mesjid badhe tumunten kabendrong, amung kanton angantosi sarampunging papan pambendrongan kemawon.

Tuwan Kaptin Noleniyus, seda kencing kolerah. Prajurit marine sampun dhateng saking Pedir, mentas angremuk sarta ambesmi beteng Pedir, gedhongipun hobatham bledhos, sarta kampung Pedir pinten-pinten enggen ingkang dados karang abang, dene raja ing ngriku nyaosaken tanahipun dhumateng kanjeng gupremen, sanajan boten sumerepa punapa ingkang dipunkarsakaken ing kanjeng gupremen, ewa denten raja wau badhe boten suminggah, wondene anggenipun kamipurun babantu dhateng karaton Aceh amung jalaran kuwatos bok bilih peperanganpunika angrisakaken tanah.

Pethikan cekakan saking Porsten Landhen.

Ing tanah Sisili mentas jawah laminipun ngantos salikur dinten, saterangipun jawah lajeng wonten lindhu ageng. Pelikan walirang regi 36 kethi rupiyah risak babar pisan, kathah susukan tuwin sumur pelikan ingkang sampun kangge gangsal welas taun sami jugrug, redi etnah ngwedalaken latu kaliyan ladhu, kathah barang darbek sami ical, ananging boten wonten pejah. Lepen Tiber banjir ageng angalebi ing jurangipun tuwin tanah Panteyon, redi fesifiyus ngalami badhe anjeblos. (Porste Landhen).

Kala tanggal kaping 18 April 1873, Rahaden Tumenggung Suradirja wadana tumenggung pulisi ing Surakarta, atilar dunya mawi tilar sambutan 13000 rupiyah elet sawulan barang titilaranipun kalelang pajeng 8000 rupiyah.

Salebetipun kalih wulan salebaripun wonten lelang wau, titiyang ingkang nyambutaken sami atur pratela dhateng Rahaden Tumenggung Kartanagara wadana pulisi inggal, menggah cukatipun budhel kamer jawi anindakaken ing damel, punika pantes kaalembana awit ngantos sapriki yatra 8000 rupiyah wau dereng kabayaraken dhateng ingkang amasthi nampeni, bok manawi badhe wonten paniti priksa ingkang anelakaken yen yatra sampun telas katedha ing rayap utawi kecahak ing tangan sanes.

Inggih sanajan makaten-makatena titiyang ingkang sami nyambutaken inggih boten rena, awit kuwatos bok bilih yatra wau sudhah abis, mongka ing pangajeng-ngajeng malah badhe angsal sareman satusipun 61 ½ ruppiyah saking yatra pawitanipun.

Tigang taun leresipun ha rak sampun cekap kangge amrejit warisan gampil makaten.

Wasana kula badhe amratelakaken punapa bab warisanipun Raden Tumenggung Suradirja wau sampun katiti priksa, saha ngajeng-ngajeng sageda angwartosaken bab warisan langkung ageng ingkang dereng kabayaraken dhateng ingkang masthi nampeni.

Porsten Landhen.

Manawi andadosaken pareng karsanipun tuwan redhaktur utawi wonten selaning papan, kawula kamipurun angaturi panjurung kados ing ngandhap punika, supados kauningana ing para priyantun tuwin para mitra kawula ing salebetipun dhistrik Ajibarang.

Ing nalika dinten Senen tanggal kaping 15 Dhesember 1873, kawula katamiyan wasta Udayana, griya ing dhukuh Karang Kemiri derek dhusun Karang Tengah (Ajibarang), sadangunipun lelinggiyan sami reraosan bab wandaning tiyang sarta wawatekanipun, tumunten piyambakipun anyariyosaken penatusipun ing dhusun Karang Tengah nami Martayuda, menggah wangun tuwin dedeg pingadegipun, wasana sareng cariyos punika kawula suraos, ko pinanggih awon sadaya watekanipun, pamanah kawula upami khewan brangkalan wasta khewan ngas ingkang wulu kalong, dumados buron dhumateng tetangganing duburipun tiyang estri kemawon.

Wangsulanipun Udayana inggih cocok pancen makaten adat watekanipun, dalah rerehanipun ingkang sami gadhah semah radi malenis kawartos sampun kalampahan dipunjamah sadaya, sanadyan semahing tiyang ingkang kalebet sanak piyambak kathah ingkang dipun rebat kadamel gendhakan, manawi wonten satunggaling tiyang estri ingkang lumuh anglampahi dipunbedhang, saestu lajeng kapeksa winawasa, utawi laknipun kapusing-pusing amurih kasembadan pikajenganipun, malah kawartos panatus wau sampun anglampahi dipunpenthung mawi alu sukunipun awit anggenipun darbe tingkah kados makaten punika, pramila ngantos samangke sok asring api-api kenging sasakit srepet, ananging sayektosipun boten, ingkang estu inggih punika labet anggenipun kapenthung wau, dene rerehanipun ingkang dipunasihi amung ingkang saged nyugatani sangandhaping puser, o..ya alah manawi makaten dados kenging kabasakaken angger aja buntut, punapa malih Martayuda wau ingkang kaangge watek danawa dhungdhung biku, remen adamel awon sarta resah dhateng sanes dhusun.

Inggih punika atur kawula dhateng para priyantun tuwin mitra-mitra ing Ajibarang, menggah pawartos ingkang sampun kawarat ing nginggil wau punapa inggih cocok kaliyan kawontenanipun punapa boten.

Sinerat ing dhusun Kemojing kaping 28 Dhesember 1873. Katandhan pun Trunatelani.

Ing kitha sanes-sanesipun inggih kathah pangageng ambek kala mongsa kados makaten, ananging angel sanget saged dipuntitik ingkang tetela, kajawi amung dening tajemingpangwulat. Redhaktur.

Kula sampun aningali panjurung minongka wangsulanipun V.D.K. dhateng Kendarnewu ingkang suraos merang-erang, dene kendarnewu pitados bab wontenipun seban menggah ingkang kaangge dadamel V.D.K. wau sang maripat, ingkang punika kula bingah sarta sanget kasengsem, dene V.D.K. anggayuh ngelmi punika sarta boten purun pisan-pisan yen gugon tuhona, ananging cuwaning manah kula, galiye V.D.K. teka katawis taksih kalimput ing pakewed jalarang saking sangeting pitados dhateng piwulanging gurunipun.

A nyelani wicanten kula tembungipun: *yagene kowe dene ngarani mengkono wangsulan kula: apa ta kang kaaranan gugon tuhon, apa dudu wong kang antuk warta utawa wuwulang ora nganggo kapikir dawa, utawa kayektekake kalawan pandelenge dhewe, kang kapikir mung mesthi anggugu lan mituhu bae.*

Ing wasana sedyanipun V.D.K. boten tumemplok kaliyan ingkang dipunener, sapunika kula bok inggih kaparingan katrangan punapa ingkang kaangge nyatakaken bab wonten utawi botenipun setan, yen V.D.K. nguger dene dereng nate sumerep piyambak punika kenging kawastanan dereng kantenan, awit kacariyos setan saged ngical, yen mokalaken dene saged ngical kathah ingkang kacihna kodratollah kang saged ngatingal tuwin saged ngical, kadosta: lintang ngalih, daru tuwin sapanunggalanipun, pangajeng-ngajeng kula: kula tumunten maos saserat wangsulanipun V.D.K. ingkang boten ngalencar.

Sekar mawar kaping 6 Janawari 1874. Sempanye.

Kula namung anyambeti panjurungipun mitra kula ingkang sisilih nama V.D.K. anggenipun wawarah dhateng Kendarnewu, bab rare estri ingkang dipunteksir lelembat, punika saking watawis kula Kendarnewu inggih boten sumerep piyambak, bok manawi kados ingkang kawartos ing kampung Slompretan, wonten gendruwo sampun radi cumbu manggen wonten ing griya suweng tilas griyanipun sinyotran, abdi dalem ordhenas walandi ing lebet karaton, saking cariyosipun ingkang celak ing griya ngriku kathah kemawon antawisipun ingkang katingal anganehi bilih dalu asring neteki kori, yen dipunwengani boten wonten utawi ambanggali griya ing sawanci-wanci, mila wonten titiyang ing ngriku ingkang wicanten sembrana makaten: *yen mangkene iki upama ana sing balang dhuwit pasthi dak trima banget*, boten dangu lajeng wonten arta sen dhawah saking nginggil pating kelentheng dhawah ing piring tuwin sangandhaping piring, anjawi punika kathah kemawon pratingkahipun ingkang kalebet aneh, utawi priyantun ing ngriku ugi cariyos bilih sampun nate sumerep piyambak ujuding gendruwo wau, sareng antawis dinten griya suweng punika dipunparingaken priyantun walandi ordhenas ingkang gentosi lenggahipun sinyotran, lajeng karesikan ing ngandhap nginggil badhe dipunelihi, wasana ingkang wonten ing loteng namung luwak kawak, agengipun anglangkungi sarta mawi anak sakawan, baboning luwak wau kacandhak lajeng dipunpejahi, namung anakipun taksih dipuningu, sanadyan sampun tetela makaten ewadene para tiyang ing ngriku taksih anggadhahi cariyos bilih gendruwo wau taksih, mila watawis kula bok manawi punika bojonipun wewe ingkang dipuncariyosaken ningali ringgit dhateng ing Natakusuman punika, bilih boten makaten inggih pancen wewe simpenanipun kendarnewu piyambak.

Katandhan M.D.

Candhakistan cariyos ing tanah Eropah ing mongsa bedhidhing

Yen toya kenthel wau badhe kaangge, dipunwadungi agepeng-gepeng lajeng kawadhahan sarta lajeng kaangkongaken ing latu, saestu lajeng cuwer kados toya, ing nalika punika lare sami ngangge sepatu ingkang ing ngandhap mawi tosan werninipun kados gigiring bahita, sarta lajeng-lajeng ing toya kenthel wau dene salajengipun boten mawi jumangkah, amung tanganipun kemawon kaajengaken sarosanipun, suku kakalih kang kraketaken temahan katut, awit saking alusing tosan kang wonten sangandhaping sepatu tuwin saking lunyuning toya anjendhel wau, manawi tiyang badhe angombeni raja kaya, toya kenthel wau kakrowok dening wadung ngantos dumugi ing toya kang cuwer, raja kaya lajeng ngombe ing krowokan wau, wondene ulam loh tuwin sadaya kewan kang gesang ing lepen ing waktu punika sami ngelem manggen ing toya ingkang cuwer, sarta malih ing mongsa punika titiyang boten saged amisaya ulam, wonten ugi ingkang amisaya, nanging amung asarana supit kemawon den pagen dipun, toya anjendhel wau dipunkrowok ing wadung ngantos katandhasaken ing toya cuwer, tiyang ingkang misaya lajeng linggih ing pinggiring krowokan wau, awit wonten ulam ingkang busuk yen dhateng ing krowokan ngriku, lajeng dipunsupit kajunjung alon-alon awit saking busukipun boten purun ebah utawi budi, menggahing krowokan punika ngapunten kenging dipunwisayani asarana pirantos sanes ngapunten boten.

Manawi tityang sami tangi ing wanci enjing saestu sumerep yen toya wuhan tuwin samukawis kang cuwer sadaya anjendhel, dene bilih badhe kaombe kedah kaenget ing latu rumiyin ngantos sacuweripun.

Purwadadi, 4 Januwari 1874. Kuwatin. Taksih wonten candhakistan.

Lir mas kentir ulun arsa angucupi, cangkriman kang tumrap, ing srat kabar Bra Martani, kang mijil ari Respatya. Ping dwi dasa ponca, Dhesember puniki, 52 angka, saking mitra ngong pun ratip, sinawung asmaradana. Batang ulun kalamun ulaming kucing, wus ical wulunya, miwah sirna sukuneki, sayektine dadya kacang. Yektu tedhan kang limrah binukteng jalmi, silih nama khewan, tur akathah araneke, wujud ira beda-beda. Mung punika kang dadya pamanggih mami, tan wrin leres lepat, sumanggeng mitra pun ratip, amung lumangyan kewala. Tinimbang lan dereng wonten kang ngucupi, yen sisip aywa sak, titi cinitreng ditya ri, Dhesember ping dwi dasa

stha. Warsa sewu asthatus sapta dasa tri, katandhan mitranta, pun suwita kang sisilih, ing kitha prajeng Banyumas.

Sengsem asmarane nguni, duk ulun amiyat kabar, Kemis tanggal ping selawe, Dhesember condra mawarsa, gacak piningkal wignyan, ongka candrane sinuku, kintaka sinung pratondha. Ratip kang pinudyeng krami, kebon kraton Surakarta, mamedhari pralambange, myang mintonken khalal ira, ulam kucing manawa, yen wus nir suku myang wulu, ingiket asmaradana. Dhuh kisanak mugi-mugi, nirna marmane driya, myang den agung aksamane, gyan ulun gung cumanthaka, sumrawe marang koran, tan wruh ing pribadenipun, desa sonya ing papinda. Sepi mamring ing pangeksi, sidhem premanem pamyarsa, taweh marang lalitane, tuhu datan paja-paja, lan kanekaning praja, mila sangsaya kalantur, ing tyas denya meksa gampang. Tur panjurung patrap warti, pambatange cangkrimanta, sampun kagalih gumluweh, rehning manut ing lanjutan, miwah tunggakan ira, lepat leres saha katur, sumongga borong kawula. Lamun wonten ulam kucing, yen wuler wulu sukunya, yekti kalal ing ulame, malah ing dhusun kawula, ing tasik giri tirta, boten mit katenta namung, kalal karam minicara.. kaelokan kang den budi, pamancala mapindhasma, kucing sinuku wulune, de saget warni manungsa, jalu miwah wanodya, mung wonten ing saratipun, kapendhem dening bantala. Gumregah anulya tangi, sawreni kados manungsa, sadaya sisipatane, ucap kedhep napas ira, pratandhane ngagesang, cecekan liris sarambut, lawan wujuding sunjanma. Saged mider turut loji, bekta mrakas sinumpyangan, sarwi mikul dagangane, rinuji-ruji pinggirnya, ijo inglir pradapa, yen wus telas gendhingipun, prapteng dulang dadi amyang. Awit: k : sukunya pikthil, ca brindhil wulun nira, mung cecake bae, kucing ilang kari kacang, ma cumlebeng pipitan, mancur-mancur lenganipun, temahan dibukilan. Sampun telas atur mami, kula sumongga ing karsa, sokur bilih sampun condhong, lamun dereng methukana, ing karsa darwiyanta, kawula sumongga kayun, nuwun gunging pangaksama. Titi atur amungkasi, sinerat ing giri tirta, [.....], sela jimakir warsa, sengkalanireng ketang, wulu lulus liman tunggul, katandhan pun parikama.

Panjurung ingkang sanes-sanesipun ingkang mentas kapacak badhe kawedalaken ing Kemis ngajeng.

Kadipaten Anom Surakarta

Kula angaturi uninga dhumateng para priyantun utawi tiyang alit salebeting nagari Surakarta miwah ing dhusun-dhusun, awit saking dhawuh ing parentah katiti mangsan kaping: Januwari 1874 ongka 2.

Ing sajalipun Raden Hangabehi Ronggawarsita, abdi dalem kaliwon ing kadipaten, sinten ingkang sami ngaken nyambutaken punapa dene manawi wonten ingkang nebas tuwin anggentosi dhusun sapanunggilanipun ingkang kalayan mawi nyepeng serat pratondha terang saha mawi cap. Saking dhawuhing parentah, kenging lajeng anggadhahi atur mratelakaken sasambutanipun Raden Hangabehi Ronggawarsita wau kawates salebeting satus dinten saking titi mangsanipun serat dhawuh, dene manawi dumuginipun satus dinten mongka wontenakarsa wag amratelakaken, sanadyan trang mawi nyepeng pratandhanipun Raden Hangabehi Ronggawarsita punika badhe katulak ingkang dados atur panuwunipun.

Punika Cariyos Babad Mataram

Pajarakan sawengi denya mondhokan, enjing budhalan malih, tinata lampahnya, denya mungsuh wus perak, panganjur ira wus mijil, perak nagara, ajeng-ajengan jurit. Wong kalagan barise muntap melatar, nanging datan metoni, ngalun-alun aglar, sedya ngantep ing yuda, sagunging wadya pasisir, kapang kalangan, karandhon den barisi. Pan angantos timbalane sri narendra, sagunging pra dipati, yata sri narendra, sampun ngaturan wikan, yen ingkang raka narpati, mempen ing kitha, ngalun-alun abaris. Sang aprabu mangkurat atata bala, pangawat kanan kering, ingkang mungging jaja, pan sami asiyaga, sagung kang para prajurit, atapa merah, kendhang gong tambur beri. Awurahan pra dipati nata wadya, wuwusen sri bupati, sang prabu ngalaga,

prasamya nata bala, atenger ira narpati, gula kelapa, lelayu den ingeri. Kang anyekel bandera wus sinalinan, milih para mantri, kang prakosa sura, kang nyekeli bandera, myang kyahi guntru geni, wus ingisenan, kang jagani bupati. Wus atata rempeg baris ingkang wadya, banderaning narpati, warna gula klapa, bupati kang ajaga, barise pan sampun dadi, nembang tengara, suwara nira anjrit. Ki pangulu kumpul saketip modinya, angadhep sri bupati, samya ngantep yuda, mamatyeng sabilolah, sigra anempuk ing jurit, wadya kalagan, tengarane tinitir. Kodhok ngorek munya tinabuh angangkang, wau aneng sitinggil, ingkang kawarnaha, wadya ing Kartasura, umangsah kang munggeng kering, miwah ing kanan, dhadha sareng ngebyuki. Wong kalagan kang baris aneng ing pasar, punika kang nadhahi, arya Mondhalika, rame denira yuda, ngamuk sabalanya aglis, wong ing Mataram, lir buta mongsa daging. Wadya Kartasura sadaya keh prapta, miwah wadya pasisir, gumerah wurahan, Ki Arya Mondhalika, lan Arya Surajayeki, sareng umangsah, lan sagung para mantri. Swaraning kang sanjata lir gelap ngampar, sagung wadya Matawis, piyak keri kanan, pan sampun winangsitan, yata kyahi guntur geni, kyahi syuh brastha, pangecek den suledi. Anglir gelap sasra muni ngawang-ngawang, tumpes kang kapalipis, pan kagum sadaya, wadya ing Kartasura, akeh longe ingkang mati, sri naranata, prabu mangkurat nenggih. Sigra mara kumpeni mangsa ngayuda, amral wus angabani, kumrutuk swaranya, tambur barung sunapapan, kadya mecahena kuping, tanpa parungyan, langkung gugup-gugupi. Siniptan mariyem wong Kartasura, gusis ing kanan kering, miwah wong welonda, kumpeni kathah pejah, angles wadya ing pasisir, dhadhal suh sirna, tanana mongga pulih. Sang aprabu mangkurat nindhihi bala, bendhe tinitir-titir, apan kyahi bicak, wau kang dipun asta, angungkung muni ing langit, para dipatya pasisir wani mati, [.....], [.....], datan amrih pejah, miwah monca nagara, dene wau sri bupati, prabu Mangkurat, anindhihi ing jurit. Wong kalagan lir sato wana memongsa, pan sami ambek pati, pan kakeyan lawan, mimis pan kadya udan, singa kang katrajang gusis, samya lumajar, puraha tangkep malih. Ramening prang kunarpa sungsun atumpang, sami awuru getih, wadya ing kalagan, liwung pangamuk ira, wantu prajurit sakedhik, saya keh pejah, saparane den ungsir. Arya Mondhalika mangamuk manengah, pangulu ketip modin, mrebok rowang ira, binendrong binedhilan, wong kumpeni kang ngedreli, akathah pejah, wau wadya Matawis. Arya Mondhalika kalangkung sudira, pra dipati ngebyuki, sinosog gudebag, lembing lawan serampang, anging tan wonten nedhasi, langkung digdaya, prawira sureng westhi. Sakathahing braja tan ana tumama, teguh kapati-pati, Arya Mondhalika, sapira kuwat ira, baya karsaning yang widhi, Ki Mondhalika, pan sampun angemasi. Datan pasah kulite Ki Mondhalika, remuk bebalung neki, ngalumpruk kewala, kinarubut ing kathah, yata wau sri bupati, ngaturan wikan, Mondhalika ngemasi. Langkung duka wau susunan ngalaga pasurya nira andik, semu bangkang jaja, sumung-sumung mukanya, tedhak arsa angawaki, wadya Mataram, sakarine kang mati. Anggarebeg sadaya mring sri narendra, wau sri narapati, nyandhak pangawinan, kyahi paleret ika, den embat watang kumitir, marek mangarsa, duk arsa aprang tandhing. Wadya bala mangsa manengah beksura, Arya Surajayeki, Arya Tambakbaya, kanang bocor umangsah, sagunging kang para mantri, sami umangsah, kotbut tandang neki. Ngiwak-ngiwuk pangamuke wong kalagan, gustine kang nindhihi, sagung ingkang wadya, kamangkuratan mangsa, anadhahi wong Matawis, umyang gumerah, angamuk golong pipis. Singa ingkang katarajangtutumpesan, sagunging pra dipati, awas denya mulat, susunan ing ngalaga, ingkang ngawaki pribadi, samya lumajar, aneng wurining gusti. Sira Arya Sindurja matur manembah, gusti arinta aji, angawaki yuda, langkung dening sudira, abdi dalem sri bupati, samya lumajar, kagyat sri narapati. Angandika sang aprabu ing mangkurat, bocah piyaka aglis, eh amral den inggal, anaha wurining wang, manawa prapta si adhi, sigra Urawan, nambah umatur aris. Adhuh gusti paduka cucul rasukan, manawi rinta gusti, pangling ing paduka, gusti dados punapa, wau kawula udani, rayi paduka, Ki Paleret pinandhi. Sri narendra mesem urawan dhinahar, sigra cucul kulambi, sang nata ngalaga, karpus sampun binuwang, yata wau sri bupati, prabu ngalaga, angamuk marepeki. Kagyat mulat marang kang asong-song jenar, kang rayi marepeki, sigra ngulap-ulap, yektos lamun kang raka, sigra denya awot sari, sujud ing manah, saking luhur turanggi.

Ongka 3 Kemis kaping 15 Januwari 1874
BRA MARTANI

Telegram bab Aceh

Kawartos kala tanggal kaping 6 Januwari , masjid sampun kapracondhang. Saradhadhu ing sapalihipun bataliyon kiwa ongka 3 wonten ingkang pejah 100 kalebet upsir 4.

Telegram saking komandhan militer Singkel, angwartosaken yen kala tanggal kaping 6 wulan punika masjid sampun kapracondhang, kathahing saradhadhu pejah tuwin labet 215. Pananggulanging mengsah boten kendel-kendel, bab kasarasan mindhak sae. Bahita Krunprines der Nederlanden kaliyan Baron Makai sami dhateng Padhang ambekta saradhadhu labet 169 kalebet tuwan Kolonel Dheroi fan Saidhewin, bahita kalih wau wangsulipun dhateng Aceh badhe ambekta bataliyon ongka kalih ing brigadhi kapisan. (Porste Landhen ping 12 Januwari).

Lapuranipun Kanjeng Tuwan Jendral fan Switen, katiten ping 11 Januwari.

Kala tanggal kaping 6 Januwari, kraton kaliyan masjid sami kabendrong ing mariyem ingkang lomponganipun 37 79/113 dim, tuwin bestrong ingkang lomponganipun 62 94/113 dim, sareng sampun kaleksanan sawetawis jam masjid lajeng kapracondhang, pananggulanging mengsah boten sapintena, awit ngalih gelar dhateng teba boten santosa sarta teba wau tansah kapepetan ing prajurit infantri, kathahing saradhadhu pejah 17 kabranan 197, ananging kathah ingkang boten sanget, samanten punika kalebet upsir 11 pituna kula ageng, ananging pamracondhang kula samanten ugi, samangke wadya bala medal saking masjid angangkah nyelani kraton sarana kolir siti sarta adamel pambendrongan, selot-selotipun kanthi sabar kraton ugi badhe kapracondhang, wadya bala boten pilih bongsa sadaya sami anggregut tandangipun, Tuwan Kolonel Dheroi fan Seidhewin, tuwan Kaptin fon Maontes, Litnan Popolir, tuwan Wisaser tuwin tuwan Lir, tuwan Kam, tuwin tuwan Emes, tuwan Kaptin Seneieter, tuwan dhokter Dhe Wildhe sami kabranan, ananging boten sanget, tuwan Litnan Kompileriyus kabranan sanget, sapalih ing brigadhi ingkang wonten Padhang katimbalam dhateng Aceh.

Telegram bab Aceh

Wadya bala lajeng sami angebroki masjid sarta damel pambendrongan.

Tuwan Kaptin Sutres, tuwan Irste LitnanBumes, tuwan Irste Litnan infanteri Bruse fan Grunao sami kabranan, nanging boten sanget.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni

Surakarta

Kala rumiyin wradinan ageng salebetipun kampung Kajawen kirang sakedhik kemawon kening kawastanan mindhak sae, awit ing wanci dalu ngrika-ngriki meh anjrah kapadhang ing ting, saha panjenenganipun rahaden Kaliwon Purwanagara meh saben dalu mider sagutheking nagari aniti priksa ing bab punika, ananging samangke kaindhakan sae wau semunipun wiwit mungkret, saha wonten wradinan panjangipun sakinten kawan atus, elo amung kapadhang damar kathahipun 6 pelik, mongka panuju lag peteng dhedhet.

Kawartos ing pakunjaran ageng ing Surakarta wonten tiyang ewah wasra den Pus, punika kaumbar kemawon saha sok angalah wonten ing radinan sangajengipun griya kuncara wau, sarta wicanten ing sakenyoh-kengoh dhateng titiyang langkung sanajan jaler esriya, menggah ingkang andadosaken kuwatos amung bok bilih tembung sakenyoh-kenyoh wau adamel kaget tuwin mubalaken kanepsonipun tiyang ingkang dereng sumerep.

Pawartos saking Sala katiten ping 31 Dhesember kados ing ngandhap punika, ing dhusun pamaosan prambonan bawah Surakarta, wonten demang tumbas sanjata satunggil saking bongsa walandi sarta angsal serat pratondha saking ingkang sade, temen-temenipun yen sanjata wau saking piyambakipun.

Sareng mangsa niti tiyang jawi ingkang gadhah dadamel sanjata pistol sapanunggilanipun, ingkang mawi latu sami katiti priksa, demang wau kadhendha awarni yatra 25 rupiyah tur sampun angwuningakaken seratipun pratondha, awit saking punika demang lajeng darbe panuwun dhateng pulisi, mugi sanjata wau lulusa kadarbe ing piyambakipun, awit boten ambejaji 25 rupiyah, ananging panuwun wau boten katampen. (Lokomotif).

Ing dhusun Gawok bawah Sala, kacariyos wonten sela sakembaran dhapuripun kados tumpeng, mila inggih karanan sela tumpeng, punika sok tatangledan aben bujeng ngantos pating kranthuk, saha samangsanipun tatangledan lajeng dipunkormati ing bendrong dening titiyang ing dhusun tepis iringipun ngriku, malah titiyang ing kitha inggih angebhuki, awit kuwatos bok bilih kenging sasarik anggenipun boten angormati ing ilafat wau, kawartos kala malem Rebo kapengker punika sakinten jam sadasa, sela wau inggih bijigan malih, sarta kathah tiyang kaget dening watu lesung. Saupami sela ingkang dados laknating tentrem agami miwah kawruh wau kasirnakaken sampun saestu boten milalati.

Kawartos: sapriki sakinten sampun wonten kalih welas taun wonten tiyang sawatawis sami minggah ing pucaking redi lawu ingkang kawastan ngarga dalem, menggah sedyanipun badhe amangun muja semadi, minta sih barkahipun ingkang cinungkub ing ngriku, supados linuwarna saking cintraka saha lineberana ing kanugrahan.

Ngarga dalem punika sajatosipun dede pucak ingkang inggilpiyambak, ananging hawanipun sampun asrep anglangkungi, kakajenganipun alit sarta angrepepeh andhap-andhap, khewanipun ingkang ageng amung peksi jalak gadhing, samanten punika ingkang kerep katingal amung sajodho, sadaya ingkang wonten ing ngriku kados angganing tiyang amuja semadi sanget adamel enyesing manah, ingkang kapiyeng boten wonten malih kajawi amung gumrubuging angin, sela parigi sadaya sami angemu toya saemper kados tiyang kakenan salebeting pitekur, temahan raganipun kawradinan ing luh boten tinolih, amung yitna gegetun ing reh druhaka salaminipun tumitah.

Wondene pucak ingkang kawastan ngarga dalem punika waradin kados pinapar, jembaripun saking pamatawis wonten sacengkal pasagi, kinubeng ing jurang lebet ambambing, amung sisih wetan radi mayat inggih punika marginipun tiyang ingkang minggah mriku, satengahing paparan wau wonten cungkub alit satunggil, kacariyos sapunika yasanipun Raden Gugur putra ing Majapahit ingkang kaplajeng binujung ing tiyang Islam, wonten ing ngriku Raden Gugur jumeneng nata angratoni lelembat sarta jujuluk sunan lawu, kala badhe angraga sukma aparentah yasa cungkub ingkang sampun kasebut ing nginggil minongka patilasanipun sarta wonten abdinipun kakalih pandhe kaliyan kemasan punika boten kalilan tumut angraga sukma, kinen angwradinaken kagunanipun bab amandhe kaliyan ngemasan rumiyin, angiras tangga cungkub ingkang samangke kacariyos angker kalangkung.

Saben wulan Sura: pinten-pinten sakathahing tiyang saking monca nagari sami tunggil kajeng dhateng ing ngriku, ananging anggenipun mumuja wonten ing cungkub amung sawatawis jam, awit saking boten betah dening asrep, salebaripun amumuja lajeng sami lumengser mudhun sawatawis dhateng prenatal ingkang asrepipun kenging kabetahaken.

Kocapa titiyang ingkang kacariyos ing ngajeng wau wonten satunggal ingkang minggah angrumiyini dhateng cungkub, ananging enggal cengkelak wangsul ulatipun biyas, sarta sanjang dhateng kancanipun kapurih enggala minggah. Kanca-kancanipun tumunten minggah gentos-gentosan, ananging sadaya inggih enggal wangsul sarta biyas, wasana lajeng sami mudhun boten mawi rembagan punapa-punapa, sareng sampun jagongan angepang bedhiyang, ing ngriku saweg purun omong-omongan yen ing emperipun cungkub wonten mayit malumah mujur ngaler, menggah ing prejengan kados teksih trahing kusuma, dedeg jajag kapara ambancer, kathok panji-panji, sinjang teksih tigas anglurubi badan, untu kesikan prayogi, rambut cemeng apanjang saemper ucul-uculan gelung kadhal menek, jungkasipun penyu, katawisipun yen sampun layon amung saking ngabering gandanipun, saha bathuk radi gripis sawatawis.

Kala tanggal kaping 11 wulan punika, mantri guru Caruban (Madiyun), kapandungan werni: 1 timangkosan ulan-ulan mripat inten regi 116 rupiyah, 1 supe suwaos mripat inten panungsul mirah dlima regi 60 rupiyah, arta sakolahan 17 rupiyah, gugung dalah barang sanes-sanesipun regi 217 rupiyah 50 sen, ciptaning pandung bok manawi makaten: *lah sumongga priyantun pulisi Caruban kula sampeyan upadosi.*

Pethikan

Ing tanah Eropah titiyang jaler tuwin estri meh saged maos serat sadaya, ngantos tiyang pinten-pinten leksa ingkang dereng priksa dhateng tiyang ingkang dereng saged maos, ananging titiyang ing pulo jawi taksih awis sanget ing kasagedan maos.

Ing ngriku wonten griya kaangge panggenan lare wuta, sami kawulang maos serat anggenipun sinau sarana anggrayahi kemawon awit aksaranipun mendhukul. Yen ingkang wuta gadhah pamarsudi ing kasagedan kados makaten titiyang kang gadhah maripat kakalih kados pundi, ha rak sanget *panyunal-nyunalipun*.

Kathah sarjana ingkang sampun anyemprong toya puhan, erah keju, cok tuwin sawatawis barang ingkang limrah katedha ing tiyang, punika wonten uler tuwin kewan sanesipun alit-alit kathah, boten katingal dipuntingali asarana maripat kemawon awit saking sangeting alitipun, ananging punika sanaosa katut katedha utawi kaombe inggih ugi boten angregedi padharan awit alitipun sanget. (conthong).

Ing Bra Martani ongka 50 tanggal kaping 11 Dhesember 1873 wonten pawartos bilih Raden Sutandar mantri guru ing pamulangan jawi Magetan (Madiyun) badhe dhateng ing pamulangan calon guru jawi Surakarta sumedya sinau ilmu kodrat.

Lah sedy a ingkang makaten punika bilih saestu kalampahan temtu badhe sae kadadosanipun awit mansguli pun Raden Sutandar saking Surakarta ambekta who ing kangelan, ingkang amewahi santosaning kadyan, ambebasaken rurungkud ingkang anyudhungi manahing para murid, sarta amratandhani bilih Raden Sutandar priyantun remen ing guna pangawikan kalayan malih ilmu kodrat punika ing sapunika menggah ing pamulangan jawi taksih anggep piwulang pepethingan. Wasana kula ngajeng-ngajeng sanget kalampahanipun sedy a ing nginggil wau. (pangajap).

Nuwun kapacak ing Bra Martani

Kala ing dinten Salasa tanggal kaping 30 Dhesember 1873 para murid ing pamulangan jawi Banyumas sami kapariksa (eksamen) wonten ing pandhapi kabupatosan, menggah anggenipun ngatingalaken kasagedan para murid wau sawatawis boten adamel cuwaning panggalhipun para priyantun ingkang sami kajibah amariksani, sarta kathah para murid ingkang kaparingan serat pratondha tuwin ganjaran awarni cet buk miwah gambaran awarni-warni. Sasampunipun kapariksa tumunten kanjeng bupatos adhadhawah dhumateng para murid, ingkang suraos para murid wau kadhawahan anglastantunaken anggenipun marsudi kawruh supados ing tembe samangsanipun kapariksa malih mindhaking kasagedanipun langkung saking ingkang sapunika.

Katandhan pun: Darma paminta.

Ing nalika tanggal kapping 1 wulan Dulkangidah taun punika, ing Nglawiyen, Surakarta, lepen sacelaking kreteg ingkang anjog ing pasareyan padhas ing lepen ing ngriku medal umbul sakalangkung sae wening sarta asrep, wiwit ing dinten wedaling toya umbul ngantos dumugi ing waktu punika para tiyang jaler estri langkung kathah ingkang dhateng sumedya aningali toya umbul wau.

Sabab benjing yen sampun kuncara ing sanesing dhusun kados sangsaya kathah para tiyang ingkang sumedya aningali.

Ing waktu punika andadosaken arjaning lapen Nglawiyen ngriku, amila saking pamanah kula saupami umbul punika ageng ilining toya amesthi andadosaken kasaenanipun toyaning lepen.

Kula sampun rambah-rambah aningali serat Bra Martani, ing ngriku andadosaken gumuning manah kula. Dene saben medal serat Bra Martani amasthi wonten panjurung ingkang katandhan P.L. panjurung saking Banyumas, punapa inggih temen saben manjurung amasthi tiyang pejah kabalabag ing toya, yen saupami pawartos wau temen saiba kathahing bathang tuwin pulisi ingkang kapathah ngasta pangwasa ngriku kathah ing padamelanipun, awit saking amadosi katranganing bangke ing lepen punika.

Ing wasana sampun andadosaken rengating panggalhipun P.L. awit saking kula boten sumedya amancah maiben sawarnining pawartos wau. Katandhan Wanengdarmito.

Katuran V.D.K

Amarengan V.D.K. kula badhe anganut embyung mas sampanye kemawon, awit rak wonten parita santa, ungelipun anggudel bingung.

Kauningana mas, kula punika satemenipun sampun lami kapengin mireng katranganipun (sarirane mongsa kilapa), kaleresan sampeyan raosan makaten wonten ing Bra Martani, sakwlas padamelan tumpuk undhung kula kalentaraken, prelu kula angorekaken epen amethathi tembungan punika katur ing sampeyan.

Sampeyan ngandika wonten ing Bra Martani *wong yen isih anggugu ananing setan iku durung weruh gemenging kawruh*. (alah mas sing dingendikakake iku kawruh apa), sampeyan sampun boten anggega sayektos punapa taksih saking *jarene*.

Mila kula purun angembang pace makaten awit surya rak dereng maletheke, mega malang kemawon dereng kapaja-paja katingal, o..bedhug dawa malah dereng cekakipun saweg jago kaluruk sapisan, mila sampeyan kula caosi: pambage wilujeng wungu sare.

Kajawi panuwun kula katrangan kang kasebut nginggil wau kula nuwun katrangan malih punapa ingkang kasebut ngandhap punika kawastanan gugon tuhon.

1. tiyang Mesir kina punika sami ngaosi sato suku kalih.
2. Tiyang Grik kina punika sami amumuja lintang penus, yupiter tuwin sanesipun, patilasanipun pamujan sapunika taksih wonten ing kitha Pompei, tanah Itali.
3. Tiyang Siyem punika sami angaosi kewan ingkang pethak.
4. Tiyang ingkang kacariyosaken mas nawung kridha ing Bra Martani angka 1.

Sanget pangajeng-ngajeng kula nun paring sampeyan katrangan.

Taksih watek gugon tuhon, karti ping 10 Januwari 173

Banyumas

Serat Bra Martani angka 52 Dhesember ping 25 taun 1873 sekar asmaradana nem pada ing garis kalih saking nginggil wonten ingkang mungel: sinawung sekar ron kamal, punika lepat, leresipun sinawung sekar sarkara. (Ratip).

Katranganipun pangrangkeping aksara na inggih punika kawruh ingkang sampun ginelaraken dening swarginipun risang Gunawan, ing samangke kula reka-reka ambabaraken katranganipun ingkang supados menawi tumrap wonten serat kidungan saha sanesipun boten ambawur tembung ingkang semu raos kalih prakawis, ing ngandhap punika pratelanipun.

Sanepaning tembung ingkang mawi panambang ne.

1. alunne lingga saking alun, 1. alune lingga saking alu.
2. Karonne lingga saking karon, 2. Karone lingga saking karo.
3. Kebonne lingga saking kebon, 3. Kebone lingga saking kebo.
4. Isinne lingga saking isin, 4. Isine lingga saking isi.
5. Dhukunne lingga saking dhukun, 5. Dhukune lingga saking dhuku.
6. Jaranne lingga saking jaran, 6. Jarane lingga saking jara.
7. Laronne lingga saking laron, 7. Larone lingga saking laro.
8. Krasanne lingga saking krasan, 8. Krasane lingga saking krasa.
9. Pang: nganan lingga saking pa: nengen, 9. Pangannan lingga saking tetedhan pangan.

Makaten sasaminipun, leres lepat katrangan punika namung kumambang wonten dayaning widya pradana, inggih punika swarjana ingkang murba wasesa dhateng sastra. Katandhan hendralya, ing kebon kraton.

Candhakipun cariyos ing tanah Eropah ing mongsa bedhidhing

Sarta ing nalika punika: griya witmatan tuwin bulbuka sami kinemulan ing salju ingkang medhun saking ing awang-awang, warninipun kados awu sarta memplak angungkuli galepung ingkang pethak sanget, ingkang wonten ing siti kandelipun watawis kalih utawi tigang kaki, ing waktu punika atosing toya saganten boten angungkuli toya ing lepen utawi ing blumbang, awit tansah koreg-koregan dening alun, ananging manawi angleresi sirep toya wau inggih atos, wondene manawi alun dhateng lajeng sami ajur malih.

Ing mongsa makaten punika wit-witan sami brindhil punapa malih rumput sami pejah, mila raja kaya boten nedha rumput kang taksih seger, ingkang dipuntedha namung rumput garing kemawon inggih punika tatandhonipun ingkang gadhah raja kaya ing nalika mongsa benter, dene sangsam ingkang wonten ing wana ing mongsa punika namung nedha ricikaning pang kakajengan tuwin lumut kemawon, mila titiyang sami karemenen ambedhag sangsam, awit sangsam wau aliya kirang tedha mawi boten saged mlajeng wonten ing salju, dene kapal sami dipunkemuli ing sinjang benter ingkang kandel, tuwin raja kaya kaprenahaken ing griya ageng, inggih punika ingkang kaangge panggenan rumput garing, griya wau ingkang sapalih kaangge panggenan rumput garing, ingkang sapalih kaangge panggenan raja kaya, kadosta: kapal, lembu, tuwin menda gibas, ing ngrika boten wonten maesa tuwin maenda kados ing ngriki, wondene maenda gibas ing ngrika wulunipun panjang sarta kandel, kenging kadamel nahanaken ing asrep sarta kathah pigunanipun dhateng titiyang, apata kenging kadamel sandhangan kandel, wondene peksi ing ngrika sami ngalih ing tanah tembing kidul kang ragi benter amung kanton peksi sawerni, dhapuripun kados peksi empit sarta sarehning tahan dhateng asreping salju, mila kawastanan peksi salju. Purwadadi 14 Januwari 1874. (kuwatin). Taksih wonten candhakipun.

Ing Bra Martani ingkang kapengker punika wonten lepatipun ing pangecap, sedanipun Rahaden Tumenggung Suradirja leresipun ing taun 1871. Redhaksi.

Tuwan Winter bahane sampun ngalih dhateng mesen griya kang dipunengi swargi tuwan Werning. (Surakarta ping 15 Januwari 1874).

Punika Cariyos Babad Mataram

Sri narendra angingeraken turongga, aglis dipuncamethi, pan nander anongklang, baris ira wus dhadhal, jengkar sang prabu sira glis, saking ing kitha, wau wong ing Matawis. Gurawalan prabu ngalaga sedyanya, pagelen kang den jogi, saha bala nira, saking kutha Mataram, wurahan wadya gung alit, asalang tunjang, samargi dhangdhang gendhis. Mring pagelen lolos sang aji, rangu-rangu lampahireng marga, kang kacipta jro driyane, kang raka sang aprabu, langkung ngungun ira narpati, osiking tyas mangkana, wau sang aprabu, kaya paran solahing wang, lamun ingsun sebaha mring kakang aji, isin temen wak ing wang. Yen tulusa mumungsuhan mami, pasthi manggung sun iki kasoran, kakang mas akeh balane, ewuh temen tyas ingsun, baya paran reh ingsun iki, dadi putek ing driya, hararyan sang prabu, kaya paran polahing wang, angandika sang nata marang kang rayi, pangran Arya Pantalar. Lan balane karine kang mati, pra prawira pan maksih tut wunwut, samya seba ngarsa andher, ngandika sang aprabu, kaya paran reh ta puniki, pangeran ing pamenang, alon aturipun, anak prabu yen sambada, ing salinga wonten wong umadeg aji, dibya guna prawira. Yen pinareng paduka panggih, amundhuta karyane sapisan, lan ingebangsa patute, lamun ngentasi kewuh, sanggup milya karya narpati, yata sagung punggawa, ariyeg ing rembag, sira pangran ing pamenang, yen suwawi ingayonan rakamta ji, inggih sapisan engkas. Bubar saking pagelen kang baris, wadya bala umiring sadaya, marang salinga jujuge, sigegen kang winuwus, koneng ingkang kocapa malih, gempalaning carita, nenggih raja Namrud, kang umadeg ing Salinga, wong tengahan leledhok samya anggusti, ingaken raja-raja. Raja

Namrud pan miyarsa warti, lamun nata kasoran kang yuda, badhe ngungsi mring dheweke, amepak barisipun, kang tengeran bul-umbul waring, kathahe winantara, kang suyud mring Namrud, gagaman rong ewu ana, arsa methuk ing prabu ngalaga nenggih, warnanen kang lumampah. Sampun prapta salinga sang aji, raja Namrud amethuk sang nata, wus tundhuk ngabyantarane, pan uluk salam sampun, raja Namrud angrangkul gipih, dhuh suteng sun pun bapa, nyawa wong abagus, wong agung blancer jelarat, mung cacade sawiji kalah ngajurit, dhuh nyawa eman-eman. Angungsiya pun bapa rumiyin, enggal lawase wus menang yuda, mung kari mangkruk-mangkruk, sami enak cacathut, yata dhingin tulung ajurit, yen ingsun amungsuhe, lan welonda iku, sun empok bae ta minggat, yata wau wus samya tata alinggih, aneng kadhaton ira. Kawarnaha kang aneng Matawis, nenggih kanjeng susunan mangkurat, kang baris kutha Paleret, kang agung kapingrangu, dahat ing tyas arinta aji, wus mepak ingkang wadya, kinen ngungsir wau, mring sinuhun ingalaga, awasena lolose arinta aji, kang dhinawuhan mentar. Nenggih wau kang kinen nindhihi, sira Tumenggung Wirawidigda, Mangkuyuda myang arine, watara tigang ewu, apan sarwi angreh wong cilik, anrapaken arahan, kang sami anungkul, abaris aneng parapag, apan bumi Pagelen kang den barisi, wuwusen sri narendra. Sampun budhal saking ing Matawis, tan winarna lampahireng marga, wus prapta Kartasurane, sang nata angadhatun, apan tansah trenyuh ing galih, tansah tikbra sang nata, aduh ariningsun, adipati kapugeran, lali temen si adhi marang ing kami, yen aweta mangkana. Pasthi awet rusak ingkang bumi, yen aweta adhimas suwala, tan eca jumeneng raja, yata carakanipun, ingkang tunggu parapag prapti, tur uningeng narendra, yen ari sang prabu, nateng ngalaga kantenan, ing Sallinga genira umadeg baris, Namrud bebotoh ira. Tan winarna wau sri bupati, Kartasuwa wau kawuwusa, kang aneng Salingane, nateng ngalaga wau, raja Namrut ingkang nanggupi, bedhahing Kartasura, ing samangsanipun, marmanya ingela-ela, raja Namrut pinaringan estri luwih, santana sanak misan. Pan ingajak amagut ing jurit, pan sinongga ing krama kewala, datan wonten wekasane, dadya kaku tyasipun, nateng nglaga den semayani, dening Pangran Pamenang, sanget aturipun, dhuh anak prabu den sabar, sabudine tinurut Namrut puniki, malar dadiya rewang. Nateng nglaga wus uwas kang galih, sigra budhal lan sabala nira, marang pagelen jujuke, apan sampun atata baris, Ki Arya Tambakbaya, kang kinarya wau, senapati ing ngayuda, lan sang ari Ki Arya Tambakbayeki, karo Suronggakara. Wong Pagelen kathah ingkang prapti, sami bekta sagegaman ira, pan sampun dadi barise, sigra budhal sang prabu, ingkang baris prapagi nitik, marang Ki Tambakbaya, lan suraja yeku wong Kartasura tan wikan, yen den langgar wus campuh ramening jurit, wong Kartasura dhadhal. Yen jeng sunan ngalaga nindhihi, pan maledug wong ing Kartasura, lumayu rebut dhucunge, pan wong Pagelen ngelud, saparane den etut wuri, wus prapta ing Mataram, maksih den buburu, dadamel ing Kartasura, sigra mandheg prasamya atata baris, wau sunan ngalaga. Aneng Mataram samadya sasi, wong Mataram akathah kang prapta, kinerig sadedamele, Pangran Panular wau, kang kinarya cucuking jurit, tan pisah lan kang raka, saparane tumut, nanging pangeran Pamenang, maksih kantun aneng Salinga abaris, milya Namrut narendra. Apan arsa jinunjung narpati, marang Namrut pangeran Pamenang, mila anut barang rehe, warnanen sang aprabu, ing ngalaga budhal tumuli, saking nagri Mataram, pan arsa amagut, amarek ing Kartasura, baris ageng mongka panganjuring jurit, Ki Arya Surajaya.

Panuwun

Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1873 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun serat Bra Martani tuwin sambutanipun toko pangecapan ing taun 1872, manawi boten bayar salebetipun wulan Pembrowari ing ngajeng punika badhe kula pacak namanipun wontening Bra Martani.
Jonas Portir en.ko.

Bab perang ing Aceh

Porste Landhen tanggalkaping 23 isi serat telegram lapuranipun kanjeng tuwan Jendral fan Switen, angwartosaken yen kala tanggal kaping 17 wulan punika ugi wonten pakuwoning wadya bala ingkang dereng patos kasantosan tinempah mawi dadamel kalewang, temahan wonten litnan satunggil anama Tuwan Raei Makres kasambut ing ngayuda, saradhadhu pejah 5 ingkang nandhang labet 21, wekasan mengsah lajeng katulak sarta anilar pepejah 44, kajawi saking punika tuwan Litnan Hulsetei nandhang brana, saradhadhu pejah 1, ingkang labet 7, sadaya wau sami kenging panyanjatanipun mengsah saking salebeting kraton, mila kala samanten ing pamanah kraton boten saged tumunten kapracondhang, kang mawi mengsah teksih santosa ing pananggulangipun, wasana kala dinten Salasa kapengker punika sakinten jam 10 siyang titiyang meh sakitha Sala sami kaget ing tengara ungelipun mariyem ing beteng ambal-ambalan tuwin musikan gumerah, sasampuning aninilas warti tetela yen tengara wau minongka pakurmatanipun serat telegram ngwartosaken yen kraton Aceh sampun kapracondhang, sanalika punika ugi para pangageng sakitha Sala sami awijah-wijah rawuh ing sositeit, angwedharaken ascaryaning galih dene sampun katetesan ing pangajap, ing loji wetan kathah bandera manglung dhateng waradinan, sarta ing dalunipun sositeit kadamel ondrawina, kukuwunging kapulowan Indhi Nederlan yayah amulad-mulad saha andaning kaprawiranipun wadya bala yayah kumelud ngayuh ing widik-widik.

Kula wisudhan sapanunggilanipun

Mas Ngabehi Kramatirta patih ing kabupaten Ledhok (Bagelen) pikantuk ganjaran bintang mas, kasebut ing serat kakancingan tanggal 4 Oktober 1871 ongka 36, awit katrimah anggenipun suwita dhateng kanjeng gupremen sampun lami sarta sae boten kikirangan punapa-punapa.
Mas Ngabehi Mertadiwiryana wadana dhistrik Kertasana (Kedhiri), kaundur saking padamelanipun awit saking panuwunipun piyambak, kagentosan Mas Sumaprawira asisten wadana ing pasantren. Kyahi Ranadirja wedana ing dhistrik Penanggungan (Basuki) kaundur skaing pandamelanipun kaliyan urmat.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni
Surakarta

Kalen ingkang kadamel cadranan sarta kasebut ing Bra Martani kapengker punika leresipun kaprenah ing kampung Baturana, toyanipun kawartos bening; leresipun buthek kados leri, kawartos saged anyirnakaken ing mamala, ananging sajatosipun malah amurugna ing gudhig miwah barah, awit saking semeripun ewadenten titiyang ingkangs sami nyadran boten mawi kidih-kidih anggenipun sami adus ing ngriku.

Punapa nagari boten kagungan pamirma anyuda katlidhenging dasihipun ingkang sami pating kruyus makaten.

Pendhakupun Septu kapengker punika ing lepen ngawisan kawaros wonten tiyang anyandhang mayid bayi binuntel ing bagor, sareng sampun kapinggiraken lajeng katilar, awit ingkang nyandhang mantuk sumedya ajak-ajak maripurna ing sakadaripun dhateng mayit wau, wasana sawangsulipun dhateng ing lepen, mayit sampun kendhang malih.

Punapa bab punika salajengipun kapi reng utawi katur ing pulisi, Bra Martani boten sumerep.

Serat sarta ingkang tabe kathah-kathah katur ingkang saudara redhaktur Bra Martani ing nagari Surakarta.

Sasampuning kadya punika wiyosipun menawi andadosaken dhanganing panggalhipun saudara saha wonten selanipun ing papan, mugi karsa amacak omong kula punika wonten ing Bra Martani ingkang badhe medal ing Kemis ngajeng punika, yen sampun saantawis dangu kula mireng wertos manawi mas Demang Poncadiwiry ing gedhong bawah Bujanagaran ing nagari Surakarta, sok asring purun-purun angadegaken ngabotohan salikuran mawi bratu, ingkang punika manawi boten tumunten kasaseh kados dene ingkang sampun dados dhawah pepacak ing nagari, ingkang saestu andadosaken kamlaratanipun tiyang alit ing sakiwa tengenipun ing dhusun ngriku, amargi andadosaken sudaning kakajenganipun tiyang ingkang sami nglampahi nyambut damel ucal tedha tatanen utawi sanesipun, tiyang ingkang nyok asring remen salikuran ingkang saestu menawi kawon lajeng manahipun peteng, dangu-dangu lajeng paben dhateng ingkang estri, utawi pinuju tiyang ingkang kencokan budi setan utawi ing dajil asring-asring lajeng purun gebagi ingkang estri, dene yen gundhili lajeng manasi sarta gadhah ing manah kadurjanan sapanunggilanipun, mila kula gadhahi omong ingkang samanten wau supados priyantun ingkang bawahaken ing siti gedhong wau mirenga sarta karsaha ngemutaken ingkang saestu sarta malih paringana pangenget-enget supadosipun kapok ing wingking, o..kula ngraosaken melas sarta gumujeng-gumujeng geli yen ningali tiyang kawon anggenipun salikuran ngantos kantung kathok ethok, punapa malih punika leresi rendheng mantuk kawon anggenipun ngabotohan katingal uda balejed, sarta kondhe kemawon ngantos jembiblik ngraosaken ing getun wewah-wewah dipunkrawus ingkang estri, ngantos watanipun katingal abrit sarta lerek-lerek angraosaken susah, sarta sayah karisan anggenipun ngundang irlan pro, mila yen kenginga tyang ingkang remen pandamelan makaten sampun pisan-pisan suda ing kautamen mindhak yen kawon ngisin-isini, luwung sami-sami nglampahi dhateng pawestri saantawis tur beraga sarta wutuh sandhanganipun margi yen nyandhang amoh ingkang saestu manah lingsem.

Kaserat kaping 18 Januwari taun 1874. Katandhan Panas.

Serat Bra Martani angka 4 ing wulan punika wonten panjurungipun mitra kula ingkang sisilih nama Jombaleka, anglairaken bilih kangen dhateng panjurungipun mitra kula Trusthasastra tuwin Kusumawicitra, ingkang punika mugi andadosna kauningan sampeyan kula inggih makaten ugi sanget anggen kula kangen dhateng panjurungipun priyantun kalih wau, anaming kula mireng kabar priyantun kalih punika saweg sami kesah ngaji dhateng Panaraga, lan kawartos sampun sami sae anggenipun, ewadene inggih prayogi kayaktosaken lah sumongga kula celukipun ingkang seru.

Mas, mowas Trusthastro.....wa.

Mo ...was Kusumawici.....tro.....wa.

Lo ngantos erak anggen kula nyeluk meksa boten sumaur, ih watawis kula taksih sare, anaming ingkang sampun kalampahan bilih dipunpancing ing cangkriman adat sok enggal amanjurung batanganipun, mongga sampeyan yaktosi kula pancingipun anggitaning rare alit kemawon inggih mung kadamel mancer wau kados ing ngandhap punika.

Malampah ing ngepahan darung ena mesat mring wiyati, lambat-lambat mor ing mega, teka tan bisa nututi, katisen tanpa kawaca, kyahi esa duk udani. Mring ena kang peksa mabur, pra krodha

yayah sinipi, ena pinarjayakena, jajani rahang gulintang, pun ena giris tumingal, tangginas ngayuh wiyati. Yayah mawor ring karahu, epa ayem datan miris, eca denira lumampah, pun ena waluya jati, nanging ta lancang kalawan, epa ruruntungan sami. Pun uwa kalangkung bendu, mring esa dupi madhemi, ena ingkang tanpa dosa, tan dya winales tumuli, esatan kipunpalastra eta mirit tyasnya tistis. Gya runcat kawaca ngunthul, pun ena tyas sira wingwrin, wawa mulut angambara, epa lumayu marani, ena kapencil sajuga, sinanjata angemasi. Pun eba tangginas muluk, pun ena kari balindhis, amung edha ingkang bedhag, mawi sumping puspita di, pun eya binalojodan, prabote tan ana keru. (kula pun Mengku).
Punika wastanipun sandi kepanjangan angkok. Redhaktur.

Bagelen

Aneh-anehah: ing wulan punika tanggal kaping 20, mantri dhistrik leksana dhateng ing dhusun lepen bening sumedya angencengaken lumadosipun yatra paos, sadhatengipun ing ngriku aniti priksa cathetanipun bekel, lajeng aparentah sinten ingkang taksih anunggak yatra paos masthi ambayara ing dinten punika ugi.

Kacariyos wonten kuli awasta Jaya, punika taksih katunggakan yatra paos 2 rupiah 50 sen, mongka boten gadhah yatra sigar-igar mila boten saged ambayar ing dinten punika, mas mantri lajeng dhawah mekaten piyambakipun: kowe si Jaya tunggakanmu pajeg akeh dhewe, makane kowe ora duwe barang-barang, aku teka kene kowe durung nyekel dhuwit sigar-sigara. Saiki dak watesi rong dina engkas kowe mesthi ambayar, manawa ora bisa ambayar bakal dak gawa marang negara karo anak bojomu kabeh, mas mantri wau lajeng andumugekaken lampahipun dhateng dhusun sanes.

Kacariyos pun Jaya sapengkeripun mas mantri wau katingal sakalangkung ngredatos, dumugi ing griya boten nedha awit ingkang sapisan saking sangeting susah, kalih-kalih sekulipun namung sakedhik awit saking kamlaratan, ing dalu ngimpi kepanggih kakekipun amicanteni makaten: Jaya, kowe aja susah-susah prakara pajekmu mesthi lunas, kae ana tegalan ngisore kayu ares ana omah rayaparep ambedhahi, celungen anggawaha dandang loro bareng-barenga karo bojomu, kowe mengko bisa ngesahi pajekmu. Enjingipun jam sanga pun Jaya lajeng amurugi kajeng ares sarta sumerep griya rayap badhe medal laronipun, ing ngriku lajeng arestikan sareng ing wanci satengah sekawan sonten piyambakipun lajeng wangsul ing ngriku kaliyan ingkang estri sarta ambekta dandang tembagi kakalih kaangge nyelung kalih panggenan, saenggen-enggenipun wonten elongipun kawandasa, sareng wanci jam sekawan laron wiwit medal sarta kebet ing dandang kendelipun ing wanci jam wolu dalu, dandang kakalih tuwin cepun sami kebak laron, sadhatengipun ing griya laron lajeng kagoreng kataker dados 32 buruk, enjingipun kasade ing peken, saberuk pajeng 25 sen, gunggung sadaya pajeng 8 rupiah, ingkang 2 rupiah 50 sen lajeng kaangge anglunasi paosipun, ingkang 3 rupiah kasambut bekelipun kaangge anjangkepi yatra paos, piyambakipun dados teksih kaserenan yatra 2 rupiah 50 sen. (Bintang Johar).

Panjurung minongka wangsulan

Bra Martani ingkang medal Kemis kaping 22 Januwari punika ing taun 1874 angka 4 anyariyosaken yen ing kitha Sala angeram-eramaken sanget sugihipun aneh-anehan punika boten dora, dhasar sugih mawi sanget sanajana kula punika tiyang cubluk sanget, ananging arda cumipta katumusan sih ing kuncara, amila boten langkung kula amung urun puja saged dipunsirna aneh-anehan ingkang sampun kasebut ing Bra Martani, awit bilih boten makaten mindhak tansah andumadosaken anyeling galihipun para ingkang mangajap kawruh, bebesing watek gugun tuhon samangke kenging katamtokaken angel, ewa samanten saking pamatawis kula, lami-lami badhe sirna awit kacihna sapunika, benjing bilih kawruh Eropah sampun sangsaya sumebar wonten ing nuswa jawi amasthi namung kantun kalepetan ing gugun tuhon kemawon,

sarehning samangke kedah anggebel inggih langkung sae dipunenut, anjawi punika manawi mas R dhangana kula cumakah kadereng nyuwun saserepan wontena sakedhik kados punapa warnining gendruwo, awit salami kula katrontongan suroting surya dereng nate sumerep gendruwo namung saweg mireng aranipun kemawon, malah saking cariyosipun tiyang sepuh-sepuh gendruwo punika sipat ingkang boten kasat mata, amila kula kumawawa awit mas R wangunipun angugeri sanget wontenipun gendruwo, sinten ingkang kalojok tembungipun tamtu ingkang ngatos-atos. Katandhan kontaswara.

Patut kawaos V.D.K.

V.D.K. amastani boten ngerang-ngerang dhateng Newukendar, punika kenging kalimbang dhateng para priyantun ingkang sami maos Bra Martani, mongsa botena kantenan, kula utawi sampeyan sinten ingkang kados wuru, *cuthel*.

Wangsulanipun V.D.K. ingkang kaangge pratondha wonten utawi botenipun setan: punika amratandhani yen piyambakipun ambek kamingis-mingis galiye dene ngantos tambel embah buyut.

Dhuh V.D.K. mugi dipunpatitis sampun ngantos kalimput, setan punika rak dene mayid kang saged nyolah, pamirenging akathah wonten bongsa piyambak ingkang makaten punika sampeyan prasasat angakeni yen ngelmu sampeyan dereng paja-paja sampurna dados nyata mingis-mingis kados lanciping dhengkul.

Dene V.D.K. apitaken bab katranganipun kang nama kodratollah, inggih punika samukawis kang dumadinipun boten sarana kadamel ing makluk utawi titah, kadosta: bumi, rembulan, lintang, thuthukulan tuwin sapanunggilanipun, punapa malih samukawis watek kang dumunung ing satunggil-tunggiling wujud.

Sekar mawar pping 25 Januwari 1874. Sempanye.

Candhakipun cariyos ing tanah eropah ing mongsa bedhidhing

Titiyang ingkang sami badhe numpak kareta wau asandhangan laken kandel arangkep-rangkep ngantos kawraten pangangge sarta angrembuyuk lajeng numpak kareta, sanajan panganggenipun makaten inggih ugi dereng karaos anget awit angin ingkang tansah nrajang kareta asrepipun anglangkungi, sasampuning titiyang wau sami numpak lajeng akemul laken kandel karangkepan wacucaling bruwang.

Ing kareta wau sok kasukanan pethi tosan pethak ing nginggil pating calomplong ing ngriku kadeleyan wawa, kaseleh sangandhaping sukunipun para estri supados para estri wau angeta, sasampuning kang numpak sampun sami mapan, kusir lajeng ngabani kapal sarta angolahaken cambukipun, kapal lajeng mlajeng. Amargi saking asrepipun raining kusir wau amangar-mangar tuwin napasipun pethak kados kukus pawon, sabab saking rikat palajenging kapal mila napas wau angengingi tangsuling kudhung kang kumlewer ngantos pethak, punapa malih napasing kapal inggih pethak anggubrasa kiwa tengening irungipun, yen titiyang ingkang numpak wau mampir ing pundi-pundiya saestu lajeng anjujug badhiyang.

Ing mongsa makaten punika kareta wau sakalangkung kathah pating sliring mlajeng ing salju mermeah boten wonten swaranipun, mila ing guluning rakitan sami kasukanan kroncong, supados kamirenga ing titiyang ingkang badhe ketumbuk awit saking kathahing kronsong wau ngantos kapiireng ing titiyang sakitha.

Ing mongsa punika sadaya tikus tuwin bajing boten medal-medal saking erong dene ingkang dados tedhanipun pancen sampun tandho nalika mongsa benter, saha malih uler jingklong semut ugi boten wonten katingal tuwin tawon inggih mempen ing tala nedha tatandhonipun maben kemawon. (Kuwatin).

Semut

Semut ing tanah Gabon, Afrikah ingkang sampun kasumerapan kathahipun kalih dasa warni, wonten ingkang alit sanget saged malebet ing lolowahaning balabag meja ingkang rapet

gathukipun ingkang abrit sarta ageng, nguwatosi dhateng ing kewan wana, wonten ingkang sok malebet ing griya tuwin bahita anyirnakaken kewan hama alit-alit, ingkang warnipun kunir sarta ageng punika kalebet kendel sanget manggen wonten ing wit-witan anepang-nepangaken gogodhongan kadamel dunungipun ngantos pinten-pinten ewu.

Inggang abrit sarta ageng asring lalampah nyarupi lampahing prajurit renteng-renteng ngantos pinten-pinten larik sami gegondholan kekah sanget, saupami larikan wau kalebetan uthik-uthik amasthi kajunjung sadaya, kajawi ingkang dados panjurung tuwin swiwi nenggelar wonten ugi ingkang lumampah ing tengah ambekta sangu tetedhan sarta endhogipun, jaleripun semut makaten punika sirahipun ageng, lumampah wonten ing antawisipun ingkang kathah-kathah, dados titindhih utawi pangirid sarta angreksa wilujeng tuwin tataning lampah, dene ingkang lumampah wonten ing sajawining larikan kapatah dados colok atedah margi aninitik panggenan ingkang kenging dipunmergeni ambekta ingkang poprok tuwin anempahi ing [...] kang ngadhangi margi.

Pinuju satunggiling dinten tuwan Dhubele anasak-nasak wonten ing wana kanthi pangagenging dhusun tanah ngriku kaleresan papanthan semut kados ingkang kacariyos wau alalampah, pangageng wau amandheg sakedhap anyuwek godhong ing uwit ingkang caket ing ngriku dipunselehaken ing siti lajeng mundur sajangkah, sarang katakenan kenging punapa mawi makaten, wangsulanipun bojo kula saweg meteng, punika supados sampun ngantos kadhatengan piawonipun (punika punapa boten kenging kaewokaken ing gugon tuhon).

Papanthan semut makaten punika kerep lumebet ing pemahan anyirnakaken kewan gegremetan kadosta coro, kalajengking, luwing, sasaminipun kajawi tataneman. Panjurung.

Para priyantun ing Ngayogyakarta ingkang sami tumbas Bra Martani ing taun 1872 tuwin 1873 sami kula aturi pepenget karsaha amundhati patumbasipun Bra Martani wau dhateng Mas Atmajawirya ing Ngayogya salebetipun wulan Pebruwari ngajeng punika, wondene bilih sapejahipun wulan Pebruwari dereng amundhati ing salajengipun badhe kakintunan Bra Martani malih, sarta kula pacak namanipun wonten ing serat kabar.

Jonas portir en.ko. ing Surakarta.

Punika Cariyos Babad Mataram

Gero-gero panangise pun Urawan, dhuh dhuh gusti sang pekik, kadhahara tuwan, kapirsa nagri liyan, anistha kalamun jurit, lawan rakamta, lan kadang rebut singgih. Sri narendra kumenyut ing tyas miyarsa, pangandikanya manis, lah sendhi menenga, sun turut atur ira, aturena sembah mami, kalawan kangmas, lan sisip gampil mami. Ki Urawan matur sarwi wot sekar, dhuh gustiku sang pekik, paduka utusan, dhateng ing Kartasura, ulun maksih wonten ngriki, nadyan mantuka, sarenga lawan gusti. Adhuh angger sanadyan pejah gesanga, andherek dhateng gusti, sang nata ngandika, eh kalenga dandana, sun utus marang nagari, amawi surat aturna kakang aji. Demang Kaleng pan sampun atampi surat, lengser saking ngarsa ji, sigra lampah ira, bekta kuda sadasa, tan winarna lampahneki, marga wus prapta, ing Kartasura enjing. Sri narendra lagya miyos sineba, pepak punggawa mantri, Demang Kaleng prapta, anjujug nrangkusuman, pan sampun katur sang aji, duta arinta, prapta amawi tulis. Mus pinundhut serate marang sang nata, sampun ngaturken aglis, serat tinampunan, ngandika sri narendra, wong apa dutane adhi, caraka nembah, amba mantri pamijil. Dyan binuka surasane tulis, katur sembah ing ngong, rinta nata prabu ngalagane, katur kakang mas prabu narpati, ingkang madeg aji, ing Kuthawinangun. Ulun ngaturaken pati urip, mring paduka katong, inggih amba asanget supene, tan adarbe panembahan yekti, gentine rama ji, pan ing kadang sepuh. Den apura kawula mring aji, sumongga wak ing ngong, nadyan kurebena ngabahane, pan sumongga ingkang pati urip, katura narpati, ing kakadang sepuh. Kadya jinahit ing tyas sang aji, mirsa turing anom, sri narendra alon ngandikane, undangana kabeh wadya mami, sun mapag si adhi, soma budhalingsun. Duta sampun winangsul kinantaki, Ki Kaleng wot sinom, lengser saking ngarsanira rajeng, tan winarna lampahireng margi, ing kuwel wus prapti, dyan tumameng ngayun. Kang caraka ngaturaken tulis, marang sang

lir sinom, wus tinampan binuka tulise, tanakara bubukaning tulis, dhumateng si adhi, ing pandonganingsun. Sira adhi akirim kintaki, wus katur maring ngong, sun tupiksa adhi surasane, ingsun liwat tarima ta yayi, dene ingsun adhi, soma budhal ingsun. Nateng laga maos punang tulis, surate sang katong, sakalangkung suka jro driyane, Ki Urawan sigra den timbali, sinungan udani, surate sang prabu. Wadya bala pan wus den undhang, waos kinen bongkok, datan ana malang ing karsane, tan cinatur ing laminireki, wuwusen sang aji, kang arsa amethuk. Asiyaga sagung pra dipati, gumerah ponang wong, pra punggawa samya nangkil kabeh, para mantri pan anata baris, barising kumpeni, anggameng lir mendhung. Yata tedhak saking poncaniti, wau sang akatong, ambelabar kang wadya balane, warna-warna gagaman ngajrihi, kang wadya bala gung. Prapta sagung wau sri bupati, gumuruh ponang wong, dadya baris ler lepen pernahe, sri narendra angantos kang rayi, wuwusen sang aji, nateng nglaga wau. Budhal saking kuwel sri bupati, kang wadya gumuroh, waos benang munggang ing ngarsane, pratandhane kalamun sayekti, utusan tan kari, wau kang ngangimur. Tan kawarna wau sang apekik, lan sendhi tan adoh, kawarnaha wau ta lampah, kang pangarsa ing piji wus prapti, kodhok ngorek muni, lor kapi gumuruh. Sampun prapta sabrang ler sang aji, nateng nglaga miyos, jeng susunan prabu mangkurate, tedhak saking turangga sang aji, inggal ingkang rayi, nateng ngalageku. Ingkang raka pan cara walandi, pan salah denya non, wadya nira kinejapan kabeh, wus ingudhar ing waos prajurit, pra samya merpeki, ing dadamelipun. Samya nyandhak gagamane sami, geger lor gumuroh, kothang-katheng kumepyar manaha, Ki Urawan asru denya nangis, kados pundi gusti, apanta kadye ku. Dyan Urawannangis jerit-jerit, dhuh gusti sang katong, jeng paduka cucula pengangge, rayi tuwan supe paduka ji, prabu mangkurat glis, rasukan cinucul. Cara walandi binukakan aglis, ngalela sang katong, dyan Urawan matur wor tangise, ngasih-asih dhuh paduka gusti, raka paduka ji, ing satuhunipun. Nateng nglaga sakiduling kali, kang raka sabrang lor, pan katara solah bawane, datan samar sareng caraka ji, gya nabrang tumuli, Urawan tan kantun. Sampun samekta sri narapati, wus tundhuk sang katong, ingkang rayi pinengkul janggane, saha waspanira andres mijil, manembah sang ari, mangusapi lebu. Pra dipati samya ing tyas ening, andulu karongson, sri narendra alon timbalane, marang sagung kang para dipati, ngabektiya sami, marang ari ningsun. Yata sagung kang para dipati, angujung kumroyok, sasampune awangsul enggene, yata sagung kang para upsir, nung-anung kumpeni, tabeyan sadarum. Sinengkalan tundhuke narpati, mring kang raka katong, toya muluk obah reksakane, yata samana budhal sang aji, gumerah ing margi, tan kawarneng ngeni. Sampun rawuh sajroning nagari, nata ngadhaton, ingkang rayi wus sinung pernahe, padaleman kapatayan dadi, sinungan palinggih, sabin kalih ewu. Wusnya enjing ngandikan kang rayi, manjing ing kadhaton, yata wau sri nata panggaliye, karsa temon lawan sri bupati, yata ingkang rayi, alon aturipun. Amba rumiyin wus madeg aji, ing Pleret ngadhaton, asisilih prabu ngalagane, mangke lamun maksiya anami, saru praja adi, ing kuna rumuhun. Sri narendra suka ingkang galih, aduh arining ngong, iya bener adhi sasmitane, sira muliya arane lami, pangran adipati, kapugeran iku.

Ongka 6

Kemis kaping 5 Pebruwari 1874

BRA MARTANI

Panuwun

Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1873 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.

Jonas Portir en ko.

Para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun serat Bra Martani tuwin sambutanipun toko pangecapan ing taun 1872, manawi boten bayar salebetipun wulan Pebruwari ing ngajeng punika badhe kula pacak namanipun wontening Bra Martani.

Jonas Portir en.ko.

Para priyantun ing Ngayogyakarta ingkang sami tumbas Bra Martani ing taun 1872 tuwin 1873 sami kula aturi pepenget karsaha amundhati patumbasipun Bra Martani wau dhateng Mas Atmajawirya ing Ngayogya salebetipun wulan Pebruwari ngajeng punika, wondene bilih sapejahipun wulan Pebruwari dereng amundhati ing salajengipun badhe kakintunan Bra Martani malih, sarta kula pacak namanipun wonten ing serat kabar.

Jonas portir en.ko. ing Surakarta.

Surakarta

Kula Wisudhan

Habib Mukhamad nundhah kula wisudha dados lurahipun bongsa Arab sapanunggilanipun kasebut ing serat kakancingan tanggal kaping 15 Agustus 1873 ongka 13.

Telegram saking Aceh katiten ping 26 Januwari 1874

Kala dinten Septu wonten telegram saking Nederlan dhateng ing ngriki, ingkang suraos yen kanjeng sri maharaja amatedhani ganjaran bintang wilem seordhe dhumateng ajudan juru bandera anama tuwan Bredho tuwin dhumateng onder upsir kakalih, minangka ganjaran kongasing damelipun nalika pambendronging masjid. (Portse Landhen).

Telegram saking kanjeng tuwan Jendral fan Switen katiten ping 24 Januwari

Penang ping 26, kraton sampun katekem ing tangan kula.

Awit saking ingering gelaripun wadya bala kalawingi, kraton dumados kinepang wakul sarta pedhot anggenipun sasrawungan kaliyan tanah sakubengipun ing ngriku.

Salajengipun mengsah boten amongga pulih, sarta sareng wadya bala ing dinten punika nglurug dhateng sawetaning kraton tumunten kumpeni sawatawis ing bataliyon kawan welas amerep kraton saking sisih kilen, wekasan kraton katilar ing mengsah.

Pituna kula amung makedhik sanget.

Kanjeng sri maharaja kaliyan tanah Nederlan sami kapujekaken manggih kawiryawan ing reh wadya bala sampun jaya ing jurit. (Porste Landhen).

Telegram Partikelir

Penang ping 27 Januwari, kala tanggal kaping 22 wadya bala analika ing kraton tanggal kaping 22 tuwin 23 kraton lajeng katrutug ing mimis.

Tanggal kaping 23 brigadhi saking Padhang dhateng, wadya bala lajeng saged angrampungaken panyelutipun ing kraton sarta anugel lampahing mengsah sasrawungan kaliyan bangsanipun.

Tanggal kaping 24 wadya bala lajeng angebahaken gelar, anempah ing kori ingkang ageng-ageng.

Kadadosanipun mengsah ajrih bok bilih selak kaperep lajeng dhadhal asasarana racag ing pager banon tuwin medal ing kori sanes-sanesipun, boten mawi ananggulang ing lebeting wadya bala. Menggah bab pituna kula dereng kantenan saking pamatawis amung sapele. Mengsah kaparag ing kolerah. Pambendrongipun wadya bala tanggal kaping 23 andamel pituna ageng dhumateng mengsah. Porste Landhen ping 30 Januwari.

Telegram saking tuwan Jendral fan Switen katiten ping 28 Januwari
Penang ping 1 Pebruwari, wiwit tanggal kaping 24 Januwari sapriki wadya bala boten campuh kaliyan mengsah malih, sadaya angantawisi yen perang sampun ludhang saha anyelaki nungkulipun *sagis* 25 kaliyan 26.
Panglima Polim kaliyan sultan saemper badhe andumugekaken ing perang, ananging boten badhe saged awit sampun koncatan ing kancanipun sakuthu ing tanah sisih ler tuwin kilen, kajawi saking punika wonten kabar yen sultan Aceh tilar dunya dening kaparag ing kolerah. Sasakit kolerah ing mangke ngrebda malih, prajurit ingkang saweg nembe dhateng saking Padhang kathah ingkang pejah. Salebetipun tigang dinten kathahing pepejah wolung dasa tiga.
Tuwan Semit litnan ing prajurit marine ingkang labet kala tanggal kaping 23 wulan punika samangke tilar dunya.
Kala wau wonten kabar yen Panglima Polim inggih kaparag ing kolerah.
Dhe Yafahse Koran anyariyosaken bab pejahing carakanipun kanjeng tuwan Jendral fan Switen kados ing ngandhap punika.
Bab panggrahihta yen utusanipun kanjeng tuwan Jendral fan Switen ingkang tinedah anonjok serat dhumateng sultan Aceh dipunpejahi dening titiyang Aceh, punika cundhuk kaliyan kayektosanipun.
Utusan wau sampun umur langkung saking pitung dasa taun anama Mas Ngabehi Sumawidigja (bok manawi leresipun: Sumawidigda), gigriya ing paresidhenan Kedhiri, bapakipun Mas Ngabehi Sumadirja patih ing Balitar.
Kala lurugan dhateng ing Bali, Mas Ngabehi Sumawidigja wau tumutur kaping tiga pisan, sarta kacihna saening labetipun mila ngantos pikantuk medhali prunggu, kasebut ing serat kakancangan tanggal kaping 15 Pebruwari 1850 minangka ganjaraning kendel miwah setyanipun.
Nalika lurugan dhateng ing Boni ingkang kaping kalihipun ing taun 1860 mas ngabehi wau dados titindhihing kuli saking paresidhenan Surabaya angateraken lampahing wadya bala lurugan sarta adamel dhanganing bendara ingkang dhinerekaken tuwin kanjeng parentah ageng, ingkang lajeng amatedhani ganjaran dhumateng piyambakipun.
Sareng mireng bendaranipun lami inggih punika kanjeng tuwan Jendral fan Switen badhe badhe andon yuda dhateng Aceh, lajeng kemawon nyuwun lumebet ing damel malih wasana panuwunipun kalilan.
Nalika utusanipun kanjeng tuwan Jendral fan Switen ingkang kapatah anonjok serat dhumateng sultan Aceh kala tanggal kaping 23 wulan Dhesember kapengker punika boten angsal damel sarta nyaosaken bebektanipun serat mawi apratela yen lurah mukim boten kadugi anglarapaken serat-serat wau dhumateng sultanipun, Mas Ngabehi Sumadigja lajeng nyuwun ingkang kautus amundhi nawala.
Panujunipun kasembadan saha enjingipun risang pantes pinuji bidhal angayoni ayahan awrat, wondene ingkang atedah margi tiyang satunggil ing kampung Penayung, boten dangu tiyang wau wangsul ambekta wawartos yen Mas Ngabehi Sumadigja kalabet ing pabarisaning mengsah mila sakinten badhe boten saged wangsul.
Pejahing caraka tetela dening budining mengsah ambelasar, lalabetanipun badhe mindeng kuncara dipunaji-aji dening bongsa Eropah tuwin Jawi, saha dados tuladha utawi ambantenaken umur kocap wonten ing babad lurugan dhateng Aceh ingkang kapping kalihipun.
Porste Landhen.

Palimarmaning tiyang agung

Kacariyos wonten tiyang Aceh, E, kacepeng ing kumpni lajeng kairid ing ngarsanipun sang prawireng ngayuda kanjeng tuwan Jendral fan Switen.

Sang senapati saklangkung welas sarta dhadhasar palamarta, lajeng angandika kinen angluwari tuwin amaringi yatra nyaringgit.

Tiyang Aceh ing batos gumun dene wonten bubudi ingkang ombèr makaten saklangkung bingah nunten wangsul ing panggenane lurahipun, sareng kapitakenan wangsulanipun kathah-kathah.

Lurahipun sanalika anguman-uman bagus banget yen mangkono kowe wong nenem kabèh padha ana ing sandhinge jendral perang, mongka ora ana siji kang duwe kekendelan anrajang mateni, eh konca wis padha rampungana bae wong kang jirih mangkono.

Sanalika tiyang nenem katigas gulunipun.

Sumongga kakalih lalampahan makaten wau ingkang utami pundi.

Panjurung.

Tiyang Inggris manawi badhe ngombe pait mongka gelasipun kecemplungan laler, punika gelas saisinipun lajeng dipunbanting sarta sadinten muput boten purun ngombe malih, menggah ing tiyang Prasman: ambucal paitipun kemawon sarta lajeng angejogi malih, menggah ing tiyang Nederlan: laleripun kabucal sarta paitipun lajeng kaombe, wondene tiyang Dhit: pait kaombe dalah laleripun boten kantun. Porste Landhen.

Serat kabar saking Surapringga angojahaken makaten:

Wonten ingkang ngulungaken kabar murih kawentharna menggah mriyem mitreliyus ingkang kagem ing bala tontra kaajengaken dhateng Aceh.

Tanggal kaping 11 Dhesember wanci enjing bala tontraning gupremen amajeng, sunguding gelar saksana ananggor barising mengsah ingkang saklangkung kandel saha lajeng angedrel.

Sareng kumpni saged akembal kaliyan baris ageng nunten sami amajeng malih, nanging katingal bilih mengsah saklangkung awrat sesangginipun sarta badhe alawan.

Sang jayeng palugon Jendral fan Switen sareng umiyat bilih badhe aniniwasi awit saking kathahing mengsah sarta tan karsa angutahaken rah tanpa asil, inggal ngandika kinen mundura sareng murih anglomba dhateng mengsah medala ing papan kang ombèr, sang jendral anyarengi utusan sakumpni murih mundhuta mriyem mitreliyus kakalih, ugi lajeng dhateng cumawis, mengsah nginten bilih bala tontra kawon mundur lajeng sami medal ing papan ombèr, ing ngriku sang jendral anggenipun karsa anamakaken mriyem mitreliyus wau, kadadosanipun saklangkung anggigirisi, mengsah mawud arebut dhucung ing sakedhep netra 500 ingkang rebah pejah pating jelauprah ing pabaratan, awngkening mengsah amambag tanpa sela mumbug atumpang tindih. Panjurung.

Panjurung minangka pakurmatan ingkanag medal saking eklasing manah suci, manawi ingkang kapiji dados redhaktur anyondhongi sarta wonten papan ingkang maluwa, serat kula punika mugi kapacaka ing kabar Bra Martani kawedalna ingkang tumunten.

Ing nalika dinten Senen sonten angrinakaken tanggal kaping 2 wulan punika antawis jam 8, bendara Raden Mas Ariya Mangkudiwirya, raka dalem Kanjeng Gusti Kanjeng ratu Ageng, amengkeraken ing kadonyan kundur ing jaman kalanggengan jalaran gerah sepuh sapun yuswa 78 taun, dene upa rengganing layon utawi pakurmatanipun sampun boten kuciwa makaten ugi kula mireng pawartos ing sanalika wau wonten wiyosipun dhawuh pangandika dalem yen sawancenipun para waris boten kalilan bilih ngaturana panjurung wragat, sapintena telasipun ngamungna patedhan dalem utawi paring dalem kanjeng gusti Pangeran Adipati Anom.

Makaten ugi ingkang dados gawoking manah bendara raden mas ariya wau nalika teksih sugengipun ing panggalihe repeh sanget boten mawi angengungaken salira dhateng para tamu utawi para tatepangan tandukipun angresabaken manah, mila pantes bilih pambekan ingkang makaten yen kanggeya tuladha.

Mila saking pangajeng-ngajeng kula bendara raden mas ariya wau angsal lanjaran apunten, dene ingkang maha kinawasa angsala kang padhang sarta kamulyan wontening kamugsan, boten langkung kula namung jumurung puji lan dhikir ing rainten dalu.

Punapa dene panuwun kula dhumateng priyagung ingkang karsa marigsani kabar Bra Martani, ingkang mugè sampun kaduk ing panggalih abela tampi, mila kula cumanthaka amacak wonten ing serat kabar ingkang sumebar dhateng ing pundi-pundi, pamurih kula manawi wonten para ahli tuwin para sumitra ingkang dudunung sanes nagari sageda kacipratan pawartos saking serat kabar punika.

Kaserat ing nagari Surakarta kaping 5 wulan Besar warsa Jimakir sinengkalan buja miruda haesthi pratiwi. Katandhan pun Darmahita.

Ing Bintang Timur wonten panjurung kados ing ngandhap punika

Tuwan redhaktur

Saben bongsa manusa ing sangalam dunya angangge adatipun piyambak-piyambak saupami satunggil-tunggiling bongsa wau katakenan punapa adatipun sae sarta leres saestu kathah ingkang anginggihi, ananging saweneh wonten bongsa ingkang sanjang makaten: adat kula punika prayogi dipunmantuni sampun ngantos kaangge malih sabab kadadosanipun saking pamawang kula boten pantes kaangge ing jaman samangke kajawi ing jaman kina.

Mila kula purun aginem raos bab adating manusa jalaran kula sumerep wonten priyantun jawi sawatawis ingkang sami pikantuk kuli tungguk, punika boten wonten welasipun sakedhik-kedhika dhateng tungguk wau kula kerep kemawon amrangguli manawi priyantun jawi punika dhateng ing padamelan anumpak kapal tunggukipun tut wingking dharat kemawon saha bilih priyantunipun angrikataken lampahing kapal, dados tungguk purun boten purun kedah ririkatan kados kapal ugi kang mawi ajrih bok bilih saking bendaranipun sanajana bendaranipun sumerep yen tunggukipun anyongklong kados kapal ewadenten samudana boten sumerep kemawon, menggah omongipun tiyang jawi dhasar sampun kina makina yen tungguk punika amasthi tumut malajeng tut wingking kapal, wondene saking pamanggihkula adat makaten punika prayogi kasirnakaken sabab kados pundi dene manusa teka badhe kasami kaliyan khewan, awit saking punika boten langkung ing pangajap-ajap kula manawi priyantun jawi panganggeppipun dhateng kuli tungguk kados khewan langkung prayogi kadhadhala tunggukipun supados adat awon ingkang kados makaten wau sageda tumunten sirna.

Tabe kaliyan pakurmatan kula.

Krokot kidul ping 21 Januwari 1874. Ali kunir.

Bra Martani inggih angandhar adat jawi ingkang pantes kasirnakaken kadosta:

Angugut tuma, mimisuh, adamel kalenengan sirahing abdi, kecoh wonten ing pajagongan katingal ing akathah punapa dene gowek tuwin riyak, dhahar mawi kecap sora, tuwin wijik angentosi wijikanipun para pinisepuh utawi inggil-inggilan awit bilih mentas dhahar boten enggal wijik astanipun gubras angenek-eneki, lumampah cincing wentisipun ngantos katingal ing akathah punapa dene crumedan ingkang ngantos kawadhahen.

Inggil maos ungel-ungelan ing nginggil punika bok manawi kathah ingkang salah tampi saha aru ing galih awit rumaos dipunandhar cacadipun mongka pangancabing Bra Martani amung ajak-ajak anyunyuda ing cacad, ing dunya kathah tiyang ingkang kabesturon saha kathah tiyang ingkang moncer ing budi, ananging ha rak prayogi andhropol cacahing tiyang ingkang moncer ing budi dados anyuda cacahing tiyang ingkang kabesturon.

Candhkipun cariyos ing tanah Eropah ing mongsa Bedhidhing

Ing mongsa punika menawi wonten gremis salju wau dados sakalangkung lunyu, yen makaten punika urut margi tuwin enggok-enggokan kathah tiyang dhawah ngantos kados who-wohan anggogroggi ing ngriki kegloso ing ngrika kalumah saweneh kepleresur (elo-elo) bug titiyang lumampah tindakipun kedah angatos-atos sanget anjagi telenging badan (swartepin), menggah

lare-lare ingkang sami lumampah dhateng pamulangan sami pating jalerit awit sakedhap-kedhap jawah, kacariyos ing satunggiling dinten wonten lare andhugal dhatengipun ing pamulangan sampun lungse mila dipunsrengeni ing guru, wicantenipun guru: yagene tekamu kongsi kasep, wangsulaniipun: kados pundi saged kula tumunten dhateng ing ngriki sabab saged majeng sajangkah lajeng kepeksa mundur kalih jangkah awit kula ajrih ing bilahi dhawah, guru saya nepsu sarta awicanten: yen mengkono kepriye bisamu teka ing kene benere rak malah mundur, lare amangsuli: saged kula dumugi ing ngriki lampah kula inggih mundur. Kuwatin.

Panjurung sanes-sanesipun badhe kawedalaken ing Kemis ngajeng. Redhaktur.

Punika Cariyos Babad Mataram

Inkang rayi nuwun awot sari, dhawuhe sang katong, kuneng ingkang kawuwus samangke, para bopati pasisir sami, sakilen Samawis, wus kinen anglurug. Mring salinga sagung pra dipati, sang nata ngadhaton, adipati ing tegil tindhihe, dyan Tumenggung Mangkuyuda nenggih, lan Natayudeki, Suronggakareku. Timbalan dalem yen menang jurit, yen si Namrut kawon, sirnakena saanak putune, bayi lanang tumpesena sami, kang metu pawestri, boyongana iku. Winintara wadya kang lumaris, nem ewu punang wong, kang amatah tumbak lan bedhile, kang ngawiti iku lampahneki, tan kawarneng margi, semana wus rawuh. Ing gumelem samya tata baris, genti winiraos, raja Namrut miyarsa wartane, lamun baris Kartasura prapti, angrabaseng jurit, angrusak mring inghun. Pan siyaga Namrut sawadyeki, sedya arerempon, wong pasisir amuntap barise, pra dipati sadaya ngawaki, panganjuring jurit, sarkara manempuh. Pradipati aneteg tengari, pan sumahap amagut ngayuda, wong salinga akekedher, raja Namrut puniku, lan pangeran Mamenang nenggih, prasamya magut yuda, ramene acampuh, metoken ing pangabaran, raja Namrut pangabarane tan dadi, sampun karsaning suksma. Dadya wong ngira akeh kang mati, tutumpesan Namrut balanira, tan ana nongga mimise, wus bodhol barisipun, pra dipati samya angungsi, raja Namrut kacandhak, rinampog wus lampus, wau pangeran mamenang, wus kacandhak semana den cepeng aglis, mring sagung pra dipatya. Wong salinga tinumpesan sami, nadyan bocah yen lanang pinatyan, wadon binoyong kabeh, pra dipati rembug, budhal saking salinga nenggih, ngiringaken boyongan, tan kawarneng ngeni, wus prapta ing Kartasura, pan pangeran Mamenang wus den sedani, aneng ing kamandhungan. Tata titaling ira ing nguni, Kartasura samana wus reja, tan wonten kara-karane, londa wus pamit mantuk, yata wau sinung nagari, carebon lan pasundhan, pinatedhan sampun, lawan jeng sunan mangkurat, anyanggupi waragade obat mimis, ingkang den angge aprang. Lawan balonja kalaning jurit, jeng suhunan sanggup ngulihena, sarta walonda patine, ingkang mati prang pupuh, jeng suhunan sanggup maringi, semana wus pamitan, marang sang prabu, kang jaga ing Kartasura, pan rongatus walonda rumekseng puri, sang aprabu mangkurat. Tinilaran kapitan satunggil, litnanipun apan ta sakawan, pan satunggil loperese, sigra budhalan sampun, sakathahe wadya kumpeni, saking ing Kartasura, Semarang jinujug, pan sarwi ngulati papan, ing Semarang samana dipunlojeni, sarta idi sang nata. tana winarna kang aneng jeladri, ingkang mantuk marang Batawiyah, sira amral Belduwelbeh, gentiya kang winuwus, ingkang babad ing Wanakarti, adinadan dandanan, swarane gumuruh, sagunging kang wadya bala, panadina-dina denya nambut karti, wisma myang kalanggengan. Yata wau sagung pradipati, samya gunem kuwatir ing praja, sagung wadya ing Pagelen, pra mantri maksih kumpul, apan wonten ing pangran Pati, ing Puger panggenannya, adadi kang rembug, satengah rembug mangkana, yen maksia angger tinunggu ing mantri, manawa bok manawa. Kena bineka ing wadya alit, dadya katur rembuging punggawa, sang nata pangandikane, ya bener pikir iku, ing mulane dhimas dhingin, lawas tan seba-seba, marang jeneng inghun, kena binangus ing bala, sri narendra kang rayi dipuntimbali, dipati Puger prapta. Sri narendra angandika aris, eh adhimas den kapareng ngarsa, mula sun undang dheweke, manira ayun weruh, ing wong ari kang lami-lami, miwah wong ira [...] inghun arsa weruh, Pangeran Puger tur sembah, pan sumongga kang wadya dipuntimbali, sumaos ngarsa nata. kawandasa kathahing pra mantri, samya wangun pan tur sura-

sura, sang nata pangandikane, marang kangrayi wau, apan iku wong ira lami, miwah wong ira anyar, ing suwarnanipun, pantese padha digdaya, Pangren Puder umatur sarwi wot sari, titiyang amba lama. Yen aja awong ira lami, pasthi adhi sun pundhut sadaya, arsa sun kunjara kabeh, iku kang ngadu-adu, lamun iku wong ira lami, pasthine sun apura, yen sira kang nanggung, dipati Puger tur sembah, pan sumongga ing karsa paduka aji, kawula tan legana. Sri narendra angandika aris, ing Pagelen adhi ingsun pecah, sun eket sun lawe, sakeh punggawa ningsun, kabeh padha duweya adhi, iya sathithik edhang, kang rayi wot santun, sa[...] paripurna, pan sinigeg wau sri narapati, sasampunya ngantara. Tunggil warsa nanging gantya sasi, yata wonten gempalan carita, ing Batawiyah wiyose, wonten janma linuhung, pinangkane saking ing Bali, damak tula-tula, duk kamulanipun, pangeran Rongga Setata, kang adarbe putra ical kala alit, milya neng Batawiyah. Nenggih wonten kang winuwus malih, kapitan mur nagri Batawiyah, adarbe tutukon rare, lagya mur pitung taun, duk tinumbas saking Bali, rare iku kapitan Untunge prapti, dagang myang lenggahira. Minggah mayor nulya komasaris, tan alami minggah idlir rolas, adagang akeh untunge, dadya sugih kalangkung, angungkuli sasami-sami, idlir murduk semana, rumaos ing kalbu, yen rare kang aweh begja, wus ingambil atmaja sinung wawangi, Ki Untung nama nira. Pan ingugung sapolahireki, duk semana wus ing lama-lama, diwasa akeh umure, mampeng birahinipun, yata idlir emur winarni, darbe atmaja nyonyah, ayu warnanipun, sedhenge birahi sekar, sinaduluraken lan Ki Untung nenggih, apsah manganalika.

Ongka 7

Kemis kaping 12 Pebruwari 1874
BRA MARTANI

Panuwun

Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1873 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun serat Bra Martani tuwin sambutanipun toko pangecapan ing taun 1872, manawi boten bayar salebetipun wulan Pebruwari ing ngajeng punika badhe kula pacak namanipun wontening Bra Martani.
Jonas Portir en.ko.

Para priyantun ing Ngayogyakarta ingkang sami tumbas Bra Martani ing taun 1872 tuwin 1873 sami kula aturi pepenget karsaha amundhati patumbasipun Bra Martani wau dhateng Mas Atmajawirya ing Ngayogya salebetipun wulan Pebruwari ngajeng punika, wondene bilih sapejahipun wulan Pebruwari dereng amundhati ing salajengipun badhe kakintunan Bra Martani malih, sarta kula pacak namanipun wonten ing serat kabar.
Jonas portir en.ko. ing Surakarta.

Telegram saking kanjeng tuwanJendral fan Switen

Penang ping 6 Pebruwari, tanggal kaping 29 Januwari wadya bala anjajah dhateng tanah kidulan analika tetangsuling sekuthunipun *sagi* 22 kaliyan *sagi* 23 wadya bala tumunten kabendrong saking betengipun *sagi* 22 ngantos wonten prajurit pejah titiga kalebet tuwan Litnan Leowen, tuwin nandhang labet kathahipun 18 kalebet tuwan Bistefel.

Sagi 25 kaliyan *sagi* 26 angantawisi badhe anungkul sarta *sagi* 22 ugi badhe makaten jalaran saking pejahipun Panglima Polim kencing kolerah.

Inkang sumerep dhateng wawatekanipun bongsa Aceh sami asanjang yen panungkulipun sadaya kencing kaajeng-ajeng.

Undhang-undhang kula dhateng *sagi* 3 sampun waradin sarta sampun anyak dhateng tanah bawahanipun, suraosing undhang-undhang: prajangji anglastantunaken agami tuwin cara-caranipun titiyang ing ngriku.

Kolerah angrebda malih, ananging samangke sampun suda.

Tuwan Kaptin Setolep tilar dunya kencing kolerah.

Wiwit tanggal 24 Januwari sapriki boten wonten kedhah-kedhih.

Panungkulipun *sagi* boten temtu.

Mengsah adamel beteng-beteng malih wonten ing tanah tengahan, amratandhani yen pangageng-pangageng ing ngriku badhe lumastantun ngajak memengsahan, ananging boten angwatosi awit beteng-beteng wau amung kangge angagol-agoli pangeluding wadya bala kemawon sarta gampil kapapas.

Sasampunipun kraton kapracondhang, kasantosaning mengsah lajeng buyar. Ing mangke pananggulangipun amung kanton pating palencar kemawon, titiyang alit semunipun boten kadugi anglajengaken perang.

Pakuwon kula boten kamunasika malih, ing kampung-kampung ingkang celak ing ngriku titiyangipun estri sampun sami wangsul sarta sadayan who-wohan tuwin bongsa remeh-remeh saha titiyang ing ngriku mantuk sikep dadamel boten kados kala rumiyin, ingkang makaten punika andamel panggrahita prayogi anyrantosaken sawatawis mongsa punapa kajengipun tiyang ingkang sampun sami tentrem wau.

Inggang kapilih dados sultan tiyang sakawan, ananing bab badhe wontenipun sultan wau sampun kula pambengi.

Tuwan Kaptin Pordhon tilar dunya kenging ing kolerah tuwin Litnan Bistelfel tilar dunya saking dening nandang labet.

Kolerah sampun kathah sudanipun jalaran wadya bala kula paringi aso.

Porste Landhen ping 9 Pebruwari 1874

Nalika tanggal kaping 25 Januwari wonten saradhadhu 300 kaliyan tiyang paranteyan 150 sami kabadhalaken dhateng Aceh anumpak bahita Baron Slut fan Dhenbele. (Bintang Johar).

Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara kawartos amanjurung yatra 1000 rupiyah dhateng wadya bala inggang sami kasangsaran wonten payudan ing Aceh.

Surakarta

Kala tanggal kaping 6 wulan punika Kanjeng Pangeran Kolonel Ariya Purbanagara, Kanjeng Pangeran Ariya Suryabrata inggang ping kalih kaliyan mantri among tani abdi dalem ing kasunanan kathahipun kalih dasa, punapa dene demang bekel sakalangkung kathah sami kawulang anyebar gabah ing paleleran kaawis-awisaken minogka gagantosipun wiji uritan kajejer-jejer kados inggang sampun kalimrah sarta kawulang rekaning pananemipun pisan, wondene inggang amulang: panjenenganipun Tuwan Oleadpingsur honorer kaliyan Raden Khaji Mukhamad Musa pangulu ing Garut, pamulangipun wonten ing made gonda kaprenah kidul kraton, kala samanten Sampeyan Dalem Sinuhun Kanjeng Susuhunan wuninga lajeng amanggihi tuwan Ole sarta angandika, yen anyebar wiji gagrag enggal wau sakalangkung prelu saha damel ancaryaning panggalih dalem sarta malih Sampeyan Dalem Inggang Sinuhun amumujekaken pamulangipun tuwan Ole wau andadosna kauntunganipun para among tani.

Ing mongsa rendheng punika kathah kere mijah dhateng ing kitha pangemisipun anggejeg.

Lurung-lurung ing salebetipun kampung kajawen ing mongsa rendheng punika lepatipun jembek utawi letheh inggih anjembrung katuwuhan ing krowodan, inggang makaten punika bok manawi badhe andamel ngeplukipun tiyang nganglang, awit aras-arasen ngambah margi inggang saemper boten nate kaupadamel wau.

Pethikan saking Bintang Johar

Wonten pawartos yen ing Cilacap badhe kapasangan sepur weh anjoling Purwareja kalajengaken dhateng Ngayogya saha sampun kasuwunaken idi dhumateng parentah ageng.

Kala tanggal kaping 21 Januwari ing lepen Ciliwung wonten bahita kuwalik, wawratanipun uwos 150 pikul.

Parentah ing Japan andhadhawah yen lare-lare ing kampung Fobei kakarsakaken sami ngangge balabag kacirenan nama tuwin griyanipun inggang ngangge supados sampun ngantos gampil kacolong.

Kala tanggal kaping 28 Januwari ing Padhang wonten cina badhe dipuncepeng dening pulisi malajeng dhateng pinggir saganten sarta lajeng anjegur, sareng sirahipun badhe kathengelaken saking toya tumunten wonten ulam cucud amurugi sarta ngelanghi sasarengan esthinipun kados angateraken, sarehning cina wau ajrih sanget dhateng pulisitemahan boten anglegawa dhateng pun ulam sarta anglajengaken ngelanghi manengah, ananging pulisi enggal numpak bahita sarta angetut ing piyambakipun, sareng celak cina lajeng kacepeng badhe kainggahaken ing bahita, ananging ulam cucud enggal-enggal anggendeng dhateng cina wau kabekta ngelem, kagondhol dhateng tanjung padhang, wonten ing ngriku cina kenging kacepeng ing pulisi.

Ing Pasuruwan kawartos mentas wonten wewelak ageng, tiyang jawi tuwin cina kathah pejah, ananging samangke sampun suda. Nalika ageng-agenging wewelak, tepekong ing kelentheng kaarak katumpakaken joli mider ing kampung pacinan ngantos kalih dinten mawi kinormatan ing

pradongga sarta saben griya ing ngajengipun sinaji-saji kadupanan kathah ubarampenipun, wondene bongsa jawi sami salat kajat pujeyan miwah dhikir.

Babasan Walandi

Awit dening ilatipun manusa punika angungkuli kewan sarta saking wulunipun dados benten kaliyan sasaminipun tumitah.

Ilat minongka gemboking bale angen-angen, tembung minongka kuncinipun.

Tiyang ngomondaka punika sami kaliyan sagawon ingkang jugug ngantos anggagat enjing.

Anyikirana tembung ingkang tanpa damel sarta anelingna rembag ingkang mugunani.

Sampun ngantos angangkah lunturing kadarmapun tiyang cethil tuwin priman dhateng kere.

Tiyang sugih ingkang mangangge sarwa gombalan punika sami kaliyan tiyang malarat ingkang mangangge sarwa sutra.

Kala tanggal ping 29 Januwari taun punika ing dhusun Kalampisan (Kaduwang) wonten tiyang wasta Prayadongsa mendhet jagung ing wanci dalu dhateng pategilanipun rondha, sareg saweg angsal 25 ontong lajeng katempah ing sima lorek, enjingipun tiyang kaliyan sima kapanggih sami pejah.

Cinten ingkang anggadahi bahita tambangan ing Nguter samangke sae sanget anggenipun mirantosi bahitanipun, manawi kapal kainggahaken ing bahita wau mawi malumpat antawis 5 kaki, wah bahita boten mawi aling-aling ing pinggir, panuju kapal kula kainggahaken malumpat ngantos rambah kaping kalih kalajeng kacemplung ing bangawan dados kapal sapirantosipun kaguyang tanpa niat, menggah lalampahan makaten wau saupami kapal ngantos minggah bahita punapa kula angsal lintu punapa boten.

Katandhan Narakariya.

Sarehning tetembunganipun sampun kapetang sae dados amung sakedhik sanget ingkang kula ewahi sarta kula leresaken pada-pada miwah panyeratipun. Redhaktur.

Kula sareng aningali srat Bra Martani tanggal kaping 22 wulan Januwari angka 4, ing ngriku wonten ingkang susulih nama Dipadrana paring pengetan tuwin piwulang sawatawis dhateng mantri guru ingkang dados telenging manahipun punika kula inggih dherek bingah sanajan mantri guru wau sampun kenging sinebut sarjana tuwin kadamel sesepuh ing panggenan ngriku ing atase para lare ingkang sumedya marsudi kawruh, ananging kula tingali para mantri guru wektu punika teksih kathah ingkang kirang umur sarta teksih gadhah watek lare punapa malih muridipun swargi Kyahi Gunawan kathah ingkang lajeng nilar.

Mila saking panuwun kula dhateng mantri guru ingkang dados telenging manahipun Dipadrana sampun pisan-pisan anggadhadhahana cipta makaten: aku wong wis dadi mantri guru bae kok nganggo diwulang, saupama pinter Dipadrana yagene dhewekne ora didadekake mantri guru.

Lo punika sampun man awit katliweng ing manah namung sakedhap andadosaken lingsem tuwin bilahi ageng. Katandhan Dipasari.

Panjurung nyuwun katrangan

Sarehning kula mireng kabar Mas Ngabehi Singadikrama wedana Ajibarang, Purwakerta, kapindhah dados wedana dhistrik Purwareja, Banyumas, menggah saking pawartosipun saweg angsal 3 wulan lamipun sampun kalampah dipunpandungi barangipun pengaos f 500 rupiyah, boten antawis lami kagunganipun kapal dipunperjaya ing tiyang saengga pejah, o..upami estu kabar mekaten wau inggih sakelangkung gumun sanget wawratipun wedana, wau pulisi ageng ngantos dipunwajanani ing tiyang inggih kesangeten, punapa tiyang alitipun ing tanah ngriku boten seneng dhateng Mas Ngabehi Singadikrama, menawi mekaten lampahing priyantun jawi kapindhah-pindhah panggenan inggih susah sanget, nyawinipun bangsa tiyang jawi wau kirang keringan dhateng sasaminipun, saweg lampahipun kemawon ing margi kethetheran mangka watekipun tiyang sugih rerebon boten kados bongsa walandi tingalipun ringkes tur saenggen-

enggen keringan, mila katingal dhangane tur kenging katamtokaken manawi pindhah enggen utawi tambah gaji, sareng peryantun jawi raba sanget gadhahanipun barang supami kalelang boten pengaos, mila samireng kula peryantun jawi ingkang kapindhah panggenan sanget pangresulahipun, wah malih kula mireng kabar mantri pulisi Dhayaluhur nami Mas Tirtadiwirya kapindhah dados mantri pulisi dhistrik Sokareja, tanya mas: punika malih sanget pangresulahipun, mangka kacariyos ing dhistrik Sokareja kathah perkawis pandung tuwin dipunnameni kadhet, kadhet wau bangsanipun sebrot, nanging kang dipunsebrot maisa utawi lembu kaliyan malih Dhayaluhur baku tiyang Sundha, punapa mantri Tirtadiwirya saged patitis wicanten jawi, punapa malih ingkang badhe anggentosi dados mantri pulisi Dhayaluhur nami Mas Kartareja juru serat kantor karisidhenan Toyomas, kacariyos angsal saking Semarang, punika punapa saged wicanten Sundha, mila sareng tampi dhawah inggih bingah nanging sanget miruda ing manahipun inggih punika ingkang saperkawis dereng saged caranipun basa sundha, kaping kalih ing tanah Dhayaluhur ngriku sampun misuwur sanget panggenan kathah mriyang, manawi tiyang enggal gegriya ing tanah ngriku sampun tamtu dipunbagekaken ing dalem saungsum awis saged sumerep ing latar, ketungkul anggenipun geluruh.
Sinerat kaping 31 Januwari 1874. Katandhan Kramasetya.

Wulang lare turunan saking babon basa walandi

Hawa

Biyang Minah anyepeng ubutan sarta awicanten dhateng anakipun estri: Minah, tanganmu delehen sangareping bumbunganing ububan kono, sasampuning Minah andeleh tanganipun wonten sangajenging bumbungan, embokipun lajeng anyebul ububan sarwi taken dhateng anakipun: kowe apa ora karasa apa-apa ing tanganmu.

Minah: inggih embok, tangan kula karaos kenging angin.

Biyang Minah: kowe apa sumurup angin iku apa.

Minah: boten.

Biyang Minah: angin iku hawa, manawa ububan iku dak petek utawa dak pidih amasthi metu angine.

Minah: hawa punika punapa embok.

Biyang Minah: lah marangapa sarta ambekanmu seroten kang seru, Minah amiturut, embokipun pitaken malih: kowe apa ora karasa adhem ing cangkemu.

Minah: inggih.

Biyang Minah: lah iya iku hawa, kalung mebu ing cangkemu samongsa kowe nyerot napas dene manawa kowe ngwetokake napas utawa adadmu hawane metu maneh, hawa iku ing ngendi-endi ya ana, kayata ing kamar kene, ing taman, ing dalan-dalan ing awang-awang apa dene ing saantarane sadengah barang lan sajroning bobolongan, cekake: saben enggon sela ciyuta dikaya apa iya isi hawa, mara impes kang sumeleh kuwe gawanen mrengse.

Minah: sumongga embok impesipun.

Biyang Minah: delengen ta impes kiye dak sebule kongsi kalebon hawa akeh, biyang Minah lajeng anyebul impes wau ngantos malenthung sarta lajeng ambunteki cangkemaning impes, wicantenipun: Minah saiki impes kiye [...].ne apa ora empuk lan apa ora katara ana isine.

Minah: inggih sayektos ananging punika isi punapa.

Biyang Minah: ora liya saka hawa kang wus dak sebulake ing jero kono, apa kowe arep sumurup metune, mara wenehna dom gese kuwe.

Minah: sumongga. Biyang Minah lajeng anyubles ing impes wau mawi dom ageng sarta angatag dhateng anakipun, tanganmu delehen ing ngarepe bolongan tilas kena ing dom kono, anakipun amiturut, Biyang Minah lajeng apitaken: tanganmu apa ora kerasa kena ing hawa kang metu saka ing impes kono.

Minah: inggih embok.

Biyang Minah: saiki impese mesthi iya kothong lemes sarta kimpes, delengen ta rak wis kothong babar pisan ora isi apa-apa, dene mau kae ora liya mung isi hawa bae sabab ora ana apa-apa kang kari ing jero utawa metu kajaba mung hawa.

Minah: embok coba sapisan engkas.

Biyang Minah: iya becik sasampuning mangusli makaten biyang Minah lajeng anyebul impes wau malih sarta awicanten, Minah, ananging tanganmu saiki kudu ko deleh sangareping bolongan cilik kuwe, Minah amiturut, embokipun lajeng pitaken: apa kowe ora karasakena hawa ing tanganmu.

Minah: inggih embok, nanging hawanipun teka boten katingal.

Biyang Minah: amasthi bae kowe ora bisa weruh ing hawa, ananging kowe rak karasa yen hawa iku ana ta, apa ora mangkono.

Minah: punapaha kula teka boten saged ningali hawa embok.

Taksih wonten candhakipun.

Candhakipun cariyos ing tanah Eropah ing mongsa bedhidhing

Saben griya ing ngrika joganipun jugang wiwiwar katutupan ing sela, pigunanipun manawi mongsa bedhidhing kaangge ngrimati tetedhan kang mawi boten karimatan ing ngriku tetedhan wau boten eca katedha awit sami dados atos kados sela, punapa malih manawi wonten tigan enggal bilih boten tumunten kapendhet kalebetaken ing jugangan wau amesthi ing lebet dados kenthel, saupami kaingu kenthel bilih karatengan kirang prayogi boten kados tigan ingkang boten kenthel.

Limrahipun manawi mongsa makaten punika ing wanci enjing titiyang ing sagriya ingkang tangi rumiyin namung satunggil punika wel-welan awit saking asrepipun lajeng-lajeng acethik latu, manawi ing senthong ngriku sampun anget [.....] ing senthong api-api, dene titiyang manawi tilem sami ngangge tilam sangkelak kaesap-esap sarta akemul sinjang benter, menggah lare-lare sakolah inggih pamit api-api ing gurunipun, nanging sareng mantuk lajeng sami dolanan salju ing sasenengipun piyambak-piyambak nonton ingkang damel kados mimis kaanggo sawakan sami lare, ananging salju wau bilih angengingi badan boten adamel sakit.

Kathah kemawon tiyang ingkang wuwu lumampah dhateng ing sumur tuwin sapanunggilanipun awit saking kandelung salju asged dipunlumampah manawi salju wau kasingkiraken.

Kuwatin.

Sampun sawatawis laminipun kula mireng pawartos radi aneh, ing nagari Samawis wonten tiyang pejah, sareng layon sampun kalebetaken ing kubur badhe kaurugan siti, layon lajeng jenggelek sarta wicanten: o..Allah tangalah kawula nyuwun ngapura para tiyang ingkang ngiringaken lampahing layon semu biyas, mendiring wulu kados sinasag sarta pating jombleng kamitenggengen, kocapa kakanging layon sareng mirsa adinipun jenggelek kaliyan asasambat melas asih, gupuh anyandhak saha kaentasaken saking kubur tumunten kagendhong mantuk, sareng dumugi ing griya para sanak kadangipun sami angurmati, ing waktu punika kabingahanipun para sanak kadang boten susah kula cariyosaken.

Lalampahan ingkang aneh makaten wau ugi boten ngamungaken ing nuswa jawi kemawon, ing tanah Eropah inggih wonten mila limrahipun para tiyang ing tanah eropah manawi wonten tiyang pejah sakit dadakan sarta semuning mayid boten montra-montra bilih sampun pejah punika boten tumunten kakubur bilih dereng katiti priksa dening dhokter.

Kacriyos rumiyin ing tanah eropah wonten tiyang pejah sampun nem dinten laminipun boten kakubur jalaran dhokter ingkang boten anglilani, sadaya tiyang ingkang aningali ujuding mayid boten pisan-pisan gadhah panyipta bilih mayit wau teksih kadunungan nyawa tuwin saged mulya amargi warninipun sampun pantes pinegat ing nyawa, ewa samanten mayid wau saged gesang malih anetesi pamecanipun dhokter.

Adatipun bongsa eropah makaten wau punapa boten langkung utami bilih bongsa kula tiyang jawi sami karsa nelad sanajan adat punika nyebal saking adat jawi, ananging badhe nuntun ing weweka.

Katandhan A.B.

Serat kanthi tabe ulun, katur tuwan Jonas Portir, redhaktir ing serat koran, kabar jawi Bra Martani, ing nagari Surakarta, saking amba pun Sadirsin. Amba sanget kamipurun, nyaosi sumbang sakedhik, menawi longkanging papan, kang mugu tuwan redhaktir, karsaha dhawuh amacak, tumrap koran Bra Martani. Satunggal buhyasan sinyur, lepen salebet nagari, kawastan lepen banjaran, kapernah sakilen loji, asistenan Purwakarta, ing samangke sampun rapih. Kadamel tiga plongipun, wiyar-wiyar sarta inggil, amargi yen kala bena, santeripun anglangkungi, awit nadhahi glontoran, toya kathah saking redi. Radinan mawi anjungjung, kaurug saengga radin, kanan kering ning radinan, tamblegipun sampun rapih, wawedhen saweg kagarap, kados badhe enggal rapih. Titi sinerat siberung, Kemis Kliwon tanggal kaping, pitulikur Dulkangidah, jimakir onganing warsi, sinengkalan uwang telas, sampun kangge ongkos jalmi. Siberung (Ajibarang), 15 Pebruwari 1874. Katandhan Sadarsin.

Punika Cariyos Babad Mataram

Nanging nyonyah remennya kepati, mring Ki Untung dadya lama-lama, denya sami birahine, kirda lawan Ki Untunge, pawewehe teka anggili, barang keh rada donya, Ki Untung pan sinung, nanging Ki Untung semana, datan arsa simpen donya nireki, akarya pasanakan. Apan samya pudhaking kumpeni, den prasanak anggung winewehan, apa barang sasukane, donya nira idlir mur, caneleran rahina wengi, nanging datan kinarya kasugyanipun, pan kinarya weweh ika, maring prasanakan ira den tuwuki, lumintu salaminya. Pudhak kumpeni samya wong Bali, weneh Bugis ingkang pinarsanak, kathahing prasanakane, wetara wolung puluh, pan sadaya pudhak kumpeni, prasamya kapotangan, weneh ana muwus, apa ingsun walesena, mring Ki Untung manawa manggiya kardi, sun wales lara pejah. Idlir emur ing mangke winarni, weruh lamun donyane keh ilang, tan widhanget yen anake, kirda lawan Ki Untung, angulari donya nireki, pan anak ira nyonyah, kecil solahipun, angawut-awut ing bondha, dyan cinekel Ki Untung den jemalani, rinangket lir pejaha. Daton arsa asuwaleng kapti, asesambat mentak ampun tuwan, idlir mur angles manaha, pan ingapura sampun, sawusira alami-lami, tan mari polah ira, nyonyah lan Ki Untung, duk semana kawenangan, mring idlir mur denya kirda pukul kalih, neng gedhong pajungutan. Dyan cinekel mring idlir mur aglis, liwat lusa Ki Untung samana, tinaruk belokan gedhe, nyonyah sigra sinapu, yata wau ingkang winarni, Ki Untung neng belokan, langkung kawlas ayun, pan akathah rowang ira, wong dodosan sawidak yen winitawis, sampunya lama-lama. Ki Untung ika amuwus aris, mring rowange kang aneng belokan, sanak-sanakipun kabeh, paranta dayanipun, ora ana kang duwe budi, rehning padha lalaran, rowange sumahur, eh Untung kang mangkaraha, duwe polah dene kang belokan wesi, lan gedhong tinutupan. Tur kinunci jinaga kumpeni, paran dayane gonira polah, Ki Untung alon wuwuse, manawa na pitulung, mring hyang suksma marang ing dasih, pan kuwating kawula, saking ing hyang agung, rewange malih angucap, sira iku Untung pan luwih kumpeni, sun iki wong wis tuwa. Neng belokan wus [...] madya sasi, lawan ingsun ora mangan-mangan, prandene teka mangkene, sira iku kumenthus, peksa guna tan wruh ing westhi, mongsa sira enjuwa, ingajur jer tan wruh, kowe maneh yen bisaha, angakali apanta belokan wesi, tuhu yen rare guna. Pan Ki Untung mesem anauri, ingsun ora rembugan lan sira, pikiran lawan wong akeh, sasuka nira iku, sira dhewe sun tan udani, Ki Untung alon mojar, lan wong akeh iku, eh sanak-sanak manira, yen anaha iya kang bisa uculi, paran karepe baya. Wong akathah samya anahuri, yen ucula Untung saking sira, sanak-sanak ira kabeh, apa sukanireku, nadyan silih tumbukna wesi, alah mati belokan, Ki Untung gumuyu, sarwi ngunus sikil ira, aglis Untung saking ing belokan wesi, cingak sakeh wong mulat. Tata rungkon sawidak kalih, inguculan gya ucul sadaya, siji neng belokan bae, ingkang nyampahi wau, yata sagung kang ucul sami, sareng denira ngucap, mring Ki Untung asru, paran mangke karsanira,

apan uwis ucul saking ing sireki, mangke apareh ira. Pan Ki Untung agya anahuri, ingsun arsa angamuk walonda, paran karep ira kabeh, sadaya gya sumahur, nadyan silih ngamukna loji, kabeh datan suminggah, ing karsanireku, mung upayakna dandanan, lan maninge golokna sarapan dhingin, dimene sami kuwat. Ki Untung mesem asemu manis, yen mengkono wis padha menenga, ingsun mengkono ra suwe, sigra wau Ki Untung, lawan gedhong dhinupak aglis, kuncine wus umecat, Ki Untung gya metu, apan cinatur samana, ngandhut patrem tempak, gedhene sanyari, sapraptanireng jaba. Kang ajaga pinatrem ngemasi, ting guledhag tan kongsi sasambat, pinasang malih kuncine, Ki Untung sigra laju, angulari wangsane singgih, yata wau kapapag, kakalih ing ngeni, sigra angrangkul samana, sarwi lara-lara denira anangis, paran ta polahira. Lawase sira anandhang sakit, ingsun arsa atilik tan bisa, mengko wus katemu dhewe, payo sun gawa mantuk, pan Ki Untung nulya tut wuri, sapraptanireng wisma, pawong sanakipun, sadaya pan sami prapta, binilangan ing ngeni kapanggih sami, akathah samya prapta. Sanakane akeh sami nangis, Ki Untung alon denira ngucap, sun jaluk gegaman bae, ajana milu mring sun, prasanakan samya nauri, yen ana karsanira, kang mawa pakewuh, kabeh sanak pekenira, pan sedyane anglabuhi lara pati, males becikan ira. Untung alon anauri manis, sun tarima kabeh sanak ira, sun jaluk gegaman bae, lawan sun jaluk sekul, lan panganan kinange sami, lah payo aterena, ingsun nuli wangsul, sigra pawong sanak ira, anggawani keris pedhang lawan cundrik, myang waos cecebolan. Gya binektan sagung warastra glis, wus umangkat katri sanak ira, kang ngaterken gagamane, weneh anggawa sekul, myang panganan kinang tan kari, samana wayah ira, apan pukul wolu, duk Ki Untung wedal ira, pan pukul nem lampah ira sampun prapti, sira aneng belokan. Sareng ingkang jaga gilir prapti, kumpeni satu ingiring kopral, nulya Ki Untung sirage, anarik patremipun, gya pinatrem sampun ngemasi, koprale arsa medhang, gya pinatrem lampus, ingkang aneng jro belokan, sadaya wus winedalaken mring jawi, beraging manah ira. Nulya kinen sami nedha aglis, kumaroyok wong sawidak samya, wus mangan anginang age, nulya warastra dinum, ana ingkang amilih cundrik, saweneh milih pedhang, weneh keris suduk, ana tumbak cecebolan, wusnya jangkep sadaya angati-ati, jawi gedhong wus nata.

Panuwun

Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1873 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun serat Bra Martani tuwin sambutanipun toko pangecapan ing taun 1872, manawi boten bayar salebetipun wulan Pebruwari ing ngajeng punika badhe kula pacak namanipun wontening Bra Martani.
Jonas Portir en.ko.

Para priyantun ing Ngayogyakarta ingkang sami tumbas Bra Martani ing taun 1872 tuwin 1873 sami kula aturi pepenget karsaha amundhati patumbasipun Bra Martani wau dhateng Mas Atmajawirya ing Ngayogya salebetipun wulan Pebruwari ngajeng punika, wondene bilih sapejahipun wulan Pebruwari dereng amundhati ing salajengipun badhe kakintunan Bra Martani malih, sarta kula pacak namanipun wonten ing serat kabar.
Jonas portir en.ko. ing Surakarta.

[.....] walandi wonten ingkang anyariyosaken a[.....] bongsa andupara ucap-ucapanipun tiyang jawi bab [.....] tuwin tiyang Aceh, ananging ucap-ucapan wau mongsa ngungkulana kados ing ngandhap punika.

Wonten tiyang Sala mantuk saking Kedhiri anyariyosaken calumikipun tiyang alit ing Kedhiri kados makaten:

Nalika karaton Aceh saged ajeng-ajengan kaliyan wadya balanipun kanjeng gupremen, sultan Aceh anandukaken dhustha sandi, carakanipun satunggil kalebetaken ing sanjata kados rekanipun angisekaken mimis, tumunten kasanjatakaken kaangkah ngajenganipun Kanjeng Pangeran Gondasiswara. Wonten ing ngriku caraka wujud manusa malih sarta sarembag kaliyan kanjeng pangeran wau, boten dangu lajeng sami musna kalih-kalihipun, wadya bala anginten bilih kanjeng pangeran kasambut ing payudan, boten sumerep bilih sampun amor kaliyan mengsah wonten salebeting kadhaton.

Bra Martani ing mangke pitaken: 1. Kados pundi dene wujud samanusa agengipun teka kenging kalebetaken ing lomponaning sanjata, awit balunganipun suku kemawon sampun anglengkara saged kalebet, kalih dene malih anggering kodratolah makaten: *wadhah iku gedhene kudu angungkuli barang kang winadhahan, papasthen ora anglilani gajah bisa sumusup ing long semut, awit iku anerak anggering kodratolah*. Cekakipun samukawis ingkang nglengkara boten saged tumindak sanajana caraka wau cinipta raga kapuk, inggih meksa boten lumaksana.

2. saupami wonten ngelmi gaib ingkang sampun pinaringaken dhateng tiyang Aceh sarta kenging kadamel musna, punapaha caraka wau teka andadak kangelan lumebet ing lup sanjata, bok inggih lajeng anelasi mengsahipun kemawon ewed punapa. Kalihdene malih anggering kodratolah mekaten: *maujud ora bisa sirna, sarta sirna ora bisa maujud*.

Kajawi saking punika ing serat-serat kabar boten wonten pawartos ing bab kanjeng pangeran wau.

Pawartos saking Aech

Penang ping 7 Pebruwari, mengsah dereng anungkul.

Pangageng-pangageng ing Aceh sami ales kemawon sarta angangkat tuwanku Dhaud dados sultan, inggih punika kaprenah putu kapenakanipun swargi Sultan Ibrahim Mansursah, saweg umur sangang taun.

Wonten emban sakawan sami dados bupati.

Sedyanipun mengsah badhe anglajengaken perang, punika uwuk utawi ebra.

Salebeting kraton kula adegi beteng amoting tiyang 500 kaliyan pakuwon amot tiyang 1500, awit saking punika lepen tuwin bahita ingkang kesah utawi dhateng saged kaayoman.

Boten wonten tangledan malih awit wadya bala sami anglarap beteng, dene mengsah boten purun munasika jalaran boten daya.

Titiyang alit sami tentrem.

Kolerah sampun suda kathah.

Lokomotif.

Lokomotif isi telegram saking Aceh angwartosaken yen pangulu Khaji Mukhamad Eliyas ingkang tumutur ing wadya bala lurugan punika tilar dunya.

Telegram saking Aceh lapuranipun Kanjeng Tuwan Jendral fan Switen, katiten ping 10 Pebruwari 1874.

Kula tampi pawartos yen kala tanggal kaping 26 Januwari ing wanci siyang, Sultan Aceh tilar dunya kening ing kolerah wonten sacelakipun peger II Panglima Polim inggih kaparag ing sasakit wau, sagi titiga kaambah ing bageblug ageng.

Salajengipun wonten pawartos malih bab pejahipun Panglima Polim punika sampun komram ing akathah.

Pejahipun sultan langkung malih pejahipun Panglima Polim badhe angwadekaken sedyaning mengsah, Panglima Polim punika kala teksih gesangipun dados lalajering ngalaga, boten dipuntisnani ananging kiner ing pangageng sanes-sanesipun, dene pangageng-pangageng wau samangke sakinten badhe tumundhuk.

Para ageng ingkang sami pejah kening ing kolerah kapratelakaken namanipun: Raja Dulah anakipun Panglima Polim ingkang pambajeng, Toku Imamlung ing mokim 25, Toku Imam Longbata inggih punika ingkang kendel piyambak, tuwin Panglima Mas Saleh pangagenging hulubalang.

Pawartos saking Kanjeng Tuwan Jendral fan Switen sanesipun amratelakaken yen tuwan Kaptin Ihholtes tilar dunya kala tanggal kaping 8 Januwari tuwin Litnan Bikhais inggih tilar dunya kala tanggal kaping 7 Januwari, kalih pisan sami nandhang labet.

Kala tanggal kaping 13 Januwari tuwan Kaptin Lodhin kabranan.

Porste Landhen.

Surakarta

Kala Senen wanci enjing mangsanipun lare jajan, ing peken Kaliwon wonten estri angemban anak angadeg ngentosi tutumbasanipun, Nyai Cuhong rabinipun babah Cuhong ingkang dudunung celak ing enggenipun tiyang dhadhasar ngriku ambandhem sagawon ingkang glibedan wonten ing ngriku ugi, ananging kalintu angengingi dhadhaning lare ingkang kaemban wau, embokipun mindel kemawon, kilap saking sabaring bubuden, kilap saking ering dhateng Nyai Cuhong tuwin saking kaagengan ing gegetun dene kesonja baya makaten.

Estri ingkang sami angrubung dhasar wau wonten satunggil ingkang mandeng dhateng Nyai Cuhong, menggah pamandengipun kilap saking murinani dhateng pun lare ingkang kebandhem kilap saking kagawoken sumerep ing sembrananipun Nyai Cuhong, awit ing ngriku panuju kathah tiyang tuwin lare teka ambabandhem, ananging babah Cuhong boten saronta nempiling sakayangipun dhateng estri wau sarta apitaken: kowe apa arep ngeloni bocah kuwe sarta wani menyang bojoku.

Inggih ingkang tinampiling lajeng mantuk sarwi anyebut boten tarimah dene kadamel sawenang-wenang makaten, ananging salajengipun *Bra Martani* boten sumerep.

Kala Salasa enjing ing peken ageng wonten lare keplindhes ing kareta.

Kalen cemer ingkang sampun kawartos kala rumiyin punika sapriki teksih lastantun dados panyadranan, ambetipun ngantos leteng dening sekar konyoh tuwin menyan sarta adamel kauntunganipun lare-lare ingkang gagriya celak ing ngriku, awit sami gogo yatra ingkang dipunsebar dhateng ing toya dening ingkang anyadran, angsal-angsalanipun lare satunggil sadinten sadalu ngantos langkung saking nem wang.

Bra Martani angajeng-ngajeng sumerep benjing punapa nagari karsa amirma dhateng dasihipun ingkang nasak ing pepeteng wau.

Salebeting kitha Surakarta meh saben dinten wonten kambengan aben sawung, sinten ingkang ngadegaken pambengan gadhah pamilih dinten piyambak-piyambak, wonten ingkang milih Senen Kemis, saweneh Slasa kaliyan Jumuwah utawi sanes-sanesipun, ananging saben kambengan ing dalem pitung dinten kabikak kaping kalih saemper kados pasewakanipun pradata angrampungni prakawis.

Bab punika punapa sampun kaiden ing nagari, *Bra Martani* dereng sumerep.

Nalika wulan Dulkangidah ingkang kapengker punika kula tampi serat saking ngepos, salebeting lempitan wonten serat malih ngalamatipun katur tuwan Ep.El.Winter ing Surakarta, ananging serat kakalih wau sami tanpa tondha nama sadaya, punapa ingkang winastan serat poswel inggih punika, menggah suraosipun kula dipunpurih amewahiisining almenak badhe taun punika, sarehning priyantun ingkang akintun serat wau boten kersa prasaja dados pakewed anggen kula badhe ngaturi wangsulan, salebetipun wulan Besar punika kula tampi serat saking ngepos malih, sareng kula tingali ngalamatipun sami kaliyan ingkang sampun kula tampeni ing ngajeng wau sarta capipun namung satunggal mungel Surakarta kemawon, salajengipun serat boten kula tampeni, pangangkah kula supados priyantun ingkang aparing serat [.....] leh astanipun ingkang sayektos utawi sa[.....] margi samar makaten. Raden Atmadi[...].

Pungkasanipun pethikan cariyos ing tanah Eropah ing mongsa bedhidhing

Punapa malih manawi wonten tiyang aleledhang angleresi sajlu dhumawah, dumugining griya topinipun ing nginggil saestu kebek salju tuwin rasukan warninipun kados galepung, manawi tiyang wau badhe lumebet ing griya akekebut rumiyin awit manawi panganggenipun boten kakebutaken salju wau anelesaken. Titiyang ing ngrika nyambut damelipun punapa inggih tansah wel-welan, manawi nyanyandhak ing mongsa benter salju ingkang wonten ing siti sami dados toya sarta lajeng ambles, punika andadosaken jebloging margi-margi ngantos sawatawis wulan, sangsaya lami sitinipun sangsaya garing. Toya kenthel wau kaangge dagangan dening tiyang Amerikah asade dhateng Benggala, Singapura tuwin ing Batu, dene paidahipun kaangge momoran toya ingkang kaombe supados mindhaka ansrep.

Manawi ingkang maos kirang pitados dhateng sapituruting pepethikan punika prayogi anocogna pitaken dhateng tiyang Eropah ingkang sampun priksa ing tanah Eropah ing tembing ler awit ingkang tembing kidul boten patos asrep. Cuthel. Kuwatin.

Candhkipun bab Hawa

Minah: punapaha kula teka boten saged aningali hawa, embok.

Biyang Minah: ya ebeng, mungguhing iku aku durung bisa anerangake babar pisan marang kowe, ananging kowe bakal rada mangreti bab iku sawatara, sarana saupama loro kang bakal dak pratelakake, lah ing jandhela kae ana erame (eram punika awton utawi wengku), mara ta andelenga apa-apa saka ing eram kono, kowe rak banjur weruh omah, wit-witan, wong liwat lan liya-liyane apa ora mangkono, ananging gelase kang ana ing eram kowe meh ora weruh.

Minah: inggih embok, gelasipun boten katingal.

Biyang Minah: mengkonono uga banyukang luwih resik sarta bening diisekake ing piring kang tinulis kekembanga, katone kekembangan mau amesthi cetha, trekadhang kowe ora bisa niteni yen piring mau isi banyu, gajege kang mangkonono iku kowe wus sumurup dhewe.

Minah: inggih embok, kalawingi kula mendhet piring bahu kula teka lajeng kawutahan toya, kang mawi kula boten sumerep yen piring wau isi toya.

Biyang Minah: hawa iku ya mangkonono uga, ananging luwih bening sarta luwih terang tinimbang gelas lan banyu, samu barang kang katon iku kabeh padha kalimputan ing hawa, ananging kowe ora bisa andeleng hawa, ewa samono kowe karasa utawa sumurup yen hawa iku ana, Biyang Minah lajeng angetbuti anakipun sarta wicanten: Minah, sanajan kowe ora weruh ing hawa ewadene kowe rak karasa kaserang ing hawa ing raimu.

Minah: e.. inggih embok, kula karaos katrajang ing angin malih.

Biyang minah: iya iku hawa kang anglimputi ing aku lan kowe tuwin kang dak obahake kalawan kebut kiye, dene manawa ing jaba kono ana angin iya iku hawa kang obah.

Apa kowe wis andeleng badher bang kang ana ing lumbunge ninekmu.

Minah: sampun.

Biyang Minah: iwak loh iku uripe ana ing banyu dadi iya kudu tansah kalimputan ing banyu, dene manusa uripe ana ing hawa dadi iya tansah kudu kalimputan ing hawa, mangkonono uga sapi, jaran sapanunggalane khewan dharatan iku padha uripana ing banyu ebeng, ananging iwak loh ana ing banyu bisa molah kang manungsa ora bisa aniru ana sajroning hawa.

Minah: menggah ingkang pundi embok.

Biyang Minah: iwak loh bisa anglangi ana sajroning banyu balik manusa ora bisa anglangi ana sajroning hawa, kowe rak wis weruh kapriye solah iwak loh ana sajroning banyu enggone wira wiri anakak-nekuk amedhun nuli ngumambang maneh tuwin molah ing sakerep-karepe, kang mangkonono iku manusa ora bisa aniru ana sajroning hawa, ananging kowe apa sumurup sapa kang bisa nglangi ana ing hawa.

Minah: peksi.

Biyang Minah: bener, manuk bisa nglangi ana ing hawa, kaya dene anglangine iwak loh ana ing banyu mangisor, mandhuwur, ngampar ing sakerep-karepe kang iku manuk diarani miber.

Minah: punapaha manusa teka boten saged miber. Teksih wonten candhakipun.

[.....] saudara adhang kula nyuwun pisepuh [.....] sasi pun nami-nami kados ngandhap punika.

- | | |
|-------------|--|
| 1. Brata | lampah. |
| 2. Brongta | kalanturipun tembung brongta tuwin brata |
| 3. Brangti | saking: brongta, kasmaran, kedanan |
| 4. Malaya | mider anjajah |
| 5. Padma | sekar |
| 6. Dirja | saking: direja, luwih reja, reja sanget |
| 7. Direja | saking: direja, luwih reja, reja sanget |
| 8. Soma | seranan, utawi kalanturing tembung kusuma |
| 9. Suma | leresipun: kusuma tegesipun sekar |
| 10. Sama | kula dereng sumerep bok manawi saking suma utawi kramanipun padha. |
| 11. Citra | dhapur, wangun |
| 12. Condra | wulan, rembulan, parasat, dhapur |
| 13. Sura | wani, kendel |
| 14. Sudira | teguh |
| 15. Wirya | mukti |
| 16. Prawira | isin kasosor lumuh lampah nistha |
| 17. Ngrat | ing rat, ing jagad |
| 18. Jagat | jagad |

19. Marta	}	sae, utami
20. Merta		
21. Karta		reja
22. Kerta		reja
23. Praya		ati
24. Wongsu		sanak, bongsa
25. Ranu		toya
26. Prana		angen-angen
27. Ngrana		ing rana, ing paprangan
28. Gana		galih
29. Leksana	wilujeng, kalis ing bilahi	
30. Lesana	saking: leksana	
31. Drana	kula dereng sumerep	
32. Karya	gawe, damel	
33. Kriya	tukang	
34. Trunna	anem	
35. Taruna	anem	
36. Janala	saking: jayanala, saged anelukaken manah. arjanala, mulus sae ing manah	
37. Jadenta	saking: jayadenta, arjadenta, tansah teges	
38. Saridin	tembung aran ingkang amiyambak sarta tanpa teges kadosta: Mangsi, wedhi, sapanunggilanipun	
39. Wira	saking prawira	
40. Asmara	sengsem	
41. Guna	saged	
42. Kerti	damel	
43. Merti	saking: merta	
44. Karma	kula dereng sumerep	
45. Sada	suku	
46. Nala	ati	
47. Maja	bok manawi saking: atmaja, anak	
48. Eka	satunggil, nunggil	
49. Ponca	gangsal	
50. Derpa	gambar	
51. Prana	wekasan	
52. Jasman	basa Arab, tegesipun bilih kula boten lepat roh	
53. Ongga	awak	
54. Sraba	swara	
55. Darsa	}	kula dereng sumerep
56. Darja		
Redhaktur.		

Panuwun kula mug i kaserat tegesipun sanajan nami satunggil gadhah teges kalih titiga ugi kalebetna sadaya, ing wusana tabe kula kadherek ing kaurmatan. Saking ingkang saudara Jayadipura.

Panjurung minongka wangsulan, memurih regenging pasamohan Bra Martani.

Sasampuning kaurmatan kula akanthi pamuji, basuki lan kaluhuran sumarambah garwa putra wayah sadaya ingkang mug i katur mitra kula sakaliyan ingkang sami sisilih nami, jombaleka, utawi wengku ingkang sami dahat mangarsa-arsa dhumateng kakenyer kula Trustha sastra, awit sampun sakalangkung lami anggenipun boten ngaturi panjurung anggitan wangsulan rehning kula sampun nyipati piyambak dhateng pagriyanipun Trusthasastra, tetela bilih dereng rapih

sungkawanipun punapa dene kertasipun sami risak katrocowan pennipun sami mininja, mangsenipun kajogan toya jawah, jalaran saking griyanipun rajag sanget dados kula wau radi ngengah bilih sapocapan kaliyan Trusthasastra yen rembaga babagan ngraosaken kawontenanipun ing kabar *Bra Martani* naming saking panawang kula kados boten lami Trustha sastra tumunten medali panjurungipun, kacihna dene sampun kersa ngolak-alik serat *Bra Martani*, ewadene saking kumedah kula atepang wanuh lelantaran kaliyan rembag kaliyan mitra kula sakaliyan wonten salebeting koran *Bra Martani* kula piyambak angaturi sesungut wangsalan sakedhik, patitis utawi boten panganggit kula wangsalan wau panuwun kula mug i katampena kaliyan panggalih kasenangan, ing ngandhap punika kawontenanipun.

Wating sata, karangan asri kawuryan,
Bestru lingir, jejer ngrigit tanpa dadya,
Bayah alit, pakarti kurang weweka,
Pentil wohan, nendra lenggah tanpa sedya,
Tetes aren, sarpa nendra ing sesana,
Witing klapa, tindak kang saparti lumpat,
Wohing kamal, wulucumbuning pandhita,
Pingganing ron, satriyadi ingkuparman,
Lampes wungu, sadulur kang tunggal tetya,
Prakutut gung, ron wilis kinarya muncang,
Lamuk seta, tata tataning ngadesa,
Titi katandhan mitra jengandika ingkang dahat cumanthaka pun Darmawongsa.

dereng pantes, yen kawedhar pra sarjana,
nadyan remeh, mung kinarya pepucukan,
pamuriye, sinarweya pra sarjana,
ngalab berkah, supaya antuk wasita,
ngilangake, ing ing walang sangkere badan,
kudu gugu, pratingkah ingkang utama,
yen sembrana, pan dadi nyantrike badan,
singkirana, ambeg ngegungken sarira,
dimen asih, pramitra kang silih nama,
iya iku, kang sung kawruh mrih miguna,
dipunlega, ing wicara wuri ngarsa,

Punika Cariyos Babad Mataram

Yata wau litnan kang winarni, kang ajaga aneng pambelokan, asuwe wau praptane, apan wus kinen nusul, saresane ingkang lumaris, wus prapta pambelokan, kaget duk andulu, jawining gedhong barisan, gedhong menga saresan andulu aglis, yen rowang ira pejah. Wangsul bilang marang litnan aglis, katur marang kumpeni sadaya, gupuh amukul tambure, wadya kumpeni kumpul, sabergada sigra lumaris, wus prapta ing belokan, wong kumpeni ngepung, yata Ki Untung semana, gya ngabani rowang anempuha aglis, mangsah samya asurak. Binendrong bedhil datan gumingsir, wong sawidak sareng ngamuk rampak, wong kumpeni wus akeh longe, kuwel denira pupuh, tandang ira Ki Untung ngukih, amatrem sarwi nyepak, kumpeni keh lampus, dening Ki Untung punika, wong sawidak anglir bajag angejawi, gempur kang sabregada. Pan ing wuri kumpeni keh prapti, pangedrele anglir gelap sigra, Ki Untung rusak rowange, sapalih ingkang kantun, ngamuk kuwel pedhang lan keris, kumpeni akeh pejah, kang wuri keh rawuh, Ki Untung rowange telas, den ebyuk ing mimis kadya agarimis, Untung kantun piyambak. Untung tinubruk ing kanan kering, kang nikep pinatrem keh pejah, wus kinalang kalang bae, medal sing loji sampun, saparane den bedhili, mring beteng ngalang-ngalang, nyalimpet ing ngriku, kumpeni pan wus kelangan, pan ingosak-asik tan wonten kapanggih, wadya kumpeni bubar. Wus misuwur sanagri Batawi, yen Ki Untung ucul sing belokan, angamuk akeh rowange, wong sabelokan ucul, tumpes awor lawan kumpeni, tintrim wong sanegara, yata kang winuwus, Ki Untung genya sigidan, aneng beteng lang-alangan tigang ratri, pan Ki Untung samana. Momor maring ing nagari malih, angulari marang sanak ira, amomor dhateng nagrine, pawong sanakireku, apan kathah ingkang kapanggih, Ki Untung tinangisan, kabeh arsa tumut, pangucap ira mangkana, ing sun milu mring sira abaya pati, awales becik ira. Tigang dasa kang tumut umiring, dalu mangkat saking nagaranya, tan kari sagagamane, beteng ngalangan rawuh, karya griya sampun miranti, ing saben ari prapta, pawong sanakipun, kalih tiga myang sekawan, lama-lama tutur tinuturken sami, separan sanak ira. Kang satengah amung angrasani, pan semana nagri Batawiyah, niyaka kumpeni kabeh, minggat tut bangsanipun, pan Ki Untung ingkang wewangi, neng beteng ngalang-ngalang, nenggih enggenipun, samana pan maksih wana, riseksana sanak-sanak kang kapanggih, neng beteng ngalang-ngalang. Apan eca samya amiranti, pan Ki Untung mring wong satus ika, angambilaken pangane, yata amung Ki Untung, ingkang wira-wiri puniki, amomor tan kuningan, mangkana cinatur, yen kala marang nagara, sawedale patreme tempak tinarik, winor suruh candhikan. Pan kapethuk kumpeni satunggil, myang kakalih kinebyoking sedhah, niba kapisanan bae, saben-saben kapethuk, wong kumpeni

kinebyok mati, yen wayah wising asar, tintrim ing marga gung, ing saben ari mangkana, lama-lama kauningan ing kumpeni, yen Ki Untung kang nrekah. Pinaranan dening wong kumpeni, yen wayah pukul satengah sanga, binarisan ing margane, dhedhep datan kadulu, pinakanan kumpeni siji, Ki Untung duk semana, saking sajroning nagara, aningali walonda satu neng margi, sigra kinebyok sedhah. Kapisan kang baris miranti, sigra medal Ki Untung lumajar, binarondong bedhil akeh, cinegat marganipun, pan Ki Untung minger angering, saking kering narajang, kang kinebyok lampus, anempuh sarya lumajar, wong kumpeni rolas wau ingkang mati, kopral saresan pejah. Wong kumpeni meksih ambedhili, ambubujung ing saparanira, prapta wau ing prenahe, rewang ira Ki Untung, mirsa swara kang bedhil muni, gya medal ing panggonan, sira samya dulu, wadya kumpeni keh prapta, saparane Ki Untung kang den bedhili, wong satus bareng mengsah. Ngamuk rampak wongs satus mangukih, tandangira lir singa memongsa, wong kumpeni kathah longe, amung kari kang kantung, wlandi tiga mlayu mring nagri, dene wau kang pejah, sawidak gungipun, wau tatiyang titiga, sampun prapta katur jendral besar nenggih, saha gurnandur jendral. Yen kumpeni akeh ngemasi, Ki Untung neng beteng ngalang-ngalang, apan akathah rowange, datan kawarneng dalu, enjing pepak wadya kumpeni, Ambon Bugis Mekasar, sembawa wong Mlayu, gagamane warna-warna, sigra amral budhal ingkang anindhihi, lawan mayor sakawan. Pan gumuruh tamburing kumpeni, samya medal kumpeni wadyanya, tan kawarna lampahe, beteng lang-alang rawuh, kawuwusa Ki Untung nenggih, mirsa kumpeni prapta, kathah rowangipun, sagunging wong sanak ira, prajanjeyan prasetya bareng ngemasi, tan sedya noli wuntat. Wadya kumpeni umiyat, yen Ki Untung tata barise sami, amral angabani gupuh, sigra kumpeni mengsah, swarane sanjata anglir gunung rubuh, peteng kukusing sendawa, gya Ki Untung angabani. Keh rowang sareng umangsah, ngamuk rampak nusup kukus sendawi, wadya Mekasar anambung, ngebyuki kering kanan, ramening prang Ki Untung mangamuk punggung, manengah sarewangi, wong satus awuru getih. Ngiwat-ngiwut kering kanan, wong kumpeni akeh rusak ngemasi, Bugis Sambawa keh lampus, miwah Ambon Mekasar, wong kumpei ing wuri kathah kang rawuh, Ki Untung sarawang ira, lir danawa oleh daging.

Panuwun

Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1873 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun serat Bra Martani tuwin sambutanipun toko pangecapan ing taun 1872, manawi boten bayar salebetipun wulan Pebruwari ing ngajeng punika badhe kula pacak namanipun wontening Bra Martani.
Jonas Portir en.ko.

Para priyantun ing Ngayogyakarta ingkang sami tumbas Bra Martani ing taun 1872 tuwin 1873 sami kula aturi pepenget karsaha amundhati patumbasipun Bra Martani wau dhateng Mas Atmajawirya ing Ngayogya salebetipun wulan Pebruwari ngajeng punika, wondene bilih sapejahipun wulan Pebruwari dereng amundhati ing salajengipun badhe kakintunan Bra Martani malih, sarta kula pacak namanipun wonten ing serat kabar.
Jonas portir en.ko. ing Surakarta.

Lokomotif angwartosaken yen Raden Adipati Ariya Kusuma Hadiningrat bupati ing Galuh, Cirebon kapatedhan songsong jene.

Telegram bab Aceh

Serat telegram saking Kanjeng Tuwan Jendral fan Switen katiten ping 16 Pebruwari angwartosaken kados ing ngandhap punika:

Kala tanggal kaping 15 sasampunipun aso kalih dinten awit prelu anyumerepi jajahan, wadya bala anuntun mrawasa sarta mracondhang beteng ing Ketapan dhuwah.

Menggah pamurihing pamrawasa wau supados titiyang Aceh ingkang nedya nungkul dhumateng ing kanjeng gupremen luwara saking panganiyaning kancanipun ing mukim 22 ingkang nedya anglajengaken perang.

Wondene pamrawasa wau wilujeng, ananging pananggulanging mengsah sanget ngantos wonten pepejah 6, ingkang labet 56 kalebet upsir 7 inggih punika: tuwan Litnan Kolonel Engel labetipun sanget ananging boten adamel tiwas, tuwan Irste Litnan Baron dhe Baonam Dhereikol tilar dunya. tUwan Mayor Gidhes, tuwan Kaptin fan Dhalen punapa dene tuwatuwan Litnan Keper tuwin Teil labetipun sami boten angwatosi, sarta ing barisan Madura Kaptin Raden Arya Suryaadinagara.

Pitunaning mengsah sakalangkung kathah, pepejahipun 200 kalebet panglima 4.

Lokomotif.

Telegram saking Batawi katiten ping 21 Februwari 1874

Bahita awasta Yason kalawingi dhateng ing Batawi ambekta mariyem sapanunggilanipun.

Prajurit artileri kaliyan upsiripun ing dinten punika mudhun dhateng dharatan mawi kinurmatan musik, dhatengipun ing statsiyon lajeng sinambroma ing kanjeng tuwan komendhaning wadya bala , kanjeng tuwan algemene, sekretaris, tuwin ajudan dalem ingkang wicaksana kanjeng gubrenur jendral.

Bataliyon kasadasa kaliyan prajurit artileri salajengipun sinegah karamen wonten ing kaserne (griya pakempalan saradhadhu).

Salaminipun lalampah saking Aceh dumugi ing Batawi wonten pepejah kalih saking dening sasakit kolerah.

Tigang dinten engkas (dados Slasa kalawinginipun tanggal 24), bahita Yohanah Bramal dhateng ambekta kumpeni artileri sabragada tinindhiyan tuwan Kaptin Dheyong, tuwan-tuwan Litnan Pape Sekeng tuwin Dhebrin, punapa dene ambekta lesiyun ing Pakualaman tuwin Mangkunagaran kaliyan mariyem bandhangan saking Aceh.

Bahita Yohanah Bramal wau badhe lajeng dhateng Samarang.

Lokomotif.

Kasebut ing serat kakancinganipun ingkang maha agung kanjeng sri maharaja, katiten tanggal kaping 30 Dhesember 1873 angka 11, ingkang wicaksana kanjeng Guprenur Jendral Mister Ye Lodhon kalilan anampeni tetenger inder irsteklas ing ordhe sinteanna, paparingipun kanjeng raja ing Ruslan.

Kasebut ing serat kakancinganipun ingkang maha agung kanjeng sri maharaja katiten tanggal kaping 30 Dhesember 1873 angka 12, kanjeng tuwan koloneling artileri Ye.Ye Dhe Rosemon ajudan dalem ingkang wicaksana kanjeng guprenur jendral ing Indhi Nederlan kalilan anampeni tetenger inder twedheklas mawi krun ing ordhe Sintestanis Laos, paparingipun kanjeng raja ing Ruslan.

Lokomotif.

Pethikan saking *Bintang Johar*

Putranipun kanjeng raja ing Ruslan ingkang rumiyin sampun lalana dhateng ing Batawi samangke sampun rawuh ing kithanipun, ananging lajeng dipundhawahi dening ingkang rama mangkat lalana malih anjajah tanah-tanah ing sajagad.

Ing Batawi kathah tiyang cina tuwin malajeng sami kaparag ing sasakit kasrepen.

Mariyem kakalih gagrag enggal ingkang dipunangge dening wadya bala ing paprangan Aceh punika sakedhap kemawon saged adamel pepejahing mengsah 500 sarta wedaling mimis kados jawah.

Regining kopi sapikuliipun ing tanah walandi minggah dados 71 rupiyah.

Ing tanah Amerikah kayasanan sepur weh panjangipun sakinten 350 pal rampung ing dalem sadinten, wondene ingkang anggarap juru ukur 30 kuli tuwin galidhig sanes-sanesipun 8010.

Nalika perang Aceh saweg kaleksanan sampun wonten pamurwat yen mimis mariyem ing bahita kapal perang ingkang kaedrelaken dhateng ing kitha Aceh kathahipun 7000 iji, tosanipun telas 160 tong, obatipun 30.000 kati.

Ing kitha Benggala wonten pailan ageng.

Surakarta

Kawartos kala Kemis wanci ramyang-ramyang perak enjing, ing Baturana wonten bakul tinempah ing begal, sarehning kasepenan ing pitulung tuwin rumaos kasosor temahan panglawanipun amung saangsal-angsal kemawon, bebetanipun lombok dipunsawuraken dhateng raining begal kasambbi jerat-jerat nedha tulung, ananging boten amikantuki. Begal kemuriten dene kakrutug lombok, lajeng nyandhak banon dipunasabaken rainipun nyai bakul.

Samanten lajeng katungkeban ing tiyang tandang, ananging nyai bakul sampun tudhuk kaasab banon sarta begal sampun ambucal lari.

Kala Jumuwah wanci enjing ing kampung Pacinan wonten saradhadhu kakalih sami lumebet ing toko lajeng mendhet guci isi jenewer nyatunggil sewang enggal dipunlebetaken ing kanthonganing calananipun piyambak-piyambak sarta andumugekaken lampahipun. Cina ingkang gadhah jenewer sampun mesthi kemawon boten mangretos ing patrap slaman slumun makaten wau, mila lajeng anututi ing saradhadhu sumedya nedha yatra patumbasing jenewer utawi nedha wangsuling barang, ananging pangajeng-ajeng kakalih punika lepat sadaya, awit pambayaripun

saradhadhu boten awarni yatra, warni guci kakeprukaken ing rainipun cina wau ngantos gogodres ing rah, salajengipun saradhadhu kalih pisan dipunupret-upret dening saradhadhu jagi, kacandhak sarta lajeng kalebetaken ing beteng.

Ing Purwadiningratan kala Jumuwah enjing wonten latu amruput sarapan griya telas tiga.

Pethikan bab angin

Angin punika hawa ingkang ebah utawi ilining hawa, awit bumi punika kalimputan ing kawontenan ingkang boten katingal kandelipun saking bumi manginggil sawatawis mil inggih punika ingkang kawastanan hawa, dene sagedipun dados angin sabab saking asrep tuwin benter wonten ugi saking sabab sanesipun. Angin wau warni-warni, wonten namanipun piyambak-piyambak, kadosta: angin sumilir, prahara, lesus, ulur-ulur utawi caleret taun, ulekan tuwin sapanunggilanipun.

Latu manawi kaseleh ing panggenan wiyar, hawa ingkang wonten ing nginggilipun saestu benter sarta entheng mila lajeng andedel mumbul, panggenanipun lajeng kajogan hawa ingkang wonten ing kiwa tengenipun sarta panggenan ing kiwa tengening latu kajogan hawa sanesipun, makaten salajengipun ili utawi ebahing hawa wau kawastanan angin.

Menggah ingkang andadosaken jalaran wonten angin punika ingkang mesthi: soroting surya, manawi surya anyoroti bumi awanipun saestu inggih kebenteran.

Manawi hawa wau sampun benter lajeng andedel mumbul utawi hawa asrep ingkang wonten ing kiwa tengenipun sami angelebi panggenan ingkang kaoncatan hawa wau ngantos ilinipun gumrebeg sarta titiyang sami karaos yen katrajang.

Purwadadi kaping 2 Pebruwari. Kuwatin.

Serat sarta tabe pakurmatan akathah-kathah sayogi dhumatenga panjenenganipun saudara tuwan Jonas Portir en.ko. ing nagari Surakarta.

Manawi kapareng sela ing papan kabar *Bra Martani*, kula ngaturi panjurung kados ing ngandhap punika, mugi wontena karsanipun kang ngasta pandamelan redhaktur amacak kawedalna ingkang tumunten, rehning sanget kodhening manah jalaran anggen kula ningali sendheting panggarapipun sabin tadhahan para tiyang among tani saking cacriyosanipun para tiyang tani wau amastani ing masa rendheng punika kirang jawahipun, manawi wonten kaparingipun ing panggalih saguning para mitra ingkang sampun kasebut sarjana mugi-mugi lumutura paring katrangan bilih ing ngelmi palak anyebutaken ing bab kathah sakedhiking jawah ing masa rendheng sarta kawontenanipun saben jawah mawi swaradinipun, ing ngadad manawi sampun andungkap langkung masa sadasa, tetembungipun tiyang tani sampun dungkap dhawah ing jawah mareng punika asring jawah boten waradin, mongka ing masa punika awit akiring masa kapitu sapriki saben jawah kerep pating dalemok, menggah pupujining akathah bok manawi para kang mangajap kawruh saget asung sih katerangan, langkung malih saupami saderengipun masa kalima sampun saged damel katrangan badhe kathah kedhikipun jawah saestu badhe damel paedah prayogi dhateng para tiyang tani.

Kaserat ing Nglangen udaya kaping 23 wulan Pebruwari 1874.

Katandhan dening magang carik: Tejamaya.

Wangsulan kalayan suka pirenaning manah

Sanadyana mitra kula Trustha sastra tuwin Kusumawicitra dereng karsa amacakaken panjurungipun wonten ing *Bra Martani* ewadene mitra kula enggal sisilih nama Darmawongsa sampun karsa amucuki manganggit wangsulan ingkang suraosipun sakalangkung anor raga dhateng para sarjana tuwin dhateng para mitra, ingkang punika andadosaken suka bingahing manah kula bok manawi mitra kula sakaliyan wau tumunten karsa amangun regenging *Bra Martani* malih, ingkang adamel senenging panggalhipun ingkang sami maos sarta lajeng ambatang dhateng cangkrimanipun pun wengku. (Jombaleka).

Mugi sampun andadosaken rengating panggalihipun mitra kula ingkang sisilih nama kontaswara, awit sampun antawis lami kula dereng ngaturi wangsulan saking pandangu sampeyan bab wujud ing gendruwo jalaran saweg panuju kathah padamelan kula ingkang parlu, katimbang kalayan anyerat wangsulan dhateng ing sampeyan ing mangke radi wonten selaning parlu kula angaturi wangsulan kados ing ngandhap punika.

Sanadyan kula sampun anamtokaken bilih cariyos kula punika badhe boten sampeyan paelu, ewadene sarehning sapeyan apitaken, kula kedah amratelakaken bilih gendruwo punika bangsaning lelembat mila boten kening katamtokaken katingaliipun utawi malih boten kening katamtokaken wujudipun awit lelembut wau saged awarni punapa-punapa ananging sampeyan inggih tamtu boten ngandel, kajawi sampeyan karsa adhateng ing ngastana makam maji tuwin ing Kartasura wanci sirep junma ingkang tanpa kanthi, ing ngriku kula anamtokaken bilih sampeyan badhe sugih regemeng ing paningal ingkang ngantos adamel kekesing panggali sampeyan, manawi boten makaten kula amrayogekaken karsa apitangled dhateng tuwan S, priyantun walandi ordhenas ing Kasepuhan, punika ingkang sampun nate sumerep wujud ing gendruwo, ananging priyantun punika boten nate manjurung ing *Bra Martani*, aprayogi atangleda ijemane kemawon. Dene atur kula kalih bab wau bilih boten kapareng sadaya inggih sampun prayogi andum wilujeng kemawon sami andugekaken pandamelan pyambak-pyambak.

Katandhan R.

Pabenanipun tiyang gugon tuhon kaliyan tiyang ingkang boten gugon tuhon punika ing jaman mangke sanajana anggenti inggih dereng saged pedhot-pedhotawit saking sami kekahipun. Kula sampun nate maos serat-serat walandi ingkang nyariyosaken lalampahanipun tiyang lumebet ing guwa, angambah samanten pulo tuwin wana ageng, punapa dene lepen ingkang pajegipun dereng nate kasaba ing manusa, ananging dereng nate amrangguli cariyos yen tiyang malana wau manoni setan dhemit sapanunggilanipun sarta kula ugi sumerep ing ngelmi papasthen sawatawis ingkang kawastanan ing basa walandi *Natuurkunde*, anyumerepaken watek-watekipun samukawis ingkang ginebeng ing awang-uwung, awit saking punika ing mangke gugon tuhon tuwin pangandel kula dhateng wontenipun lelembat sangsaya suda. Ewadente sarehning kula punika tiyang jawi alit mila dipungorohi dening emban tuwin tiyang sepuh-sepuh awit manawi kula panuju nangis sakathahing wastanipun lelembat dipundamel angajrih-ajrihi ing kula, ngantos saumur kalih dasa taun teksih lastantun kagebeng pitutur tuwin cariyos goroh, pikantuk kula piwulang ing bab kanyatan sapriki dereng wonten gangsal taun sarta teksih pinten-pinten ingkang dereng kula mangretosi, mila dereng saged anerangaken ing bab boten wontenipun lelembat jalaran teksih karoban ing cariyos jawi pinten-pinten ingkang angekahaken wontenipun lelembat wau, ananging manut ing gagaran kawruh ingkang sampun kula serepi saking serat-serat tuwin saking raraosanipun bongsa walandi kula purun anemtokaken yen lelembut punika boten wonten, ewadene kang kawastanan gendruwo sapanunggilanipun punika saking pamanggih kula boten liyan saking *Natuurverschynselen* inggih punika ewah-ewahaning sadhengah ingkang kerep adamel cidraning paningal, kadosta: kluwung, teja, andaru, sapanunggilanipun, ing tembe badhe katerangaken wonten ing candhakipun wulang lare.

Redhaktur, Surana.

Katur tabe kula rinawistha ing sakathahipun pakurmatan ingkang mugi kaatur ing panjenenganipun tuwan redhaktur saking serat kabar *Bra Martani* ing nagari Surakarta Hadiningrat.

Manawi panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat *Bra Martani* amarengaken saha wonten selanipun ing papan mugi karsa macak seratan kula ing ngandhap punika wonten ing *Bra Martani*. Saking panarimah utawi pamrina.

Kala tanggal kaping 6 wulan Pebruwari 1874 wanci sonten, kanjeng raden adipati ing Bojanagara kadhatengan tamu saking pikabaranipun tamu wau patih ing kitha Panaraga, badhe martuwi

sadherekipun ingkang gagriya wonten ing bawah kabupaten Bojanagara. Pisowanipun ing kabupaten namung mampir rehning kamregen, ing ngriku patih Panaraga matur cariyos saking kawontenanipun para priyantun ing kabupaten Magetan sadaya sami seta madati, punapa malih bilih wektu dalu awit jam 6 sonten sadaya griyanipun para priyantun sampun sami kancing kori, boten wonten satunggal priyantun ingkang purun medal wektu dalu, dene ing dalem loji adsisten residhenan manawi siyang boten kirang tiyang 50 ing sadintenipun manawi dalu boten kirang tiyang 100 ingkang jagi sarta mirantos dedamel senjata waos tuwin pedhang ing dalem kabupaten sami ugi klayan ingkang jagi loji. Mekaten ugi griyanipun para priyantun patih sapangandhap manawi siyang kajagi 12 iji bilih dalu tiyang 30, wonten satunggal kalih priyantun ingkang purun medal saking griya ing wektu siyang manawi kairing tiyang jagi 12 sarta mirantos dedamel kados ing nginggil, saking cariyosipun patih Panaraga pramila para priyantun ing kabupaten Magetan sami gadhah kaengetan makaten awit saking ajrihipun dhateng tiyang binggol anama Tirtareja, ing astunggil dinten kanjeng tuwan asisten residhen Magetan kersa tindak malampah-malampah ing wradinan kampung salebetipun kitha Magetan, wasana kepapak 6 iji tiyang sami numpak kapal boten mawi kurmat mandhap saking genipun anumpak kapal, kadangu saking aturipun ngoko (aku Tirtareja), kapal lajeng kasanderaken. Tuwan asisten inggal dhawuhaken dhateng para priyantun anyepeng dhateng Tirtareja, namung ngantos ing mangke boten wonten wusananipun, sabab sadaya priyantun ing ngriku sami kekes ajrih tintrim dhateng pun Tirtareja, malah-malah manawi para priyantun mireng bilih Tirtareja katingal wonten ing salebetipun nagari utawi ing dhistrik-dhistrik bawah Magetan ngriku priyantunipun lajeng sami emba-emba sakit panas utawi kaserpen dherodhog boten saged ebah saking patileman saking sanget ajrihipun dhateng Tirtareja.

Wasana sanget pangunguniun ing manah supados sageta pikantuk kasumerepan saking pasamuwaning serat *Bra Martani*.

Wondening pikabaran kula punika badhe kula kintunaken dhateng sadaya tuwan redhaktur ingkang angarang serat pikabaran ing tanah Indiya.

Katandhan Pratiktadirja 14-2-1874.

Panjurung ing nginggil punika wonten sawatawis ingkang boten kula pacak sabab saking boten pantes suraosipun.

Pawartos yen priyantun Magetan sadaya sami septa madati, punika sampun masthi dora.

Redhaktur.

Minah: punapaha manusa boten saged mikir.

Biyang Minah: Minah, manuk bisane miber iku kalawan apa.

Minah: kula boten sumerep, Embok.

Biyang Minah: mara delengen ta dara kang miber ing kana kae rak ambeber swiwine, nuli bisa miber ana ing hawa, hawa uga kaya iwak loh bisa molah sajroning banyu kalawan kepete, manuk iku bisane miber kalawan suwiwi, eh Minah, kowe apa iya duwe swiwi.

Minah: o..boten, Embok.

Biyang Minah: lah mulane kowe ora bisa miber, awit ora duwe swiwi. He ebeng kowe apa sumurup mungguh kadadeyaning manusa saupama ora ana hawa.

Minah: boten.

Biyang Minah: kowe rak wis weruh iwak loh kang kentas saka ing banyu sumeleh ana ing pentasan, polahe gronjalan ngelak sarta nandhang kalaran, samongsa iwak loh wau kasuwenen anggone koncatan ing banyu masthi ora bisa molah maneh anuli mati.

Minah: inggih, Embok.

Biyang Minah: saupama ora ana hawa polahe manusa iya kaya mangkono uga amasthi padha gronjalan, angorong sarta nandhang kalaran luwih banget tinimbang karo iwak loh kang kentasake ing banyu, apata ora becik banget dene ing ngendi-endi sasaraning manusa tansah ana hawane.

Minah: inggih Embok.

Biyang Minah: iya dhasar mangkono sabab tanpa hawa manusa amasthi bakal anemahi bilahi, ewadene manusa ora pisan-pisan butuh hawa awit ing ngendi-endi saparaning manusa akeh hawane, kang andadekake becik banget marang manusa.
Bab candhakipun badhe anerangaken bab kebul utawi kukus.

Punika Cariyos Babad Mataram.

Den urigi ing papejah, datan pegat pangedreling kumpeni, lir gelap sasra abarung, gurnat lawan gurnonda, gutuk api lir pendah udan kadulu, Ki Untung pangamuk ira, tan pisah agolong pipis. Angelun mimis lir udan, sira Untung lir parta tena yeki, den buk satakura weku, remuk romban lawan, kurawa akeh kanin myang akeh lampus, myang kumpeni kathah pejah, wangke wor sungsun tindhih. Sahari denira yuda, rowangira Ki untung akeh ngemasi, sawidak kehe kang lampus, wong kumpeni punika, Bugis Ambon Sambawa lawan Mlayu, wadya Makasar keh pejah, angres prajurit kumpeni. Pan namung wong kawandasa, sira Untung bala nira kang kari, sadaya samya anggregut, apan lir singa lodra, sapih ingkang ngayuda kasaput dalu, wadya kumpeni sadaya, kumpeni akeh kang mati. Bragadan kang samya pejah, duk samana wus mundur maring nagri, gentiya wau Ki Untung, sadalu arembagan, Kyahi Ebun alon denira amuwus, paran iki budi nira, yen awet mangkene iki. Amungsuh wong sanegara, yen sisa payo padha ngungsi, Ki Untung alon sumaur, apa sakarsa nira, ngendi ingkang patut ingungsenan iku, Ki Untung ing wuwus ira, ing Crebon iku prayogi. Sunan Carebon punika, lamun wani ngukuhi mring sireki, yata Ki Untung anurut, ing dalu denya budhal, ngidul ngetan ingkang den jegi Cianjur, wong patang puluh tan pisah, gentiya ingkang winarni. Saudurira ayuda, wong kumpeni sadalu ngati-ati, prasamya abaris tugur, atangkep lawang kitha, mriyem ira pinasang lataranipun, ing dalu datan winarna, yata kawuwusa enjing. Pan gumerah magut yuda, wau kerig sagung wadya kumpeni, budhal swarane gumuruh, ing marga tan winarna, prapta beteng lang-alang kapanggih suwung, amral amatah kapitan, pipitu kinen ngulati. Myang wadya kumpeni Islam, pra kapitan pipitu kang tinuding, lawan wadya patang puluh, titindhih ireng lampah, Mayor Bedermol namannira puniku, sigra budhal kang gagaman, angidul ngetan lumaris. Yata ingkang kawususa, lampah ira Ki Untung sampun prapti, wau nagari Cianjur, Carebon sawetannya, sedyanira wau ta ingkang jinujug, nengena Untung lampahnya, Sultan Carebon winarni. Darbe abdi kinasian, pinet putra aran den Surapati, sultan langkung sihipun, ngugung ing ngela-ela, amateni ing wong tanpa dosa iku, mangkana Ki Surapatya, ambuburu mring wanadri. Bekta wong satus rowangnya, sasikepe datan ana kang keris, lembing sanjata myang tulup, pedhang tameng neng ngarsa, Raden Surapati ing awna wus rawuh, areren aneng ing marga, wau Raden Surapati. Wadya aneng kering kanan, kawuwusa Ki Untung sampun prapti, Carebon talatahipun, lumaku wana wasa, prapteng wetan sira Surapati iku, kagyat denira amulat, ing wong laku ting kulicir. Kang den iring rare pelag, Surapati ngatag wadyanira glis, lan andgegena wong iku, ing sun arsa tetanya, kang den iring undangan mring ngarsaningsun, Ki Untung pan sampun prapta, ning ngarsane Surapati. Wadya Surapati tatanya, sira iki adhi wong teka ngendi, miwah kang sinedyeng kayun, sapa ta namanira, sira Untung alon denira umatur, kawula ing Batawiyah, inggih pudhaking kumpeni. Kesah kawula punika, apan dipunwesesa ing kumpeni, ingkang kula sedya kalbu, angungsi maring sultan, ing Carebon manawi saged angukup, angadekaken kawula, dene wong kawelas asih. Surapati osik ing tyas, rare iki yen sun watara ngati, solah tata wor lan semu, dudu putra arahan, sun watara dudu sok uwonga iku, yen katura kanjeng sultan, iku pasthi den kasihi. Dhasar gusti kanjeng sultan, remen ing wong pekik grahiteng lungid, lan malih wong kaduk purun, lamun kauningana, maring gusti pasti awakku tan ketung, kalungsur pangwula ning wang, dadya Surapati angling. Adhi sun peling kewala, pan nagara Carebon iku cilik, ananging wingit kalangkung, kabeh ing rewang ira, lah tinggalan ana tumbak keris iku, sadaya barundhulana, aja nganggo tumbak keris. Lamun datan mangkonoha, tan kalebu sira mring nagari, payo ta kabeh baturmu, padha barundhulana, gagamane aturena maring ing sun, iya aku kang anggawa, ing sira maring nagari. Ki Untung alon angucap, ing rowange asrah akeris sami, myang tumbak ajana kantun, ingaturaken jeng sultan, pan sadaya sawiji tan ana kantun, Ki Untung pan maksih

brangah, dereng kajaluk kang keris. Saksana sami srah tumbak, myang kang keris kabeh mring Surapati, tinanggapan rowangipun, Surapati lon mojar, kari sira adhi kang dereng sun jaluk, pan rowang ira sadaya, adhi wus padha srah keris. Ki Untung alon tur ira, yen kenginga kula dika alimi, dene rencang kula sampun, babrundhulan sadaya, mung kawula rahaden andika tanggung, mongsa nedhaha punapa, wong asedya ngungsi urip. Dyan Surapati bramantya, apa temen sira tan asrah keris, mongsa becika tinemu, yen sira mangkeneya, aweh ora ya pasthi ingsun jaluk, sira ika basakena, mendhak alingan kaeksi. Apa nganti ingsun paksa, ingsun gawa babandan mring nagari, yata miharsa Ki Untung, ngadeg suraning driya, anauri iya ora aweh ingsun, yen wus pecat nyawaning wang, iya teka raga mami. Alah ta sakarep ira, Surapati bramantya angejepi, sareng anubruk Ki Untung, wadya nira sadaya, Untung ngucap ing rowange sadayeku, padha sira lumayuha, ingsun dhewek kang ngembari. Sira wus tanpa gegaman, wong Carebon sareng denya nyuduki, wadya sareng nyudukipun, nyanjata myang anumbak, Surapati anindhihi wadyanipun, sareng ngembat-embat watang, Ki Untung datan gumingsir.

Surakarta

Kala Salasa kapengker punika prajurit dalem Kamangkunagaran ingkang saking Aceh sampun dhateng, menggah pakurmatanipun kados adat ing Kamangkunagaran sakalangkung samuwa sarta rame ngantos adamel gawok, ungeling gongsa, kelancing rontek miwah gebyaring songsongipun ingkang sami anambroma miwah angetebi punika sadaya amamalad enggaring manah, wiwit jog saking stasiun ngantos dumugi ing palataran dalem Kamangkunagaran kathahing tiyang aningali jejel uyel-uyelan udakawis wonten sadaya ewu, kanjeng tuwan residhen tuwin tuwan-tuwan sanesipun punapa dene para pangeran tuwin abdi dalem ing Kamangkunagaran tumpak blak sami methukaken samanten punika kajawi para pangeran tuwin priyantun sedhahan.

Panembramanipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara dhumateng ing prajurit wau boten sarana pangandika amung waspanipun kemawon tumetes, sasampuning sinugata lajeng kakarsakaken lereb saha kawartos benjing malem Setu ngajeng punika badhe kaondrawinakaken.

Bra Martani kumawawa misungsun brama maring kang mentas winimba sarabantu yuda marang Aceh. Teja-teja dumeling tejaning kang anyar rawuh mawa gonda kusuma, sung kenyereng nuswa jawi myang tambiranging kang parambek sureng prang.

Mentar paduka ing rana anglurugi ripu sekti, marma samanten kalintang wagugening nuswa jawi mangke kondur basuki netesi pangayun-ayun, nadyan tan campuh ing prang ugi katumusan dening sorotipun kawanteran ing Nederlan. Kang wus kongas ing palagan munah prang muka ing Aceh, ing mangke kondur paduka lir dudupa amurbuki, lir sekar ingkang adi, lir burat kang arum-arumsung senening trah jawa, pukulun ingkang pinuji prasidaha lir sasara ginurida. Amin.

Panembroma ing nginggil punika sekar sinom, ananging pada-padanipun lisa kaenutaken ing ukara, boten kaenutaken ing dhawahing dhongdhing, supados urus sasuraosipun sarta boten adamel pedhoting ukara.

Bab estri ingkang angaken sarta kasuwur binegal wonten ing Baturana kasebut inag *Bra Martani* kapengker punika, sampun tiniti priksa ing parentah, kayektosanipun: estri wau dipunbegal dening maru, labet saking kabenteran samanten ngantos kalampahan uleng. Samangke estri wau kalih pisan pikantuk ukuman kakunjara 4 dinten.

Ing kampung Lojiwuring kala dinten Jumuwah enjing wonten latu badhe mongsa griya, ananging ingkang gadhah griya boten suka, wekasan latu amung trimah sarapan griya pawon alit-alitan kemawon.

Porste Landhen isi pawartos yen wadya bala nalika majeng anempah kraton Aceh punika sami kumlawe tanganipun pratondha nyuwun pangestu dhumateng risang wreddha Kanjeng TuwanJendral fan Switen, samanten panggreguting wadya bala sakalangkung angeram-eramaken saha kanjeng Tuwan Jendral fan Switen saking dening karenan aningali tandangipun wadya bala wau ngantos legeg boten saged angandika.

Pethikan saking *Bintang Johar*

Tuwan Ole kaliyan Rahaden Mukhamad Musa sami dhateng ing Grobogan bawah Samarang, prelunipun badhe angrigenaken rekanipun tiyang ing ngriku ananem pantun.

Kanjeng tuwan Jendral fan Switen angundhangaken ingkang suraos titiyang ing pulo Penang tuwin Singapura sami kakarsakaken lampah grami dhateng Aceh.

Anak rayatipun pangulu khaji Mukhamad Eliyas kapatedhan pensiyun50 rupiyan ing sawulan, wondene ingkang anggentosi kalenggahan pangulu wau tiyang saking Padhang anama tuwanKhaji Sikitap.

Kanjeng raja ing Persi mentas angetrapi ukum pejah dhumateng nayakanipun anama Mirsah Yusufkap, awit nayaka wau purun-purun angangge yatra nagari ingkang dados cecepeganipun kadamel tumbas tetedhan dhateng tanah sanes minongka ingonipun titiyang Persi ingkang sami nandhang kaluwen nalika ing tanah ngriku wonten pailan.

(*suwita ing raja ingkang kados makaten pambekanipun punika, presasat ngawula ing khewan*).

Ing kitha Paris tanah Prangkrik mentas wonten serat waosan basa cina kasade amung satunggil pajeng 550 rupiyah, ingkang tumbas greji. Serat wau umuripun sampun 100 taun, wedalan aking gedhong pengecapanipun kanjeng raja cina cina ing kitha Peking.

Wonten pawartos manawi prakawis bab perang Aceh sampun radi ludhang, ing tanah ngriku badhe kasadhiyanan saradhadhu kalih bataliyon, kolonlipun satunggil angiras dados residhen ing Sumatra sisih ler.

Ing tanah Amerikah wonten sekar kawastanan sekar pandoman, mila kawastanan makaten awit tumelungipun ajeg mangaler kados dene pandoman, wondene thukulipun wonten ing wanasarta kerep kemawon wonten tiyang bingung sagedipun sumerep ing ler kidul saking dening sekar wau. Serat kabar ing kitha Setambul kawastanan *Lepanherala* angwartosaken yen utusanipun sultan Aceh anama Sayid Ngabdul Rahmanilsaher sampun wangsul saking Setambul dhateng Aceh, ananging boten angsal damel, ewadene sarehning utusan wau turunan sarip mila angsal pratondha bintang nama *osmani* paparingipun nayaka ing Setambul akalayan serat wangsulan dhateng sultan Aceh.

Saupami ing tanah Indhi Inggris boten wonten kreta asepu saestu titiyang ing Benggala 15 yuta sami badhe anemahi nandhang kaluwen sadaya, begja dene kreta asepu wau saben dinten angusungi pantun dhateng Benggala, andadosaken kamayaranipun titiyang ing ngriku.

Serat telegram angwartosaken yen regining kopi sapikul ing tanah walandi sampun suda 66 sen.

Senapati prang bongsa Arab anama Ngabdulkadir tilar dunya wonten ing Mekah, umur 66 taun.

Tabe kaurmatan kawula ingkang mawantu-wantu mugil kaatur ing panjenenganipun ingkang saudara tuwan Jonas Portir en.ko. redhakturing koran *Bra Martani* ingkang sugeng rahajeng ing panegari Surakarta Hadiningrat.

Menawi andadosaken parenging penggalhipun saudara tuwan saha wonten papan ingkang maluwa, mugil kersaha dhawuh macak panjurung kawula punika ing koran *Bra Martani* wedalipun ingkang tumunten.

Ing negari Pasuruhan awit ing santun saiyam ngantos sapriki regenipun uwos ingkang pethak nomer 1 regi f 9 ½, nomer 2 regi f 8 ½, nomer 3 f 7 ½ risapis ingkang satunggal rembat dhacin.

Dinten pawedalipun palawija kalebet kathah kadosta jagung, katela, sapanunggilanipun ingkang bongsa kenging katedha.

Tyang alit utawi tyang miskin ing Pasuruhan kaetang boten wonten ingkang kakirangan tedha, amargi saking kathahing pendamelan andadosaken gampilipun ing ngatasipun tiyang miskin pados kauntungan ingkang cepak katedha sadinten-dintenipun.

Wondenten wancenipun pasabinan ing dinten punika ingkang pantun genjah sawek meteng sepuh utawi satunggal kalih mecuti pantun ingkang lebet sawek gemadhung utawi mapak.

Dinten kawontenanipun penyakit kolerah ing dinten punika sampun tentrem.

Pasuruhan tanggal kaping 11 Sura alib 1803. Katandhan panjurung leres.

Ing nalika dinten Jumuwah enjing sakinten jam ½ 8 wulan punika tanggal kaping 3, ing kampung Kaparak tengen kabupaten Purwadiningratan wonten griya kabesmen, cacah griya telas 2 iji sami payon atep, ingkang wiwit rumiyin griyanipun Ki Wirarana ingkang sampun kabesmen griyanipun kala Jumadilakir ingkang mentas kapengker punika jalaran ugi kenging latonipun piyambak, yen sampuna kasantosa dhateng para ingkang sami tandang mawi angrebahaken griya ingkang sakinten badhe asuka margi dhateng lampahipun ing latu, saking antawis meh nyameni kaliyan kala kabesmen rumiyin, ingkang anggumunaken sakedhik dene griya saweg ngadeg tigang dinten lajeng sirna kamongsa ing brama utawi Ki Wirarana ing dalem 8 wulan sampun

kabesmen griyanipun rambah kaping 2, lelampahan makaten wau sakalangkung anggenipun mamelas awit Ki Wirarana ing mangke kening kabasakaken galundhung semprong.

Makaten malih tangganipun antawis let kalih serap ingkang boten tebih kaliyan griya patrolan inggih mentas kabesmen nalika Dulkangidah wulan nem ugi wanci enjing sakinten jam $\frac{1}{2}$ 6 cacah griya 3 iji, mila saking pangajeng-ngajeng kula para kadang tuwin para mitra utawi para kawananuwan sinajana ingkang dereng wanuh pisan rehning ngajeng punika badhe mongsa katiga sami kula aturi ingkang prayitna tuwin pirantos sampun ngantos kakirangan kadosta toya jembangan, gantar kang pucukipun mawi kopoh, bumbung kang isi toya kadekek ing wuwungan, sumanten punika utamenipun kedah mawi karengga betah wungu utawi kerep medal, sokur ugi bilih medal lajeng angubengi griya supados tertip anggenipun gegriya.

Manawi boten makaten mindhak netepi wangsalanipun sundel ing kampung baru, anyar tanggung kubur cina kang rinengga, yen sembrana menek kobong omah ira.

Brata weweka.

Inggang manawi pareng saking karsanipun ingkang ngasta pandamelan redhaktur sarta kagalih pantes panjurung kula punika mugi wontena karsa panduka amacak ing kabar *Bra Martani* mugi nunten kawedalna ing dinten Kemis ngajeng punika.

Jalaran karaos yen kalampahan badhe prayogi ing bab kadadosanipun ing *Bra Martani* onka 6 wulan Pebruwari 1874, angengetaken padatan ingkang kirang prayogi, menggah cara ingkang sampun kalantar boten susah kula andhar, pantes sadaya ingkang maos *Bra Martani* boten kakilapan inggih sanadyan kula rumaos cacat ing pratingkah namung kabekta ing ngadat kalimrahaning bongsa dados tanpa pitedah ingkang prayogi, ing mangke sasaget-saget badhe anglampahi ambucal cacat bilih waget katumusan ing pangajap kalebeta wiwicalanipun para moncer ing panggalih, ananging prakewet anggen kula badhe ambukani supados sageta lumastantun sapanginggilipun, nanging yen ta namung tiyang satunggil kalih ingkang anglekasi ing bab pamurih prayogi wau saestu badhe winastan nyaleneh, badhe netepi paribasan nadyan pratingkah salah nanging kaprah, dados kula badhe kalebet ing wicalanipun tiyang aeng, saking pamanggihing manah kula kajawi sageda medal saking para ingkang ngasta parentah punika estu yen saged kaleksanan.

Menggah atur prayogi ing nginggil wau sampun pisan murugaken kaduking tyas bela cipta, para mitra ingkang sami karsa mirsani kabar punika pinten banggi yen nunggil pamrayogi menggah kawontenanipun ingkang badhe nyuda ing lelampahan saru.

Ngarpat kapanasan ping 25 wulan Februwari 1874.

Katandhan pun Ciptawelaha.

Candhakipun pethikan bab angin

Ing ngriki bboten badhe anyariyosaken sababipun dene angin anrajang ing ngrika ngriki, awit taksih wonten pinten-pinten ngelmu bab angin ingkang dereng dipunsidikaken dening para saged, mila kula badhe nyariyosaken bab angin cekakan kemawon.

Sapisan, angin ingkang tansah midid inggih punika angin ingkang pinangkanipun saking panggenan satunggil kemawon, sarta kawastanan sangin dagangan dene pinangkanipun angin wau saking perenganing bumi tebing ler utawi tebing kidul.

Panggenan ing saleripun garis lini (garis kendhiting bumi), angin wau midid saking ler wetan ananging sok ewah. Dene panggenan sakidulipun garis lini midid saking kidul wetan, wontenipun angin wau gantos-gantos sarta ingkang saking sakidulipun garis lini lampahipun boten saged rangkah 30 grad ing saleripun garis lini, makaten ugi ingkang saking salering garis lini inggih boten saged langkah 30 grad ing sakidulipun garis lini.

Menggah wontenipun angin wau sababipun makaten, yen surya anyoroti sanget dhateng perenganing bumi kang mongsa benter, awanipun ing perengan ngriku sadaya dados entheng mila lajeng andedel mumbul, panggenanipun tumunten kaleban ing hawa asrep ingkang wonten ing tanah sedheng benteripun, ananging ing wektu punika ugi sesreting bumi boten kendhat ngantos

boten saged angatutaken hawa, mila angin ingkang pancen saking ler mangidul leres dados saking ler wetan tuwin ingkang saking kidul mangaler leres dados saking kidul wetan.

Kaping kalih angin mongsa inggih punika angin ingkang midid saking satunggil panggenan laminipun namung sawatawis wulan yen ewah wangsul anrajang ing tanah sanes ing wulan April, Mei, Juni, Juli, Agustus tuwin September angin wau nrajang ing saganten Indhu tebing kidul, tanah Aprikah ingkang tebing wetan, tanah Arab tebing kilen tuwin pulo Jepon.

Kuwatin.

Saking atur panyuwun kula dhumateng Sempanye tuwin Gugon Tuhon mugè sampun andumadosaken rengating galih dene kula ngantos lami boten angaturi wangsulankang awit tansah kasiwa dening padamelan ingkang parlu linampahan tinimbang amandukaken pucuking pen damel serat wangsulan dhateng paduka sakaliyan. Dhuh Sempanye lerese tan punika dede mayit ingkang saged nyolah, ananging saking pamanggih kula piyambak manawi wonten tiyang ngaken sumerep utawi dipunwedosi setan punika duparanipun sami kaos dene tiyang ingkang ngaken kapanggih sanak sadherekipun ingkang sampun pejah, sampeyan mugè sampun kalimput setan punika punapa ta, Sempanye andarbeni panginten bilih ngelmi punika wonten ingkang sampurna utawi boten, o..panginten makaten punika rak lepat sanget, sampeyan punika punapa saweg kasasar ing cipta, kajawi tiyang ingkang sampun nate pejah gesang malih boten saged amastani yen ngelmi punika wonten ingkang sampurna utawi boten, kilap manawi Sempanye sampun dados lebu lajeng ujud manusa malih, manawi boten makaten mangsi gek puruna mastani yen ngelmi punika wonten ingkang sampurna utawi boten, anjawi punika mas gugon tuhon amratelakaken adum ngebyung dhateng Sempanye punika temen-temen mas andadosaken ascaryaning manah kula saha namung mangayu bagya, wondene patakenan sampeyan ingkang sampun sami kasebut ing *Bra Martani* samanten punika namung gumantung wonten sanering cipta mangertos punapa boten, gugon tuhon sumerep ingkang kalayan gamblang-gamblang yen panggega kula bilih setan punika boten ta kados tamu kula nun, cekakipun panggega kula wau boten medal saking jarene. Lo lo mas R punika punapa tiyang kumprung, mila makaten awit boten gadhah dugi prayogi remenanipun amung angawur-awur saha nasak-nasak dhateng kadhatoning papeteng, kula boten purun mas yen angyektosna dhateng kampung Slompretan kados pundi kawontenaning gendruwo ingkang sampeyan kemrosakaken awit ingkang badhe mendha-mendha gendruwo sampeyan piyambak sarwi anggemboli banon tuwin krakal badhe kangge nyawati tiyangingkang sami anyatakaken dhateng ing kampung ngriku.

Satelasing wangsulankula dhateng prayantun titiga wau kula parlu sanget anggelaraken bab watek gugon tuhon wonten ing pasamuwan ngriki, kados kasebut ing ngandhap punika.

Gugon tuhon punika kalebet pitajengipun tiyang ingkang sepen pambudi, kathah kemawon titiyang ingkang sami pitados dhateng samukawis ingkang kawastanan angker saha dhateng panggenan ingkang kakinten dados pangalapan awit kamanah dipungriyani lelembat kadosta gendruwo, thethekan, jrangkong, wewe, wedhon sapanunggilanipun, mongka satuhuning keblok boten wonten manawi tiyang gugon tuhon mastani wonten, kula pataken dhateng tiyang ingkang kadunungan budi ruwed punapa setan punika gadhah wisma, manawi gadhah lah wonten pundi manggening wismanipun mugè lajeng kacolokna dhateng ngetrenipun para tiyang boten gugon tuhon yen kinten wonten ingkang kakajengan ing sela tuwin ing panggenan ingkang kawastanan pangalapan wau punapa lelembat anggenipun gagriya wonten ing kakajengan amung tumempel ing uwit kemawon punapa mlangkrong ing epangipun, punapa lelembat ingkang kawastanan angadhaton wonten ing sela punika punapa namung anjewowog sainggiling sela punapa ngeleng sangandhaping sela kados dene orong-orong tuwin gangsir, manawi kakinten wonten salebeting sela lah boten montra wonten emperipun, punapa malih lelembat ingkang dudunung wonten ing panggenan pangalapan wau sami angadegaken griya gebyok punapa boten, punapa tiyang gugon tuhon sampun anyumerepi prabasuyasaning lelembat wonten ing panggenan ingkang kawastanan pangalapan wau, kula pataken malih dhateng tiyang ingkang sami tinakdir kadunungan budi ruwed, lelembat wau kadadosaning saking punapa kados cariyosipun tiyang gugon tuhon

amastani bilih kadadosanipun lelembat punika saking manusa, manawi makaten ingkang dados punapanipun raga punapa rohipun, manawi kawastanan saking raganipun ingkang dados punika boten wonten emperipun amargi samukawis ingkang sampun pejah lami-lami temahan sirna ing kawujudanipun, kadosta tiyang pejah punika raganipun lajeng bosok tuwin ajur cekakipun lajeng tunggil kaliyan siti.

Ing mangke tiyang gugon tuhon katuran anggalih saha ambudi punapa wiji punika saged asantun jinis, kadosta wiji kara punapa saged thukul kacang, tigan peksi punapa saged netes ayam, ing ngriki kula ngiras angaturi piwulang saha cariyos saking sakedhik dhateng tiyang gugon tuhon. Kala ing jaman kina kathah kemawon titiyang ingkang sami mumuja dhateng kakajengan, sela, kuburan tuwin sanes-sanesipun ingkang kaanggep gadhah daya pangawasa asuka begja cilaka, mila makaten pitajengipun tiyang kina margi saking dereng kathah saserepanipun, wangsul tiyang gugon tuhon jaman samangke sami katemaha dhateng gugon tuhonipun awit sampun padhang pangertosipun kok boten purun ambudi indhakaning pangertosipun wau, wasana panuwun kula dhateng tiyang gugon tuhon mugu-mugu sampun ngantos rengating galih dene kula kumawa anggelaraken prakawis gugon tuhon wonten ing *Bra Martani*, kula boten pisan-pisan maoni dhateng pitajenganipun tiyang gugon tuhon, pamrih kula ingkang sayektos destu namung anelakaken samukawis ingkang mokal-mokal kados ingkang kasebut ing nginggil wau, supados kagalih saha kabudiya piyambak sarana wawatos kawontenaning kodrat ing ngalam padhang, ing ngajeng kula inggih sakalangkung gugon tuhon awit saking pitados dhateng bongsa mokal makaten wau, kula asring midhang dhateng ing kubur asuka konyoh tuwin sekar urap-urap dhateng kakajengan, sela sapanunggilanipun mugu-mugu kasukanan kanugrahan.

Urdenasan kaping 24 Pebruwari 1874. Katandhan V.D.K.

Rekanipun ananem pantun

Murwa gita sinawung mamanis, amet saking pangaturanira, taneman pantun ing tembe, dimengung sujanma manut, waradina sanuswa jawi, buda pon ping dwi dasa, mukharam ing taun, jimakir sangkala nira, paksa muluk bujongga siti wawarti, praptaning boja praja. Kanjeng tuwan drektur korkom nguni, lawan Dyan Khaji Mukhamad Musa, pangulu geng lalenggahe, praja limbangan garut, sung pitedah panyebar bibit, langkung sinuba-suba, sakarsa tinurut, pinaih ing lampah ira, kang mangilen Jeng Tuwan Korkom pribadi, tinuten jeng bupati. Nitih kuda nganti tigang dhistik, mider-mider sajroning padesan, ngumpak padhangan katrine, kadhestrikan tinawun, sung pituduh panyebar bibit, de wau kang mangetan, pangulu ing Garut, akathi tuwan amtenar, fan Suwiten pangulu kitha umiring, ugi manjing padesan. Ing tembayang pelem datan nabi, bau warna pratiwa sadaya, ngiring salampah-lampahe, dene pratikelipun, gabah ingkang kinarya bibit, tri dasa katikuma, sadina sadalu, angetang kawan likur jam, winor awud wikati ywa nganti luwih, yen wus nuli den entas. Tinusken nging sampun nganti aking, sinebarken ing siti wiyarnya, seket rupa sagi dene, panjang wah wiyaripun, namung pinapantes pribadi, sadasa cengkal panjang, awiyar gangsal ru, teban bibit kang prayoga, away nganti ana taru suket neki, pinalir kina kothak. Meh-meh kadi gulutan kang warni, wiyaripun kawan kaki rinlan, sinunggot pinggir galenge, disuman panyebaripun, away nganti angidak bibit, yen wus salapan dina, umur ingkang pantun, iku nuli den tanema, lamun bibit tri dasa kati sayekti, sabau tebanira. Sanging tanem sakaki ywa luwih, godhong winih kudu kinethokan, wates ing pupus bibite, jejeg pananemipun, mamrih gunging anaking pari, nging wektu prapta nira, pangulu ing Garut, wus rada kaliwat mongsa, dadya tana taneman nira kang mijil, samya kirangan toya. Marma mene karsaning nagari, kanjeng raden diapti parentah, sapraja wradin anggawe, pracobakan pituduh, ira raden pangulu khaji, sadhusun-dhusun ira, akarya sabau, ana nganti telu papat, ngetang saking geng aliting dhusun neki, miwah gunging kang sawah. Saben-saben panggenaning bibit, sinung bandera miwah pondhokan, warna-warna papaese, sadhusun-dhusunipun, pra patinggi sami akardi, sasuka-sukanira, denira mamangun, dening bibit precobakan, pasanggrahan, pondhok sami sinung kursi, meja sami taplakan. Pamrih ira yen tinon priyayi, away nganti kabenteran surya, yem malenggah ing pondhoke, tanapi lamun dhaut, arsa nanem yekti jinagi, priyayi kang

sung tedah, pangaturanipun, yen tinon saking mandrawa, banderane pating kaledher kaeksi, isthane kang bandera. Lir mangawe-awe wuwuh janmi, eh manusa delengen manira, iki tunggu panyebare, tuladha nanem pantun, padha sira nelada mami, wijil sak prayangan, sang sampun misuwur, gemah harjaning nagara, pawetune tanduran pari sayekti, tana kang nembangana. Marma kanjeng gupremen sung warti, ingsun iki kinarya tuladha, benjang yen gung pametune, lah sira padha anut, waradinan sanuswa jawi, tanapi tanah sabrang, sukur samya niru, marma janma kang lumampah, saben-saben mampir doning kanang bibit, arsa wruh warna nira. Pangaturan bandera kadyeki, sing karsaning jeng radyan dipatya, dimen kuncara wartane, janma lit kang dudulu, sumurupa tuladha bibit, pangaturan nagara, den samya gung kang nut, dhasar dadya sukanira, pratinggi sami kul-ungkulan sami, denya angari rengga. Paminteng sun mrang ywang maha sukci, tuladhaning wau keng taneman, lestariya salamete, pawetunipun pantun, den tikelna lawan ing nguni, adad taneman ira, ingkang sampun-sampun, mandar dadi pepenginan, pra janma lit anelat tuladha sami, karya untuning janma.

Bojanagara, 9 Mukharam ing warsa Alip angka 1803.
Kang mangripta kula pun Pa.

Punika Cariyos Babad Mataram

Aja ngadu wadya nira, Surapati ngatag wadyanireki, payo sosogen ing ganjur, wong siji gondra pira, urugana ing lembing kalawan busur, Ki Untung ngamuk manengah, kang kaparak akeh mati. wOng Carebon giris mulat, tandang ira Ki Untung angajrihi, lir singa lodra dinulu, ginanjur tan tumama, wong Carebon kathah longe ingkang lampus, kang kari mawur sadaya, tan wonten ingadu malih. Dyan Surapati lumajar, sedyanira wewadul mring nagari, yata warnanen Ki Untung, rowange keh suminggah, sareng prapta sadaya akeh kang ngrubung, angungun ing polah ira, akeh kang samya nangisi. Ki Untung apirembagan, mring rowange apan samya lingya ris, daweg anyimpang Ki Untung, manawi binalenan, dene ingkang babegal punika wau Ki Untung alonangucap, kang ora-ora sireki. Apan wong sedya raharja, pasthi ingsun rahayu kang pinanggih, sigra alajeng Ki Untung, lawan sarewang ira, kawarnaha Surapati kang lumayu, sampun prapteng ing nagara, lajeng tumameng jro puri. Sultan pan lagya pinarak, Surapati lajeng sigra wot sari, alon denira umatur, kawula tur uninga, abdi dalem gusti akathah kang lampus, binegal wonten ing wana, dene kang amendhet wlandi. Titiyang ing Batawiyah, pangakene Untung wastane gusti, dene samangke pun Untung, lajeng malebeng kitha, kendel wonten margi parapatan wau, Sultan Carebon ngandika, mring gandhek kinen nimbali. Ki Untung kerid utusan, sigra prapta rewange tut wuri, Ki Untung binekta mangsuk, prapta ngarsanya sultan, ing Carebon alon angandika arum, marma sun timbali sira, Untung marang ngarsa mami. Ingsun arsa atatanya, iya sira prapta nagara mami, ana ing nagara ningsun, lah rowang ira pira, panKi Untung anembah sarwi umatur, inggih gusti kawan dasa, jeng sultan ngandika malih. Alane si Surapatya, kang dursila ala nglangkungi mami, durung ana luwangipun, lah tiyang ngendi ana, mung wong patang puluh ambegal wong satus, dene ta sun ela-ela, temaha nyukeri margi. rI sampunira pinirsa, sira Untung sultanlangkung aruntik, gya Surapati pinikut, wus kinen mejahana, sinudukan wau aneng alun-alun, dyan Surapati wus pejah, sultan angandika aris. Eh Untung ingsun wus wikan, sedyanira prapta nagari mami, asedya ngungsi sireku, lah wis ingsun tarima, anging ingsun datan kawawa angukup, pan iya negarining wang, ing Carebon iki cilik. Sira lajuwa mangetan, angungsiya mring raja ing Matawis, apan iku ratu agung, anyakrawati ing rat, pan abala punggawane agung-agung, iku ratu aprakoswa, apan ingsun angamini. Lan sira sun wehi aran, pan aranana Rahaden Surapati, lan wus pasthine sireku, dadi satruning kopar, sira Untung kang langkung denira nuhun, manembah angaras pada, amit lengser saking ngarsi. Sapraptanira ing jaba, panggya lawan rowangnya sadayeki, Ki Untung alon amuwus, eh sanak-sanak ing wang, timbalane kanjeng sultan maring ingsun, ingsun kinen angungsiya, marang nagari Matawis. Apan sultan tan kuwawa, angukuhi dene nagari cilik, aming amine jumurung, sapolah tingkah ing wang, lawan malih sun pinaringan jujuluk, dening sultan ingaranan, iya Raden Surapati. Rowangnya suka sadaya, dene antuk idine sultan mukmin, Radian Surapati muwus, apa dene raganing wang, lawan ingsun

wineca, dening sultan iya tedhak-tedhak inghun, apa dene raganingwang, dadya satruning kumpeni. Lah bapa sira wis tuwa, angaliya sun wehi wangi, bunjala driye sireku, dadiya pangadhepan, sakeh ingkang sanak-sanak ira iku, sira ingkang nuwanana, kang wong sadaya nauri. Kakang ebum amung sira, luwih bener karsane raden mantri, sira kang mungkasi laku, kang inghun tuwa-tuwa, kabeh iki pan samya darma lumaku, apa barang sareh ira, dene wus uningeng westhi. Pan raden maksih taruna, sadungkap sira ingkang ngaturi, wus mangkat sarowangipun, bidhal saking nagara, panangetan Surapati lampahipun, ing tategal kang kamargan, ing memalang kang denjogi. Gantya wau kang winarna, wong kumpeni kang samya anututi, kendel wonten ing Cianjur, pan wus miharsa warta, yen Ki Untung wus mangetan lampahipun, tan pisah sarowangira, yata wau wong kumpeni. Ajrih yen ngusira tebah, dene samya wruh tandangira dhangin, duk samana pitung dalu, kumpeni neng Pasundhan, wong Pasundhan semana pan sampun kumpul, neng Cianjur babarisan, sagung ingkang para mantri. Kumpeni parentah ira, barang kang wong liwat kinen niteni, yen jangkep kongsi sepuluh, yen tan mawi dagangan, kinen nyekel manawi silih Ki Untung, wong liwat dudu wong dagang, pepeten kang mring Batawi. Wong kumpeni sampun bubar, mring Batawi pan samya pacak baris, Pasundhan para tumenggung, kang baris urut marga, yen ta durung karuwan gone Ki Untung, kumpeni parentah ira, aywa bubar ingkang baris. Yata wau kawuwusa, lampahira rahaden Surapati, ing Malang gepak mangidul, prapta tanah Toyamas, rereng dhusun Ngajibarang caranipun, padhusunan Ngajibasa, patingginira kakalih. Apan sami sanak ira, ingkang anem awasta Saradenti, Saradenta ingkang sepuh, langkung anyuba-nyuba, mring tatamu sawus ira apan dalu, sira Radyan Surapatya, sawus ira pacak baris. Pan wus akarya narendra, Saradenta kalawan Saradenti, ingkang ngadegaken ratu, pan wus ngelar jajahan, kanan kering Ngajibarang samya cundhuk, tan ana wan ialawan, marang prabu Saradenti. Yen ana kangw ani lawan, gya ginacak rempu tan ana kari, dadya kang kari atakut, wus dadi baris ira, amung kantun jroning kitha dereng cundhuk, sira tumenggung Toyamas, kang maksih lawaning jurit. Apan sampun linampahan, Ki Untung jaladriya ingkang nindhihi, kitha toyamas wus rawuh, rame denira yuda, ki tumenggung Toyamas balane rempu, tan ana mongga puliya, wus kengser saking nagari.

Kula wisudhan sapanunggilanipun

Kasebut ing serat kakancinganipun kanjeng tuwan residhen ing Samarang tanggal kaping 9 Maret, Mas Wongsataruna mantri godhang kopi ing Bawen tuwin Mas Sumawijaya mantri godhang kopi ing Banyubiru sami kaundur saking pandamelanipun kaliyan urmat saha sami awit saking panuwunipun piyambak.

Mas Mertaatmaja kinula wisudha dados mantri godhang ing Banyubiru.

Mas Suradipura kinula wisudha dados mantri godhang ing Bawen.

Mas Nititrana kinula wisudha dados mantri godhang ing Getasan.

Mas Sasrawigena kinula wisudha dados juru serat kontrolir ing Samarang.

Raden Suwonda murid ing pamulangan calon guru ing Surakarta kinula wisudha dados mantri guru ing dhistrik Kanigara (Madiyun).

Pethikan saking *Bintang Johar*

Inggang paman kanjeng raja ing Japan anama Igasithus Iminomiyah gumebet dados saradhadhu, jalaran rumaos teksih bodho sanget sarta boten amigunani punapa-punapa dhateng karajanipun.

Dereng lami bahita ing Tulangbawang bawah Lampung (Sumatra), kerem wonten ing sacelakipun Pulo Tundha. Dene titiyang inggang anumpaki kathahipun 23 sampun sami katulungan saha ing mangke teksih wonten ing griyanipun lurah ing pulo ngriku.

Kawartos kadhaton Aceh punika regen sarta mesum, sakathahing griya-griya dalah dalem kasultanan sadaya inggang kadamel kajeng kemawon sarta jithek sanget samangke griya-griya tuwin rereged wau sampun dipunbesmeni dening kumpeni, awit kathah tiyang pejah kaparag ing kolerah jalaran saking kathahing cecemer.

Awit saking deresing jawah ing dhusun Ketapang bawah Tangerang mentas wonten banjir sarta ing Maok lebet ing toya jawah ngantos tigang kaki. Watawis griya-griya inggang kabanjiran wonten 150 salajengipun titiyang inggang nandhang kasusahan wau sami pikantuk pitulungan saking tuwan tanah ing Ketapang ngriku awarni wos deling tuwin alang-alang.

Parentah ing kitha Setambul (Turki) angindhakaken cacahing saradhadhunipun sarta angangkah ing dalem 4 taun sageda mengku bala tontra nem kethi, kawartos saradhadhu wau sami undhagi sanget ulah dadamel mariyem tuwin sanjata, ananging kasagedaning prajurit usar dereng anyekapi.

Ing Semarang mentas wonten bahita kapal dhateng ambekta uwos saking Siyem.

Nalika ing Benggala wonten pailan ageng jalaran pamedaling sabin boten kekukup awit boten wonten jawah, gupremen ing Indiya Inggris lajeng anandukaken sanjata pitulung dhumateng titiyang ing ngriku awarni yatra, uwos tuwin amasogi padamelan adamel wangan kangge amedahi sabin, dene galidhig wau kablonja sarta kaparingan tedha tuwuk, saupami boten makaten saestu titiyang inggang pejah kaluwen langkung saking 25 yuta.

Enggal punika wonten tiyang bongsa Benggala tilar dunya anilar serat warisan kapasrahaken sayid bongsa Arab, menggah suraosing serat: anakipun satunggil badhe tampi tilaranipun barang sadaya, ananging sareng tiyang Benggala sampun pejah, sayid wau tumunten atur pisait dhateng pulisi yen barang titilaranipun tiyang Benggala inggang kasebut ing nginggil ical kapandungan, pulisi sareng tampi pisait kados makaten boten sampun-sampun pamindenging panarka dhateng sayid wau awit punika kinten sakuthu kaliyan pandungipun.

Dereng lami ing kampung Semildhe ing tanah Eropah wonten tiyang dhusun saweg mapan tilem ing wanci tengah dalu lajeng kaget dening kathothok korinipun, sarehning panothok wau sangsaya angganter wekasan lajeng dipunwengani. Wondene inggang lumebet tiyang kakalih sami dereng wonten inggang dipunwanuhi dhateng inggang gadhah griya sarta lajeng pitaken makaten: enggal punika sampeyan punapa kapandungan, wangsulanipun inggang gadhah griya: inggih, tiyang dhatengan pitaken malih: kinten-kinten ngantos telas pinten, inggang tinakenan

amangsuli: watawis 78 rupiyah, tiyang kakalih wau lajeng andeleh yatra wonten ing meja kathahipun 78 rupiyah kasukakaken dhateng ingkang gadhah griya, sasampunipun makaten lajeng sami kesah. Tuladha makaten punika prayogi, bok bilih kenging kadamel tuturutanipun kecu-kecu ing pulo jawi.

Mriyem-mriyem ingkang misuwur ing tanah Aceh punika sampun sami kausung dhateng Batawi sarta samangke kaadegaken wonten ing tanah lapang sangajengipun beteng, selak ing kori urung-urung toya ing Weltefredhen.

Pethikan saking Surabaya Andelseblad

Kala tanggal kaping 1 wulanpunika Rahaden Bagus Abdul Muhri putranipun panenggak ing bupatiting Situbonda bawah Basuki, bidhal saking Pasuruwan dhateng tanah Nederlan anumpak bahita asep anama Konrat, menggah sedyanipun badhe amanggen wonten ing kitha Leidhensaha sinau wonten ing ngriku, ing tembe bilih sampun damel eksamen ageng ingkang winastanan eksamen A tuwin eksamen B, badhe wangsul angajawi dados insinyur.

Putranipun estri patih ing Samarang enggal punika badhe dipunpejahi dening panakawaning ramanipun jalaran panakawan punika sumedya angrabeni para nyai, ananging kapenggak ing putra estri wau. Ing wanci dalu panakawan tumunten lumebet ing pajungutanipun putra estri sarta kalampahan anatoni putra estri punika. Sasampuning kacepeng lajeng gadhah tekad badhe anganyut tuwuh, ananging boten temtu awit saking kadengangan.

Surana mantri guru ing pamulangan jawi kala Jumuwah tampi dhawah saking lurah guru, kakarsakaken mirantos bidhal dhateng Nederlan, awit sampun wonten serat telegram angwartosaken yen piyambakipun benjing tanggal ping 1 wulan April ngajeng punika masthi mancral saking Batawi.

Kala malem Salasa ing kampung Bongsayudan wonten tayuban, sareng wanci anggagat enjing mangsanipun tamu badhe luwaran mantuk anunten wonten ingkang alok kecalan rasukan sutra mawi kancing inten (ing Sala punika sampun limrah tiyang nayub sami cucul rasukan), sasampuning tetela yen rasukan wau icalipun kaceler ing durjana, ingkang gadhah lajeng ucal lari sarta anancang dhateng tiyang ing gredhu ingkang celak ngriku supados aniti-nitiya dhateng saben tiyang langkung, boten dangu anunten tiyang gredhu wau anganggrek lare jaler langkung ing margi ageng sakinten umur 15 taun mawi rimong bebed angenthuruk sarta tanpa upet, sareng katiti priksa kayektosan ambekta rasukan ingkang ical wau. Enjingipun lare dalah rasukan sami kaladosaken ing pulisi.

Nalika dinten Isnen dalu kaping 14 wulan Sura taun Alip angka 1803, ing dalem pangabeyan Surakarta wonten paramayan cariyosipun menawi tembung walandi dipunwastani balkustim, awit para gusti tuwin para santana sami angagem mawarni-warni mila sakalangkung andadosaken suka sengsemipun ingkang sami niningali malah ngantos kirang papan saking kathahing tiyang, watawis wonten titiyang 10.000 malah kapara langkung kalebet ingkang sami wangsul ingkang boten pikantuk panggenan, sangsaya rawhipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom kaderekaken para kadang kadayan tuwin wadu wandawa jinajaran musikan tuwin obor pating palencar, tansah linuting titiyang ningali ngantos kumrusuk kados jawah sinemeni, menggah agemanipun cara sultan anom ing Kistambul sarta ngagem bintang karajan rasukan sandariyah, baludru wungu linungsir ing renda mas, binintang bintang ing sosotya nawa retina, wingking ingkang raka-raka tuwin ingkang rayi-rayi utawi para pangeran para mayor upsir arya panji sapanunggilanipun sami amangages warni-warni, lajeng kapethukaken ingkang raka-raka kang sampun sami jumeneng pangeran tuwin para tuwan-tuwan kang sampun sami rawuh rumiyin, dene kanjeng pangeran angabehi pangagemanipun pindha raja Napaliyun ingkang kaping 2 ing nagari Prangkrik, tiningalan teka sembada sasolah bawanipun, Kanjeng Pangeran Ariya Natakusuma kula boten saged amastani, boten manawi punika panganggenipun wastani dur

ginadur jendral Helgeduwelbeh ingkang kacariyos ing serat babad, Kanjeng Pangeran Ariya Sadikusuma mindha panganggening prasman babedhat dhateng ing wona, pantes sarta anyenengaken tiningalan ing akathah, sareng sampun tundhung lajeng sinambroma ing pambagya, Kanjeng Pangeran Kolonel Ariya Purbanagara pangagemanipun bakikuk saemper kados cara walandi, ananging mangking curiga, Kanjeng Pangeran Ariya Dipakusuma pindha pangeran Turki, Kanjeng pangeran Ariya Suryadipura pindha pangeran ing Belgi, Kanjeng Pangeran Ariya Adisurya pindha raja ing Malaka.

Dene para santana sadaya mangagem sanes-sanes wonten ingkang cara Pruwislan, cara Dhislan, cara kados prajurit kapalan, saweneh cara usar, cara inpantri, cara kaske, cara kiraksir, gardhedhonir sapanunggilanipun dalasan cara cina, cara Arab koja inggih wonten, cara prajurit jawi ugi warni-warni, watawis sadaya punika kirang langkung wonten saking 10 kajawi ingkang mangagem wantah, lajeng sami manyanyi cara walandi mawi kabarung ing musikan. Boten dangu Kanjeng Pangeran Ariya Mataram rawuh pangagemanipun langkung prayogi, adamel suka renaning akathah kados kumidhi, mawi santun pangageman mindha prajurit sibastopel, lajeng kasukan dangsah, wonten ingkang main bolah tuwin main kartu, saweneh manyanyi cara walandi utawi langen swara lagu jawi binarung ing pradongga sadalu boten kendhat karamayan, bibaripun ngantos pukul 6 enjing suprandosipun titiyang ningali kok inggih taksih wonten kados saking dene katemben aningali ingkang kados makaten punika, saking pamireng kula ugi salamenipun ing Surakarta inggih saweg punika para gusti pasamuwan kados makaten wau.

Winasenir lan seblud arse-arse.

Patut kawaos ing VDK

Yen VDK boten priksa ngelmu kang kaanggep sampun sampurna kula boten prelu lalawanan malih wonten ing *Bra Martani*, sanajan VDK sanget petok kluruk ngaken yen lepas ing pambudi, nanging sinten ingkang [...] sampeyan peksa ngandel, kalih dene getak sampeyan katawis upamiya khaji ngriki sampeyan punika rak wangsul ing Singapura ngriku mawon, dumugining pulo jawi ngaken yen sampun dumugi ing Mekah.

Tembung kula punika nyata, nanging sampeyan boten saged anguncati ing panggrundeling galih. *Cuthel*. Sempanye ing Sekarmawar.

Katur mas VDK

Wah sami wilujeng mas, mentas silem kalih tengah wulan sapunika sawek macungul lajeng mragagah damel wangsulan dhateng gugon tuhon Sampanye lan R, apanjang ngalawer kados pangucaping tiyang tilem awit wangsulan sampeyan ingkang dhateng kula boten pisan gumathek ing suraos.

Sampeyan pratela yen gugon tuhon punika kalebet pitajenganipun tiyang kikirangan budi sarta tiyang gugon tuhon jaman samangke sami katemaha dhateng gugon tuhonipun awit sampun padhang pangertosipun kok boten purun ambudi kaindhakaning pangertosipun wau.

Miturut pratela sampeyan wau kula nuwun katrangankalih prakawis, sapisan, punapa gugon tuhon jaman rumiyin sanes lan gugon tuhon jaman sapunika.

Kaping kalih, punapa tiyang kang kalebet padhang pangertosipun kenging kaawokaken watek gugon tuhon sanajana tiyang wau boten purun ngindhakaken pangartosipun.

Ing salajengipun mas, yen badhe karsa mratelakaken punapa-punapa kula aturi ing galih rumiyin, sampun anganut lampahing epon kemawon.

Karta ping 10 Maret 1874. Katandhan taksih watek gugon tuhon.

Pawartos pangawon-awon ingkang boten temen punika tetela medal saking umobing rah kalas sarta sinembadan saking leksa ingkang tanpa pambudi, tiyang makaten punika tetep anampi kapratondha yakti.

Soroging bale atma punika ilat, ilating lala ora kerep kadamel angamudheni manah amedharaken barang prakawis ingkang anelakaken cobolonipun para panasten punika sampun limrah sedhih

aningali kabegjaning sanes, kagunanipun amung angripta kasusahaning sanes, taberi anjengkakaken dhateng bilahi, boten ketang sade umuk, adora cara tur manehipun kanthi sumelang, nanging inggih linampahan pamrihipun namung kamirengna obrolipun (punapa punika ingkang dados paribasan setan sababambon).

Babasan kula ing nginggil punika tumrapa dhateng tiyang ingkang ngedalaken pawartos angawon-awon ing sanes ingkang tanpa temen babar pisan kados dene obrolipun Pratiktadirja ing Bojanagara.

Pratiktadirja, kula eram amidhanget cariyos sampeyan dene kok sanget anyebal saking tatemenanipun.

Langkung malih gumun ngungun kula dene sampeyan amratelakaken yen pawartos wau saking patih Panaraga, awit padatanipun patih Panaraga punika boten nate purun umuk.

Sanajan kyahi redhaktur sampun amratelakaken yen pawartos wau nalisir, ewadenten kula kedah anerangaken yen cariyosipun Pratiktadirja punika lepat babar pisan, awit ingkang kapratelakaken wiwit jam 6 sonten para priyantun sampun kancing kori sarta griyanipun siyang kajagi pulisi 12 dalu 30, yen priyantun kekesahan siyang mawi kairing tiyang pulisi 12 punika dora.

Ing loji sarta ing dalem kabupaten yen siyang kajagi tiyang 50 yen dalu 100 inggih dora.

Kanjeng asisten pinuju tindak-tindak kapapag tiyang numpak kapal 6 sarta ngaken Tirtareja, dora malih.

Para priyantun yen mireng Tirtareja celak ing dunungipun lajeng rewa-rewa sakit dharodhogan, punika linyok.

Para priyantun sami madati inggih cariyosipun tiyang kepahung, nanging ing mangke kula badhe mratelakaken sawatawis bilih punika ingkang dados jalaranipun para priyantun kawartos sami ses.

Dene yen Pratiktadirja badhe sumerep pawartos ingkang temen kados ing ngandhap punika.

Sarehning nagari anggalih ing kadurjanan boten wonten sudanipun, mila lajeng anandukaken rariged kadosta prakawis pager kasantosakaken, tiyang patrol katambahan kathahipun, samanten wau boten adamel malaratipun tiyang alit awit tiyang alit dereng tumindak patrol salebeting pitung dinten langkung sapisan.

Para priyantun saben dalu mesthi medal saking griyanipun lang-lang ing pakampungan sarta mawi kanthi tiyang pulisi, pakendelanipun para pulisi wau wonten ing wradinan utawi panggenan ingkang anyumelangaken, kencenging kapulisen punika waradin sabawah kabupaten Magetan.

Nanging saking panimbang kula indhaking kencengipun pulisi wau kathah mumpangatipun malah boten angemungaken kangge rumeksa dhateng wawengkonipun piyambak. Dalah kasusahanipun nagari sanes ugi kacakup, kadosta nalika tanggal kaping 22 Pebruwari 1874 Kaji Abdulatip ing dhusun Palareja (Pancaraga) kakecu tiyang, ing ngriku wadana dhistrik Gorang gareng sareng mireng kabar sapekenan yen bawah kabupaten Pancaraga wonten kecu, sanajan dereng tampi parentah saking nagari, sarehning dhistrik Gorang gareng (Magetan) tampi kaliyan bawah Pancaraga, lajeng kemawon anjagi bawahipun. Kayaktosan para kecu wau lumebet ing dhistrik Goranggareng, saklajeng kacepeng durjana 6 dalah cihannipun barang-barang, nagari dereng parentah, wadana Goranggareng sampun nyaosaken para kecu sarta temen barang-barang wau kaaken dhateng Khaji Abdulatip, Palareja.

Punika sampun dados adatipun para priyantun Magetan jalaran pamreteking nginggil yen ing bawahipun utawi sanes wonten kasusahan enggala tatulung kaliyan temen-temen, awit sanajan sanes nagari punika ugi sami abdinipun kanjeng gupremen.

Dene kateranganipun para priyantun katarka madati punika kados jalaranipun kados ing ngandhap punika.

Nalika taun 1864 tuwan pabrika ing Gorang gareng andhatengaken mandhor tiyang cemeng (Aprikah), mila makaten awit pandamelanipun langkung kenceng temahan kamenanganipun tiyang Aprikah wau sami kaliyan priyantun, tiyang alit saweg sapisan punika pirsu tiyang Aprikah, mila ajrihipun sanget dene para Aprikah wau sami ses.

Para kuli pabrik anebut dhateng namanipun para Aprikah wau (priyayi ireng doyan tike), malah kathah tiyang ingkang nginten tiyang cemeng punika bongsa Arab.

Saderengipun para tiyang alit sumerep ingkang temen, amastani tiyang Aprikah punika priyantun cemeng anyeret.

Saking pandugi kula punika ingkang dados jalaranipun para priyantun kawastanan madati, nanging temenipun para priyantun boten wonten ingkang ses saha malih babasan (priyayi ireng doyan tike) ing sapunika sampun sirep awit tiyang cemeng wau sampunsami ngalih.

Dene wontenipun benggol nama Tirtareja inggih temen, Tirtareja punika tiyang lajengan kadakwa dosa raja pejah, ngantos sapunika dereng kacepeng, nagari ugi sanget amrasudi malah ingkang bupatos sampun angundhangaken jangji sinten ingkang nyepeng Tirtareja tampi ganjaran arta f 1030. Titi. Kang kawrat ing nginggil sadaya temen.

Katandhan Sudirapanggah.

Panjurung ing nginggil punika sawatawis larik ingkang boten kula pacak awit saking pangraos kula, sasampuning kula suda wau lajeng karaos sedhengan sengaking suraosipun sarta timbang kaliyan nyaleti suraos ingkang winangsulan. Redhaktur.

Kula namung anyelani sakedhik dhateng uduripun VDK kaliyan Sempanye tuwin pun R, bab wonten lan botenipun bongsa lelembat. Saking panimbang kula kados leres panjenenganipun redhaktur anggenipun mastani bilih tiyang gugon tuhon kaliyan ingkang boten gugon tuhon wau ing mangke taksih sami kekahipun saking watawis kula tiyang ingkang sanes bongsa punika mila awis ingkang tunggil pamanggih ing manahipun, bok manawi jalaran saking anggenipun angugemi kitabipun pyambak-pyambak, kados ta kula punika tiyang jawi inggih tamtu amastani wonten bongsa lelembat wau, sabab pamirid kula ugi saking ungelipun kitab Kuran tuwin sadaya serat-serat jawi tamtu boten sepen cariyosipun bilih lelembat punika wonten awit jaman Nabi Adam ugi sampun anyariyosaken bilih malaekat ijajil ingkang anurunaken bongsa lelembat, dene saurutipun boten susah kula wedharaken saestu para priyantun jawi sampun sami maos, nadyan awit pulo jawi kataneman tiyang saking ngerum tuwin mula bukanipun kanjeng nyai kidul punapa malih naluka wanuh kaliyan panembahan senapati ngantos dumugi sapunika teksih wonten antawisipun yen lelembat wau wonten, ananging VDK tuwin Kontaswara inggih taksih maiben sarta saged kemawon amastan imakaten, lah iku rak saged menging mripatmu utawa salining pangrasamu mangke ingkang gugon tuhon inggih mangsuli, iya nadyan kowe arani regemeng tuwin pangrasa lah iku jenenge ana apa ora. Enggalipun tiyang wau yen sampun geseh pamanggihing manahipun inggih pakewed kajawi lelembat punika kenginga dipunreh saupami nuju ngatingal lajeng dipunpenging kesah-kesah kowe aja lunga-lunga gendruwo, si VDK arep weruh kowe, sareng lelembat wau boten kening dipunreh kados pundi. Suprandosipun meksa amerangi tatal mawi ataken setan lalembut iku omahe gebyog apa pager bata lan kepriye patrape, o.. inggih tiyang wau yen pancen pengung inggih kedah kalintu pamanggihing manahipun dumadak anggadhahi cipta yen gusti Allah tangala boten kagungan pangawasa tuwin kaelokan, pyambakipun badhe mrojol sking ngriku kalih dene teksir kula VDK punika rak inggih piton jobin kados kula kemawon, ewadene sareng angsal kawruh Eropah saweg sacuwil lajeng anut ing grubyug babasan *belo milu seton* amindhha-mindhha garit ingkang sayektos sarta kemewat tumut-tumut parikan mrepeki papadhang salamine kesorotan surya, lah salaminipun punapa andhelik ing ngerong kemawon kok ngantos kapihan soroting surya, punapa malih mawi angiyas bilih babagan angger pangalapan tuwin walat punika boten wonten, makaten wau rak sangsaya katingal anggenipun angayah ing wicanten namung dumeah gampil kemawon kalih dene anggenipun sumerep kados pundi tiyang namu andremimil wonten ing samben kemawon, sumongga yen badhe maiben angger tuwin pangalapan, kula aturi dhateng saganten kidul tuwin ing krendha wahana, bilih maiben walat sumongga kula aturi nguyuh ing bangsal sitinggil palenggahan dalem kaliyan kanjeng tuwan residhen bilih bakda punapa palenggahan trun ing residhenan punapa salebeting pangimanan masjid ageng, e..sampunta kula aturi nguyuh wonten ing gedhong reta

panggonanipun kyahi grudha lami kemawon punika saumpami sampeyan mentala dumugi ing griya sampeyan boten lajeng dipunpupuki dringo bengle dhateng keng embok saestu kula lajeng mangestu pada dhateng sampeyan, mongga kula pethek badhe wangsulan sampeyan dhek makaten, ah aku suthik nyatakake nyang jaratan utawa kabeh iku, lah gih empun-empun kakeyan kondhe mas.

Wondene tiyang jawiing kang asring gugon tuhon dhateng barang wujud aneh punika dhasar sampun rumiyin mila ngantos dumugi sapunika taksih kemawon, ananging pancen gogolonganipun tiyang bodho ing kang sami remen midhang dhateng barang aneh wau, denten bilih tiyang ing kang nama radi priyantun inggih meh boten wonten ing kang tumut gugon tuhon dhateng bab punika, yen priyantun jaler destun namung ningali untabing para bakul nem-nem ing kang sami nedha panglarisan sapanunggilanipun, nadyan wontena tiyangipun jaler inggih tiyang ing kang pancen bongsa andhap sarta dereng sumerep dhateng kautamen tur inggih mokal ing kang sami midhang wau yen botena wonten kayaktosanipun, mila ing kang sami dhateng punika wewah-wewah inggih tamtu wonten katatalanipun, ananging ing kang makaten wau inggih sampun kalebet tiyang kasasar ciptanipun sabab anggadhahi pamanggih bilih kasugiyen utawi kaluhuran punika dipunmanah kenging kagayuh saking dhang kayu watu kemawon makaten punika sami kaliyan VDK tuwin Kontaswara anggenipun bingung kasesa dipunwastanana saged wau ciptaning manahipun darajat kaluhuran utawi kasugiyen punika dipunmanah kenging kagayuh saking lonyoning pangucap ing kang kalayan angawur-awur kemawon, wah malih mawi anggelaraken wuwulang dhateng tiyang gugon tuhon kang mongka wuwulang punika tumrapipun namung dhateng anak putu kulawarganipun pyambak yen dhateng ing sanes kajawi namung pirukun dhateng tiyang ing kang pancen anedha wulang, nadyan tiyang ing kang sami remen midhang nguni katur sampun tetela bilih pandamel nistha anaming dipunwuruka tata krami tuwin pangupajiwa inggih masa puruna tiyangs ampun dados tekadipun mila boten kalebet awisaning nagari, makaten wau awit beja cilaka dipunsandhang pyambak. Kadange er, kakaruhe Sempanye.

Punika Cariyos Babad Mataram

Kendel sawetan Toyamas, ki tumenggung maksih angadeg baris, neng kali jirak kukuwu, wong sawetan toyamas, panjer ngrema angumpul barisnya agung, bunjala driya samana, ratune wus den pondhongi. Marang salebet kadatyan, wus malebet sang Prabu Saradenti, Raden Surapati wau, momor kang putra-putra, bunjalan dri mongka gedrig manggeleku, wus ageng dedamel ira, mangkana ing kang winarni. Apadene ratu nira, abibisik mring bunjala driyeki, away kelangan sireku, sun bapa arsa lunga, marang Kartasura arsa suwiteng sun, sang aprabu Amangkurat, yen ana wong taken mami. Apa dene ratu nira, awaraha yen lunga awak mami, marang ing pasisir kidul, nanging ta wekasing wang, maring sira besuk yen utusanipun, sarta gawa cirining wang, ratumu cekelen aglis. sira aterna babandan, ki bunjala driya ature inggih, sandika ing reh pukulun, lan maning ira bapa, aja kandeg anelukaken sireku, angabaris kali jirak, gitiken sapungkur mami. Sasampunira mitungkul, nulya mangkat Rahaden Surapati, duk ing wayah tengah dalu, saking nagri toyamas, lampah ira datan kawarna ing ngeni, prapta nagri Kartasura, sinomipun pan kawiwir. Ing kang sinedya ing driya, wau Raden Surapati, marek dhateng kyana patya, lampah ira sampun prapti, Rahaden Surapati, Nrangkusuman kang jinujug, sigra atur uninga, wau kang atengga kori, lamun ana wong prapta arsa angawula. Saksana wau ngandikan, sira Raden Surapati, dyan Surapati wus prapta, ing ngarsane raden patih, yata rahaden patih, ing manah resep andulu, alon wijiling sadba, sira wong teka ing ngendi, lan maninge iya sapa aran ira. Dyan Surapati atur sembah, tan emut sangkaning alit, dene papa kawlas arsa, awasta pun Surapati, sumedya kula ngabdi, dhumateng gusti sang prabu, lawan malih kawula, sumedya angungsi urip, den niyaya kawula dhateng walonda. Dene kumpeni punika, kapanggih siyang ratri, pan inggih purun kawula, sagendhing ing ajurit, yata rahaden patih, miyarsa suka ing kalbu, aris denya ngandika, lah iya aja kuwatir, pan manira kang matur marang sang nata. mangkana Dyan Surapatya, sinung pangangge tumuli, kalangkung sinuba-suba, kalawan rahaden patih, kinadang-

kadang yekti, ing ngandika siyang dalu, kuneng gantya winarna, yata Prabu Saradenti, wau ingkang mandhiri nagri Toyamas. Wus amukti awibawa, gagaman ira andadi, kang abaris kali jirak, tumenggung Toyamas nenggih, apan sampun ginitik, bunjala driya wus magut, tumenggung ing Toyamas, wonge rusak akeh mati, tan kawawa Toyamas kang pra dipatya. Lumajeng mring Kartasura, samana atur upeksi, datan kawarna ing marga, ing Kartasura wus prapti, katur marang sang aji, aturipun ki tumenggung, yen nagri ing Toyamas, wonten tiyang damel baris, aprakosa wong kraman kang madeg nata. sang nata kalangkung duka, sigra kinen anglurugi, ingkang tinuding ing lampah, yata Raden Surapati, nenggih ingkang winarni, Raden Nerangkusumeku, wadyanya ingundhangan, pra mantri miwah prajurit, ingandikas sira Raden Surapatya. Wus prapta ing ngarsa nira, yata Raden Surapati, ingsun adhi arsa lunga, timbalane sang narpati, sun kinen anglurugi, kraman ingkang madeg ratu, aneng nagri Toyamas, matur Raden Surapati, tur kawula yen kenging kang lumakuwa. Sampun paduka tumindak, namungna kula pribadi, ambanjel mangsah karaman, sagendhinge ing ajurit, wewah amangsah malih, boten ulap aprang pupuh, yen amba maksih gesang, ngamungna pun Surapati, suka ing tyas Rahaden Nerangkusuma. Yen mengkono yayi ing wang, sun matur marang narpati, ri sampunira mangkana, lumebet rahaden patih, wus prapta sri manganti, sampun katur sang aprabu, anulya tinimbalan, munggend ngarsaning sang aji, sigra matur Rahaden Nerangkusuma. Inggih wonten palajengan, saking kitha ing Batawi, pun Surapati wastanya, lumajeng angungsi urip, binujung ing kumpeni, mila angungsi pukulun, gene datan padosa, kinuya-kuya kumpeni, nanging mangke sagah anyekel karaman. Inkang mandhireng toyamas, punika sagah mejahi, yen suwawi rinojongan, punika punapa Surapati, pedah punapa gusti, yen pened inggih kinukup, yen awon pan binucal, mindhak nyukeri nagari, sri narendra alon wijiling wacana. Lah iya sakarsa nira, mongsa bodhowa sireki, pan ingsun uwis pracaya, karepmu ingsun nuruti, sukeng tyas raden patih, tur sembah mentar umundur, sapraptanira jaba, wus panggih lan Surapati, dhinawuhan timbalane sri narendra. Kaliyan kinen umagkat, pan sira sadina mangkin, Dyan Surapati sandika, kalangkung suka ing galih, pan sampun den kantheni, tumenggung Toyamas wau, sigra denira mangkat, saking ngarsane dyan patih, sigra-sigra wus medal saking nagara. datan kawarna ing marga, lampah ira Surapati, ing kali jirak wus prapta, riseksana pacak baris, wong desa kathah prapti, ingkang sami asumusul, tarub tiyang Toyamas, mirsa dutaning narpati, kawarnaha sira Raden Surapatya. Anulya sigra utusan, wau panakawan kalih, binektanan lepen ira, ing Toyamas sampun prapti, ki bunjala driyeki, pan sampun atampi semu, ya ki bunjala driya, sarewang ira winangsit, babektane ingkang saking ing Jakarta. Sadaya kinen siyaga, sakapraboning ajurit, mentar seba ratu nira, sapraptanira ing wuri, yata sang Saradenti, pan lagya angaben sawung, aneng ing pagelaran, pan ingayap para cethi, kagyat mulat praptane bunjala driya.

Para mitra kula sadaya utawi liyaning priyantun ingkang sami karsa akintun serat panjurung sapanunggilanipun kinen amacaking *Bra Martani*, manawi badhe amalaraken juru pangepap kaaturan amarsudi resik sarta cethaning seseratan.
Redhaksi.

Tumanduk dhumateng VDK

Ing mangke pabarataning *Bra Martani* wonten caleret taun katingal gumolong molah yayah tulalening dwi radameta inggih punika hawa mananipun VDK manungsa ingkang sregep anyanyampahi kawruh ing sanes sumedya angutut para manusa ingkang amarsudi ing ngelmi kamuksan, pasang ing gelaripun mungser saparti cakraning gilingan, he cubluk, ajandika tilingaken atur kula tiyang kang amastani ing bab ngelmi khak wonten ingkang sampurna tuwin boten punika leres, ananging anggen jandika ngiyas bilih ngelmi wau tumrapipun gendheng kaliyan waged dumugining pejah boten woten sanesipun punika lepat sanget, ing mangke sampun tatela bilih teksih cebol kawruh sampeyan, ananging peksa sumengka angongko-ongko angakahi para sarjananing *Bra Martani*, ah masa sageda, awit kawruh jandika teksih remeh limrah tiyang sadhengah-dhengah kemawon, katingal kaengetan jandika bureng-bureng kados paningal lamur. Eh kisanak jandika sumurup manusa punika rak sampun sinebut kawasa boten wonten para dumadi ingkang animbali makaten malih sanajana rehipun inggih amumpuni saking roh sadaya, menggah kamulyaning kapaten temtu angungkuli sato khewan saminipun ing dumadi kang anggadahi nyawa, langkung malih manusa ingkang sampun putus ing ngelmi kasucian langkung dening sampurna kamuktenipun amila kathah sujanma ingkang sumungsung mangingsep-isep gandaning sang utameng kawruh, mamrih katumusan pawulang ingkang anedahaken gagelitaning ngelmi kasampurnan, o..bilih ngelmi wau togipun namung kados saserepan sampeyan punika ingkang ahli ngelmi mangsa sudiya ngingus sarta boten kalampahan dipungilik-gilik ngantos kenyoh-kenyoh, lo..mangke kisanak tataken makaten: *sampeyan mas ingkang sami anggagayuh ngelmi kamuksan wau punapa sampun nate pejah lajeng gesang malih, sanjang anggenipun pejah manggih suwarga*. Ah, sampunta den makaten punika rak pabenipun tiyang bingleng saha tiyang ingkang kacingkrangan ing pangawruh tuwin pabenipun tiyang lumuh kongkul lan sabda, sanajan ukur oleh pucuking lancur angger gebug tekad ingkang makaten punika sae dipunsirnakaken saking jagad boten pantes kamirengaken para adi ing budi. Wondening pamoyok jandika bab tiyang gugon tuhon dhateng kayu sela lelembat sasaminipun, kula boten maoni awit kula piyambak watek boten gugon tuhon.
Katandhan Jaka clunthang.

Wangsulan dhateng ingkang katandhan Kramasetya

Kramasetya: menggah pawartos ingkang sampun jengandika mireng yen mas behi Singadikrama wedana Ajibarang, sapindhahipun dados wedana Purwareja tembe 3 wulan lamunipun sampun kapandangan barangipun pengaos f 500 rupiah salaka sarta kapalipun sampun dipunaniaya saengga pejah, saking prakawis kabar punika: dora, dene ing ngriki boten wonten lelampahan ingkang kados makaten, wangsul jengandika pikantuk pawartos saking sinten dene langkung cetha sarta terang sanget. Punapa malih sampeyan sampun mratelakaken menggah wijanging kasusahanipun para priyantun jawi ingkang sampun kapindhah dhateng sanes panggenan, wangsul kados pundi ingkang dados tisa sampeyan dene boten katerangaken, punapa kersa sampeyan, priyantun jawi sampun kapindhah yen boten kalayan mindhak pangkat utawi tambah lonja kadamela kados dening para welandi makaten pindhahipun kalayan mindhak pangkat tambah blonja krama sedya, mugi kawedharaken ingkang pratela menggah kresa sampeyan wau, makaten malih sampeyan sampun mireng kabar mas Tirtadiwiryana mantri pulisi Dhayaluhur

(Cilacap) kapintha dados mantri pulisi dhistrik Sukaraja (Toyamas) sarta sampeyan kantheni yen dhistrik Sukareja punika kathah pandung kadhet sebrot maisa lembu.

Saking prakawis punika menggah pindhahipun mas mantri Tirtadiwiryana punika sulaya boten kapindhah dhateng Sukareja, kapindhah dhateng dhistrik Kalireja (Toyamas) manggen ing dhusun Karangjati, dene prakawis pandung kadhet sebrot maisa lembu inggih sampun cocog trup sanget anyerupeni, menggah geseh dora sulayanipun kados dening pindhahipun mas mantri Tirtadiwiryana pindhah Kalireja dados Sukaraja.

Punapa malih mantri Tirtadiwiryana sampeyan galih kirang patitis dhateng wicanten sarta tembung jawi, saking sasumerep kula, saweg kula taksih dados kanca priyantun ing bawah Cilacap saengga punika dados kancan malih dene dereng ewah taksih kados ingkang sawau menggah menggah wagedipun wicanten sarta tembung jawi, saking sapamireng kula mas mantri Tirtadiwiryana dede asli priyantun Sundha, taksih pamilinipun mas behi Singadikrama wedana Purwareja.

Dene mas mantri Kartareja ing sapunika anggadahi manah miruda sanget sarana saking dereng waged basa sundha utawi miris dhateng lelabet pambagenipun mriyang Dhayaluhur, punapa inggih saestu makaten, nun.

Sinerat kaping 29 Pebruwari 1874.

Katandhan mantri pulisi Brengkok dhistrik Purwareja (Toyamas).

Jayadiwiryana menggah mangsudipun kang kasebut nginggil punika kasumanggakaken dhumateng ingkang kintun.

Redhaksi.

Panjurung *Bra Martani*

Wonten abdi dalem kaliwon nandhon raden ngabehi S punika sakalangkung boten prayogi patrapipun dhateng karerehanipun, manawi wonten kancanipun mantri nyuwun paring dalem arta panangsalan kathahipun 72 wulan saben dipunsuwun dhateng kancanipun tansah dipunsumadosi kemawon, mila rehipun mantri badhe sumengka atur: nyuwun sampun ngantos dipunwedalaken saking raden ngabehi S, dene paring dalem arta wulanan ugi teksih kandhek wonten ing ngriku, yen dipunsuwun ngantos 10 utawi 20 wulan sawek kaparingan semados punika dereng kenging katamtokaken nampeni. Malah wonten ingkang ngantos 80 wulan dereng kaparingaken awit saking remenipun ambaliwur etang.

Inkang saupami boten wonten titi pariksanipun ing kanjeng parentah saestu tansah andamel kasusahan dhateng reh bawahipun mantri sadaya.

Titi cempuri dalem kaping 18 Maret angka 1874. Pangajap.

Atur tabe pakurmatan akathah-kathah katur panjenenganipun tuwan Jonas Portir en.ko. redhaktur ing serat *Bra Martani* ing nagari Surakarta, manawi pareng sarta wonten selanipun ing papan, panjurung kula punika mugi kapacaka ing serat *Bra Martani* menggah pratelanipun kados ing ngandhap punika.

Wonten satunggal tiyang wasta pun Kuswaraga ingkang suwau dados abdi dalem Demang Gerji ing Kamangkunagaran, ing sapunika sampun kapocot jalaran saking angapus krati tumbas gadhahanipun dhuwung mas gendhing pangrawit ing Kemlayan, katumbas 120 rupiyah. Saking pangakenipun dhuwung wau ingkang angresakaken tumbas Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, saben-saben katedha wangsulanipun Kuswaraga dereng tampi saking kanjeng gusti, kalampahan mas Gendhing pangrawit anyaosaken aturan konjuk kanjeng gusti nyuwun bayaran arta panumbas dhuwung wau, sayektosipun kanjeng gusti boten rumaos tumbas tuwin boten rumaos ngutus, ananging yatra inggih lajeng kaparingan ugi 120 rupiyah. Serat aturanipun mas Gendhing pangrawit lajeng kaparingaken dhateng abdi dalem [...] ing Mangkunagaran saha lajeng kadhawuhan animbang prakawis makaten punika, saking panimbangipun para garap ing Mangkunagaran Kuswaraga kalerse pocot saking kalenggahanipun sarta katundhung boten kalilan griya wonten ing kampung Mangkunagaran, Kuswaraga lajeng

manggen wonten ing kampung Gerjen bawah ing Kasunanan, boten antawis lami kula sumerep pun Kuswaraga magang wonten salebeting karaton tunggil kaliyan para abdi dalem Gerji sadaya sarta kangge ing pandamelanipun, kula gumun sanget sinten priyantunipun ingkang angladosaken pamagangipun Kuswaraga punika boten mireng wonten ing Mangkunagaran sampun kathah awonipun yen makaten boten rumeksa dhateng saliranipun pyambak, saking pamireng kula kalepatanipun Kuswaraga sanesipun dhumateng kanjeng gusti bab dhuwung wau:

1. bab purun-purun anggugat kanjeng gusti, kalampahan Kuswaraga tumbas pekrul walandi wasta tuwan Kelen ing kampung Jebres.
2. Bab purun-purun angapus krami nyambut arta anggaran dhumateng ngabehi Suradikara panewu kaparak tengen, kathahipun 300 rupiyah. Sareng sampun dumugi ubangginipun katagih Kuswaraga becilat boten ngakeni nyambut.
3. Bab purun-purun adamel pitenah dhateng ipenipun pyambak awasta mas ngabehi Diryakrama lurah Gerji ing Kasunanan, saweg pinuju sakit sanget lajeng dipunaturaken ing parentah. Mas Ngabehi Driyakrama kasebutaken gadhah sakit edan, anakipun Kuswaraga kasuwunaken anggentosi kalampahan dados, kaparingan nama Mas Ngabehi Onggawikrama, Mas Ngabehi Driyakrama sareng sampun saras sakit-sakit lajeng gadhah atur gugat ing parentah nagari, dumugi sapriki dereng tampi karampungan. Sanesipun punika sampun kathah para priyantun ingkang gugat apus krami dhateng pun Kuswaraga, mila andadosaken gumun sanget ing manah kula dene pun Kuswaraga badhe kangge damelipun wonten ing Kasunanan, sareng antawis dinten kula pitaken dhateng mitra kula ing Kasunanan jalaran saking punapa Kuswaraga kangge pandamelanipun wonten ing ngarsa dalem. Saking cariyosipun mitra kula, pamagangipun Kuswaraga wau angsal kalilan Raden Atmagerjita abdi dalem urdenas gerji ing kadospaten anom dipuntingalaken sanget, samukawis pandamelan bongsa manjait ingkang pancen sae dipunaturaken garapanipun Kuswaraga, mongka punika garapanipun mas demang Karyabusana, mila mas demang Karyabusana sabyantu kaliyan kancanipun sami awis sowan awit pandamelanipun badhe boten kawuningan ing ngarsa dalem, saking kinten kula Raden Atmagerjita angsal ruruta saking pun Kuswaraga, pramila patrapipun ing pamagang pun Kuswaraga anganeh-anehi, purun-purun mangangge cara lurah dalah cawongipun anggumunaken, sekul ulamipun anyameni cadhongipun raden ngabehi balad mila makaten margi pun Kuswaraga mawi suka ruruba dhateng ajidan ingkang mariksani cadhong wasta ajidan cugu, rurubanipun warni 1. epek, 2. rasukan, 3. anggar ugi sami laken utawi yatra, cariyosipun mitra kula sumanten wau sangsaya gumun sanget punapa tembe pun Kuswaraga boten dados lingseming gusti.

Katur tanggal kaping 21 wulan Sura ing warsa Alip onka 1803.

Candhakistan pethikan bab angin

Ananging ing wulan Oktober, Nofember, Dhesember, Januwari, Februwari, tuwin Maret, angin ingkang anrajang saganten Indhu awangsul, dene tanah ingkang boten katrajang ing angin wau katrajang ing angin ingkang boten ajeg pinangkanipun, manawa angin ingkang kasebut ing nginggil wau mangsul saestu nunggil mendhung ingkang saking saganten Indhu sarta prahara ageng, ing nalika punika aluning saganten mindhak ageng punapa malih jawahipun deres sanget cleret leliweran, galudhugipun anggegirisi, yen sampun sami sirep lajeng wonten jawah deres ambal-ambalan ngantos pinten-pinten dinten.

Angin dharatan tuwin angin saganten punika inggih angin ingkang tansah midid, ingkang katrajang amung pesisir tuwin saganten ingkang celak tanah kemawon, manawi ing wanci siyang angin wau midid saking saganten dhateng dharatan dangunipun sawatawis jam, ananging manawi sonten mangsul midid saking dharatan dhateng saganten, dene sababing mongsal mangsul punika awit saking asrep benteripun dharatan tuwin saganten.

Angin ingkang boten ajeg, bumi ingkang tembing ler tuwin tembing kidul anginipun boten ajeg ing sataun-taunipun lampahing angin mosak-masik, bumi tembing ler anginipun awis adamel karisakan.

Angin wisa, angin punika tansah midid ing kitha-kitha tanah Eropah tembing kidul Asiyah tuwin Amerikah, ing salebetipun wonten angin wisa punika wonten angin malih kawastanan angin armatan, punika anggumunaken wontenipun mongsa-mongsa pinangkanipun saking tanah Amerikah midid dumugi ing saganten Atlantah, dene mongsa ingkang kerep wonten angin wau ing wulan Dhesember, Januwari tuwin Pebruwari, wanci dhatengipun boten kenging katanggih. Menggah wontenipun angin wau 5 utawi 6 dinten ing samongsa, dhateng kaping tiga utawi sakawan ing mongsa punika kathah amun-amun katingal tuwin siti dados garing boten wonten ebun tumetes, thuthukulan sami alum, rumput sami garing, soroting surya benteripun dede-dede ngantos ngantos serat ingkang wonten ing pethi tasihipun pating kalunthung kados sampun kaepe pinten-pinten ejam, mongsa punika angrisakaken pirantos kriya, raosing badan garing sarta pating priyang, maripat, bolongan irung, tuwin lambe sami garing [.....] sarta raosing irung pelar, kulit pating glarit sami rengat sarta raosipun kados kapanggih, manawi angin wau sirep kuliting tiyang lajeng glodhogi wiwitanipun saking suku tuwin tangan lajeng badan sakojur. Angin siroko, wateking angin punika kados angin armatan dhatengipunkalebet kerep sarta wontenipun sawatawis dinten, soroting surya benteripun anglangkungi, thuthukulan boten tahan punapa malih adamel karisakaning titiyang, langkung malih tiyang ingkang dede wedalan ing tanah ingkang katrajang angin wau. Purwadadi, 8 Maret 1874. Kuwatin.

Panjurung Bra Martani

Pan durmanya duk tampining serat kabar, kang wasta *Bra Martani*, medal ing respatya, kaping nem likur tanggal, pan ing wulan Pebruwari, ingkang kawuntat, kawula wus udani. Panjurunge kang aran Pratikadirja, saking bujanagari, gancaring carita, duk patih Panaraga, mring Bujanagara tuwi, ing kadang ira, mampir sebeng dipati. Tur pawarta patih mring sang adipatya, kanisthaning priyayi, Magetan sadaya, kadi tan pantes kalap, marmeng sun getun tan sipi, ri sang apatya, de teka wani angling. Karya warta angandhar saruning liyan, neng ngarsa sang dipati, tur wong agung monca, teka wani gumampang, tan wruh sikuning tyas yekti, dene wong wirya, patih ing Panaragi. Lan karenga sembadanireng kagungan, sajroning residhensi, tan ana mamadha, mungguh kang begja nira, wekasan teka nyaluwik, nir westhining tyas, karya wruh kang tan uning. Wong anendra kapati teka ginugah, wong lungan den undangi, sinungan uninga, cacade sariranya, dadya ing mangke ngong wani, angaranana, yen patih panaragi. Mendem bungah wantu anembe gagadhah, pangucap nglabeti, myang lelewa nira, tuhu karya pratondha, ah ing mangko sun jarwani, patih ta sira, badan nira sayekti. Tuhu luwih kabeh ing kahanan nira, wus tan ingucap maning, mung upama retna sireku maksih sepa, marmane maksih kasilab, ing luwih ira, luwih ingkang sayekti. Lire sira durung wor ing paworing sira, pawore kang sajati, awit maksih kurang, milanya gung sinarang, rangu-rangu ing tyas ening, kang karya sarang, denira sring nyaliwing. Paetang kang kawakas karaket ngawak, pasthi tan pindho kardi, milane den yitna, mungguh reh kaluwihan, jamak wong den babakali, amengku praja, ywa satyas ingkang suci. Nora gampang wong ngarsa mengku sasama, sasamaning dumadi, lamun kaya sira, pasthi ya karya surak, lalabetan kawun becik, denya anggampang, ngaken pangucap sirik. Dayata yen tuhuwa pusira, pagene ta sireki, wani anabutna, yen priyayi Magetan, sadaya sami madati, lan malih ira, sadaya sami jirih. Apa lali sira mring isining jagad, akalawan becik, mongka titimbangan, kabeh isining donya, jajodhon iku pan pasthi, tan kena owah, pagene den gawoki. Apata ing wismanira Panaraga, tan ana wong madati, miwah kang jirihan, Magetan mangkonuga, ana jirih myang madati, pan padha-padha, mungguh isining nagri. Ywa ginebuh Magetan ala sadaya, pasthi ana kang becik, lamun ana ala, pasthi ana utama, ana utama pan pasthi, ana kang nistha, mangkono reh ing bumi. Titi sinrat Mukharam kaping sangalas, nujuwari dite pahing, enjang jam sadasa, alip sangkalanira, tri sonya sang nala bumi, tondhan meng wang, paparab yeng sun Mursin.

Asmaradana kinapti, rinengga ing pakurmatan, tumanduka mitraning ngong, kang lagya neng ing mimitra, kadi sisilih nama, jombaleka mitra ulun, kang dahad mangarsa-arsa. Mimitra amba

kakalih, sang Trustha sastra panengran, lan Kusumawicitrane, sene lami tan sung kabar, cangkriman myang wangsalan, mangkya ulun kang umatur, mitranta pun Trusthasastra. Lagye pet anjuku nulis, nedak babad Kartasura, rikala sang prabu lolos, kendhang wonten pranaraga, awit binedhah cina, denmas grendi madeg ratu, angadhaton Kartasura. Mila kalantur samangkin, dereng sedya manjurunga, Trusthasastra pitungkase, ulun kinen makilana, ngladosi ing paduka, ing sasaged tiyang jugul, trimah dados gugujengan. Sedya ulun amarsudi, tutuladaning utama, kang wus putus ing kawruhe, antuka barkah kadibyan, supadya sinirnakna, saliring tyas kang mawelu, wasana ulun tur renggan. Cangkriman namung satemplik, sinawu lagu sarkara, lowung kinarya sasemben, cagak lenggah gugujengan, awon ngrasani tiyang, tinimbang lan thenguk-thenguk, sumongga ngandhap punika.

Araningsun kalih wanda pasthi, kembar warna amuluk ngumbara, yen amung sajuga pinet, sayekti araningsun, karya rowang kalaning ratri, kandhih kang samar-samar, kucem kang laku dur, de lamun wanda kalihnya, pinrih kumpul, sabusananya tan gempil, ngalih nama panganan, Titi.

Katandhan pun Darmawongsa.

Punika Cariyos Babad Mataram

Alon denira tatanya, sira Prabu Saradenti, bapa den kapara ngarsa, apa wartane ing jawi, baya ta ana kardi, dene ta enggal lumebu, yata bunjala driya, aparek denira linggih, angejepi bunjala dri rewang ira. Tinubruk saking ing kanan, sira Prabu Saradenti, anjumbul sampun binonda, Saradenta wus ginodhi, kalih binekta mijil, bunjala dri sigra laju, lampahnya tan winarna, ing kali jirak wus prapti, sampun prapta ngarsane dyan Surapatya. Yen ratune wus binonda, suka tyase Surapati, sigra tinigas saksana, tumingga nira kakalih, Banyumas den obongi, isine kadhatonipun, pan sami ingobongan, yata Raden Surapati, nulya budhal saking nagari Toyamas. Datan kawarna ing marga, wus prapta Kartasureki, katur dhateng sri narendra, yen wus prapta Surapati, ratu kraman wus keni, pan tinigas murdanipun, sang nata langkung trustha, murdane kalih cinangking, yata Raden Surapati wus ginanjar. Arta kalawan busana, anenggih pun Surapati, kalangkung sukaning driya, katrima dening narpati, busana wus binagi, warata sarowangipun, arta lawan busana, sang nata kalangkung asih, pan akathah ganjarane Surapatya. Awisma ing Nrangkusuman, pan sampun sinungan panti, Surapati sarowangnya, cinadhong myang siyang ratri, denira Surapati, sinuba-suba kalangkung, sawusira mangkana, apan wusing lami-lami, kapiyarsa saking nagri Batawiyah. Yen pun Untung wus karuwan, sarowang ira angabdi, mring sang prabu Kartasura, malah langkung den asihi, aran Dyan Surapati, yata wau kang winuwus, sami rembag sadaya, sagung bicara kumpeni, pinanggilan mring tuwan durnandur jendral. Miwah idlir rolas samya, bicara aneng jro loji, wus dadi ingkang bicara, anari ingkang prajurit, sapa ingkang nanggupi, amigang dhateng si Untung, besar ganjaran nira, pan naek dhudhukan neki, pra prajurit mopo sadaya. Dene ta sampun karuwan, pun Untung prawireng jurit, kemengan durnandur jendral, idlir mur susah kang ati, yata wonten kumpeni, satu biji kang asanggup, nanging maksih kapitan, trah ira prajurit luwih, bapak ira kang bedhah nagri Mekasar. Kang anama Kapitan Tak, punika ingkang nanggupi, anyekel mring Surapatya, jendral suka tyas sireki, gumuyu ngentrok wentis, sarwi megang tanganipun, saksana kapitan Tak, binekta jendral mring ngarsi, winor lawan para idlir kalih welas. Wanti-wanti linariyan, dhateng ing jendral pribadi, miwah ratpeni sadaya, punika sami nglarihi, sampun sinung kumpeni, kalih atus kang tinuduh, pra sami pipiliyan, kang wadya Mekasar Bugis, sigra mangkat sampun binektan surat. Ri saksana numpak palwa, mancal saking ing Batawi, tan winarna lampah ira, aneng laut sampun prapti, Jepara kang den jogi, kang palwa pan sampun labuh, umentas Kapitan Tak, sawadya nira kumpeni, catur ari neng loji nireng Jepara. Ri sampun ira mangkana, ajidan nulya tinuding, ngaturaken surat jendral, dhumateng sri narapati, pan kinanthenan mantri, Jepara sampun tut pungkur, ing ngeni tan winarna, prapta Kartasura enjing, kang jinujug nenggih raden Sindureja. Yata Raden Sindureja, tumameng maring jro puri, wus katur marang sang nata, surak saking ing Batawi, lajeng binuka nuli, sampun kadriya ing tembung, sang nata lon ngandika, dhateng

Sindureja aris, Sindureja kaya paran kersanira. Mangkana sasmita nira, anjaluk si Surapati, Sindureja atur sembah, yen suwawi lan sang aji, apan pun Surapati, buroning kumpeni tuhu, aluhung tinedhakna, dados galah ing kumpeni, saupami paduka angekahana. Emeng sang nata ngandika, eh Sindu metuw adhingin, timbalana yayi emas, ing kapugeran den aglis, lawansira dipati, Madura Surabayeku, dyan Arya Sindureja, tur pra nata sigra mijil, sapraptane kang rayi wus tinimbalan. Jeng Pangran Puger wus prapta, kalawan punggawa kalih, Jangrana lawan Cakraningrat, lajeng lumbeng jro puri, Sindureja rumiyin, wus prapta sang prabu, sang nata angandika, eh yayi mas adipati, den aperak yayi maring ngarsaning wang. Majeng marang pangran adipatya, ing Puger lan para mantri, ngandika sri naranata, paran karsanira yayi, layange jendral iki, si Surapati jinaluk, tekan ingkang dinuta, anyekel si Surapati, naming Etak maksih aneng ing Jepara. Lah yayi sira pikira, kalawan punggawa kalih, dipati Sampang anembah, Jangrana amngenjali, Surapati prayogi, pinaringaken pukulun, upami kinekahan, tan wande temahan jurit, abdi dalem kumpeni kalawan jawa. Emeng sang prabu Mangkurat, kang rayi matur wot sari, yen kula datan sembada, ature kang pra dipati, mapan pun Surapati, angabdi dhateng pukulun, dene mangke tinedha, winastan mongsa kumpeni, tinurutan inggih dipuntedhakena. Nanging abdi dalem jawa, sampun wonten angrewangi, amburu pun Surapatya, dimen cinekel pribadi, apan pun Surapati, tan darbe dosa pukulun, inggih dhateng paduka, yen abdi dalem ngrewangi, yekti tuwan anyarkara tanpa dosa. Dene sami bongsa Islam, den awoni ing kumpeni, paduka ingkang welasa, ngakena tan darbe abdi, dhateng pun Surapati, praptane nagara ulun, punika angawula, dhateng abdi dalem patih, Nrangkusuma enggenipun asuwita. Arujuk wau sang nata, nenggih ature kang rayi, gumujeng sarya ngandika, iya bener iku yayi, ing mengko surat mami, kawrata anengsul-angsul, dene kumpeni meksa, anjaluk Surapati, sekarepe iya den cekela. Eh si Arya Sindureja, sira metuwa den aglis, dhawuhena mring ajidan, wecakna timbalan mami, lan tundhungen den aglis, lan putusana sireku, ngaterna ing Semarang, lawan apracaya maning, kang sun tuduh rumek Samarang si Etak.

Angaturi uninga sarehning Raden Mas Citrasudirja (Surana) kesah dhateng nagari Welandi, ing mangke ingkang karsa ambyantoni dados redhaktur serat *Bra Martani* Tuwan Pilip amtenar sepuh ing Surakarta. Jonas Portir en.ko.

Sasampuning behdhipun kraton ing Aceh, kapyarsa ing kitha Segrapen andrelan, daluning tanggal kaping 30 Januwari ing dalemipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana minister pan koloni, dipunsuledi diyan gas saklangkung abyor tiningalan sadaya amratandhani ungguling jurit wadya bala ing Nederlan Indhi.

Balon gas ingkang pancen kangge bilih tingalan dalem kanjeng raja dipuntepangaken saha kasuled, saklangkung agengipun pista wau pinten-pinten ingkang anuweni, busana pating pancurat, salebeting dalem karengga kadi patamanan, kathah sesekaran ingkang edi-edi, ing ngajengan dalem dipunetrapi gapura mawi gagambaran mratandhani tentrem ing ubengan asmanipun senapatining prang sarta komandhaning wadya bala ing dharatan sarta ing lautan ingkang sami majeng ing rana.

Inkang anedhaki pista wau Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom prinesan oranye, para minister, para wakiling ratu-ratu, para lid-lid ing setatrad, utawi para lid-lid ing setaten jendral, para abdi dalem pangageng ing kadhaton, para militer ageng-ageng, para antenar ageng-ageng ing wewengkon ministeri koloni utawi wewengkon marine, para punggawa ageng-ageng, tuwin para asal sarta abdi dalem komisarising ratu.

Para putranipun putri Kanjeng Tuwan Jendral fan Switen sami katimbangan marak ing kanjeng ratu Nedrelan, lajeng dipunpanembrama awit bedhahing kraton Aceh.

Sareng para wanodya badhe mundur, kanjeng ratu karsa amaringi kagungan dalem gambar sorot pratondha sih dalem.

Punika anyariyosaken lalampahanipun

Kanjeng Tuwan Inkang Wicaksana Litnan Jendral I.pan Switen

Ing pandugi wonten paedahipun bilih angandhakaken lalampahanipun Jendral pan Switen ingkang saklangkung rakaos sadangunipun, mongka awit kala yuswa 14 taun sampun andherekaken dhateng nagari, wasana ing sapunika sareng panjenengan sepuh amagawan, sang prawireng jurit kapundhutan damelipun malih dening sang ratu.

Wonten priyayi musanif anyebutaken ing salebeting babad perang Boni, Jendral pan Switen kaupamekaken senapatining prang ingkang mojog pyambak, priyagung ingkang sakalangkung rumaketipun dhateng gupremen ing Indhi Nedrelan, dalasan sasampunipun kendel saking pangastaning padamelan ageng inggih taksih katawis setya tresnanipun.

Jan pan Switen priyagung kasusra ing pundi-pundi, wiyosanipun ing kitha Main tanah Eropah. Inkang rama asmanipun Johannes pan Switen ingkang jumneng litnan kolonel pan setiap ing Indhi Nedrelan, ingkang ibu anama Luwisah Seyane Brojiye tedhakan saking bongsa luhur ing nagari Prasman, nalika kinalinggar saking nagari ngiyub dhateng nagari Nedrelan.

Nembe yuswa 14 taun Jan pan Switen sampun malebet militer dados polenter inpantri ing apdeling 17 ing Nedrelan, sareng sadasa wulan malih kakulawisudha dados kadhet kalih taun laminipun, sareng kaping 26 Agustus 1824kajungjung dados twedhe litnan samanten yuswanipun 17 taun, ugi taksih salebeting apdeling 17.

Sarehning nalika samanten nagari ayem tentrem, pan Switen boten andadosaken sarjuning panggalih, asesepenan sadangunipun sakalangkung angarsa-arsa sageda aneteraken ing katemenan dhateng nagari.

Wasana perang Dipanagara ing tanah jawi pinuju ramenipun, pan Switen kalilan panuwunipun lajeng bidhal saking Nedrelan kala ing wulan Nopember 1826 dhateng nagari Jawi, sareng salebeting wulan Januwari 1827 prapta ing Batawiyah.

Jan pan Switen kalangkung anelakaken ing kawanteranipun salebeting paprangan saingga dipunparingi tetenger rindering wilemse ordhe pirdheklas nalika samanten yuswanipun nembe 21 taun, lajeng wangsul dhateng Nedrelan. Boten dangu kakulawisudha dados irste litnan kaprenahaken ing apdeling 1 nunten kapindhah ing apdeling 12 saha andherek perang ing Belgi awit taun 1830 dumugi taun 1834 pan Switen taksih dumunung wonten ing Belgi, [...] taun 1834 mangkat malih ngajawi, naning sampun mawi ngagem medhalye prang jawi astha 8 sarta metalen kruwis, salebeting wulan September 1837 prapta ing Batawiyah, elet kalih wulan lajeng kakula wisudha dados kapitan.

Wasana ing dalem sadasa taun laminipun wadya bala ing Indhi Nedrelan sakalangkung ayem tentremipun, mila boten wonten ingkang saged aningalaken ing kapurunane, pan Switen wasana sampun minggah ing lenggahipun jumeneng mayor lajeng dados litnan kolonel nunten kalurugaken dhateng Sumatra ing salebeting taun 1845 sakalanngkung kawanterane, saingga kaparingan rindhering wilemse ordhe dherdheklas nalika wulan Dhesember 1846.

Sareng ing wulan Maret 1848, pan Switen kapiji dados lurah ing jendralen setap ngalurug dhateng Bali kaping kalhipun, boten dangu ing wulan Juni 1849 kapiji angomendhani wadya bala ing dharatan perang kaliping tiganipun ing Bali sarta kapasrahan pandamelan komisarising gupremen atas prakawising praja Bali ngantos saged anggiligaken, sareng ing wulan Dhesember 1849 pan Switen kaparingan tenger dados rindhering ordhe Nedrelan Senleyo awit katrimah anggenipun mranata nagari bali.

Angajengaken wekasaning taun 1849 oprestedhan pan Switen kaangkat dados kolonel saha guprenur ing Sumatra anguwasani ing nagari saha wadya bala ing tanah ngriku saha kajungjung dados jendral mayor nunten kakula wisudha malih kadadosaken litnan jendral, komendhaning wadya bala prajurit ing Indi Nedrelan. Dene salebeting jumneng dados litnan jendral wau sakalangkung adil amarentahipun, mila salaminipun boten ical-ical taksih sami kaengetan, sabab ing ngajeng panjenenganipun Kanjeng Tuwan Ingkang Wicaksana pan Switen ingkang kagungan karsa angaturaken ing sampeyan dalem sri maharaja saengga blanjaning para opsir dipunindhakaken.

Nalika Kolonel Maloson kagalih lungkrah anyenapati perang ing Boni kang kaping kalih, Litnan Jendral pan Switen ingkang anyuwun dipunsulihana upsir sanes, ananging kanjeng tuwan ingkang wicaksana gubrenur jendral boten amarengi, ingkang kapiji inggih maksa litnan Litnan Jendral pan Switen kinen anyenapati pribadi, awit kanjeng tuwan ingkang wicaksana sampun anginten bilih etraping perang saklangkung remben, dhawah pangandikanipun kanjeng tuwan guprenur jendral boten wonten kakalih para prawireng jurit ing tanah jawi, ingkang kagalih kaonggah anggiligaken prakawis kajawi Litnan Jendral pan Switen sabab gubrenur jendral sampun sampun amasthekaken ing lepas putusing kawruh sang sureng jurit.

Jendral pan Switen saksana tumandang anyeda pateni perang, nanging nalika samanten kaengetan lepiyanipun kala perang Boni sapisan lajeng kapara amambengi suraosing serat kakancinganing kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral kang katiti mangsan kaping 21 Dhesember 1858 angka 13 anyebutaken bilih pamancasing prakawising praja ing Boni punika maksih langgeng kabebahaken dhateng kang jumneng guprenur ing Makasar, manawi sulaya ing raos sulaya kaliyan ingkang nyenapati ing perang dipun rampungana dening amtenar sipil.

Litnan Jendral pan Switen waskitheng tyas anyuwun pejahipun sesebutan wau dipunsakajeng pamsudine, mila serat kakancingan lajeng kaewahan suraosipun manawi wonten raos ingkang sulaya inggih Jendral pan Switen ingkang angrampungana. Sareng Litnan Jendral pan Switen bidhal saking Batawiyah nalika tanggal kaping 21 Oktober 1859 badhe angleksanani pakaryan ageng wau, para ageng ing Batawiyah saklangkung seneng ing galih, amasthekaken wilujeng ing damel sabab sami apitados kawicaksananipun Jendral pan Switen atasing padamelan perang.

Dene menggah babaring perang Boni ping kalih boten susah kacariyosaken awit kaceluk sanget kenging kawastanan kondur saking payudan mawi rinenggan perang.

Sareng tanggal kaping 21 Nopember 1859awit malih paperangan ing Boni, tanggal ping 8 Janawari 1860 wonten undhang dhumateng sarupining wadya bala bilih nagari Boni nungkul babar pisan, sakalangkung rakaosing wadya bala nalika ngesuk dumugi lelebetanipun nagari Boni, kathah para prajurit sarta baihta perang ingkang prapta dumugi ing panggenan, kang kamanah boten badhe kenging kaambah ing tiyang punapa dene malih Jendral pan Switen sampunaningalaken bilih mriyem makaten langkung saged amikantuki katimbang kaliyan ingkang rumiyin-rumiyin.

Aliya saking punika Jendral pan Switensakalangkung dipunkaluludi dening para karerehanipun, iklas anggenipun amutusi prakawis, ananging boten ginggang sanyari kaliyan wuwulang pinardining perang, makaten punika amratandhani nalika sinuba-suba dening karerehanipun mawi dipunaturi aboja krama dening para upsir ing pabarisan palakta (Makasar), malah sakalangkung asring tiningalan saking boten pepaking pirantos, sabab adamel pista ing salebeting payudan.

Dene menggah ashipun kanjeng tuwan Litnan Jendral pan Switen dhateng karerehane kenging karaosaken saking sesebutaning nawala kanjeng tuwan dhumateng ratu ing nagari Boni anembung nedha pasiten alit kadamel ngubur para wadya bala ingkang katiwasan pejah, ing ngriku woten ungel-ungelan angaturaken panrima kula dhumateng raja ing Boni, kadi ing ngandhap punika: *saklangkung panrima kula dhumateng tuwan raja, sampun anyukani papan kadamel kuburan, sabab dahat ing tresna kula dhateng karerehan kulasasat anak kula pyambak.*

Tetembungan wau boten ngemungaken ing lair kemawon, sabab Litnan Jendral pan Switen sampun asring-asring aningalaken tresnanipun dhateng wadya bala, sadangunipun angomendhani ing salebeting Indhi Nedrelan manjila sanget katimbang kaliyan priyagung senesipun ingkang minggah kadrajatane mung amrelokaken sariranipun pribadi kasupen ing purwa wasanane.

Sareng Litnan Jendral pan Switen rawuh wangsul ing Batawiyah sakalangkung anggenipun sinuba-suba enggal kasinungan tetenger kumandur wilemse ordhe, sabab liya saking kawanteranipun Litnan Jendral pan Switen sampun angungalaken sakalangkung titi surtine praja.

Kalih taun malih sasampuning perang Boni kanjeng tuwan Jendral pan Switen taksih ngasta panguwasa ing Indhi. Ing salebeting wulan Agustus, panjenenganipun Litnan Jendral pan Switen saged amambengi para saradhahu sanesipun bongsa, ingkang badhe damel resah saha miruda, ewadene sanadyan kagungan dalem leger sakalangkung anbondhetana kanjeng tuwan jendral inggih maksa seleh margi badhe angayemaken sarira.

Sareng tanggal kaping 1 wulan Juli 1872 kanjeng tuwan jendral saking karsanipun pyambak kaparingan rereh saking kalenggahanipun sarta kasinungan sakalangkung panrimah ing kanjeng gupremen saha kaparingan dhahar pansiyun, nem Akhadipun malih kanjeng tuwan mancak saking Batawiyah kondur dhateng Eropah, nalika samanten boten pisan-pisan anginten bilih elet sawelas wulan malih dipunpinta praya dening kanjeng tuwan ingkang wicaksana Gubrenur Jendral Laudhen, awungu pangasonipun awit nagari ngarsakaken mundhut damelipun malih, mongka sampun wonten 52 taun anggenipun angrembat ayahan nagari, dalasan ing nagari Jawi sambatipun angayang elik, nuwun wangsul malih sang jayeng prang sepuh, kanjeng tuwan ingkang wicaksana minister pan koloni awit saking pangandikanipun sri maharaja angaturi dhumateng kanjeng tuwan Jendral pan Switen anyuda patenana yuda dhateng Aceh.

Dene bab kasagahanipun kanjeng tuwan Jendral pan Switen wonten nalar ingkang prayogi kapratelakaken kadi kang kasebut ngandhap punika.

Jendral pan Switen wau ingkang kawastanan sudarma temen-temen sadangunipun amandhita ingkang dipunremeni sesepenan rinubung ing sanak sadherek amarsudeni para putra wayah, asring-asring kanjeng tuwan Jendral atedhakan kadi tiyang alit wonten ing kitha ngebos utawi Sekepeningen (Eropah).

Sareng kanjeng tuwan ingkang wicaksana Minister pan der Put atedhak tutuwi malih sarta angampil piyagem dalem serat kakancingan ingkang anetepaken dhumateng Jendral pan Switen kajumenengaken senapatining prang ing Aceh, tuwin katanggap kakojahipun punika Jendral pan

Switen lajeng amastani priyagung satunggil kalih kang kakanten kacongga amenggalani perang, sareng sami ruket anggenipun imbal wacana, kanjeng tuwan jendral mawi angrembagi makaten-makaten, nunten kanjeng tuwan kang wicaksana minister pan koloni tangginas anyaut pangandika lah bok inggih tuwan peibadi ingkang nglabeti angetrapna kawicaksananipun supados amitulungi dhateng nagari, Jendral pan Switen amangsuli aris, bilih panjenenganipun karaos sampun sepuh, nanging sang minister tan karsa dhereka, boten dang ugendral wlengga kajiwit karaos ing daging, wungu sih welasipun dhateng ratu sarta nagari lajeng gilik golong pikiripun saksana anyagemi, nunten jengkar saking nagari Walandi, angrasuk praboting jurit malih.

Sanadyan taksih kathah nalaripun ingkang kenging kadamel wawaton amambengi suprandene kanjeng tuwan Jendral pan Switen lajeng sumanggem awit katresnanipun dhateng wadya bala ing Indhi saha adreng anglabeti karsaning ratu, ing pundi-pundi manawi kagepok preluning ayahan dalem Jendral pan Switen lajeng karsa tumandang.

Amila ingkang sami maos karsaha sampun anggalih entheng sabab kanjeng tuwan Jendral pan Switen nalika samanten sampun panjenengan sepuh sanget, kenging kaupamekaken uwanen salebeting payudan dedeg pangidegipun rehne sampun langkung linggir kapara tumungkul, ulatipun amratandhani yen sampun tuwuk anglampahi kesel sarta kasangsaran, punapa dene malih Jendral pan Switen sakalangkung awrat parembatanipun nalar saking kathah ing sagotra, salaminipun ngasta padamelan boten pisan saged asisimpen lah punika kawontenanipun, rehning Jendral pan Switen ingkang dipunimpi-impi saged ananggulang ing prang.

Sanadyan wonten serat kabar ingkang suraosipun semu supe amratelakaken prajangjinipun sang prawira sepuh mawi karengonan sawatawis, saderengipun bidhal saking Eropah suprandene maksa kathah ingkang sami asih sarta amujekaken.

Punika angandhakaken sadherek jaler kembar

Sarta dhempet

Tiyang jaler dhempet wedalan saking negari Siyem ingkang sakalangkung anggumunaken atasing kang tumitah, ing sapunika kawartosipun ngajal sareng sadinten, ing suraos anetepi paribasan saroning tunggil saingga dumugi ing jaman kalanggengan awit anggenipun lair sareng sakala, rabi sareng, kukubur inggih sareng. Wondene wastanipun kembar dhempet wau: satunggal kaceluk Sang Bingkre, satunggal malih anama Eng Bingkre, kalairan ing nagari Siyem nalika taun 1811, tiyang sepuhipun sami saras-saras tanpa cacad, serat pranataning lair suraosipun inggih boten wonten kikiranipun.

Sareng lamlami pun kembar dhempet dipunwarahi dneing tuwan unter saha tuwan Kapitan Kopin, mangkat saking Siyem tanggal kaping 1 April 1829 kesah dhateng nagari Amerikah, sareng tanggal kaping 16 Agustus mentas saking kitha Nuturipurt lajeng dhateng Bonton dumugi ing salebeting wulan Oktober taun 1829 ugi sami alerep ing Amerikah anuweni kitha Profidhanse saha kitha Piladhelpiya tuwin kitha Neyoprek, lajeng kesah dhateng nagari Eropah.

Sasampunipun aningalaken sarirane dhateng para luhur utawi para isining nagari ing kitha ageng-ageng wewengkoning Egelan sami wangsul malih dhateng Amerikah nalika tanggal kaping 4 Maret 1831, sareng ing taun 1835 pun kembar mangkat malih dhateng kitha Paris, Brusel, Anwerpen saha ing Rokterdham tuwin liya-liyaning kitha ing nagari Eropah. Sareng sampun angsal sangu kathah sanget wangsul dhateng amerikah malih, nunten salebeting taun 1842 sami arabi pangijapipun nalika tanggal kaping 13 Nopember taun punika ugi, ingkang dados jatu kramenipun anaking pandhita kakalih, pakramenipun wonten ing greja wewengkon kitha Karolinah sisih ler, Kenmariyah Grinwud dhaup kaliyan Sang, Katarinah Grinwud dados semahipun Eng, anggenipun salaki rabi sakalangkung atut sarta wredi, sang apatutan lare estri nenem jaler tiga, Eng apatutan estri tiga jaler nenem.

Sapraptanipun kembar dhempet wau para tiyang sami seneng paukiranipun inggih bongsa siyem nanging alit sarta ringkih, Eng ingkang ageng pyambak, inggilipun 5 kaki 2 ½ dim Sang inggilipun namung kirang sadim sarta ragi wungkuk.

Manawi sami angadeg pun Eng tanganipun kiwa sarta pun Sang tanganipun tengen kaprenahaken ing gejer, ewadene dipunprenahaken ing ngajenge inggih gampil ugi.

Manawa anedha jagong ing ngajengan meja ingkang wonten ing kiwa gampil kemawon anggenipun molahaken tanganipun ingkang tengen, yen busana sami ajeng-ajengan.

Sadherek kakalih wau angujudaken manusa kakalih gadhah kajeng pyambak-pyambak, namung ingkang dhempelaken babalungan ingkang reraketan kaliyan dhadha, pun kembar swantenipun saha raosing manah sami benten, mung ing panggenaning kandhet ingkang anepangaken raos satunggil-tunggil panjang satengah dim, punika bilih kagrayang sami kraosipun sumegok.

Aliya saking punika raos utawi kaneson sasaminipun inggih boten nunggil dalasan yen ngelih, kasatan utawi yen kraos ngantuk inggih boten sarengan, namung kala gabagen utawi sakit benter tis punika sami katrajang sareng, nalika sakit untu inggih nyatunggil.

Inggik anggumunaken sanget bab pandhempeting sadherek jaler kakalih wau makaten: daging pagandhet wau panjangipun kawan langkung satengah dim, ubengipun kawolu tengah dim, kandelipun tigang dim satengah udakawis kaliyan lengening tiyang jaler, sadhatengipun ing Enggelan kembar dhempet wau katitipariksa dening sarjana tuwan Simson, saengga amratelakaken pamanggihipun konjuk ing ratu, sampun pinten-pinten taun kembar dhempet wau amanti ing kitha Ferem sisih ler Amerikah, tanpa pangupajiwa sabab tampi bungahaning paitan, dereng lami wonten kabaripun bilih kembar dhempet wau sedyanipun kinen anyigar kalih sarana para dhokter ingkang lepas ing kawruh, ananging saestunipun sadherek kakalih wau boten pisan-pisan anyipta pisaha malah sakalangkung rujug senengipun sami, saingga dumugi ing mongsa ingkang satunggal akraos badhe mantuk ing kamuksan, sareng sampun ajal ingkang satunggal malih wegah kantun sarta karaos sungkawa lajeng anututi ajal let kalih jam.

Koran saking Padhang amratelakaken bilih wadya bala ing Madunten kala perang ing Aceh, saklangkung kakendelanipun ing ngajeng nalika perang sapisan, wonten ingkang maiben kawentarane, ananging nalika perang kaping kalihsirna sumelangipun sami sabab saklangkung kapuruning barisan Madura, malah kacariyos duk ajeng-ajengan kinarutug ing mimis punika atrapipun barisan saklangkung tatag sasad sami angladhen.

Ngayogyakarta

Sekar durma ingkang murwa carita, caritaning prajurit, ing Pakualaman, keng samya abantu prang, dhateng ing nagari Acih, antuk nugraha, unggul raharjeng jurit. Manujya ri Salasa paing samona, wulan sura tanggal ping lek ira gangsal, wlas warsa alip kang tompa, sangkalanira winilis, gunane sirna, bremananing narpati. Wanci pukul sakawan ing praptanira, setatsiyon nagari, ing Ngayogyakarta, tan antara tumedhak, saking sepur weh ekastra trin, pinethuk sigra, nireng ing kanjeng gusti. Pangran Adipati Surya Sasraningrat, miwah priyageng wlandi nenggih kanjeng tuwan, residhen ing Ngayugya, wanten dhorep lawan malih jekel tuwan, asisten residhen. Opreste lan upsir amangirit wadya, sagung bala inpantri alteleri miwah, dlagunder seketerlan, musikan kratontenapi Pakualaman, pangiriding prajurit. Pangran Suryadilaga titindhih ira, dene priyayi jawi ingkang samya kurmat, methuk ing sepur weyan, para bupati pulisi prayitneng baya, sarta ingkang mangirit. Sira radyan tumenggung Gondakusuma, pulisi jro nagari tandangira sigrak, sumbaga masisiran, tansah prayitna ing westhi reh kathah janma, ingkang samya ningali. Kuneng wau kang samya kurmat sadaya, gantya kang lagya prapti upesir sakawan, arja ing lampah ira, prajurit ingkang acicir namung sawelas, pejah kinging sasakit. Sanadyan tatar tumut magut ing yuda, suwure menang jurit, munah satru dinya, singgeng prebawa nira, ing gusti pangran dipati saha supangat, tira kanjeng gupremen. Wus ira sing sepur weh ngubengken sigra, pra dhebereh kang biting de pra tuwan-tuwan, sami pasang bandera, sangajeng ira pribadi saurut marga, pinasang gapura sri. Dene gongsa tinata tepining marga, pinapanken uyaning umyung swaranira, nembrama mring keng prapta, wus dugi mubeng prapta mring Pakualaman, aglar pasowan jawi. Wonten ngriku pinriksanan kanjeng sultan, saha garwa myang sami tuwin kanjeng tuwan, residhen saha garwa, asisten residhen ugi nyonyah pra tuwan, jibeg samya ningali. Pra

nanonton jalu estri yel-uyelan, dhesek-dhinesekek pipit, dabag arantaban, supenuh abalabar, ngelebi ing margi-margi wanci jam gangsal, denira ngaso sami. Roncenira carita datan ginustha, kocap sri narapati kondur angadhatyan, sagarwa saha putra, tuwan residhen sarimbit, asisten miwah, pra tuwan-tuwan sami. Baya ika kang prapta kinen abibar, sadaya ngaso sami mantuk sowang-sowang, wusah lega ingkeng tyas, dene jeng pangran dipati marwata suta, pangajap prang basuki. Titi sinrat wonten nagari Ngayugya, wulan sura tanggal ping songalas de warsa, alip ingkang atompa, sangkala nira winilis, dahaneng tawang, dyi pangganing sang aji.

Nalika dinten Jumungah Kliwon wantawisipun jam $\frac{1}{2}$ 1 wulan sura punika ing dalem karesidhenan kalebetan gelap, kanjeng tuwan residhen pinuju pinarak ing galdi ngajeng kaadhep tuwan juru basa Oto Aren Osker pan dhen Bureh kalih tuwan Genorge winsekeng, tiga raden tumenggung, gondakusuma, rahayonipun pun gelap ater prebawanipun, naming saking santering ungelipun adamel kaget sanget, rantenipun kaset jam raden tumenggung Gondakusuma ngantos pedhot dhel, pun gelap bersot medal ing jawi, nyampar bulusan karetanipun tuwan wig sekeng ngantos risak, kapal jola lumajar, gelap dereng narimah adamel risaking kareta lajeng gebles angeneni satunggal lembu kagunganipun kanjeng tuwan kapisanan pejah sekala.

Bab ambah-ambahan sasakit kolerah sabakdanipun kyahi dhokter Tunggul wulung dipunubengaken sajawi nagari sampun sirna, sapriki boten wonten kolerah ingkang purun nyelaki dhateng para kawula dalem, kawontenanipun nagari dalem ing Ngayugyakarya wilujeng. Amin.

Manguncarita.

Tetembungan satunggal lembu punapa boten lepat. Redhaksi.

Seratipun panjurung VDK manawi maksa kapurih amacak kedah dipunsangling kedhik sabab kaparak wadhagen manawi kapacak ing koran, ingkang dipunwaos sarupining tiyang agung alit kalihdene wonten tetembunganipun palenggahan dalem punika punapa boten sakalangkung saru. Redhaksi.

Punika Cariyos Babad Mataram

Panganeha neng dedalan, iya sirongga sumawis, Arya Sindureja medal, saprapta nira ing jawi, ajidan den timbali, yata dhinawuhken sampun, wus pamit sigra medal, lan sampun kawarteng kang jagi, kang ajaga pan ing loji Kartasura. Tan kawarna lampahira, yata wau sri bupati, aris denya angandika, ey yayi mas sang dipati, sira sun srahi kardi, dhawuhna timbalan ing sun, lamun si Surapatya, yen jinaluk ing kumpeni, lan si Nerangkusuma sun karya wayang. Lan sagung para punggawa, sira undhangana aglis, yayi aweya gegaman, iya marang Surapati, pangeran nembah mijil, punggawa kalih tut pungkur, sapraptanireng jaba, wadya ingundhangan sami, jeng pangeran wus prapta ing dalem ira. Sagung para dipatya, ing dalu ngundhangan sami, dhateng dalem kapugeran, tanapi rekyana patih, myang Raden Surapati, kapugeran sampun rawuh, tata sami alenggah, sagung kang para dipati, jeng pangeran andhawuhaken timbalan. Eh adhi Anrangkusuma, timbalane sang narpati, yen lamun si Surapatya, jinaluk marang kumpeni, sira kinarya ringgit, yen si Surapati purun, amanggut dutaning sang, kumpeni saking Batawi, kapitan Tak kalokeng aneng Japara. Nanging kang wus ingandikan, marang kanjeng sri bupati, kaya paran sanggup ira, lamun sira nora wani, nuli lungaha aglis, saking nagri Karta purun, yen sira wani lawan, kakang prabu kang ngideni, lan maringi kanthi iya maring sira. Pun Surapati umatur, dhuh gustiku sang apekik, sanadyan jendral dhatenga, ngeriga wadya Batawi, wuwuh akethen anendran, kawula datan gumingsir. Inggih kawula apurun, yen wonten idi narpati, prasasat paripih jimat, lebura awor lawan siti, wus kasedya dalu siyang, pejah lawan kumpeni. Ing pinten banggi pukulun, yen kawula meksih urip, angsala barkat sang nata, rakanta paduka aji, mesem pangeran dipatya, sarya angandika aris. Nerangkusuma riningsun, yen estu kinarya ringgit, ing sapari polahira, iya lawan Surapati, umatur rekyana patya, gumujengsuka ing galih. Jeng pangran Puger amuwus, marang sagung para dipati, lah kabeh priyayi konca, padha aweya parastri, apa ing sasuka nira, pamiliye Surapati. Pun Surapati umatur, sampun liya saking keris, pangeran

mundura agya, anulya amundhut keris, sampun kedah kang biwara, paringa wuwung kang alit. Tilam mupih dhapuripun, mandaraka lamisani, miwah dhapur pasopatya, tanapi jalak andinding, kadar pira siyung ula, parandene amateni. Saksana para tumenggung, sami asung dhuwung alit, kang titih-titih kewala, kalih sareng atur bekti, bubar saking kapugeran, Nerangkusuma wus mulih. Ing dalem ira alungguh, anulya gaganjar abdi, prajurite kang prawira, busana emas lan picis, Raden Surapatya samya, kang wadya pinepak aglis. pinaring kulambi sampun, rinenda satebah sisih, sadaya lancingan ira, pan sami sangkelat abrit, pinanji rinenda pethak, ababenting cindhe wilis. Sami udheng pethak wau, kuneng gantya kang winarni, duta ajidan wus prapta, ing loji Japara nenggih, dhapet Etak sudhah bilang, ing lampah ira tinuding. Tuwan pinanggih sang prabu, Etak langkung sukeng galih, wus budhal saking Japara, ing Semarang den margani, mas rongga iku wus tompa, timbalane sang narpati. Kapiten Etak wus rawuh, aneng nagri ing Sumawis, kapanggih lawan mas rongga, Yudanagara Samawis, sinaosan sakarsanya, kalih dalu neng Samawis. Saking Semarang wus laju, mas rongga apan umiring, rumeksa aneng dadalan, tundhan sangune cumawis, datan kawarna ing margi, ing Bener pan sampun prapti. Apan arerep sadaya, anulya atur upaksi, wus katur marang sang nata, yen kapitan Etak prapti, aneng benar saha bala, angasokaken wadya lit. nulya tinimbangan iku, Sindureja kang lumaris, wus akarya pasanggrahan, ing Toyadana miranti, si Etak lamun wus prapta, sira panggila den aglis. iya Sindureja gupuh, pan sampun nampani wangsit, ngirit punggawa tatiga, ing Toyadana wus prapti, karya pasanggrahan denya, kapitan nulya pinanggih. Mantri kalih kang lumaku, animbali Etak aglis, agupuh sigra umangangkat, kawarnaha sri bupati, neng ponca niti sineba, dyan jangrana munggend ngarsi. Dipati Surabayeku, pan kinen ngobong-ngobongi, ing paseban kidul ika, sarta surak kadya atri, ginumyaken Surapatya, kalamun ngamuk ing puri. Yata wau lampahipun, kapitan Etak wus prapti, Toyadana sawadya, pan sampun tata alinggih, lawan Arya Sindureja, rahaden tabeyan aglis. sagung upsir agupuh, kumroyok tabeyan gipih, tanapi kumpen iIslam, pan sampun tata allinggih, kapitan Etak wacana, pan dinuta ing sun iki. Ing jendral tuwan gurnandur, anjaluk mring Surapati, kathah dosane mring jendral, sarta jendral atur bekti, baludru bang lawan jenar, pan inggih kalawan malih. Yen taksih kinen anjaluk, kang aran pun Surapati, Aryasindureja mojar, iya maksih neng sang aji, nanging ora angawula, dhumateng sri narapati. Karsanipun sang aprabu, asraha marang kumpeni, pun Surapati babandan, nanging karsane ki patih, langkung dene kinekahan, apeksa barenga mati. Apan Surapati wau, abongga marang narpati, punapa kumpeni mirsa, yen Nerangkusuma iki, mengsah dhateng sri narendra, anglabuhi Surapati. Mangsah ing sadine besuk, sumedya anggempur puri, kang kidul paseban jaba, punika dipunobongi, yen sampuna enggal prapta, jeng Pangeran Puger iki. Atulung marang sang prabu, yekti bedhah jroning puri, Etak gegetun miyarsa, tepiyonira banting brengosira cinakotan, kapitan Etak sru angling.

Kabar tanggal kaping 16 Maret, para congcon apyan dipunbalithuk ing antaranipun dhusun kaliyan sakaliyan Surakarta, wonten tiyang jawi ingkang numpak sepur anguncalaken bungkusan saking kreta nomer 3 udakawis werat 50 kati, sareng dhawah katadhahan dening titiyang ingkang pancen sampun anjageni ing ngriku, awit katingal sami sikep dadamel pedhang waos 12 cacahipun tiyang, boten sumelang malih yen bungkusan ingkang kauncalaken wau isi apyan. Sareng kreta majeng malih boten antawis tebih wonten bungkusan alit malih ingkang kauncalaken, inggih ugi katanggapan ing titiyang, amratandhani yen bungkusan wau isi apyan. Konca kondhuktur saksana lapur, tiyang ingkang nguncalaken bungkusan lajeng kakunjara.

Tanggal kaping 16 Maret wonten tiyang jawi wedalan saking Ngayogya, umpet-umpetan sangandhaping meja ingkang kadamel main po, lajeng angrayah yatanipun kang dados bandar, sareng mlajeng dipuntututi kecandhak wonten ngajeng-ajenganing griyanipun kapitan cina.

Ing dinten Kemis kang sampun kapengker tanggal kaping 16 Maret, ingkang nyepeng rumah makan ing Surakarta angintunaken kreta sarakitanipun nenem kadamel methuk tamu, sareng dumugi ing bangak rakitan dipunrucadi saha kacancang ing kakajengan, priyayi kusir sakenekipun lajeng angarsakaken sareyan, nanging kalajeng tilem pules. Sareng sampun katingal kapatos anggenipun sami sare, wonten durjana pandung. Kapal rakitan ingkang sae pyambak kapundhut sabab sekelangkung remenipun kyahi durjana, dene priyayi kusir sarta kenek kalajeng nendra boten sumerep yen dipunceler. Sareng sami wungu kaget rakitan kalong satunggil, dipunpadosi boten wonten ingkang saged jarwani, para titiyang wangsulanipun aguyup: boten sumerep.

Para congcon apyan kasukanan pirsaka kabar ingkang anyenengaken bilih nalika ing dinten Kemis tanggal kaping 12 Maret, ing salebete Surakarta sampun andhatengaken apyan kalampahaken sepur, kathahipun 7 bungkus ageng gunggung werat sadaya 432 kilo, kenging kapesthekaken bilih apyan wau boten badhe kacendhak mongka 432 kilo.

Manawi ing tembe kapireng malih yen wonten lampahing apyan makaten atrapipun, kula inggih badhe andongengaken.

Serat kabar *Porste Landhen* amratelakaken bilih tampi wewretos saking Ngayoja, yen bab pangayeming praja ing ngriku taksih kikirangan sanget, wonten tuwan kang nama: Dhe ge punika dipunsaba ing durjana ngantos kaping kalih, mongka griyanipun wonten salebeting wingkingipun loji alit kathah anggene mundhuti para durjana, punapa barang ingkang dadosaken parengipun dipunusungi. Pirantos dhapur sendhok, gerpu, lading sapanunggilanipun kabektanan sadaya.

Pandung satunggal malih ingkang dipuntindaki, griyanipun tuwan apoteker Dhe ge prenatal wetan pasareyan welandi, ing ngriku anggenipun ambikak gelar, banon keliripun kapenek lajeng manjing ing griya amendheti barang warni-warni, nunten kesah anggendhong barang wau, boten mawi kawanguran, suprandene ing cecelakan [.....] patrolan. Ondha ingkang dipunangge ing durjana kadamel menek banon kelir, boten liya inggih andhanipun ingkang dipun pandungi, watawis saking sakalangkung petengipun mila konca patrol boten nyumerepi, tujunipun ing Ngayoja yen dalu sakalangkung padhang akencaran awit kapasangan dilah, cacdipun sarupining gredhukirang anggenipun aniti pariksa nalika ing dalu, mila panendraning konca jagi boten benten katimbang kaliyan tilem ing griyanipun pyambak, boten maiben yen konca durjana anglampahaken damel bilih aningali konca patrol tilem pethengipun andhedhet, sabab mokal yen kanca gardhu anetepi wajibipun ngantos kenging kalebetan pandung.

Inggih punika dereng kenging kawastanan bilih kapolisen ing ngriku tengen lampahipun.

Manawi murih angandhakaken jumaginipun polisi andadosna pamirsa, bilih raja pejah lare estri kirang langkung sawelas taun, sapriki sampun sataun laminipun ing panggenan celak blitaran kaliyan lepen code punika saingga ing mangke dereng pisan-pisan kapanggih titik utawi katranganipun, suprandene sakalangkung pamarsudining polisi.

Serat saking kanjeng tuwan ingkang wicaksana Litnan Jendral I. pan Switen, ajudan dalem sri maharaja Nedrelan lidrad pan state komendur saking bintang militer wilem sordhe saha komendur saking bintang leyo Nedrelan tilas gubrenur ing Sumantra saha tilas leger komendhan ing Nedrelan Indi, ing mangke jumeneng senapati ageng salebeting saganten wawengkon ing Aceh atasing prajurit dharatan miwah lautan, ingkang nyarirani jumeneng wakiling gupremen Nedrelan Indi atasing pakaryan politik dhumateng kanjeng Sultan Aladin Mahmudsah ingkang angrangani kraton ing Aceh.

Awiyos sarehne ing mangke awit sasatron malih saingga andhatengaken bala tantraning gupremen Nedrelan ing tanah Aceh, kula adreng anyerepaken dhumateng tuwan sultan menggah ingkang dados karsanipun gupremen Nedrelan, murih angidahaken dhumateng tuwan sultan supados sageda adamel prajangjeyan anyingkirana sarupining sangsara ingkang badhe tumuwuh saking asasatron.

Kala kanjeng gupremen badhe karsa angrampungu udur ingkang angrentengaken pamitranipun akaliyan kraton ing Aceh ing taun 1857, kula kapatah murih arurukunan kaliyan swargi Sultan Mansursah supados amimitran temen-temen saroning tunggil sampun sulaya ing pamanggih, kanjeng gupremen Nedrelan akaliyan Sultan Mansursah tuwin satedhak turunipun ingkang gumantos kaprabon.

Nunten sami adamel prajangjeyan, nalika ing wulan Maret taun 1857 sarta lajeng dipunasmani, cipta kula amasthekaken yen sakaliyanipun badhe lestantun sulaya manawi abdiningsultan pyambak puruna anyarantosani suraosipun prajangjeyan wau.

Samanten wau boten pisan-pisan dipunugemi, lampahan ing pranatan wangsul resah kados rumiyin-rumiyin, para dagang sarta ingkang dagang layar ing wawengkoning kraton Aceh boten pisan dipuniyomi barang drabekipun sami kekah kajarahan karayah sakajeng-kajeng.

Ing pulo Niyas ingkang salong dados kagunganings gupremen nedrelan pyambak, salong dipuniyomi kemawon inggih lestantun anyolongi tiyang kadamel dagangan, tiyang tutumbasan.

Awali-wali gupremen Nedrelan angengetaken, nanging tanpa amikantuki. Utusaning gupremen dipunuman-uman, boten pisan tuwan sultan amyarsakaken udur, ingkang dosa dipunubungi utawi kaluwaran tanpa ukum, wasana gupremen Nedrelan nembe kemawon angupadosi pratikel murih anggilikaken sulayanings raos, tuwan sultan mawi aminta sraya dhateng ratu sanes medal dhadhemitan supados alawan dhateng gupremen Nedrelan sarta sultan amasrahaken panguwasaning kratong Ngaceh dhateng ratu sanes.

Kanjeng gupremen Nedrelan ingkang sampun nyanggemi badhe anyantosani resikipun wawengkon ing Aceh sanadyan ing dharatan sanadyan ing lautan boten pisan kening anglegantunaken lalampahan ingkang anggempalaken prajangjeyan kala ing taun 1857 saingga angarsakaken utusan abdi dalem ingkang lenggahipun inggil pisan supados anedhaha katrangan dhateng tuwan sultan. Dhawahing pangandika dalem bilih boten amiyatani utawi kirang jangkekipun katerangan kasuprih nunten amasajanana yen gupremen badhe wiwit apearangan.

Tuwan sultan sampun kening dipuntedhani katrangan, nalika wulan Maret ing taun 1873, nanging wangsulanipun anyingkiri sarta boten jangkep mila gupremen Nedrelan lajeng amasajani sasatron.

Para militer abdinings kanjeng gupremen nunten sami amentas ing tanah Aceh saingga ngantos perang, nanging boten ngantos anjengkepi ing pekajengan.

Inggang punika manawi tuwan sultan anginten yen prajurit kawon perangipun punika lepat sanget, sabab karsaning gupremen boten pisan badhe angrebat kratonipun tuwan sultan. Inggang sayektos maksudipun badhe ambyantoni dhumateng tuwan sultan utawi abdinipun, ingkang pancen boten purun sumedya perang lawan dhateng ingkang remen sasatron tegesipun supados

anyukanana inak dhateng tuwan sultan utawi para abdi ingkang boten angayoni supados anerangaken prakawis.

Sarehning bab [.....] mila dados boten saged andumugekaken sedyanipun [.....] nagari jawi sabab kasaru ing ungsun rendheng sarta kikirangan dandoson [.....] utawi gudhang-gudhang kadamel anyimpeni pirantosing perang.

Wasana ing sapunika kula saklangkung amirantos boten susah wangsul malih angajawi saderengipun anggilkaken prakawis.

Kula awewreti dhumateng dhumateng tuwan sultan bilih kula ambekta bala bandhu saged alawan perang sagendhingipun mengsah, saradhadhu kula ewon ingkang sami kasikep sanjata pipiliyan, kula ambekta kapaleri ingkang saklangkung kebat acukat tangginas atrampil.

Mariyem kula langkung saking mesthi saged angremuk karaton sadasa, kula gadhah kapal asepi sami amriyantos dadamel mriyem saklangkung agengipun, kiyat ambombardir karaton saking lautan kemawon, punapa dene malih kula ambekta sawarnining pirantos perang boten wonten sakedhik ingkang kacingkrangan saingga saged andamelaken papondhokaning sarupining saradhadhu.

Kula badhe amanti wonten tening Aceh sadangonipun, saingga sabedhaipun kraton murih adamel prajangjiyan malih.

Kula boten asumelang malih bab ungguling perang kula, nanging sakalangkung melas kula dhumateng abdinipun sultan, sakenging-kengingipun kula badhe angeman, sabab kula manah abdinipun tuwan wultan boten sadaya ingkang gumuyup sumedya perang, sanadyan tuwan sultan pamatawis kula inggih samanten ugi tuwan sultan rak inggih teksih timur dereng anyumerepi pyambak kasangsaraning perang, ananging kula ingkang sampun panjenengan sepuh sarta pancen kawajiban kula dhateng kaprajuritan sarta sampun rambah-rambah ing payudan, kula sampun kulina sanget kasangsaraning paperangan.

Mila ingkang krena Alah kula asung rembag dhumateng tuwan sultan sampun pisan-pisan anggega dhateng tiyang ingkang anyebul sumrih perang, sabab sadaya sami boten sumerep kadadosaning tiyang perang, ing ngajeng saupami tuwan sultan botena angindhani wangsulanipun tuwan sultan dhateng komisarising gupremen tuwan Niwen Isasen, nunten akarsaha utusan tiyang nemen amurih anyerepi prajangjeyan utawi karsaning kanjeng gupremen Nedrelan sampun amasthekaken bilih boten benthet sande perang, malah saged adamel prajangjeyan anyar ingkang wiyagah anyingkiri sawernining kasangsaran.

Tuwan sultan asumerepa bilih kanjeng gupremen Nedrelan karsanipun boten badhe amarintah miyambaki ing kraton Aceh utawi boten karsa amandherek-dherek bab agama Islam utawi adad ingkang pancen kangge ing tiyang sitinipun, ingkang dipunkarsakaken ing kanjeng gupremen Nedrelan namung sageda adamel prajangjeyan akaliyan tuwan sultan kados dening ingkang sampun kalampahan kala rumiyin kaliyan sultan ing Siyak sri Indrapura, malah manawi saged ambyantoni dhateng tuwan sultan murih kekah pangawasanipun sarta angiyataken pangerehing tuwan sultan dhateng para abdi.

Ing sapunika tuwan sultan kula pitakeni punapa kratonipun sultan ing Siyak Sri Indrapura saabdinipun boten anemahi karaharjan sareng sampun angiyub dhateng gupremen Nedrelan Indi. Pikantukipun punapa sultan karsa ambyarsakaken aturaning utusan gupremen komisarisi Niwen Isasen, para prajurit prawiranipun tuwan sultan sampun sami tiwas pejah, dagang layar sami kendel, paming tani saklangkung kathetheran, tiyang sitinipun mukim 25 sami angili pindhah panggenan griyanipun sami kabesmi, rejaning tiyang alit sami sirna, punapa badhe amikantuki bilih tuwan sultan anglajengaken subratanipun, amasthekaken bilih kathah para prajurit ingkang badhe tiwas, pinten-pinten pakampungan ingkang badhe kabesmen, pinten-pinten pasabinan ingkang badhe karisakan, sapinten kemawon kapitunaning karaharjan, mila yen ngantos sakalajeng kraton Aceh kacakup punapa ingkang badhe kadamel wawaton anyuwun apuntenipun ingkang unggul jurite.

Ing suraos kula punika dede satronipun tuwan sultan, sabab bongsa Nedrelan boten apeperangan mawinih saking sasengitan utawi sking sasatron anggenipun purun perang kapeksa sarta tumus saking wawaton.

Dene wawaton punika ing pundi-pundi kemawon ingkang dipuniyomi dening gupremen sarta ingkang kadunungan pangreh ing gupremen dadosa dagang utawi alayar boten amawi tiyang utawi bongsa, punika badhe dipunreksa saawak sarta barang darbekipun, mila ing sapunika kula anawekaken rembag dhateng tuwan sultan miyos saha ikhlas saking manah suci murih rukuna, sampun ngantos amaksa anglajengaken sasatron.

Kula amyarsakaken bilih wonten ingkang andorani dhateng tuwan sultan yen gupreman Nedrelan Indi sengit dhateng sarengatipun sultan sarta badhe angewahi adating tiyang nagari, punika amratandhani sanget adamel singkara, punapa kandhaning babad nagari Aceh boten pisan kasusra dene ngantos anggega dora cara makaten, bongsa Melajeng, Jawi utawi Boni boten wonten satunggal ingkang dipunpakewed sarengatipun utawi adat kalimrahane.

Kula amrajangji dhateng tuwan sultan bilih kula badhe anyakajeng sarengatipun utawi adat kalimrahaning tiyang nagari, malah badhe kula reksa sarta kula boten badhe amendhet padamelaning tiyang, utawi sesanggemaning tiyang punapa dene malih atasing among tani sapanunggilanipun ingkang wawaton mawi amaksa, kula amrajangji badhe amanglulusaken barang drebekipun sawiji-wijining tiyang punapa dene badhe anyatroni sawarnining ingkang kawade, saha boten badhe amewahi prabeya langkung saking ingkang sampun kalampahan sanadyan paprintahaning nagari inggih kula pasrahaken dhumateng tuwan sultan, amung ingkang kula puji sageda damel serat prajangjiyan kaliyan tuwan sultan kadi dening kala amrajangji kaliyan sultan ing Siyak Sri Indrapura.

Wasana anggen kula kintun serat punika dhumateng tuwan sultan boten awit saking sumelang wekasaning perang, kula sampun amasthekaken ungguling jurit. Anggen kula akintun serat punika awit kula ingajeng ingkang dherek angastani prajangjiyan nalika taun 1857 sarta awit sampun nem belas taun sepriki kula ingkang asung pirukuning saha pamitrane gupremen kula, manawi kenging badhe ngaping kalihi anggen kula anawekaken asiling pamitran, langkung prayogi katimbang kaliyan kasangsaran ingkang badhe tuwuh saking tiyang asesatron, punapa dene kula angajeni sanget murih kaloka asma kula dhateng sarupining abdine tuwan sultan, yayah ingkang asung ayam tentreming nagari, langkung prayogi katimbang manawi kawastanan priyayi ingkang awiwinih damel perang sarta angrisak nagari.

Ananging tuwan sultan karsaha anggalih manawi kula boten kenging dipundedangu, tegesipun kula kedah anglajengaken sedya kula angupados pamrih, menggah bongsa Nedrelan makaten saklangkung tangginas watakipun boten purun dipunsumadosi manawi sakinten saged rampung tumunten, manawi tuwan sultan karsa animbang raos panawi kula sarta karsaha utusan priyayi ingkang temen-temen purih amyarsakaken prajangjiyan kula utawi agigineman badhe rukunan inggih dipunenggalna, wasana kula pyambak boten badhe kendel anggen kula mirantos punapa caraning perang, manawi kula katandangan amasthi kula lawan, punapa dene malih manawi kula boten inggal tampi wangsulan, punika amratandhani yen aturan kula boten katurutan anyekajengaken dhateng para abdine tuwan sultan ingkang amaksa sumedya perang.

Semanten pamangsit kula.

Aceh, ing ngandhap punika pepethikaning serat kang katitimangsan

Bifak, kraton Aceh kaping 26 Pebruwari

Wiyosipun manawi boten lepat wadya bala wangsulipun ngajawi tengah ing wulan April, dene ing ngriki dipunngahi bataliyon inpantri kakalih saha atleri sawatawis, manawi boten lepat ingkang kapiji kanton ing Aceh batalyon 3 kaliyan 9 iba suka senenge.

Ing ngriki dereng pisan-pisan tentrem, liya saking punika panggenaning pondhokan sakalangkung nisthanipun, panggenan satunggal dipunenggeni litnan titiga sarta tetedhan sanget awisipun. Saben dinten tiyang Aceh taksih asring anyenjatani dhateng kraton sisih wetan, wingi dalu ngantos kaping salikur, nanging boten mawi amitunani samantena rehning asring-asring anabuh

tengara inggih rekaos. Murih ngiyubi kampung mariksa ingkang [...] sarta mimatran, wadya bala sawatawis sami tumandang ngantos kaping kalih, nalika kaping 12 akaliyan 15 Pebruwari kang kapisan ingkang kinen mangkat batalyon 6 sabarisan Madura, batalyon 9 kang sisih tengen sarta batalyon 14 wah mriyem, ingkang katungkulaken kampung kalih lajeng kadunungan wangsul dhateng tuwanku nik wadana dhusun mariksa, mula ngajeng punika ingkang bawahaken nalika samanten mriyem gupremen risak kencing mimising mengsah, nunten amejahi prajurit barisan satunggil ngalebti setabel kakalih saksana angrisakaken mriyem satunggil malih, sontenipun wadya bala sami wangsul dhateng bifak malih sowang-sowang, samanten ingkang pejah para saradhadhu 5 sakawan ingkang labet.

Sareng tanggal kaping 15 wadya bala saklangkung unggul juritipun dene ingkang sami mejang batalyon 3 ingkang sapalih sisih tengen, batalyon 6 ingkang sapalih sisih tengen, batalyon 12 sapalih ingkang sisih tengen, barisan Maduntan, batalyon 2 sapalih sisih kiwa, sarta batalyon 14 sapalih sisih kiwa, mariyem sabateri, sapir sapalatan, miwah kapaleri sawatawis, dene mangsupipun badhe angusir para mengsah saking kampung ketapang duwa murih saged anyebaraken undhang-undhang dhawahing senapati ambesmi jahar rayah boten pisan amarengaken, dene sasebutaning undhang wau makaten, andadekna kawruha nira sapadha yen papan kang wus manira degi iku ing saiki wus dadi kagungane ratu manira ing Nedrelan, mulane ora bakal manira uculake maneh. Para wong bumi kalilan bali umah-umah ing pakampungane maneh, anadene pakampungan liyane kang ambibidhung marang kampung kang wis nungkul bakal manira pundhut sarta manira lebur. Ing ngandhap punika lampahing baris.

Ing ngara-ara para wadya sami atata baris, megesloten batalyon inlinyi ingkang dipunajengi palisir ing pakampungan ateleri indhe interpel, sareng watawis tigang satus pan tebihipun wadya bala dipunlepasi mriyem saengga anatoni saradhadhu sakawan, wah litnan Bonamdherikol pupunipun remuk, juru manuduh marginipun dhateng dhusun katapang dhuwa lepat panuntune saking balilunipun utawi anjarak jalomrongaken wadya dipunirid anjujug ngajungan kampung, dene palisiring kampung wau wangunipun wulan tumanggal, saking kanan keringipun dipunsanjatani dening mengsah, dangu angupadosi sageda angubengi kampung, wasana kampung dipunatakir watawis kawan atus pas lajeng kaesug mawi slorep saklangkung kapurunaning wadya bala, mengsah angentosi panotoging wadya bala dumugi bentengan, mengsah sami ajogedan ngentosi dumugi gangsal pas tebihipun malah ngantos aruket perangipun, balanipun Panglima Polim prabotipun sae-sae sarwa pethak, ingkang dados tindhihipun anama Panglima tomon pejah labet.

Sawadyan langkung 200 ingkang pejah dalasan panglima sakawan, suprandene sareng wadya bala kumpeni wangsul saking kampung para mengsah sami kumpul malih ing kampung wau, wonten saradhadhu aprikan sakawan ingkang miruda sami tumut dhateng mengsah, ingkang satunggil tatu satunggal malih kabendon ing mengsah, bok manawi lajeng kapejahan, bala kumpeni ingkang tiwas upsir 9 tatu 3, ingkang ewon barisan Madura, 60 ingkang pejah utawi tatu, wondene enjingipun malih kampung ingkang katempuh sami ateluk.

Porste Landhen 24-3-1874.

Pasakitan bobol

Ing nalika dinten malem Salasa angrintenaken tanggal kaping 10 Maret 1874 wanci pukul 10 dalu, sakitan salebetipun buwi dhistik Rengel (Tuban) sami bobol, nalaripun wektu sonten salebetipun buwi kamar satunggal wonten swantenipun gumeder, sareng kepala sepir nyelak badhe ningali lajeng anggembor-gembor, pasakitan ingkang wonten salebeting kamar werti bilih kancanipun nedha tulung supados korenipun tumunten kabikak, sareng kepala sepir mireng lajeng kanceng salebetipun kamar sayektos katingal wonten pasakitan satunggal gumlinting sengadi pejah, saking gugupipun kori lajeng kabikak sareng-sareng kalayan kajineman kakalih, sareng konten menga pasakitan salebeting kamar sadaya tandya angrupak, kapala sepir dipunkapati kajineman kalih ugi dipunbut sawan gasal saingga rebah kalenger wonten ingkang nyadhuk jejak naboki ngantos boten saged sesambat, ingkang emba-emba pejah kumrekal dherek nampilingi

saingga pasakitan 14 bobol sadaya boten wonten ingkang sumerep, sareng antawis sajam kalih wonten sanesipun tiyang jagi nabuh thothongan, ing ngriku sumerep bilih kamaripun buwi menga sarta uninga wonten tiyang tiga gumluntung kawaspaosaken dumadaknya ing sipir dalah kajinemanipun kakalih sami kantaka inggal lapur dhumateng wadana, gatgadeng tyas angaturatur pulisi ingkang sami ambujeng saha nyalancang nyegat ing margi-margi, kadadosan enjingipun kacepeng ingkang 5 kantun sanga ingkang dereng kacepeng. Sarehning wau pasakitan ingkang 13 titipan saking Bojanagara dados dalu-dalu kengkenan repot ing Bojanagara, pukul 2 dalu dampun dhawah ing Bojanagara awit dhistrik Rengel kalayan ing Bojanagara namung antawis 3 pos, sanalika kanjeng raden adipati paring parintah dhateng para wadana anjagi dhateng kadhestrikanipun piyambak-piyambak, dene ingkang wates kalayan dhistrik Rengel ing temayang saha dhistrik pelem, sanalika wadana temayang utawi pelem anindakaken pulisi titindhih mantri wates temayang jagi ing pinggir benawi pasanggrahanipun kedhung, dinten Salasa ugi wanci pukul 12 siyang pasakitan bobol ingkang satunggal numpak bahita timbo saking ler badhe nyabrang mangidul kaadhangan mantri wates badhe kacepeng lajeng wangsul mangaler malih sarta kalokaken, kadadosanipun sakitan kenging kacepeng ing sabrang ler, mila kenging kapuji kacakepanipun pulisi dhistrik temayang, nanging kirang wiwekanipun sakedhik yen ta sampuna minggah ing dharatan anggenipun nyepeng ngantos kenging kabasakaken mantri wates piyambak ingkang nyepeng, nanging wektu punika inggih ugi mantri wates nyabrang mangaler tumut tandang panyepengipun, wondening tundha cirinipun tiyang ing satunggal-satunggalipun dereng saged anerangaken anamung kang dados pangajeng awasta Wirabosa patinggi ing dhusun balong tuwangi dhistrik temayang Bojanagara dedeg sedheng pawakan alit ringkih, kulit bambang awak, brengos sakedhik krawut-krawut, wicantenipun ragi pelo (celat) serta madati, lambe katingal biru, ewa samanten yen lumampah taksih lelewa, bawenipun kalebet tiyang cekap, dhasar warninipun baranyak lampahipun anjalari gembeleng-gembeleng dhasar remen adheg ing godhegan, prakawisipun nedha arta pajeg kaputus bucal 5 taun dereng kalampahaken kaselak miruda, watawis umur 35 taun panuwun kula mugimugi para priyantun ingkang ngasta kapulisen, menawi kadhatengan tiyang ingkang samar mugikati pariksa, kabar sanakipun patinggi balong tuwangi wau, ing Yugja kathah. Bojanagara 13 Maret 1874. Saking kula pun pa.

Panjurung

Utgandri: pisah-pisah

e..e..mas Sampanye, mas VDK, mas R, mas Kridhamardhawa ingkang sagedhagan punika anebut bab bongsa wisaca, yen sampeyan sami makatapi boten kalih inggih kula pun banaspati brakuthu ingkang kekayangan pratigastha wonten mandira putiyan, lah sampun pinten-pinten Kemis kemawon anggen kula mirengaken sakathahing mitra ingkang udur bab gugon tuhon, wah katemben mas kridhamardhawa tuwin VDK sami kusung ngudi seserepan patrap kahananing setan. Ing sanadyan panjenenganing redhaktur Surana sampun aparing katrangan pamanggih parabipun minongka pamisahing padudon, ananging teksih andadosaken ngombra regejenging pamanggihipun para [...] kula nyuwara malih *pisah-pisah*, ananging sampun anggalih bilih kula pun banaspati brakuthu amuna sikara ngiyas daya kagunaning para mitra, panawang kula ing mangke kados kawistara bilih padudon wau nyelok wadhat sarta mrucut saking nalaripun, inggih punapa boten, amila panimbang kula kados leres mas nawungkridha anggenipun lajeng kendel boten purun anjawab malih bok manawi sampun kacipta badhe tanpa tamat sanadyan angedalaken daya tuwin kringet, inggih punapa boten.

e.. kula nuwun para mitra ingkang sami aminta sumerep bab patrap kahananing setan punapa pareng kula wastani nalar jandika taksih gabeng awit kikirangan isi, ewadene yen jandika tangled ing kula bab ingkang kasebut padudon nginggil punika kula nyukani empingan wangsulan buh, iya, oalah punapa jandika karsa kula eneng-enengi parikananggodhong nom mas aluwung guneman sanesipun, suwawi para ingkang rewa-rewa limpat ing kawruh kados pun brakuthu, punapa jandika sagah amancasi padudon nalika kula teksih cecrekan, ingkang gentingipun kados kados pun gugon tuhon lan bab kahananing setan, punapa kula kalilan nyaritakaken dhukdhuk

haingta, nalika samana kocapa, kuwat pundi la mas *pasar* kaliyan *asar*, la punika enget kula dereng wonten ingkang paring katrangan ingkang ngantos pretitis, tansah mubeng gayeng sampun kados angganing (kahananing setan tuwin gugon tuhon) ing wekasanipun nalika samanten ugi nglempara malah-malah netepi babasan salin salaga, inggih punapa boten. Katandhan pun Banaspati brakuthu.

Punika Cariyos Babad Mataram

Eh Ki arya Sindurejeku, antinen sahari benjing, wus kagegem ngastaning wang, ingkang aran Surapati, apan sampun sinanggupan, Etak sagah ira enting. Den arya Sindureja mantuk, datan kawarna ing margi, kocapa wau sang nata, pra dipatya den timbali, ingkang rayi ingandikan, ri saksana aglis prapti. Pangeran Puger wus rawuh, punggawa smi ingirid, sapraptanira ing pura, munggend ngarsane sang aji, tunggilan para dipatya, sang nata ngandika aris. Eh adhimas ingsun jaluk, ing rembug manira yayi, jeng pangran Puger tur sembah, sumongga karsa narpati, kawula dherek kewala, punika pun Surapati. Tan gumingsir siyang dalu, pejah gesang ingkang abdi, sang nata alon ngandika, yen mengkono sira yayi, si adipati mandura, lan dipati surawesthi. Karo asrah kardiningsun, den samekta besuk yayi, gusahen si Surapatya, den rame tangkeping jurit, wangsita nalas si arya, poma karo dene bangkit. Akarya sandi prang pupuh, ingsun arsa pan udani, yudane si Surapatya, kalawan Etak ing benjing, dunen ngalun-alun padha, pra nayaka atur bekti. Rampung ngandika sang prabu, Surapatya ngaben jurit, ingkang ngayuda katingal, mangsah ing ngarsa narpati, pan sampun tampi wawekas, manembah lengser wus mijil, saking ngarsane sang prabu, tanapi rahaden patih, wus tampi ngandika nata, sareng denya amedali, pangeran Puger dipatya, wus mundur saking jro puri. Tan winarna ing dalu wuwusen enjing wus miyos sang narpati, mungging siti bentar, sagunging wadya kuswa, tanapi wongsarageni, wus munggend ngarsa, angapit kanan kering. Wong kanoman sumambung neng wuri aglar, sami samaktyeng jurit, jagabaya ngarsa, jajar wong nyangkragnya, mandhung nyutra lawan miji, wong drema hita, neng ngarsa sikep lembing. Drepanala kalawan wong anirbaya, tanapi judhipati, jajar mangundara, sandhing lawan kanoman, patrayuda keng nindhihi, yudamenggala, asilih wong kapilih. Kartayasa kalawan wong wisamarta, wongsanacitra sisih, lawan jayataka, tan lali sikep ira. Wong katanggung gandhek lawan mantri mudha, munggend ngarsa narpati, lan wong jagasura, miwah wisapracondha, sasikep ira tan kari, kabayan ngarsa, gedhong kang munggend wuri. Pan samekta sadayne ing ayuda, sagung pratameng jawi, andher pagelaran, dadya sami sadhiya, ing ngalun-alun ngebeki, ki arya ngucap, anggecak Surapati. Wong kumpeni kang ajaga Kartasura, pan sampun sinung uning, dene sang dipatya, Sampang lan Surabaya, yen anggecak Surapati, wadya Mandura, lan wadya Surawesthi. Pan abaris sang dipati aneng pasar, lan baris ing aloji, pan loji punika, maksih jaro kewala, saunging monca nagari, baris neng sendhang, dene wadya pasisir. Barisane aneng warung watu samya, liyan dipati kalih, ingkang mangku karya, Madura Surabaya, kuneng gantya kang winarni, kapitan Etak, lan arya sindurjeki. Budhal saking pasanggrahan toyawana, sagung wadya kumpeni, gumuruh swaranya, rahadyan Sindureja, pan sampun utusan wangsit, sang adipatya, Madura Surawesthi. Sasampunya panggih duta lan dipatya, lan sang dipati kalih, sigra sang dipatya, ing Sampang Surabaya, asru mojar mring kumpeni, tuwan manira, arsa gecaka aglis. maring Nerangkusuma nanging paduka, baris saponcaniti, rumekseng narendra, sigra nulya siyaga, sagunging wadya kumpeni, pan sareng budhal, lan adipati kalih. Kalih atus kumpeni ing Kartasura, ngalun-alun wus prapti, abaris malatar, yata ingkang winarna, wadya Sampang Surawasthi, laju lampahnya, gumer tengara muni. Pan anglurung ing Nerangkusuman, sawetan ngasem iki, wadya ing Madura, tanapi Surabaya, ing nglurung ageng wus prapti, ramening surak, pan samya ambedhili. Surapati wau ingkang kawarnaha, tanapi raden patih, pan sampun siyaga, sagamaning ngayuda, mulat yen wong Sampang prapti, budhal sadaya, rahadyan Surapati. Wadyanira golong tiyang kawandasa, tanapi raden patih, saha wadyanira, angaler lampah ira, wong Surabaya nututi, lan wong Madura, pan sarwi ambedhili. Yata sewu sanjata kang sareng monya, binarung surak atri, larug lir prawata, nanging obat kewala, tanana kang mawi mimis, ingkang timbalanira sri narapati. Kawarnaha

kapitan Etak lampahira, pan kagyat mirsa bedhilaraya Sindureja, asru pamuwusira, layak ingkang Surapati, kinrubut ing prang, kapitan Tak asru angling. Lah anedha Ki Sindureja den enggal, age ingsun apanggih, lawan Surapatya, arya Sindureja mojar, tuwan manira pan ajrih, marang sang nata, yen tuwan prang ing margi. Apan ingkang pangandika sri narendra, paseban ponca niti wadya Kartasura, tuwan maksih akathah, kang bubujung Surapati, dereng kasoran, sampun age nulungi. Yata wonten dutane dipati Sampang, lan Sindureja panggih, putusan tur ira, kawula pan dinuta, rakanta sang adipati, atur uninga, lamun pun Surapati. Den bubujung mangaler gepek mangetan, paduka den aturi, nunten dipunenggal, lawan kapitan Etak, manawi pun Surapati, ngidul parannya temaha gepuk puri. Jengandika ing alun-alun barisa, rakanta langkung watir, sigra kapitan Tak, lan arya Sindureja, ginelak lampahing baris, gumer swaranya, neng alun-alun prapti. Wus akumpul baris kumpeni malatar, gaman tinon ngajrihi, kadya menyan kobar, wus sami sinegahan, daweg kang maksih cengkir, pananggung ira, pan sewu wong kumpeni. Tigang atus gagawane kapitan Etak, kalih atus kang lami, myang Bugis Mekasar, rongewu winatara, angandikan mring sitinggil, prapta tabeyan, kalawan sri bupati.

Serat saking kanjeng tuwan ingkang wicaksana Litnan Jendral I pan Switen ajudan dalem sri maharaja nedrelan lid rad pan setate, komenduring bintang militer wilemsordhe saha komenduring bintang leyo, tilas guprenur ing Sumantra saha tilas leger salebeting saganten wewengkon ing Aceh, atasing prajurit dharatan muwah lautan ingkang nyarirani jumeneng wakil gupremen Nedrelan Indi atasing pakaryan politik.

Sasampuning tabe kula saha amuji slamet, kula angaturi pirsadhumateng tuwan sultan bilih kula ing mangke prapta ing Aceh awit saking dhawah pangandikaning kanjeng gupremen, murih amethukaken perang dhateng tuwan sultan sabab tuwan sultan boten karsa anyukani katrangan dhateng komisarising gupremen tuwan Niwen Esen ingkang tinedha awit asmanipun kanjeng gupremen Nedrelan Indi kadi dening sasebutaning serat kula ingkang rumiyin.

Ananging ing pangraos perang wau boten prelu mawi asesengitan tindakipun sarta boten prelu ajangsara dhateng ingkang tanpa dosa, malah pamuji kula perang wau sageda rahajeng inggal rampung sarana nalar ingkang utama, tiyang alit murih wangsula dhateng pakaryane sasampuning tentrem.

Wasana sampun limrah adad panganggenipun bongsa wikrama ingkang anyembah dhateng Alah satunggal sarta ingkang miturut suraosing sarak boten pisan kening anangsara dhateng sinten-sintena ingkang tanpa dadamel, sanadyan samiya dados golonganing bala tontra ingkang majeng aprang kadosta para ngulama, para dhokter sarta para mardika ingkang dherek angrembag prakawis, punapa dene malih sampun anangsara dhateng para upsir wang utawi upsir saseratan ingkang sami angreksa gudhang sarta tetedhan.

Kula kumedah anawekaken dhateng tuwan sultan supados angagema patrap ingkang prayogi makaten.

Wondene kula pyambakangubanggi dhateng tuwan sultan yen ing tembe para tiyang Aceh ingkang katawan boten pisan-pisan badhe anemahi sangsaran, malah badhe dipunpulasara sapantesipun ingkang sami kanin sarta ingkang dhawah ing sakit badhe kaopenan kadi tiyang kula pyambak.

Kula ubanggi boten badhe nyaeni dhateng abdine tuwan sultan ingkang dhawah ing tiwas pejah, dherek punapa adading bongsa Islam, mawi kadhikiran kaslawatan pengulu ingkang pancen kula cawisaken.

Samanten ugi pangajeng-ajeng kula sarta panedha kula dhateng tuwan sultan supados angurmatana dhateng konca kula ingkang dhawah ing pejah supados dipunkubura ingkang pantes, punapa dene sampun anangsara para bala tantraning gupremen Nedrelan ingkang kacangkup dening tuwan sultan, mugi dipunijolna sami kathahipun kaliyan para tiyang Aceh ingkang kakandhang dening prajurit gupremen Nedrelan sarta sampun ngantos amitunani dhateng para mardika, para ngulama sarta para dhokter ingkang dherek ing barisan kula ingkang andarbeni maksud utamami.

Kalih dene panedha kula dhateng tuwan sultan supados andhawahaken parentah sampun pisan amakewed dhateng utusan kula, malah dipuntampenana ingkang prayogi sarta anampenana nawala ingkang kula pundhi tuwindipuntupiksanana, boten sanes anggen kula nglampahaken atrap makaten, atasing utusanipun tuwan sultan sabab kados pundi anggenipun saged angrembak rurukunan, bilih para utusan mawi anyongga runggi sarta boten dipunajeni, awit boten kalebet ing kamokalan bilih tuwan sultan ing tembe karsa arurukunan kaliyan gupremen Nedrelan Indi, ingkang dipunsarirani ing panjenengan kula, mila makaten sedya kula boten badhe mingser saking tanah Aceh saderengipun kadugen pikajengan kula.

Manawi ing tembe perangipun awawaton tata krami rurukunanipun inggih badhe santosa sarta wewah rapet pamitranipun.

Mila kula amratelakaken tatembungan wau sabab kula sampun darbe panyipta angandelaken watakipun tuwan sultan ingkang utami, ing tembe sanadyan ngantos ajeng-ajengan perang angrok abonda walapati boten pisan-pisan badhe tataning perang awawaton nalar ingkang utami. Samanten sasmita kula.

Serat Kentheng saking Aceh

Kanjeng tuwan jendran pan Switen akintun serat kentheng katiti mangsan kaping 23 Maret, katampenan ing Siboga, Padhang, saking ngriku kalajengaken dhateng Batawiyah, suraosipun makaten:

Kathah para pangageng ingkang kintun serat utawi akengkenan, amratandhani bilih badhe mimitran, nanging dereng purun ambelakakaken. Kathah ingkang sami mastani mokal yen wadya bala kumpeni manawi awit rendheng badhe wangsul ngajawi malih, benten ingkang dipungarap sakalangkung santosa, pangraos kacongah anadhahi sagendhinge mengsah awrata kados punapa mila para mesah tumunten badhe sirna ciptanipun yen kumpeni sedyanipun badhe ingggal wangsul.

Wasana kumpeni tansah amirantos sarta amapan ngentos pamitrane mengsah.

Sasampunipun amrandhani anjoning dadamelanipun gupremen Nedrelan Indi saha ulahing yuda, kula kadreng angungalaken tpsilaning bongsa kulit pethak atasing tiyang gesang mila kula suthik anglajengaken brataning ngayuda ingkang amitunani dhateng para alit ingkang sampun gadhah cipta badhe teluk.

Atrap makaten wau migunani, kayektosanipun wingi kathah mengsah ingkang tuwi ing salebeting betneng kumpeni badhe anyumerepi pasang rakitipun, para mengsah boten taha-taha amasajani yen sami purun sasatron kaliyan bongsa kumpeni.

Klebetipun para mengsah inggal badhe anrimah kinauban dening Nedrelan.

Wonten kabar kentheng malih katiti mangsan kaping 30 Maret saking Singapura awawarti bilih raja Gigen sampun teluk angaken kabawah ing Nedrelan sarta sampun anyunggemi prajangjiyan murih anyantosani dhateng pyambakipun.

Pasamuwan *Roode Kruis* nalika tanggal kaping 19 Maret akintun serat dhateng tuwan Jonas Portir en.ko., suraosipun anedha bantu angintunaken serat *Bra Martani* 10 nomer saben dinten Kemis, badhe kadamel anyakecani para kumpeni bongsa jawi ingkang sami labet sakit alerep ing Aceh, ing Padhang, utawi ing Batawiyah.

Kabar tuwan Jonas Portir en.ko. wau inggih anyanggemi tanpa anedhi wragadipun.

Punika pethikanipun cariyos saking prabu Napoleyon Bonaparte sinuhun ing prajagung Prangkrik, kala taksih taruna jumeneng kongsul pangajeng amanggihi wanodya yu linuwih, anama Prinses Mariyanah utusanipun sang prabu Prangkrik ingkang jengkar saking kadhaton, kakarsakaken amambengi sang Bonaparti sampun ngantos kalajeng anggenipun nungkul-nungkulaken para ratu sarta amasrahna kaprabon dhateng sang prabu jengkar.

Anenggih garwanipun sang Bonaparti asmanipun Josepinah dipuntuweni Prinses Mariyanah saking ibenbereh, sareng sampun tata lengggah ken Josepinah apitaken:

Sok makatena sampeyan sampun amarak dhateng sang prabu ingkang saklangkung kawlas arsa, Mariyanah amangsuli mawi angunjal ambekan: dhuh inggih kula saklangkung kabegjan saged sowan asring dhateng ingkang sinuwun, dereng dangu kula alerep ing cacelakan dalem, sarehning sakalangkung panalonsa kula aningali kawekelan dalem mila kula anyumanggakaken sarira purun bela dipunutusa, bok manawi saged amarsudi wangsulipun kagungan dalem kraton ing Prangkrik sarta kula amasrahaken jiwangga kagama duta wikrama, upami tiyang kerem ing saganten sang prabu amundhut tutulung dhateng juru layar ageng supados dipunentasa.

Dene sang prabu samangke ngagem nama Grap dhepropanse, saklangkung renanipun sarta mrayogeni lajeng amaringi ngampil serat, karsa dalem suprih ngaturaken pyambak dhateng sang konsul pangajeng mawi amaringi penget kathah-kathah, lajeng kula leksanani, ananging sedaya wau tan pisan-pisan mikantuki saingga dipunsantosani dening priyagung talyerang inggih boten

pisan tedhas, malah kula boten kalilan marak odhiensi ing ngarsaning sang prawireng jurit, panjenenganipun rak iji ngandika kongsul pangajeng ingkang sapunika ngrenggani saha mandhireng kraton prangkrik.

Ken Josepinah pancen priyayi gung putri, muklis budinipun, lajeng amangsuli tembungipun arum amanis: lah punika kados pundi ingkang dados nalar, panreka kula manawi kapara nalisir ing lampahipun awit gusti Grapan propanse ing sapisan punika karsa utusan ngagem duta wikrama yu linuwih kacongah adamel gandrung, mila sang kongsul pangajeng semu kagungan songga rugi sabab alam mangke kedah waskitheng sabarang damel, semunipun sang kongsul ajrih ing sampeyan ni putri, mila makaten sanadyansang Bonaparti priyagung jayeng prang watakipun sakalangkung jirih manawi dipuncelaki wanodya yu, kang mawi ki lurah boten darbeni daya ambengi mila dipunlampu oncat sampun ngantos papanggiyan kaliyan sampeyan.

Prinses Mariyanah dhasar priyagung setri putus sabarang kardi sasat saged marojol ingakerep, anyaut maksuding pangandikanipun Ken Josepinah, umatur: dhuh angger ingkang boten-boten dipunpangandikakaken, manawi sang kongsul pangajeng estu kadi dhawah sampeyan wau watakipun boten kacongah amambengi pangrimukipun wanodya ingkang kados kusumaning kusuma kadi panjenengan sampeyan, kula sampun amasthekaken bilih sang kongsul pangajeng badhe anampeni patiba sampir ageng kados-kados inguning jagad badhe kaselehaken ing ngarsa sampeyan murih anyembaha, wasana priyagung ingkang boten kapranan acecelakan sampeyan sarta teguh imanipun punika panampi kula boten wajib yen kagungan jirih manawi kula ajengi.

Ken Josepinah amangsuli malih sarwi angujiwat: sampeyan punika wasis temen angempug sarta ngalembana, cacadipun sampeyan boten mawi kaengetan bilih ing ngalam mangke pinuju pranatan repiblik (tanpa ratu) mongka salebeting kuleri (naming karaton) ing mangke boten wonten isining nayaka kadhaton ingkang putus ing agal alus, ingkang wonten namung jendral sapala sarayate ingkang badhe tumunten mundur saking kadhaton bilih kang kagungan sampun kondur.

Prinses Mariyanah asemu bingah myarsakaken wangsulan wau lajeng apitaken malih: punapa inggih makaten pamatawis sampeyan sarta pangajeng-ajenging gusti Grapan Profanse winatonan ing ambeg palimarmaning priyagung Napoleyon, panyakra sampeyan punapa boten badhe nalisir, lah bok inggih sampeyan karsaha anyasmitani ingkang bares, sabab kula rumaos bilih sampeyan inggih boten benten dherek asungkawa myarsakaken kasangsaraning sang prabu, dalasan para putra santana dalem saha kula arumaos manawi cintrakanipun sang prabu jengkar andadosaken ruweding manah sampeyan ingkang saklangkung muklis, mila sareng kula tawang boten angsal damel anggen kula marak ing panjenenganipun raka jengandika, sang kongsul ingkang kula bondheti inggih namung panjenengan sampeyan sarta gusti pribadi inggih angideni kula kapurih papanggiyan ing sampeyan, pangandika dalem makaten: yen si Bonaparti ora arsa tetemu ing pekenira sira temuwa bae karo garwane Ken Josepinah, sira paringna salam donganipun lan sira elingna nalika dheweke ana ing kitha Parselye, lagi samono isih nama Grapin boharne asring-asring marak ing kadhaton banget ditresnani para luhur kabeh lan kaliwat suka senenge, emutna lagi asring-asring aguguyon abungah-bungah, takokna apa enggonku kasangsaran iki bakal awet salawase tuwin apa dheweke kang kadunungan daya ora kogel andelengna kasangsaran manira.

Ken Josepinah sareng myarsakaken aturipun Mariyanah, saklangkung rontok ing panggali lajeng ambrebes teles, rentah astanipun sarta angandika: dhuh Mariyanah yen ta kaborongan ing kula pyambak botenipun gusti ngantosa dangu anggene anyumenehaken angrenggani kagungan dalem kadhaton, malah kula ingkang badhe dados pangarsa amanembrama jumeneng dalem malih, kula ingkang badhe andherekaken gusti amrenahaken ing dhedhampar dalem, sabab kula satemenipun awang-awangen sarta karaos kadi durhaka wonten salebeting kadhaton ngriki, ing pangraos kadi tiyang amarabot mawi mawi busananing tiyang sanes, angranggeh dhateng barang ingkang saklangkung wingid, suprandene kula punika ikhlas pangangen-angen kula resik nirkara ing sadangunipun, malah kula pasaja ngakeni sihing gusti boten wonten salebeting prajagung Prangkrik kawula dalem ingkang ngalangkungi kumrakit ing gusti kajawi semahing prawira nungsang kongsul pangajeng.

Mariyanah amangsuli: dhuh inggih-inggih kasinggiyan pangandika sampeyan, sanadyan sang prabu inggih sampun anguningani ing setya sampeyan, malah pangandika dalem, kapiryan dalem saged wangsula inggih saking pamanah sampeyan, mung sampeyan ingkang kacongghah anguntabaken sarta kagungan daya angremuk saha mranani manahipun sang Bonaparti.

Ken Josepinah ngandika: lah punapa sampeyan dhenger yen sang Bonaparti taksih kagungan manah manawi kula pyambak boten semerep bilih sang Bonaparti wonten ingkang dipunremeni liyaning kadrajatanipun pyambak, panampii kula manungsa makaten boten saged anyigar nepsu angladosi bendara kakalih.

Wonten candhakipun.

Tiyang main capjikya punapa malih mainan sanes-sanesipun ing pacinan, Surakarta, sangsaya lami sangsaya angreda, yen boten wonten palimirmanipun parentah saestu angindhakaken palapuraniipun dhistrik ingkang bawahaken bab kadurjanan sapanunggalanipun, punapa malih andadosaken mlaratipun tiyang-tiyang ingkang sami kayungyun ing mainan wau.

Katandhan R.A.M. Jakamayeng.

Pabatang saking Ngayuja

Bab cangkrimanipun mitra kula Darmawongsa, jarwanipun enting, kaulukaken kalih dipundamel jagi dene yen dipunkumpulaken nama panganan enting-enting kacang cina, leres lepat mitra kula kedah mangsuli.

Pabatang cangkrimanipun Mengku.

Ing ngajeng sampun kula batang ananging boten kapacak menawi kirang pantes, pramila sakpunika kedah kula wangsul malih amargi sampun lami manawi dados pangajeng-ajeng, kados ing ngandhap punika.

Tegesipun aksara jawi namung gae mungel (punika sami, punapa wastanipun binadheya), kados pundi leres punapa nalisir, mitrakula mangsulana katrangan.

Mudha punggung tandya batang, cangkriman tembang kinanthi, sak pada panggelar, ira puniku tegese yekti, panjing wektu tan gingsir, saprabot-saprabotipun, sastra jawi nembelas, tan susah sun wijang malih, mindhak ingkok leres redhaktur sudara. Lepat teges nebus amba, ana aran catur nami, mubeng medrayening beteng, lamun wus mongsa kapanggih, thuk nuli medra malih, tan kadulu wujudipun, ingucap jalma kathah, den cupana kadi pundi, mitra kula pun mengku wajib jarwakna. Sabab kang awit misaya, Bra Martani manjer pancing, ulun ngaso sinojaran, ning mitra tan ngarah ririh, karya gitajan guling, ulun jabaleka sunu, karanjak amonca, kusuma wicitra sami, siswanipun open kadang martatama. Titi. Kawangayuja.

Inggang tabe pakurmatan akathah-kathah katur ing panjenenganipun ingkang saudara tuwan Jonas Portir en.ko ing nagari Surakarta, manawi kagalih pantes sarta cocok ingkang ngasta pandamelan redhaktur, yen sela papan panjurung kula ngandhap punika mugi kapacaka ing kabar *Bra Martani*.

Saking senenging manah kula tumut mangajeng-ajeng manawi saged kalampahan ingkang kasebut ing *Bra Martani* angka 9 ing dinten Kemis kaping 26 Pebruwari 1874 wonten panjurung katandhan dening magang carik ing Tejamaya, nyuwun seserepan dhateng para sarjana bok manawi ing ngelmi palak wonten ingkang nyebutaken bab kathah sakedhikipun dhawahing toya jawah ing mongsa rendheng, upami saged kalampahan panyipta makaten punika saestu mufangati dhateng titiyang tani.

Kula kedah nyariyosaken kawontenanipun para tiyang tani ingkang kula sumerepi ing dhusun Guyangan kalang tanah mekenan kidul kawadanan ing Sukaarja bawah nagari Surakarta ing mongsa rendhengan taun Jimakir punika angka 1802 panggarapipun sabin sampun mongsa kawolu daweg lekas tanem, rampungipun ngantos akiripun mongsa kasanga, mongka ngadad saben mongsa kapitu inggih sampun rampung anggenipun sami tanm, ingkang murugaken randhat panggarapipun sabin punika margi saking kirangipun toya, dene wujud ing tanem sanajan

kirang toya liliranipun kalebet sae boten mawi sasakitan, ananging rehning toyanipun boten lestantun dadosaken gesanging rumput kedah mawi kawatun, punapa malih wontenipun jawah punika sampun kasep saengga rumput wau kawatun tanemipun saestu nocok rainipun tiyang ingkang sami matun, langkung malih ingkang damel sumelang rehning tanemipun sampun radi kalangkung mangsanipun, saupami pantun wanci meteng tuwin merkatak kirang toya tamtu damel susahipun para tiyang tani, mila kula dherek muji mugi ingkang ngasta pangwasa karsaha andhawahaken dhateng sadaya kapala dhusun bawah dhistrik mekenan supados para tiyang tani ingkang kikiran toya pinardiya sami andadosi bendunganipun ing lepen dhusun modran, sabab cariyosipun bendungan punika sampun watawis 3 taun punika boten saged minggah toyanipun dados pasabinan ingkang pancen kainggahan toya bendungan saking dhusun ing modran prasasat sabin tadhahan, ewadene para priyantun ingkang ngasta pangwasa ing dhusun ngriku boten karsa malih ing badhe ingkang andadosaken gampilipun pangupa jiwa, mongka sabin ingkang pancen saged kainggahan toya punika langkung 200 bau, tur ta sampuna mokal kemawon para nayaka kakilapana saking bab punika, saestu sampun kagali enggen kula kamipurun darbe atur ngusikaken supados kaleksanana tumunten sageda nambahi tentremipun tiyang tani. Katur Kemis kaping 7 ing wulan Sapar warsa Alip angka 1803. Katandhan kawula pirsu.

Nyuwun kapacak tumrap ing *Bra Martani*

Ingang punika mugi andadosna pirsanipun tuwan redhaktur bilih kula boten murwani angwayakaken basa saru tuwin wadhag, sinten kemawon ingkang boten kumrengseng rahipun kaceda tuwin kawastanan lonyo ing pangucap, punapa malih kakiyas angayah saha kaanggep pengung, jalaran kasebut ing nginggil mila kula lajeng purun ambuka kukusing rudira umob. Wondene pinethatipun pitembungan palenggahan dalem punika inggih sanes kula ingkang ngrumiyini anggelaraken wonten pasamuhan *Bra Martani*. Katandhan VDK. Kula boten pisan maiben punapa ingkang dados uduripun VDK, ananging sumerepa bilih taksih kathah tetembungan ingkang kenging kagem manawi karsa alawan yudaning kalam panurat, suprandene boten susah ngangge tetembungan ingkang wadhak, VDK kula aturi enget paribasan welandi, aja pisan marduli panyepeking kurdi. Redhaksi.

Punika Cariyos Babad Mataram

Ngaturaken kintunipun kaki jendral, wus katur ing narpati, yata kapitan Tak, alon ing atur ira, kaping tiga kula gusti, inggih dinuta, amikut Surapati. Ingang wonten nagri dalem Kartasura, lilah paduka gusti, sang nata ngandika, teka dipunpracaya, apan ta Si Surapati, bongga maring wang, lan bongga mring kumpeni. Sarupane wong ing sun ing Kartasura, padha sun kon ngrewangi, marang yuda nira, mau manira duta, ambubujung Surapati, wong ing Mandura, lawan wong Surawesthi. Nanging sira Etak aja lunga-lunga, nadyan magut kajurit, aja doh lan ing wang, manawa ta kasoran, wong Sampang wong Surabanggi, si Surapatya, temah anggepok puri. Sareng mirsa timbalane sri narendra, langkung suka kang galih, asru atur ira, dhuh gusti jangan susah, yen pun Etak maksih urip, pun Surapatya, agesang sasat mati. Inggih gusti sampun woten ing kawula, nyawane Surapati, nanti guwa ajar, dhiya ponya kepala, guwa taruk belok besi, sigra alatah, pan sarwi ngentrok wnetis. Wus tumurun Etak saking siti bentar, nindhihi ingkang baris, dipati Sindureja, nulya sigra putusan, dhateng sang dipati kalih, pan ing Mandura, tanapi Surawesthi. Amangsiti lamun Etak sampun prapta, neng alun-alun baris, ingkang kawarnaha, anenggihi Surapatya, den bubujung den bedhili, ing pepe prapta, gepak mangetan aglis. turut lepen pepe binujung wong Sampang, lan wadya Surabanggi, sarta binedhilan, prapta bungas lor wetan, gepek ngidul Surapati, lan raden patya, ing sendhang kang den jogi. Katarajang barisan monca nagara, mawut maledug ngisis, wonten cinarita, nenggihi wadya Mandura, lulurah ing Sarageni, kaku tyas ira, aran pun kunang pasir. Kunang pasir angucap lawan rowangnya, akesel temen mami, apan bilulungan, amanggung beburonan, payo padha nganggo mimis, teka sapisan, jinajal sigra bedhal. Nyauri pun Surapati siji kena, wentise angemasi, angling Surapatya, wong Sampang

liwat ala, supe welinge narpati, wangsul sakala, angulon Surapati. Tinarajang wadya Sampang pan lumajar, Surapati nututi, wonten kang kacandhak, titiga tinumbakan, wong Mandura ingkang kanin, katur pangeran, jeng pangran sukeng galih. Angandika mring dipati Surabaya, eh kakang Surawesthi, iki olih tondha, inggih kapareng uga, wong kawula ingkang kanin, wus winangistan, wau pun Surapati, pan tinuntun dening wadya ing Mandura, myang wadya Surawesthi, mangilen lumajar, binuru sinurakan, mring wadyane Surapati, myang wadyanira, wau rahaden patih. Nrangkusuma datan pisah munggeng wuntat, amomong Surapati, yata kawarnaha, wong Sampang kang lumajar, ing ngalun-alun wus prapti, geger sadaya, kang baris ponca niti. Yata wau raden arya Sindureja. Kang amomong ing kumpeni, asru denya mojar, marang kapitan Etak, eh tuwan paran karseki, wadya Mandura, punika nandhang kanin. Miwah wadya Surabaya kapalajar, akathah nandhang kanin, tan mongga puliya, nenggih wadya Mandura, ingkang sami nandhang kanin, langkung neng ngarsanira baris kumpeni. Kapitan tak mulat wadya nandhang brana, bramantyanira tan sipi, amukul tamburnya, lolos barenga munya, gumuruh agugumyari, kang kawarnaha, rahaden Surapati. Kang binuru wadya Sampang Surabaya, ing ngalun-alun prapti, kang sami lumajar, lajeng mangilen samya, ana kang manjing jro puri, gedhong sowanan, satunggal den obongi. Surapati pan sampun prapta gongan, tarap barisan linggih, yata sri narendra, munggeng ing siti bentar, sineba dening kang rayi, katiga pisan, munggeng ngabyantara ji. Pan apejak barise wadya parakan, rumeksa ing narpati, munggeng kering kanan, yata wong kasindurejan, sawadyanira narpati, bedhili samya, anglanggar Surapati. Ingadegan ing wadyane Surapatya, mawur lumayu ngisis, kapitan bramantya, sigra ngabani bala, lulumbungan wong kumpeni, wong jaga gumyah, oreg wong sanegari. Wus samarek kumpeni awas tumingal, mring wonge Surapati, sampun ingabanan, kumpeni sigra mentar, lir gelap sewu barungi, gumer-gumerah, ngebeki wadya Bugis. Maksih dhedhep Surapati sawadyanya, ingedrel wanti-wanti, peteng alimunan, lir pendah pedhut enjang, yata raden Surapati, ngabani bala, sareng masang ajurit. Wus anempuk Surapati ngamuk rampak, kumpeni anadhahi, akuwel prang ira, kumrutug kang sunapan, peteng kukusing sendawi, pangedrel ira, kumpen iwanti-wanti. Surapati manengah pangmuk ira, lir bantheng tawan kanin, kabeh wadyanira, lir buta rebut mongsa, patang puluh golong pipis, numbak amedhang anuduk angakahi. Pan akathah kumpeni kang kamuk pejah, ing puri ambedhili, Etak langkung gusar, banting patiyonira, ulat andik naut rawis, maraken bala, umangsah saking wuri. Apan kocap ing carita kapitan Tak, ngangge cara kumpeni, apan makutha mas, marep mungkur garudha, belah jaja anting-anting, lir kumbakarna, geng luhur angajrihi. Ramening prang sanjata lir gelap ngampar, awor tambur barungi, raden Surapatya, sayah pangamuk ira, mundur prasamya alinggih, aneng pagongan, sarya ngulari warih. Yata wonten timbalane sri narendra, nedha Ki Surapati, sampun kalayatan Surapati turira, sandika aso rumiyin, sigra umangsah, rahaden Surapati. Tinadahan kinarutug ing sanjata, Surapati mangukih, nengah sarowangnya, pan sampun seleh watang, aruket mangamuk keris, nadyan Surapatya, wus liwung wuru getih. Sakathahe kumpenikathah kang pejah, pan ora ngambah siti, angidak babathang, rahaden Surapatya, kapitan Tak kang den incih, apan kasangsang, ing mimis lir den soki.

Candhakupun cariyos Prabu Bonaparti ing prajagung Prangkrik

Sang Bonaparti sarengate namung anjembaraken kasusranipun lir garudha panglinglingipun denira muluk ing jumantera boten pisan kablerengen soroting baskara, ing pundi andheging iber utawi enggenipun badhe adamel sesah punika kula boten pisan anyumerepi, saklangkung anggen kula giris anututi ibering sang garudha, nanging boten pisan saged ambengi pangraos sang garudha wau dereng manggih parang ingkang kagalih cekap inggilipun utawi graning prawata ingkang kacelaken kaliyan srengenge, kula punika namung tuturah andongakaken kemawon, mugi-mugi sang Bonaparti wilujenga sapanginggilipun, panjenengan dalem sang prabu angsala wahyu jalmi sarta kula pyambak pinaringan slamet, punapa malih dene pamuji kula sanggarudha sampun ngantos karsa angranggani kaprabon dipununjukna malih kaprabon wau dhateng sang aprabu.

Mariyanah Prinses deben bereh sadangunipun anilingaken wiraosipun sang dayita lajeng matur: punapa kintenipun angandika sampeyan wau saged sawantahipun.

Sang dayita mangsuli: dhuh lahe boten wonten satunggal ingkang saged mastani utawi anginten-inten karsane sang Bonaparti, saingga kula pyambak inggih sepen saklangkung keket rapetipun ingkang dipun pangandikakaken namung ingkang sampun kaleksanan, dene nalar-nalar ingkang kacipta boten pisan marojol utawi kalairaken sedy a utawi pratikelipun sasad dipunkikib bisa lebet teleng ing manah dereng wonten satunggal ingkang saged ngumukaken, nate anyumerepi rasanipun ingkang temen, dene ki lurah boten kakilapan bilih kula punika ing batosipun saklangkung lulud dhateng kaprabon amila asring-asring kula dipunsemoni, nanging saben-saben sang Bonaparti semu rengu, sagagatipun bongsa Prasman amijil pyambak dhateng sang Bonaparti kajumenengaken kongsul pangajeng sadangunipun gesang, punika kula asring-asring dipunrengoni suryanipun surem jaja mawinga-winga, manawi myarsakaken anggen kula reraosan utawi angaken gusti dhateng sang prabu jengkar, saklangkung kenceng dhawahipun sang Bonaparti dhateng kula, tan kalilan anampeni para tamu, bilih dereng kaidenan maksa rupining mitra kula ingkang sami angguyubi kaprabon sampun sami kasingkiraken sadaya, dados kula kapaksa angedhagaken pamitran, suprandene kula boten kacongah anyupakaken, ananging mangke kula kedah andharak-dherek sabab Bonaparti ing sapunika boten angemungaken bojo, pangreh kula: gusti, makaten kawontenanipun, mila sakalangkung angampet sungkawane semahipun kongsul pangajeng, awit kapamengan sedyane kang utami, dangu-dangu kawastanan rumongsa batine boten pisan angewahana, milanipun sampeyan sang dewi kula suprih matur dhateng para gusti ingkang nyrei dhateng kula kawastanan bilih kula nguwasani sadaya sampun munjuka ing gusati Grapan Prodhanse, kawontenanipun ing mangke sabab ing saelah gusti wau ing lair batos inggih ratu kula, saha kula anggep angratoni nagari Prangkrik, gusti Alah ingkang nyaidi, yen kula boten pisan kapingin angangge makutha ingkang pancen kagungane gusti kula, sarta sampeyan munjuka bilih kula boten kendhat anggen kula marsudi murih kanugrahaning gusti, asring-asring anggen kula ngaturi enget dhateng sang kongsul pangajeng sampun ngantos kasupen wajibe dhateng gusti, ananging sadayanipun boten pisan migunani, sampun kapara dangu nembe punika katingal wonten melik-melik sapala tuwuh ing pangajeng-ajeng kula sabab sang Bonaparti uninga bilih kula badhe katamuwan sampeyan, suprandene boten dipunawisi anampeni tur sampun wonten ingkang matur yen Prinses Mariyanah putri adi Iben bereh kacelakaken sanget dening para gusti ing praja Koklense saha dipunanggep mitra tuhu tuwin sang kongsula nyumerepi bilih sampeyan sampun tindak dhateng kitha mitya amarak nuweni gusti Grapan Prodhanse, sarta kapitadosan ngampil nawala dalem ingkang dumunung dhateng kitha Paris, punapa dene malih sang Bonaparti nguningani ugi yen sampeyan asring-asring katuwenan sang hertoh ehin ingkang tedhak dhateng kitha wenen saha alerep ing ngriku sawatawis dinten.

Mariyanah saklangkung kaget amiyarsakaken wewretining Ken Josepinah lajeng matur semu gumun: dubilah punapa pun [...] uningani sadaya. Taksih wonten candhakupun

Punika anyariyosaken malih tiyang kembar dhempet Seng kaliyan Deng

Wpnten kabar bilih ahli warisipun kembar wau amarsudi pikantuka asilipun sasampune ajal jisimipun dipuntawekaken kapangaosan 25000 rupiyah, dene ingkang badhe purun tumbas samanten wau boten kirang, sabab kathah para dhokter, para pasamuwan kawruh sapanunggilanipun sami rerebatan andarbenana wujud kaelokan wau, kakinten-kinten manawi para pakumpulaning dhokter ing Niwe York utawi Piladhelpiyah tanah Amerikah ingkang badhe angonjoni panumbasing jisim wau.

Sapunika serat kabar sami kebat dening kandaning kembar tiyang Siyem sang akakaliyan Eng wonten ingkang dereng kasumerepan kapratelakaken ing ngandhap punika.

Biyungipun kembar tilar kala taun 1805 ing kitha Mukleng (Siyem), anak-anak ping kalih sapisan medal kembar, kaping kalihipun medal tiga.

Nalika taun 1846 sasampunipun alelana ing pundi-pundi, awit taun 1829 dumugi 1846 pun kembar dhempet anumbas pasiten ing kitha Karolinah sisih ler tanah Amerikah, sakaliyan rabi ing ngriku sami ngalap lare estri wau boten patos kapredi wulang, nanging sami akas dhangsan sarta wegik-wegik tuwin rosa saha saras-saras, biyungipun laare estri wau sakalangkung lemanipun, kala pejah badhe kakubur tabela kawedalaken konten lajeng konten kabibrah.

Nalika dinten Kemis saderengipun ajal pun Sang ngluh yen kasrepen, pun Deng rengu awit kaget dening sadherekipun anyelaki bedhiyan, sareng Jumungahipun Sang karaos sakeca nanging salajengipun arongeh, pun Deng dipunpeksa tangi kalaning tengah dalu, dene saajale Seng pun Deng saklangkung sungkawanipun lajeng nututi inggl.

Inggang sami anyumerepi asanjang bilih saajalipun kembar wau daging ingkanag gandheng lajeng boten ebah malih, wonten ingkang kekondha wanawi pun Deng pejahipun jalaran sakit kikirangan rah sabab rahipun sami manggen ing badanipun Sang. Sang wau saajale katingal jamus langkung malih rainipun mratandhani yen sakalangkung gawat pamecatipun, dene Eng jisimipun katingal kados tiyang tilem kemawon.

Sasampune rerembagan kaliyan anakipun ingkang sampun sami sepuh, jisim kembar lajeng kakubur ing griyanipun Deng, dipunselehaken ing pethi timah sakalangkung rapetipun lajeng kala pisan pethi kajeng, nunten kakubur dipunurugi areng kalih kaki kandilipun.

Wondene sadherek kembar wau awis anggenipun nuweni pakumpulan igama, mila kapitan sarengate bojo ingkang satunggal malebet ing srani, ingkang satunggal boten anakipun sadaya agadhah sarengat mila sakalangkung mesakaken bapa sarta pamane dipunkubur tanpa wawaton sarengat, titilaripun Sang 32.000 ringgit, pun Deng namung 17.000 ringgit.

Panjurung tumrap *Bra Martani*

Salebetipun pacinan Surakarta wonten lurugan ngabotohan canjikya kathah lampah durniti ingkang sampun kadengangan.

Anjawi saking pamireng kula kathah para priyantun kayungyun tumut ngabotohan wau tunggal kalayan titiyang awon, ewa samanten tanpa kidih malah ngangsed sumengkud, ingkang makaten punika tetela nuruti pepenginan awon ingkang namung badhe anjalari kamlaratan tuwin nyuda ing keringan punapa priyantun wau boten yitna bilih ngabotohan punika sanes lawiyanipun, ananging temen kawajibanipun para bujang sarta titiyang ingkang boten mangajap dhateng kaluhuran miwah kautamen. Dharmasusastra.

Serat saha ingkang tabe pakurmatan ingkang kathah-kathah sayogi katur ing panjenenganipun ingkang saudara redhaktur *Bra Martani* ing nagari Surakarta.

Sasampuning kadya punika wiyosipun manawi andadosaken dhangsan saha kapareng ing panggalhipun saudara, kalilana kula ngaturi panjurung kabar ing *Bra Martani* mugi wontena karsanipun saudara manawi wonten selaning papan kapacaka ing *Bra Martani* ingkang medal Kemis ngajeng punika.

Nalika tanggal kaping 7 April punika wanci enjing antawis pukul 9 kula ningali 1 sawer ageng, saking antawis kula panjangipun kirang langkung wonten saking 12 kaki, dene agengipun

sakimpoling kula katingal wonten ing lepen pusur leres sakidulipun ing pabrik Cakra, sarta kendel kemawon. Saking cacriyosanipun tiyang tiyang ingkang sami ningali sawer sawa jaler, sareng makaten lajeng dipunjiret kaliyan pecut sarta kaeweng-eweng tiyang kathah, dipuninggahaken dhateng ing ara-ara sareng dipunlarak-larak ing tiyang, boten antawis dangu lajeng mutah warni lira agengipun inggih ugi sakimpol, dene sanalika wau pun slira inggih ugi mutah medal sawer sami sampun pejahipun, ingkang kula gumuni anggenipun aneh tiyang punanganiaya pun sawer ageng wau kalebetaken ing pethi kapaku lajeng kabekta dhateng tanah ler, awit pun sawer wau nganiaya pun slira, mila slira kaaniaya margi nganiaya sawer alit, dene sawer alit wau dipunkaniaya awit purun anganiaya kodhok, mila kula purun omong makaten amargi saking pamanggih kula kalebet kaelokan anggenipun turut wau, punapa pun slira wau teksih nunggil akrap kalayan kodhok.

Sinerat tanggal kaping 12 April 1874. Katandhan D.

Pamuji kula tiyang ingkang manggih sawer ageng wau kemawon sampun ngantos gentos manggih dipunaniaya. Pareksi.

Panjurung candhakipun cariyos dhusun

Kawontenanipun tiyang dhusun ing Guyangankalang sanadyan ing saderengipun nyebar wiji pantun pundhengan taun Jimakir angka 1802, para tiyang wau sampun sami nempur trekadhang salo sampun boten simpen pantun ingkang pencen kadamel wiji, jalaran ing nalika panen rendhengan taun wau angka 1801 dumugi panyebaripun wiji rendhengan taun jimakir kang kapengker punika ngantos kasep 8 wulan dados wiji kang dipundamel jagi punika telas namung katedha kemawon, ewadenten para tiyang alit ing dhusun Guyangankalang sami katingal mayar awit gampil pangupajiwaningsun, salebaripun panen ingkang gadhah wiji kadhele tuwin ingkang pancen sabinipun kenging dipuntegal sami dipunsebari dhele, ingkang boten gadhah tataneman tiyang wau sami mepi ngarit alang-alang dhateng wana pareden bawah nagari Ngayogyakarta, saben nem dinten saged sade kaping kalih dhateng peken ing mekenan saben Paing, yen pekenan Wage dhateng peken dhusun pedan, sareng sampun mongsa dhawahing wiji pantun rendhengan punika kawit wulan Siyam dumugi wulan Besar ing taun Jimakir wau, regining uwos sabethakan dhusun mekenan 10 wang, maka para tiyang alit ing dhusun Guyangankalang punika ingkang taksih dereng nempur namung tiyang 3 griya, ananging tiyang ingkang sami boten gadhah tedha wau pamit dhateng lurahipun pados pandamelan dhateng nagari, wonten ingkang mangkat jaler estri saweneh mung kang jaler ingkang dhateng nagari, trekadhang namung ingkang estri kemawon kang jaler kanton anggarap sabin, sareng sampun buntu sabin, jeler estri inggih dhateng nagari sadaya, dene griyanipun kang gadhah anak taksih tanggel sami dipuntilar, saben sadasa dalu mantuk ngintuni tedhaning anakipun, menggah pandamelanipun patrol sami rukunan kaliyan kancanipun ingkang boten kesah-kesah, saking cariyosipun para tiyang wau wonten nagari pandamelanipun jaler estri warni-warni, yen wonten tiyang estri ingkang berah glepung wos sabethakan petang epahipun patang wang, ingkang berah nosoh wos sabethakan epahipun 2 sen, dene tiyangipun jaler ingkang glidhik bibar jam 2 epahipun 30 sen, yen bibar jam 3 epahipun 35 sen, saweneh tiyang jaler tuwin estri sami sadayan, kadosta sade wedang serbat kalih tatedhan warni-warni, tiyang jaleripun sade cao, saweneh sade soto, dene pondhokipun tiyang dhusun punika ura, sagrombol-sagrombol pados kenalan piyambak-piyambak, wonten ingkang ambruk ing griyanipun bakul ingkang dipunberahi, para tiyang ingkang sami nyambut damel punika saben wanci pukul 7 enjing sami mangkat dhateng pandamelan ingkang beberah, tiyang ingkang sami sadayan mangkat kesah kikilak, upami dipunraosaken memper lawa, enjing sonten brubul mangkat mantuk, wonten kang mondhoek kampung satabelan bawah Mangkunagaran, saweneh mondhoek kampung Kanggotan tuwin kampung Balong bawah kawedanan kaparak tengen, punapa dene wonten ingkang mondhoek griyanipun Raden Bagus Thathit sakilen pamedan kapatayan, lelampahanipun tiyang alit ingkang sampun kula cariyosaken punika sanadyan radi awis tedha, titiyang alit boten sanget kasusahanipun, malah tirahipun katedha wonten nagari

anggenipun angsal berahan sami kenging kadamel waragad tanem, tuwin cekap katedha kalih anakipun.

Taksih wonten candhkipun kaping 16 wulan Sapar warsa Alip angka 1803.

Katandhan Kula uninga.

Semahipun punapa boten kaduman. Redhaksi.

Panjurung kabar ingkang mamenglas sanget

Ing kampung kaparak tengen, kapupaten Purwadiningratan, nagari Surakarta, nalika dinten malem Senen tanggal kaping 4 wulan punika sakinten kendel jam 1 tiyang pangindhung nami Matirta, antawis umur 38 taun panggaotanipun sade rumput, griyanipun kalebetan dursila pandung medal ing kori ngajeng lajeng mendhet iket wonten sampiran tuwin arit kakalih ingkang sami gumlethek panggenanipun, nami pun Matirta tekkih eca anggenipun tilem, semonipun pandung dereng narimah yen ngamungna pikantuk iket lan arit kekalih, tansah angangah-angah anggenipun ngupados panunggilanipun, ananging meksa boten pikantuk wewah, wantu Matirta wau tiyang langip, sinjang satunggil kadamel kemul, saking pandugi kula sareng sumerep sinjang kaangge kemul lajeng angolod-olod saking kumeceripun dhateng sinjang wau, boten saronta sinjang lajeng kasendhal purun, Matirta lajeng kaget tangi ngrebat sinjang, ingkang estri kaget sareng sumerep ingkang jaler grejegan kaliyan pandung, rehning Matirta namung majeng kaliyan tangan, pandung mawi bebekta dadamel, saestonipun Matirta kalindhih ing yudanipun jalaran kaprejaya labet tiga naming sanalika lajeng ambruk, dene sinjang ingkang kangge rebatan saestu boten kabekta pandung, naming rowak-rawek ingkang lestantun kabekta namung iket satunggil arit kekalih sakinten pangaos 90 sen, dene ingkang sami dhateng tandang anglangkung kathah awit lajeng rinengga swaraning bendhe angganter pangungkungipun saingga boten kendhat, anaming kuciwa sakedhik ingkang wajib anindakaken paprentahan ing ngriku snalika boten nglacak utawi gledhah, lampah ingkang makaten punika dados tetela bilih kether kawajibanipun pikantukipun kirang utami.

Titi kaping 11 Sapar, Alip 1803. Wisamarta.

Dhur anyamber Banaspati brakuthu

Banaspati brakuthu teka misah anggenipun paben Sempanye, benjing malih manawi maos serat sampun ngantos kecewed, kyahi andika priksaha yen Sempanye sampun anyuthel rembag sabab kebusuken mengsah.

Kajawi punika kula ngengetaken ingkang amrih sae ingatasipun sarira sampeyan, yen sampeyan manjurung ing serat kabar sadengaha sampun daduka ing tembung car-cor, kadosta sampeyan amastani *gabeng* punika boten prayogi, awit manawi sampeyan dipunwales ing tembung kang langkung saru lah rak andhelak, tembung tuwin panyerat sampeyan panjurung teka limrah kemawon boten montra yen tembungipun tiyang saged, kalih dene malih yen sampeyan boten gabeng teka boten amutusi ingkang sami dipunudur wau, sinten ingkang leres utawi lepat akanthi pratela genah tuwin pratondha yekti.

Ing sekar mlathi ping 4 April 1874. Katandhan Beter.

Redhaksi angrembagi prayogi kasigega.

Wangsulanipun panjenenganipun tuwan redhaktur ingkang tumrap sangandhaping pawartosipun Manguncarita, dumunung *Bra Martani* angka 13, suraos seratipun Manguncarita wonten tatembugan satunggal lembu punapa boten lepat.

Ingang punika pamanggih kula kados kawangsul tembungipun jejer bok manawi lembu satunggal, ewadene kula inggih boten pisan bilih angrasa yen reka-reka kula wau leres tuwin ragi nyelaki sang wawaton, kajawi namung kumambang sapangleresanipun sang para maistra. Ing Mandira putiyan kaping 8 April 1874. Sang Banaspati brakuthu.

Pamacaking tembung bab tiyang dhempet kembar ing salebeting *Bra Martani* angka 13 dumunung garis 10 kapetang saking nginggil wonten ingkang kalintu, ing ngriku mungel *serat pranataning lair*, masthenipun *serat pratandhaning lair*. Redhaksi.

Punika Cariyos Babad Mataram

Dhuwungipun wolulas kang cinariga, rahaden Surapati, saben-saben angsal, sadasa pan den bucal, sampun salin dhuwung malih, apan mangkana, tangkep ira ing jurit. Kapitan Tak mobat-mabit solahira, ngabani ing kumpeni, wonten luknanira, Beterwel namanira, kapranggul dening ngajurit, candhak-cinandhak, kalawan bunjala dri. Pan sinuduk luknan jajane tan pasah, kumemprang kere neki, pinindho tan pasah, males gebug sunapatan, bunjala dri angingeri, gigithokira, cinandhak siking puri. Pan kalumah Beterwel wus kinakahan, ginorok wus ngemasi, rame kang ngayuda, aruket leng-alengan, arame pedhang lan keris, sunapan sirna, gebug-ginebug bedhil. Surapati gelun lan kapitan terman, sinuduk wanti-wanti, braja tan tumama, sigra males amedhang, tan pasah dyan Surapati, gelun kewala, udreg banting binanting. Surapati cinakot gulu iringnya, ginebeg kadya anjing, Surapati gila, apan arsa lumajar, sedhik dene ilerneki, emut wenteyan, rahaden Surapati. Patrem papa kinandhut kantho saruwal, ginagap wus kapanggih, kapitan atreman, ginoco gulunira, kokrok pan sampun ngemasi, pra peksir ika, pan gupuh anulungi. Miwah wonge Surapati kathah prapta, pan sami anulungi, Bugis lan Mekasar, prangira pam sadhiya, mulat ing mungsuhe giris, prabu mangkurat, suka denya ningali. Etak mulat kapitan terman palastra, langkung denira runtik, angabani bala, sisane ingkang pejah. Munggend ngarsa angamuk kapitan Etak, sagung wadya kumpeni, kabeh sareng mengsah, tadhah dyan Surapatya, tanapi rahaden patih, sareng umangsah, kapitan mobat-mabit. Kapitan Tak sinosok pan ora pasah, tinumbak datan busik, Raden Surapatya, kebat denira mara, Etak dipunparepeki, ginoco sigra, samana wanti-wanti. Daton pasah curiga malik pucuknya, dhuwung binucal aglis, Raden Surapatya, kebat salin curiga, pan ginoco wanti-wanti, kapitan Etak, wulune datan busik. Upasira kapitan pan kalihwelas, ubrus sagenging jurit, ing ngebyuk sing kanan, ingedrel binedhilan, yata Raden Surapati, sarawang ira, sayah denira jurit. Neng pagongan atarap denira lenggah, walonda ambedhili, saking ing kadohan, tan wonten purun celak, yata raden Surapati, dyan dhinawuhan, timbalan sang narpati. Surapati nedha sampun kalayatan, dinukan ing narpati, alon aturira, inggih dhateng sandika, kenginga aso rumiyin, pan dereng ngulap, manahe ingkang abdi. Inggih rencang punika wonten kabranan, pan arsa nginum warih, inggih teka welas, kang sami nandhang brana, wong gandhek wangsul tumuli, prapta ing ngarsa, nira sri narapati. Wadya gandhek wus marang ngarsa sang nata, turipun Surapati, wus katur sadaya, mesem wau sang nata, ngandhika dhateng kang rayi, eh adhi emas, wus sayah Surapati. Tuwanana adhimas payo den enggal, manawa niniwasi, sigra jeng pangeran, manembah ngaras pada, tedhak saking ing sitinggil, mring pagelaran, panggih kalawan abdi. Inkang abdi pangran Puger wus kapanggya, wolulas kang kapilih, kang dherek jeng pangran, kinen salin busana, kadya wonge Surapati, miwah jeng pangran, kang busana wus salin. Pan amindha wadyane dyan Surapatya, anulya sami salin, wau jeng pangeran, minger ngilen lampahnya, mangaler anjog ing masjid, tiyang wolulas, tan pisah lawan gusti. Nulya medal saking masjid amangilen, ngalun-alun wus prapta, kagyat Surapatya, awas denira mulat, yen pangran Puger nulungi, sigra umangsah, wadyanya rebut dhangin. Surapati ingantep pangamuk ira, tanapi raden patih, wong kumpeni tadhah, yata kanjeng pangeran, saha wadya marepeki, malebu ing prang, awor lan Surapati. Jeng pangran prapta ngarsanira Etak, dyan kinarubut bedhil, pangran tan suminggah, pan sarwi ngembat watang, kyahi paleret pinusthi, kanjeng pangeran sigra denya nglarihi. Jajanira Etak anerus malikat, niba datan ngalisik, wadya kapugeran, pra samya ngamuk rampak, kadya bantheng watan kanin, numbak walonda, walonda ambedhili. Tutumpesan walonda pating gulimpang, towok tameng mapulih, akathah kang pejah, ngamuke wong pugeran, miwah Raden Surapati, wlonda keh pejah, wangke sungsun atindhih. Wong kumpeni pinatawis ingkang gesang, salawe lan wong Bugis, sumyur pan lumajar, Rahaden Sindureja, kumpeni dipuntulungi, sami cinandhak, binakta marang loji. Surapati sawadyanira sadaya, lir pendah wong angipi, yata sri narendra, pan munggend siti

bentar, suka angandika aris, tuhu prawira, iya si Surapati. Timbalana yayi mas lah dipunenggal, kalawan Surapati, lan Nerangkusuma, wong gandhek atur sembah, mentar saking ing sitinggil, wus tinimbalan, kawuri kang ajurit. Prapta ngarsane narendra, saha nembah ngandika sri bupati, lah bageya ariningsun, kang mentas mangun yuda, ingkang rayi tur sembah ature nuhun, sang nata malih ngandika, anemen denira jurit. Kang rayi matur manembah, kados pundi yen datan nemen jurit, sayekti ajrih pukulun, mapan timbalan tuwan, sri narendra mesem angandika arum, lah iya ingsun tarima, kang rayi matur ngabekti. Sang nata malih ngandika, iya tuhu prawira Surapati, yata pinatedhan sampun, sang rayi jeng pangeran, dhadhaharan manggis kalawan kapundhung, jeram kalawan semongka, saksana samya binukti. Sri narendra angandika, Surapati sira sun junjung linggih, sira arana tumenggung, nagara Pasuruhan, sun paringken sing sira Surapatyeku, lawan sira jumenenga, tumenggung wiranagari.

Ongka 19 Kemis kaping 7 Mei 1874
BRA MARTANI

Surakarta

Punika amratelakaken atrapipun mangun suka sapanunggilanipun, benjing dinten salawe taun jumeneng dalem sri bagendha maharaja narpati Nedrelan, kaleres ing dinten Salasa kaping 12 Mei.

Dalasan ing mangke yatra urunan ingkang badhe kangge wragad kirang langkung sampun wonten 7000 rupiyah, samanten punika kathah ingkang sami dereng mratelakaken badhe anyumbang, liya saking punika kanjeng gupremen amaringi arta sewu rupiyah kadamel wragad parameyan, tekap kang kapatah amranata sawarnining pista ing ngandhap punika pratelanipun:

Kanjeng tuwan kukheniyus presidhen

Tuwan Korneliyus presidhen

Tuwan Mister Dhabo lid

Tuwan Hogendhorep lid

Tuwan Pan Dher Eidhe lid

Tuwan Mister Manuwel lid

Tuwan Hemring lid

Tuwan Jon pan Dher Lindhe lid

Tuwan Jonghir pan Dher Wek lid

Tuwan Loran lid

Litnan Limworen lid

Litnan Dhejong lid

Tuwan Wilkes lid

Tuwan Kunas lid

Tuwan Buselar lid

Pangeran Arya Suryaاتمaja lid

Pangeran Arya Ngabei lid

Pangeran Arya Suryabrota lid

Pangeran Arya Cakranagara lid

Pangeran Arya Gondasupatra lid

Pangeran Arya Gondasiwaya lid

Dene ingkang kapatah amranata ramen-ramen:

Tuwan Jonghir pan Dher Wek presidhen

Tuwan Wilkes lid

Tuwan Pilip lid

Tuwan Bikar lid

Tuwan Kapitan Buning lid

Tuwan Litnan Linworem lid

Pangeran Arya Mataram lid

Pangeran Gondawijaya lid

Pangeran Gondaاتمaja lid

Raden Mas Ariya Jayadiningrat bupati nayaka

Raden Mas Kuda Suryawidagda erste litnan

Ping 4 Mei

Punika pratelanipun pista amangun suka ing Surakarta benjing ing dinten selawe taunipun jumeneng dalem ing kaprabon Sri Bagendha Raja Narpati Nedrelan, tanggal ping 11, 12, 13, sarta 14 Mei.

Tanggal ping 11 Mei jam 8 sonten

Komidhi ing panggenan saben lalampahan jowan wotres.

Tanggal kaping 12 Mei

Para komidhi ngaturaken panembrama konjuk ing sampeyan dalem sang naradipa,
jam satengah 1 dalu anggending wlandi wonten ing kamar bolah.

Tanggal ping 12 Mei jam 7 enjing

Para sekiter, para militer sarta lesiyun Kamangkunagaran sami paradhe.

Jam satengah 9 mumuji ing greja wlandi.

Jam 10

Manembrama konjuk ing sampeyan dalem sang prabu sarana kanjeng tuwan residhen.

Jam 11

Ramen-ramen ing ngalun-alun.

Jam 4 sonten

Para militer saha para mardika kasukan arak-arakan turut margi.

Jam 8 sonten

Pista ageng ing dalem karesidhenan, gongsa sarta ringgit sapanunggilanipun ing alun-alun.

Tanggal kaping 13 Mei

Jam 11 enjing

Gending wlandi ing kamar bolah.

Jam 8 sonten

Gending wlandi sarta pista ing dalemipun kanjeng tuwan asisten residhen kang mratandhani
para priyantun walandi jawi ing bawah karesidhenan Surakarta, karengga ing dilah sarta seserat

kinontha patamanan,

Gongsa ringgit sapanunggilanipun ing alun-alun.

Tanggal kaping 14

Jam satengah 11 enjing

Gending wlandi ing kamar bolah.

Jam 8 sonten

Pista dhangsah ing Mangkunagaran, gongsa ringgit sapanunggilanipun ing alun-alun.

Benjing ing dinten Rebo kaping 13 wulan Mei punika badhe pista ageng amangun suka, para ingkang sami nuweni badhe ngagem tenger dhasar sutra tumpang wonten ing pita oranye mawi gambar dalem sang narpati akaliyan kanjeng ratu Nederlan, kagem ing pranaja sisih kiwa mratandhani sae kapraya kaliyan tedhak ing oranye lanase, dene manawi karsa sampun kenging kagem awit tanggal 11 dalu.

Lokomotip awawarti bilih ing Ngayogyakarta ingkang sinuhun kanjeng sultan karsa urun kadamel wragad pista amangun suka, benjing tanggal kaping 12 Mei 1500 rupiyah, Kanjeng Sultan Pangeran Adipati Anom 500, Kanjeng Pangeran Mangkubumi 200, sanesipun dereng kapratelakaken, kabar kathah ugi.

Benjing ing dinten Salasa tanggal kaping 12 Mei ing kagungan dalem ngalun-alun Surakarta wonten ramen-ramen kadosta: topeng, wayang klithik, tayuban, reyok, menek pucang, tuwin agebak pengaron, dene atrapipun gebak pengaron wau makaten: pengaron dipundekeki toya lajeng kagantung, nunten wonten tiyang ingkang katutupan singset, punika dipunubeng-ubengaken sapisan ping kalih nunten kinen anuju pengaron wau, sinten ingkang ngengingaken punika ingkang menang tohipun.

Liya saking punika benjing tanggal kaping 19 wanci jam 8 enjing wonten balapan mawi kapal tanpa lapak sarta tanpa kedhangsul.

Polisi ing Surakarta kaaturan anyumerepi atrapipun tiyang tiyang guyang kapal manawi enjing, ing dinten Rebo kaliyan Setu, anjawi manawi pulisi boten karsa amurinani para tiyang ingkang dhasar utawi langkung ing margi ageng tuwin para lare ingkang asring dolan.

Pratondha sihing gusti

Bupati ing Kendhal, Samarang (asma boten kapratelakaken) anampeni nugraha kaparingan gambar dalem gusti kanjeng pangeran Nedrelan Prinse Hendrik.

Lokomotip awawarti nalika kalih wulan sapriki tuwan Kapitan Brat ingkang nglurahi bahita asepi Koningdre Nedrelandhen, katedhanan tulung dening bupati Kendhal kinen angunjukaken gambaripun katura ing ngabyantaraning gusti sang pangeran ingkang jumng pangagenging setumpat matsekapei, kinanthenan serat suraosipun sakalangkung sumungkem saking abdi dalem kina bupati ing Kendhal wau.

Tuwan Kapitan Brat anyagemi sarta kapinujon saged anyowanaken pyambak gambaripun abdi wau, saseratipun konjuk dhateng gusti jeng pangeran, sang pangeran lajeng kaengetan ingkang abdi malar ngajeng kapara kacelakaken, jeng gusti nunten karsa amangsuli sih dalem amaringi kagungan dalem gambar, mawi kacirenan asma dalem kaserat pribadi lajeng kinarawesthi endah warninipun, pinaringaken dhateng tuwan Brat, kakersakaken ngulungaken dhateng abdi dalem bupati Kendhal.

Sadhatengipun tuwan Brat ing Semarang inggal angleksanani dhawah pangandikaning sang narpa sunu, panuju asisten residhen wonten ing Samawis, asisten residhen condhong pikiripun kaliyan tuwan Brat, lajeng sami mangkat dhateng Kendhal, nunten amirantos badhe angulungaken paparinging gusti mawi rerenggan sawetawis murih anyumuki dhateng kang pinaringan utawi liyaning priyantun jawi.

Asisten residhen anumpak kreta sasarengan kaliyan tuwan Brat saha mitra satunggal, wah wadana sajuga angampil kagungan gambar wau dipunlantari beri salaka mawi sinongsongan lumaris dhateng kabupaten, para prajurit anjajariawi mresentir sanjata, tambur ropol, raden adipati, para tuwan sarta para priyantun jawi saapnunggalanipun sami angentosi rawuhipun tuwan asisten residhen satamunipun, sareng sampun sami tumrah saking kreta atata lenggah, tuwan asisten residhen anglairaken tembung maduwana, amratelakaken tresnanipun sadherek dhalem sang prabu, kanjeng gusti ingkang aparing pratondha asih, saingga angrontokaken panggalhipun raden adipati ngantos angrentahaken waspa.

Raden adipati inggal amangsuli saklangkung kapundhi ing mastaka geng panuwunipun, nunten den adipati mrepeki tuwan Brat andedahaken erlaji endah paparingipun prameswari Nedrelan ibu dalem jeng ratu Anah Polonah, nalika raden adipati maksih taruna andherek jeng gusti dhateng Nedrelan, dalasan tuwan Brat utawiingkang myarsakaken sakalangkung karaos ing manah, nalika raden adipati Kendhal amratelakaken panrimanipun.

Jeng gusti ing suraos aningalaken pakaryan ingkang necegi kaluhuran dalem boten amung amratandhani kawicaksanan dalem jumeneng prasidhen Pan Dhe Matsekapei Nedrelan, sanadyan jumeneng dalem dados presidhen dher Matsekapei saking Nedrelan dumugi Amerikah sisih ler wangsul-wangsul punapa dene malih anggene karsa anyantosani bab pagramen ing port said, wah anggenipun anyantosani matsekapei ing Biliton punika kanjeng gusti inggih taksih gumolong amratandhani yen kekendelaning bongsa Nedrelan boten pisan suda, mila kenging kaupamekaken anggenipun karsa aparing dhateng bupati Kendhal amewahi remenan dalem aniteni dhateng para abdi ingkang pantes dipunganjar.

Polisi dhistrik, kula mireng karuh kula S nalika wulan Rabingulakir taun Jimakir ingkang kapengker punika, gantos griya gadhahanipun Raden Atmasulastra abdi dalem ordenas kadipaten anom, griya wau dumunung wonten ing pakampungan Jagaprajan (gadhing) bawah kaprajuritan ing Purbanagara, kagantos kalihbelah rupiyah jalayan prajangjiyan trang kaiden dening priyantun polisi ingkang bawahaken amana Raden Ngabehi Wignyapranata, menggah prajangjiyanipun bilih boten anebus nem wulan sarta angeboti dalasan sasaremanipun, ingkang gadhah narimah tur tanpa prakawis, sareng dumugi ing prajangji boten nebus utawi ngintun sareman tumunteningkang gantos wau nyadhong katrangan wangsulanipun priyantun polisi ingkang sampun kasebat ing nginggil nedha semados sadasa dalu gangsal dinten lajeng nedha semados malih ngantos rambah-rambah ingkang gantos inggih nyrantosaken, kalampahan Raden Ngabehi

Wignyapranata dhateng ing griyanipun ingkang gantos inggih nedha semados malih salebetipun sadasa dalu amesthi angrampung, nanging ingkang gantos sampun boten anguwaweni jalaran sampun kalamen, srening Raden Ngabehi Wignyapranata wau waged anandukaken tembungipun wani sarta angasih-asih ingkang supados dipunsuwawenana, wusana inggih kalampahan sareng dumugi semadosipun lajeng kacadhong malih ngantos rambah-rambah, ing ngriku Raden Ngabehi Wignyapranata boten purun amangsuli tuwin amanggihi dados temen anggenipun adamel pakewed sarta gadhah kamilikan, sareng sampun sawatawis dinten letipun salebetipun wulan sapar ingkang saweg kapengker kamirengan bilih griya wau kasade tiyang sanes kalayan sidheman boten mawi lilahipun ingkang gantos sarta papajenganipun sapriki sepen boten kasukakaken dhateng ingkang gadhah leres, boten manawi sapunika sampun telas kadamel. Menggah lalampahan ing nginggil punika sanget andamel ngunguning akathah.

Dening pamurih kula ngaturaken panjurung serat kabar punika amung pangagengipun polisi supados anguningana lalamapahanipun pulisi gadhing makaten wau saupami ingkang gadhah yatra badhe boten angsal karampungan tumunten, punapa boten badhe anyirnakaken ngatentrem. W.

Panjurung wangsulun katrangan

Serat sarta tabe pakurmatan kula akathah-kathah katur ing panjenenganipun ingkang saudara tuwanJonas Portir en.ko. utawi panjenenganipun saudara tuwan Pilip ingkang sami ngarang pustaka *Bra Martani* ing nagari Surakarta Hadiningrat.

Ing sarehning atur panjurung kula cangkriman ingkang mawi rarenggan sekar pucung katur dhateng ingpanjenenganipun mitra kula sakaliyan ingkang paparab Darmawongsa, utawi mitra kula Trusthasastra ingkang sampun kapacak ing *Bra Martani* onka 17 ing dinten Kemis ping 23 wulan April taun punika, kalangkung andadosaken pirena saha panarimah ageng dene panjenenganipun tuwan redhaktur sampun macak serat panjurung kula wau, saking kumedah-kedah kula saged babantu renaning *Bra Martani* utawi dados samargi anggen kula sedya sarawungan dhateng para sarjana bok manawi saged mindhak ing saserepan kula sawatawis.

Ananging cangkriman kula wau sareng kapacak sastranipun kathah ingkang katingal kirang terang, mila punika kula wangsul malih mugi kapacaka tumunten supados sampun ngantos damel kodhngipun panggalih mitra kula sakaliyan kang sisilih wasta Darmawongsa tuwin mitra kula Trusthasastra.

Bapa pucung, kawan wanda araningsun, panunggaling angka, saged kula, pratandhani, anut swara, kalih ngarsa kembar warni. Myang busana, sami dene rowangipun, kang kalih ing wuntat, nglegena ye, den oncati, mring sang kembar, kang kari dadyaran gebag, yen kang ngayun piniji saprabot wutuh, dahat kinawasa, waskithahi, owah gingsir, pan punika satuhu nama kawula. Nadyan ingkang kinembar busana lamun, ngwuri winewahan, paesing pa, lwa pirasti nama kula, santun tendhang sung sasmita. Ing panguwuh pundi-pundi unggyanipun, wong ing padhusunan, gupuh lir dene undang dhestrik, cara buta sawayah-wayaha budhal. Binatanga, punapa hi wujudipun, kang kalih neng wuntat, tanpa busana sademing, nama kula, sami kalawan wowohan. Yen tinrapan kalih prabot sukcinipun, janma nembah mring hyang, kanthi cecakkang pambuncit, wasta kula, santun praboting ngayuda. Bucal sandhang, kalih yen legena wangsul, rukun liru prenatal, kang arsa lungguh ing wuri, wasta kula santun janma tilar tedha. Titi purnaning pangripta dinten Saptu, tanggal ping pitulas, wulan Sapar awrsa Alip, sinengkalan mantri sirna esthi tunggal, kinintunaken Saptu ping 8 Mulud warsa Alip onka 1803.

Denten bab kula kamipurun darbe pitaken tegesipun tembung 37 prakawis saking kaengetan kula sampun wonten ingkang nyuwun tegesipun tembung dhateng kyahi redhaktur Surana, ugi dipunparingi pitedah punapa sapamanggihipun ing panggalih, ingkang punika kula inggih nglenggana yen lepat nanging amung paringa pangapunten tuwin katampena kalayan kasenangan. Katandhan kawula putranta pun kumawaneh ing Ngayogya.

Manawi redhaktur ingkang rumiyin karsa angengakaken kori, anegesi sawarnining tetembungan punika saking taberinipun, nanging kasumerepan manawi makaten badhe angebeki papaning *Bra Martani* mongka serat kabar wau boten priyayi satunggal ingkang numjus. Redhaksi.

Panjurung tumrap ing Bra Martani

Ingang tabe pakurmatan kathah-kathah mugè katur ing panjenenganipun tuwan Jonas Portir en.ko. utawi salajengipun katur panjenenganipun saudara tuwan Pilip ingkang ngarang *Bra Martani* ing nagari Surakarta Hadiningrat, manawi kapareng selaning papanipun *Bra Martani* saseratan kula ngandhap punika kapacaka.

Saking kumedah kula sumerep mijangipun pangkat sasebutanipun para bongsa luhur jawi mugè-mugè wontena sih lumunturipun ing panggalih sagunging para sarjana ingkang ahlyeng praja, paringa barkah ingkang ngodhengkaken manah kula kados tembung ing ngandhap punika ingkang sampun mupakat kaagem ing karaton kakalih, gusti kula ing nagari Surakarta utawi nagari Ngayogyakarta, kajawi putra dalem kakung putri utawi kajawi ingkang angsal ganjaran kainggahaken pangkat tuwin sasebutanipun.

Kadosta ingkang pangkat palenggahanipun riya 1. ingkang sasebutanipun bendara raden mas, riya 2. raden riya, 3. mas riya, 2. bab ingkang pangkat kalenggahanipun panji 1. ingkang sasebutanipun bendara raden mas panji, 2. raden panji, 3. mas panji, 3. bab ingkang pangkat kalenggahanipun mayor, 1. ingkang sasebutanipun bendara raden mas mayor, 2. raden mayor, 4. Bab ingkang pangkat kalenggahanipun Batawi 1. ingkang sasebutanipun bendara raden mas tumenggung, 2. raden tumenggung, 3. kiyahi tumenggung, 4. mas tumenggung, 5. bab ingkang pangkat kalenggahanipun kaliwon tuwin panewu mantri, 1. Ingkang sasebutanipun bendara raden mas ngabehi, 2. raden ngabehi, 3. kiyahi ngabehi, 4. mas ngabehi, punapa denten sasebutanipun ingkang taksih timur dereng mawi pangkat kalenggahan 1. dara raden mas, 2. raden mas, 3. raden bagus, 4. mas agus, 5. bagus.

Menggah ingkang kula suwunaken katranganipun nginggil punika punapa inggih kenging sadhengah tiyang ngangge sasebutan ing sapurun-purun, punapa sampun dipunpesthi saking waton asalipun, saha menggah urutipun sasebutan wau kaetang saking karaton pinten turunan, mugè-mugè para ahli niti praja ingkang sampun mirsani saking waton adad karaton dalem ing nagari Surakarta kalih saking wawaton adad ing karaton Ngayogyakarta kenginga kaesthi ing sapanginggilipun tuwin manawi saged nyarambahi dhateng ingkang dereng sumerep kados kula punika dadosa pepenget ingatasipun bongsa titiyang jawi, ingkang sami mangajap dhateng indhaking saserepan sampun ngantos slamun salumun, sabab kula piyambak punika sanadyanta tiyang jawi [...] dereng paja-paja pirsu kateranganipun, inggih namung anut garubyuging akathah kemawon, yen sampun dipunparingi jawab pitaken kula punika badhe wonten candhakipun bab pangkat sasebutanipun para wanudya.

Katandhan kawula pun Wongsatirta.

Ing sakathah-kathahipun kaurmatan kula

Panjurung

Inggih bok manawi kenging kalebet makaten ing serat kabar *Bra Martani*.

Kala malemipun dinten Jumungah tanggal kaping 17 April 1874, Raden Wiryadikrama mantri taneman kopi ing Nyukal dhistrik Jebeng (Samarata), kabegjan waget nyepeng dursila badhe ngobong griyanipun, oreyaning cariyos kados ing ngandhap punika.

Sarehning sampun tigang dalu griyanipun kasuled ing dursila nanging kapapas, temahan kapeksa panjagi sakancanipun sami rumanos wonten jawi, kinten jam 11 dalu wonten suwanten kemretek, jenggirak pra konca tiga tumandang pundi ingkang gawat, rehne peteng sanget mawi serana obor udla dalah, manggih dursila kabentel, inggal kaancaran waos, tujonipun ang dursila prayitna inggih ugi dereng ngantos tumama, ngapunten saking mandosipun waos, utawi saking barbudhi waskithaning dursila, sabab pun waskitha lajeng andhawahi siti gumlinting nyaruweni kados titiyang sampun pejah, sanadyanta sampun tanpa gelawat, saking waweka prayitanipun mantri kopi gening badhe ngatingalaken kakendelanipun, dados tansah kaacungaken dhateng sanginggiling badanipun dursila sarta mawi parintah nangsuli rumiyin ugi kaleksanan, mantri kopi saking gambiraning panggalih lajeng nyuwanten sora, cerik-cerik kamireng ing kathah sami dhateng, mantri kopi boten saronta nandukaken bramantya dhateng dursila nanyok nempiling

dhupak, nyempal wit kajeng ingkang celak kadamel perang pupuh mengsah ingkang sampun boten saged lawan.

Saking agengipun kabegjan kados pamanahipun dursila katimbang pejah amung jalaran kabentel alowung gesanga lumayan klayan mawi jalaran gebak tabok tempiling, sanalika pun waskitha gesang, engetan mekaten wau inggih sampun kenging kaewokaken dursila wicaksana, anangings ampun klenger blenger katuwuken lalaban epang kajeng tuwin dhupak tabok tempiling, wusana dursila kenging kadang ungaken, wah sapirantosipun kadursilan badhe temi pinanggih kaaturaken pulisi salajengipun.

Bungkal ping ...April 1874. Katandhan pun damang.

Punika Cariyos Babad Mataram

Surapati tinuding nututi, sarwi dhawuh akon ngrampok jaba, nulya tinadhahan akeh, rinampok ajur mumur, jiwa raga sampun ngemasi, binedhel galih ira, ususe den ulur, wong siji tan ana bela, wong Jepara kang pawestri samya ngili, yata datan winarna. Kumendur selut suka tan sipu, abicara mring kyahi Sindureja, lan para dipati kabeh, dika matur sang prabu, sakalangkung tarima kasih, lan tabe kula tuwan, poma dipunkatur, dene nagari Jepara, titilare anenggih Martapureki, wiyose paran karsa. Yata semana wus den boyongi, pra estri binoyong, jinarah kinarikit darbeke, sampun katur marang ing kumpeni, kalangkung sukaning, tyas ira kumendur. Dyan Sindureja angling aririh, yen dinangu katong, benjang punapa tuwan praptane, ing Kartasura sowan sang aji, lajeng banjel jurit, nenggih mring ki Untung. Kumendur selot alon nauri, tuwan saweg ngantos, tuwan jendral nenggih parentahe, nanging manira miyarseng warti. Nagara Batawi, mangke sanget retu. Saweg ngantos tuwan komasaris, punika kinongkon, marang pule, nrus angudhunake, mring kumpeni kang samya ajurit, samangsane prapti, nunten mangkat ingsun. Ing samangke manira puniki, sanget aturing ngong, kula ngaturi marang sang rajeng, kikirin karbin salawe nenggih, rahadyan dipati, poma dipun katur. Sigra budhal kang dipati, gagaman sri tinon, tan kawarna ing marga lampahe, sampun prapta ing Kartasureki, yata ki dipati, tumameng kadhatun. Prakarane wus katur sang aji, ngandika sang katong, si Martapura liwat alane, baya sampun karsane hyang widhi, dyan pangran dipati, alon aturipun. Nulya sanes kang kagalih malih, ngandika sang katong, datan sudi sun ngawulakake, ing saturun-turune si dhesil, mimiranga urip, sokur kongsi lampus. Jarahan saking Jepara nenggih, wus malbeng kadhaton, dadi isen ing pura estrine, mung rabi saene ki jiwarageki, kang sepuh pribadi, tan aneng kadhatun. Nake jiwara estri, binucal mangulon, marang wana ing ngayah prenahe, pangran dipati wus bubar sami, sagung ingkang nangkil, sadaya wus mantuk. Mangkya aneng ing malabang nenggih, genira makuwon, kanan kering apan suyud kabeh, wonten aneneman apekik, langkung den kasihi, pan den rengkuh sunu. Rongga dhadhapan ingkang wawangdi, antar bagus anom, wus andadi akathah balane, anindhihi baris ireng margi, yata sampun ngancik, kaleca dinunung. Kawarnaha nagri kartawani, wus mirsa sang katong, pangran Sampang lan Surapringgane, kang tinuding wau mapag jurit, tan kawarneng margi, ing yuda wus campuh. Inggih baris kaleca ginitik, yata sampun kawon, pan anglurug mangidul barise, apan tinut ingungsir tumuli, de wong Surawesthi, wong Sampang tan purun. Panembahan rama kang winarni, eca amakuwon, angandika marang punggawane, sakathahe anak putu mami, ywa mungkur ing jurit, akeh wadyaningsun. Panembahan ngandika, eh Dhadhapan sira maguta jurit, enya iki pecut ingsun, agemen ing ayuda, arepena gon mungsuh genira mecut, pasthi mungsuh ira rumab, kekes dulu sira wingwrin. Ingsun ta mongsa tegoha, ing ayuda ingsun arsa udani, bok ana rowang kang lampus, ingsun nuli anggetag, pasthi urip maneh wadya kang alampus, kang abdi samya tur sembah, kalih atus winitawis. Panembahan nulya tedhak, wadyanira angumpul denya baris, ingideran saha kutug, menyan sarwi andonga, sira rongga Dhadhapan wus tampi pecut, panembahan angandika, lor iki anempuha dhingin. Saksana kang wadya bubar, sira rongga Dhadhapan kang nindhihi, pan sarwi amandhi pecut, munggendeng wurining bala, ki tumenggung Jangrana ingkang tenempuh, gumregut tandanging yuda, yata wadya Surawesthi. Umiyat yen mungsuh medal, saking biting sadhiya ing ajurit, tumenggung Jangrana uwus, ngrasuk kaprajuritan, kang tengara swaraning wadya

gumuruh, kumrab wadyeng Surabaya, wus ayun-ayunan jurit. Wadyeng ngalaga anglawan, ki dhadhapan kang tansah aneng wuri, wadya Surabaya anduk, rame tempuh ing ngayuda, wadya Surabaya kekes manahipun, pecut-pecut agok ira, wadya wukir ngidak wani. Wau panembahan rama, pan amomor munggend wurining dasih, lare kakalih tut pungkur sarwi kecutuk menyan, prapta angin silir-silir awor lesus, ing ayuda alimengan, kekes wadya Surawesthi. Wadya Madura siyaga, wus miyarsa saking wetan ngebyuki, nanging sami kekesipun, tuwin wadya Madura, saking kilen sareng denira anempuh, acampuh kang sami aprang, prapta udan riwis-riwis. Wadya gumyah sami rumak, ki dhadhapan manempuh nganan ngering, wong Surabaya manempuh, miwah wadya Madura, wong ngarahan samana sampun kaburu, wadya ngarga yudanira, lir andaka tawan kanin. Kasapih dalu samana, ing ayuda prasamya mundur kalih, amakuwon kalhipun, ing wau kawarnaha, panembahan rama siniweng wadya gung, munggend kambang pamelengan, rongga dhadhapan neng ngarsi. Panembahan angandika, eh dhadhapan benjing yen sira jurit, kaya datan kongsi nempuh, marang sarira nira, tuwin marang wadya nira kabeh iku, kaya uwis dening gelar, gelaringsun benjing enjing. Alang-alang ingsun getak, kaya wadya manungsa milu jurit, akeh kadulu ing mungsuh, mungsuh giris umiyat, ingkang wadya sadaya enggar tyasipun, kuneng gantya wuwusa, ki tumenggung Surawesthi. Ing dalu apaguneman, kang santana sadaya munggend ngarsi, miwah para mantrinipun, tuwin mantri Madura, myang ngarahan pangeran Madura rawuh, ing kongkonana pacalang, ing temayat dereng prapti. Sira tumenggung jarana, anak ira eh sanak-sanak mami, lah ta paran wekasipun, yen nanggung mangkeneya, kaya nora sampurna ing pitung tesu, ing mengko karep manira, ing ngayuda sun awaki. Away na ngangge pangawat, sarupane anunggala lan mami, pangeran rongga puniku, pacalan lan kokonang, ing tembayat wontena ing puri ningsun, sampun kedah tumut yuda, ingong dhewe kang ngawaki. Tanapi pangeran rongga, lan pun adhi tembayat dereng prapti, pun adhi kendel puniku, kedah wakil kewala, sawarnine nenggih sanak-sanakipun, binektakaken kawula, nanging maksih kula iri.

Mariyanah umatur: wangsulanipun gusti Grapan Artwa makaten: yen sang kongsul dadi rujuke dijujunga dadi konektabel prajagung Parangkrik, palenggahan konektabel punika alam rumiyin sosoranipun kang jumngeng nata sakalangkung masanipun, ananging panduga manira durung cukup samono bahe, pikir manira ing alun-alun kang karan Karusel Plein kudu diadegi tetenger gedhe sarta rinengga, ing dhuwure diselehana gambare sang kongsul pangarep anyemoni yen dheweke kang mulyakake ratu lawas.

Josepinah duk miyarsa dahat sukanireng galih matur ing raka sang jendral, dhuh ki lurah mandeh mami angkuh manira benjing dadya lawane wong agung, wasana Mariyanah tan liya kang den tingali tanagane risang jaya ing ngalaga.

Bonaparti mangsuli iya mula becik sarta lepas karsane, lah sira Josepinah apa kang dadi wangsulan ira nalika sira dipesajani mangkono.

Josepinah angling sarwi gumun: lo dene mawi andangu malih.

Bonaparti ngandika: lah bok diwangsuli mangkene: tetenger kang arep diywasani iku becik digawe umpak, dene kang jumngeng dhuwure ora liya iya sarirane kongsul pangarep ing nagara Pangkrik.

Josepinah sareng myarsa pangandikane sang raka saklangkung kaget sarta giris: o..ki lurah dene teka makaten karsa sampeyan, kula boten pisan pitaya yen karsa sampeyan ngantos kalajeng sabab gusti Grapan Artwa sampun ngandika yen ki lurah badhe dipunjungjung kajumngengaken konektabel ing prajagung Prangkrik.

Sang Bonaparti mangsuli: iya mengkono sedyane saemper kaya babade prabu Karel kaping II ing nagara Englan nalika anjumnengake jendral Mong kajungjung dadi ertoh, nanging manira dudu jendral Mong sarta dudu priyagung Krowel, kena dijabung alus karo dene wulu salomba ora pisan-pisan manira anyingkrangi tedhaking Burbong, karo dene tangan manira ora pisan kacipratan ludirane ratu kang wus cumentaka, awit pidosane para ratu kanguna uni, lagi samono para ratu mau kang munasika kongsi dadi lebur ing nagara, dene manira iki sasad ingkang mitulungi nagara ora kongsi kabacut lebur, karodene Jendral Mong ingsun karya lepiyan mulane kaliwat prayitna manira, sabab nalika samono dheweke kang ngadegake ratu ing nagara Englan kang wis adhi apitaya banget marang Jendral Mong, wekasane ratu mau rong puluh taun enggone jumngeng nata ora pegat enggone ngadeg [...] wong bumine, kongsi derdah manah andadekna perang gedhe, dene isi sadya manira arep angreksa nagara, aja kongsi ana perang gedhe maneh, mulane manira suthik yen anuruta lakune jendral Mong.

Prinses Mariyanah tan pisan gimiren lajeng anyundhuli atur: o..wong agung sinten ingkang purun-purun anyamekaken panjenenganipun jendral kaliyan Mong utawi Kromwel, ing pangraos manawi wonten janmanipun ingkang kenging dipunanggep sisihaning panjenenganipun jendral inggih namung priyagung Wasington ingkang jujuluk juru pangluwaring nagara Amerikah.

Sang Bonaparti mangsuli sarwi mese: sok makaten mila kadamel sami sabat sakaliyan jumngeng pangajenging paprentahan repiblik, wasana sarehning kula suthik dipunsisihi Jendral Mong lajeng dipunsulihi kasamekaken priyagung Wasington, sabab saklangkung gampil tiyang nglairaken ujar boten wonten pangajine, dene ingkang nglairake boten mawi animbang raos titiyangane sarta alame sarta wektune, punapa nami gampilipun amanjing nyerepaken kadi tiyang amastani aran satunggil kalih saupami kula wontena ing nagari Amerikah amasthi kula puji-puji yen kenging sageda dados Wasington, ananging satemenipun boten badhe amikantuki awit ing ngriku boten wonten ingkang urub dipunlampahi kesel sarta boten ngasili utawi Wasington tena ing Pangkrik salebeting derdah jawi lebet kados kula boten purun angrembagi panyepenging nagari kadi ing nagari Amerikah utawi yen ngantosa kalampahan makaten kula wastani tuna dungkap sabab amesthekaken yen amuluraken kasangsaraning praja Pangkrik boten kacongga angrembagi.

Ken Josepinah anyandhak: sok makatena ki raka boten angrembagi yen nagari Pangkrik sadangunipun dados repiblik karsa sampeyan prayogi kasukunan ratu.

Bonaparti manggsuli: disareh ta dhisik entenana apa kang bakal dumadi, ora ilok yen anjaluka apa kang durung jangjine, yen manira wis anglairna utawa ngubanggeni ing saiki iku manawa diarani angamandaka utawa kikibir, mongka karo-karo iku dudu watak manira.

Sang dayit umyarsakaken pangandikanipun ingkang raka kalintu pananampenipun kagalih yen sang kongsul pangajeng karsanipun badhe amangsulaken sang prabu jengkar mila sang dayita lajeng mangsuli atur saha asih-asih: sanadyan rembena kedhik sampeyan ing tembe boten wande badhe anetepaken ratu malih, sabab pamatawis kula sampeyan rak boten karsa amangsulaken sang resmining rumpun nikatan pangampil wangsulan ingkang prayogi, punapa dene malih karsa sampeyan mongsa angantosaken amangsulaken ni putri saking kadhaton ngriki kapurih amisanjangana dhateng ingkang kagungan bilih ing sapunika kraton wasiyating tedhak burbong sampun boten wonten papanipun ingkang kenging dipunpateni, rak inggih ta ki lurah, sampeyan mongsa karsa amangsuli dhateng ingkang kagungan kadhaton kadi atur kula wau.

Sang dayit nalika anglairaken wiraos wau sakalangkung kasesanipun saksana jumngeng amerepeki kang raka, astanipun ingkang saklangkung endah karangkulaken, mastakane dipunselehaken ing midhangan.

Sang Bonaparti angendika sarwi anyengkah alon: o..Josepinah iku apa mamane apa pekenira ora sumelang yen sang putri bakal awawarti marang Grap pan Propanse yen sajroning tuleri kene isine wong desa bleken kena direh sarta asih marang wedoke saingga kawanguran dening tamu tuwin ora pisan isin anuruti apa kang dadi panjaluke wedok wau.

Peinses Mariyanah enggal mangsuli sarwi rongeh: kula badhe semerep rasaksane kang purun anggugujeng sang kongsul pangajeng, mongsa ngantosa sang Bonaparti marengi sampun masthi krura mangkreng lir krodhaning bathara brama, satru kasawataken sarana bentering surya saingga dhawah ing jurang grong.

Sang Bonaparti sareng myarsa panggugunge sang Murtiningrum kedhep tismak pamanceripun sarta semu anggrahita saingga angabritaken pamuluning sang putri, ingkang garwa tan kalilapan asemubut ajengan, lajeng apitaken sabab kuwatos aningali tandangipun kang raka: kados pundi ki lurah wangsulan sampeyan dhateng gusti Grap pan Propanse, wangsulan sing endi kang sira jaluk, apa ta kang masthi diwangsuli.

Mariyanah inggal matur: ingkang kula suwun wangsulanipun serat ingkang kula ampil punika saking gusti Grap pan Propanse, kang sampun kula kurebi imbar supata kula badhe kula aturaken ing ngasta panjenengan sampeyan pyambak, sang putri sarwi anyelaki sang Bonaparti anyaosaken serat tingkeman.

Durma

Bonaparti tan arsa anampenana, nawala kang pinundhi, dening sang kusuma, dahat denira mawas, wanodya kembar yu luwih, ing ngarsanira, ngadhepek lenggah neki. Sami angentosi wangsulanira sang, Bonapar semu wengis, nulya angandika, eh Josepinah sira, dhingin wis ngudaneni, lamun manira, suthik nampani tulis. Saka sarupaning darah burbong ika, marmane ingsun suthik, aja kongsi maksa, amangsuli nawala, dumunung kang kintun tulis, sebutaning srat, pan tan amrayogeni. sok mangkono wus gilig rembage ngarsa, gelare apatitis, wangun prit aneba, angebyuki maring wang, kadya wong angrebut biting, dhasar sembada, lakune duta estri. Sang dayita mesem anauri sabda, inggih ta tuwan inggih, dipunkekahana, imba supata tuwan, mung kawula kang nglampahi, amarengana, ambukak kang kintaki. Pan kawula ingkang waos ngarseng tuwan, raos ingkang palupi, paduka myarsakna, nulya serat binuka, denira sang prameswari, sang Bonaparta, kacakup malbeng kepis. Napoleyon karasa sampun kasoran, gumujeng anuruti, sedyane kang garwa, dubilah ora talah, tinitah karsaning widhi, lamun wanodya, enjoh balathuk belis. Taksih wonten candhakipun.

Tuwan Jonas Portir en.ko. ingkang darbeni pangecapan ing Surakarta, asring-asring anampeni serat saking para mitra manawi dhatengipun serat *Bra Martani* boten ajeg, ingkang punika andadosaken kauningan bilih pangrakitipun serat *Bra Martani* dumugi ing kantor pos Surakarta

boten pisan kikirangan, mila panampi kula dunungipun lepat boten manawi wonten ing kantor pos boten pisan kenging kadunungaken ing pangecapan tuwan Jonas Portir en.ko.

Kabar saking Surapringga, Raden Adipati Natadiningrat bupati Malang, anyumanggakaken kagunganipun dalem ing Malang kagama ing kanjeng gupremen pel pondhokanipun wadya bala ingkang mantuk saking perang Aceh supadosa anglerepa ing ngriku murih nyageraken awak, pratondha yen raden adipati andadosaken suka renanipun ngantos karsa ambyantoni.

Ing salebetipun paresidhenan Surapringga kathahing yatra urunan kadamel wragad pista slawe taunipun jumnengan dalem sri maharaja, sampun wonten 19.000 punapa dene malih raden adipati bupati ing Surapringga ngaturaken dalemipun kagama panggenan amangun suka benjing ing dinten 12 Mei, nalar makaten wau raden adipati aningalaken seca tuhunipun dhateng darahing oranye.

Ngayogyakarta

Tuwan Setirud, litnan kumpeni kalih bataliyon ing Ngayogyakarta tilar donya mantuk ing rahmatolah jalaran bubuh dhiri nalika ing dinten Rebo paing tanggal kaping 22 wulan April taun 1874 punika kadugi wanci jam 7 enjing wonten ing lesan sandawa Ngayogyakarta, dene ingkang dados jalaranipun ngembat pistol lup kalih kapasangaken ing bathuk rambah kaping kalih sawek nemahi pralaya, nalika ing ngriku boten wonten ingkang panuju nyumerepi dalah wlandi ingkang jagi sekup inggih boten nyana pisan manawi badhe angaja pejah, injing jam 6 saderengipun tuwan wau pejah sareng mangkat dhateng ing lesan sampun namtokaken pejahipun mawi nilari saseratan cekak dhateng sadherekipun sepuh ugi litnan namer satunggil, suraosipun makaten: aku pamit lunga aja kok arep-arep mulihku, sadherekipun sepuh wau sareng mentas tangi lajeng priksa serat tumumpang kenap, sareng dipuntingali kados ing inggil wau ungelipun lajeng gupuh ngupadosi, wasana sareng pinanggih sampun pejah, wondene ingkang dados jalaran serenging manah boten wonten ingkang nyumerepi, dalah sadherekipun wau inggih boten sumerep pisan, awit tuwan litnan ingkang pejah wau anggenipun wonten Ngayogya sak nembe kemawon kadugi kirang langkung 1 ½ wulan dhatengipun saking nagari wlandi.

Tuwan komendhan beteng sareng yampi lapuran inggal-inggal amundhut jisimipun tuwan wau kanthi kapethuk dhokter, lajeng dipunsabeni kapetak kalawan dipunurmati.

Owel sanget pejah jalaran kalawan kasengaja boten labet ing nagari kadugi umur 24 taun.

Ing salebetipun wulan Mei kagunganipun komedhe Raden Mas Tumenggung Gondakusuma ing Ngayogyakarta badhe main wonten salebetipun pandhapi ageng kabupaten Madiyun, jalaran kapintakara dening Raden Mas Adipati Sasranagara bupati Madiyun, saking kakabaran angkatipun saking nari dalem ing Ngayogyakarta benjing dinten Jumungah kaliwon tanggal kaping 28 Mulud punika, manawi boten wonten cegahing pangeran saha angsal supangatipun gusti kita kanjeng Nabi Muhamad dhatengipun ing nagari Madiyun benjing ing dinten Akad Paing, saiba para priyayi tuwin para titiyang ing Madiyun suka senenging manah badhe aningali basanipun tiyang jawi gadhah alangkungan ingkang angebat-ebati makaten.

Makaten malih watawat raden Tumenggung Gondakusuma pakabaranipun boten pisan badhe nyirnakna kunjaranipun makar mindeng mungseng amrih kaluhuranipun ingkang prabon dalem, kanyina pamarsudining sumbaga prameganing para komedhe, suthik temen yen ngantos adamel kusudipun ing kaprabon dalem, sanajan ananpah kawragat ingkang murwat ing prabeyanipun boten pisan yen miriba.

Kasrat ing kranen tanggal kaping 13 Mulud taun Alip angkaning warsa sangkala 1803. Mandangjaltak.

Sampun pisan andadosaken seling seraping panampinipun ingkang kintun panjurung te[.] ing nginggil mawi nyebutaken nyirnakna kunjarane saurutipun, punika punapa prelu, sabab sinten ingkang purun mastani barang kaelokan dipunengeta paribasa malajeng tan nyambi cara sedhikit banyak bicara. Redhaksi.

Wangsulan cariyos sabin ingkang kamongsa ing walangs angit.

Nalika ing kla wingenipun sonten kula sampun maos srat kabar *Bra Martani* ingkang katiti mangsan kaping 30 April kapengker punika, yen sabin ing bawah dhistrik makenan kidul kaambah ing hama walang sangit ngantos dadosaken sumelangipun para tani, ing wusana nalika kala wingi enjing pinuju kula mireng saking omonganipun tiyang tani ingkang pinuju dhateng ing griya kula yen ing nalika sampun antawis lami sampun anglampahi sabinipun kaambah walang sangit, betekipun tiyang tani wau rumaos anggenipun boten gadhah-gadhah ing sabin sakedhik dipunambah ing walang sangit lajeng manah ngredatos, salajengipun lajeng gadhahi kaengetan ngupadosi sarat, suprih andadosaken sirnanipun ing hama wau, dhidheh boten mawi ngawis lajeng kajapit ing wilah sakinten panjangipun ngukuli ing nginggilipun taneman pantun wau, ingkang 4 katancebaken ing padures sakawan, dene ingkang 1 katancebaken ing tengah leres sabin wau, dene walang sangit lajeng mongsa dhateng dhidheh wau, boten purun mongsa taneman pantun malih, dene panumbasipun dhidheh wau boten kenging kaawis sarta boten milih dhidheh lembu tuwin maisa.

Inggang punika manawi andadosaken suka saha dhanganipun panggalhipun redhaktur *Bra Martani* prayogenipun omong kula samanten wau, bilih wonten selaning papan kapacaka ing Kemis ngajeng punika supados priyantun ingkang bawahaken siti ing mekenan wau amirenga supados anyobiya isarat kang kasebut ing nginggil punika, saklangkung ing bingah kula manawi isarat wau temen saged netepi saha nglegani punapa ing pamujinipun tiyang ing mekenan wau.

Sinerat tanggal kaping 4 Mei 1874. Katandhan D.

Panjurung tumrap ing *Bra Martani*

Wedal punika saking sumerep kula kathahing tiyang ingkang kaparak sasakit kolerah ngantos anemahi pejah kajawi papasthenipun ingkang maha kawasa lawiyaning tumitah perlu anandukaken istipar amurih tebih saking sasakit wau kedah sampuna sedha bongsa who-wohan ingkang ewon kecut miwah tetedhan sedhep punapa malih amis.

Manawi ing enjing kori tuwin candhelaning griya ingkang kaenggenan tiyang tamtu kawengkana supados hawa ing ngriku supadosa santun, sarta salebeting griya sampun ngantos karendheman toya kukurahan samukawis sarta kaendhongan rereged ingkang sarwa ambet boten eca, manawi salebeting cepuri kataneman kalen sarta toyanipun pinuju boten mili isi anggrah-anggrah, prayogi kailekna sarana kagontor ing toya enggal tuwin anggrah-anggrah wau kaparsudia saged dipunsirna saking ngriku, makaten malih sruwa barang suwek kadosta rasukan sinjang sapanunggilanipun ingkang kaangge tiyang ugi kedah kerep kagirah, saupami isarat ingkang makaten wau boten katindakaken sanajana boten mangsanipun wonten pageblug adad ingkangs ampun kalampahan asring anuwuhaken sasakit amonca warni.

Anjawi punika pejahipun tiyang jalaran saking sasakit kolerah sampun kamanah bilih saking godha rahsiyaning dhemit.

Katandhan Dharmasusastra.

Panjurungipun raden sau ing Samarang kampung erlusen boten kenging dipunpacakmargi tuna ukantenipun, kalihdene malih boten manggen maksude. Redhaksi.

Panjurungipun Kramasetya tinengran kaping 7 April sakalane saking bawah Toyamas, boten kenging kapacak awit semunipun boten masajani asma, kalihdene malih karoncenen redhaksi amrayogeni luwu ingkang cekak aos. Redhaksi.

Inggang tabe pakurmatan akathah-kathah prayogi katur ing panjenenganipun saudara tuwan Jonas Portir en ko sakaliyan panjenenganipun saudara tuwan Pilip, redhakturipun kabar *Bra Martani* ing nagari Surakarta, yen pareng sarta condhong ing panggalihseratan kula ngandhap punika mugi kapacaka.

Rehning kula rumiyin sampun mrangguli panjurungipun mitra kula ingkang sisilih nama Kridhamardhawa, mangalembana dhateng mitranipun kang sisilih nama Trusthasastra ingkang

sapisan anggenipun ambek caksa candhan, ingkang kaping kalih bab pangganthenipun tembung jawi sampun kathah indhakipun katimbang kalih tembungipun ingkang rumiyin, menggah pangalembana wau inggih netesi kalih kawontenanipun, nanging owel sanget dene Trusthasastra boten karsa netepi wiraosipun ingkang mungel makaten (upami kula kasinungan sageda nambelan tuwin nganggit-anggit ing anggen kula ngabaraken dhateng anak putu tuwin tiyang kang anut abiyantu kula) sareng dipunanut tabiyatipun dhateng kang wasta Darmawongsa, damel wangsulan tur dados sulih ingatasing sariranipun pandamelipun wangsulan wonten ingkang geseh ing raos ko tanpa dipunleresaken punapa dereng kaurbok inggih sok dipunpirsani rumiyin wakil wau yen badhe kagelaraken ing pasamuwan *Bra Martani*, sabab kula antawisaken sampun pinten Kemis panjenenganipun Trusthasastra dereng paring papenget dhateng Darmawongsa mila kula ngosikaken.

Ing kabar *Bra Martani* angka 15 Kemis tanggal kaping 9 wulan April 1874.

Kula maos pambatangipun cangkriman priyantun ingkang sisilih Wastanawa ing nagari Ngayogyakarta kasebut ing pada kawitan leres pada lingsa ping 8 utawi pada lingsa 9 dhawah pada ageng ungelipun makaten (tan susah sun wija malih mindhak ingkok leres redhaktur Surana), lo punika mugè sampun kalintu ing panggalih yen merta sabarang kados abatang cangkriman punika inggih prayogi katerana sadaya supados ingkang sami mirsani saged lajeng sumerep suraosipun, dene ingkang dipunwastani sandika kathahen engkok dhateng panjenenganipun redhaktur Surana punika rak ungelipun cangkriman ingkang ngelawer tanpa usul lampah ingepa kantos sangang pos, uga leres pakantukipun bab cangkriman wau namung paedah damel gurindang manah welu kados kula punika, prelu dipundamel cangkriman punika ingkang wonten wujudipun nanging sageda angel dipunbadhe silawan wikapareng ing tembe yen karsa batang cangkriman prayogi dipunwijang dados kapireng lajengs ami dherek pirsira suraosipun, ing wasana mitra kula sakaliyan wau tuwin trusthasastra mugè sampun dados sarengat.

Titi ing Ngayogyakarta kaping 15 wulan Mulud warsa Alip angka 1803.

Katandhan kawula pun Jaya.

Rehning sapunika redhaksi boten dhenger wiwinih udur, mila dipunpacak ugi awit tetembunganipun serat nginggil punika sanadyan cumlerit raosipun boten patos sapranani ugeripun sampun ngantos angrebasa kemawon. Redhaksi.

Pinandara ing sarkara wredi, ingkang badhe mawantu myang kurmat, akathah-kathah kature mring panjenenganipun saudara tuwan redhaktir ing nagari Surakarta, yen pareng panuju wonten selaning papan, kapacaka ing pustaka *Bra Martani*, hari respati ngarsa. Mongka panjurung renggan supadi, katur para mitra basangkawa, Ngayogyakarta prajane, ngaken atmajanipun, jabaleka kadangireki, sang kusumawicitra, open siswanipun, kawula sampun priksa, ing panjurung paduka karsa ngucupi, cangkriman sinung tembung. Miwah asung panebus satunggil, sami lagu taruna kang tumrap, Bra Martani respatine, tanggal ping sanga nuju, wulan april taunireki, sewu wolungatus lan, pitung dasa catur, angka gangsal welas warsa, mitra kula pun wengku prasta samangkin, cangkriman tan kawedhar. Yen kapareng ama kang aturi, batangane cangkriman paduka, ya cinenda yen maleset, munggi naliya lowung, tinimbang tan wonten ngucupi, sokur yen kaleresan, condhong ing sakayun, menggah cangkriman paduka, wonten etang ingkang aran catur punika eka dasa. Leres lepat sumongga ing kapti, silih nama darmawongsa di, sulih ing trusthasastra, yen sami sareju, ing tyas sami awedhara, ri cangkriman ulun ing ngandhap puniki, tunggil lagu sarkara. Kawan wanda nama kula pasthi, bongsa naga tan renaneng gurda, tan payud sabetegale, myang aneng sabin lumuh, asring wisma jroning pratiwi, wanda kang kalih ngarsa, sami ngangge suku, kang kalih wanda ing wuntat, tanpa sandha yen pinet kalih kang ngarsi, pinundhi sameng janma. Perlu karya santosaning santi, kalih santun prabot pasustiyen, kisma geng luhur wredine, wanda kakalih pungkur, yen kinarya dwi lingga sami, aran mrih inggal prapta, punika raningsun, kalamun kawula sedya, karya tilas rineksa marang kang wajib, tan wiyah wong kang gadhah. Sinengker kang maha kawasa lwih, margi adi

patilamaning wang, mashur wicaraning akeh, karya usada tuhu, myang dhina artane kang sangking, long kalarang sinerang, mrih paedahipun, lamun wiyah wong kanggonan, tila ming wang bok manawi katupeksi, tantun manggih sangara. Saking dening geng karyanireki, jimrah susuker wajib binucal, kalamun amba kang darbe, susuker tinarutus, pinarsudi amikantuki, sarananing raga, kang kaparag gempur, puniku yen wus winoran, jinantonan kang sarta kanthi piranti, dahat kawasa nira. Anggayuha ingkang tebih tuwin, wignyu ngrangsang agil sawatara, prapta sanalika bae, punapa wastaningsun, den capana ajyana lisir, titi purneng pangripta, ing ri tumpak pinuju, ping limalas mulud warsa, alip sinangkalan kang guna maletik, bujanganing narendra.

Katandhan kawula panji Padma sucipta ing dhukuh gowong.

Panjurung mangayubagya sajati

Kula maos *Bra Martani* onka 18 medal dinten Kemis kaping 30 wulan April 1874, kula sakalangkung jumurung dhateng panjurungipun mitra kula ingkang sisilih nama Susanta, anglairaken suraosing panggalih ing bab murih prayogi tuwin saprelunipun ingkang sampun dipunpangkat-pangkat boten susah kula wedharaken pantes sampun kauningan dhateng ingkang sami karsani *Bra Martani*, namung saking pamanggih kula taksih kirang bab dadagangan ingkang badhe kasade punika dereng kasebataken, punika prayosi kacariyosaken wujudipun ingkang kasade saha kapratelakaken pangaosipun kados ingkang sampun kalampahan pamacakipun barang toko pangecapan ing Surakarta, saking pamanggih kula dados para priyantun ingkang tebih-tebih tuwin sanes nagari saged sami mirsani yen wonten barang inggal dhateng, saking pangraosing manah kula piyambak yen boten kalintu cariyos punika janji kathah awarni-warni saestu yen karsa manggalih inggih wonten ingkang dados piwulang, mila kula ugi dherek karenan dhateng ingkang karsa manganggit cariyosipun sang prabu Napoliyun, ananging rehning kula boten sumerep tembung walandi, menggah ingkang kasebut tembung burbong punika punapa mugé kaparingana tegesipun, ing wasana mugé sampun kirang pangaksama dhateng kawula mitra paduka pun Condho, ing dhusun combong. Kaping 2 Mei 1874.

Owel sanget Condhong boten semerep tegesipun tembung, jubong amratandhani yen tuna astiti pamaosipun, kalih dene liyane tembung wau rak sakalangkung kathah tunggilipun sabab punapa boten sisan damel kapratelakaken, manawi namung kodheng dening tetembungan ingkang dumunung dhateng namaning tiyang utawi wastaning praja sapanunggilanipun prayogi atutuwiya dhateng ingkang sakinten saged anegesi dados bathinipun kathah, nanging kula suthik anyuwani manah burbong punika tanah Eropah ingkang miyosi para darah tedhaking ratu ing praja gung Prangkrik, saminipun Mataram. Redhaksi.

Punika Cariyos Babad Mataram

Kadi ing sadinten benjing, dhatengipun lamun boten pun adhi, tumenggung Jangrana muwus, nadyan boten dhatenga, pan punika ngenteni sabalanipun, saprandene sampun kathah, santanane kang wus prapti. Pan kawula benjing enjing, arsa manggut yuda angrurahi biting, wong gunu endhas saewu, mongsa ingsun ulapa, dika [...] penet kang muji neng pungkur, pacalan lawan kukunang, sun tedha kang puji dhikir. Yen ta meksih katingalan, nadyan mati mekasa urip malih, se[...] abisa mabur, datan kena tinumbak, yen ta inggih aneng [...] kadulu, mongsa ingsun agingganga, maksih uga tarung keris. Eh wong ingsun Surabaya, para mantri miwah pra kadang mami, wadya ingkang teguh timbul, away doh lawan ing wang, pilihana wadyaningsun besuk esuk, kang yogya bareng palastra, lan wong ingsun talang pati. Ing ratri wuwusen enjing, duk semana sadhiya ing ajurit, miwah ing wong arga uwus, iya amagut ing prang, medal saking biting wadya nira umung, atindhih rongga Dhadhapan, senapatining ajurit. Panembahan angandika, aneng wuri nira ingsun ajuritnya, tumenggung Jangrana muwus, budhal saking pondhokan, saha bala swaranira tri gumuruh, pan sampun ayun-ayunan, sareng nempuh ing ajurit. Sira tumenggung Jangrana, aneng ngarsa dharat ngawaki jurit, pangeran wongsa ing pungkur, kekonang lan pacalan, samya muji andonga swaranya umung, wau tumenggung Jangrana,

angabani wong sinelir. Wadya Surabaya mengsah, wong Madura samya angamuk ngukih, wong arga atadhah pengkuh, sira rongga dhadhapan, munggend ngarsa mobat-mabit pecutipun, arame denira yuda, ingkang kekes ing ajurit. Wadya ngarga tandang ira, datan wingwrin miyat warastra wingit, lir singa lodra dinulu, pangeran munggend wuntat, panembahan rama sarwi akukutug, pan wus karsaning yang suksma, pangabarane tan dadi. Sanjata wus samya munya, wadya Surabaya samya bedhili, ingudana paraser busur, wong ngarga kathah pejah, maksih tadhah wadya Madura gumulung, pira kadare wong ngarga, ingurugan kang papati. Panembahan nulyeng wadya, anggelasah kadya babadan pacing, ginetak-getak adangu, ambedhol alang-alang, wus sinebar tanana kadadenipun, apan meksih alang-alang, ki dhadhapan wus ngemasi. Den ebyuk ing ganjur watang, ki dhadhapan kuwandane wor siti, panembahan wus andulu, lumayu pabitingan, amung kantun wadya astha atut pungkur, wus prapta ing prenatal, panembahan gya anepi. Kang kori wus jinaganan, mawurahan kang aneng jroning biting, prajurit Surabayeku, beteng pan wus kinepang, binedhalan wadya jro surak gumuruh, wadya kang tumpes ing wana, sumebar sadaya nunggal. Kang jro beteng tangis umyang, panembahan rama kocapa malih, amegeng napas sinesu, anikel ponca driya, tan antara pangraose kang andulu, panembahan malih jaka, anulya kadulu malih. Salare pangon wayahnya, dangu-dangu katingal sabebayi, nulya musna tan kadulu, sagung kang sami ngepang, wadya Surabaya samana samya duk, mangungkih mangrurah jagang, beteng sampun den leboni. Puyengan jro pabitingan, tinumpesan wong lanang ngetan kari, mya lare cilik tan kantun, yen lanang pinatenan, wong wadone sadaya wus kinen kumpul, binoyong binekta medal, pakuwon sampun binasmi. Wus brastha pakuwon samya sinengkalan bedhahira ing wukir, terus sirnabah ning ratu, wau kang kawarnaha, ki tumenggung jangrana pan arsa kundur, sagung ingkang beboyongan, wus kinen bekta tumuli. Tumenggung Jangrana budhal, sira pangran ingkang kinen akari, pangeraning wongga iku, pacalan kokonang, bok manawi ingundure baris agung, dene panembahan musna, manawa angadeg malih. Dyan ingenut tan winarna, lampahira tumenggung Jangrana neki, prapta ing Kartasuresuk, wus katur sri narendra, sasolahe duk aneng ngarsa sang prabu, miyarsa trustheng wardaya, boyongan binekteng puri. Sira tumenggung Jangrana, wus ginanjar arta busana di, yata wau sang aprabu, kang rayi ingandikan, sira panran Puger aglis denya rawuh, ning ngarsanireng narendra, angandika sri bupati. Yayi paran karsanira, kyana patih Sindureja kariyin, duk manji lawan kumendur, prakara Pasuruwan, lamun ingsun mundhut bala walondeku, kang gitik ing Pasuruwan, lan den pracaya [...]. Inkang sun tuding ing lampah, punggawa sun wong Madura Surawesthi, ngirida pasisir iku, kang rayi matur nembah, yen suwawi ing karsa paduka prabu, leheng nulya linampahan, inggih pun dipati kalih. Nadyan sepapanggihan, nenggih lawan kumpeni ta ing benjing, wontena paran pukulun, sadaya umangkata, pun kumpeni pasthiya medal ing laut, sri narendra angandika, sakarsanira ta yayi. Maksih kaya dhingin uga, pan wong roro iku sun karya sandi, duk Jepara durung kuntung, alane kang sun karya, jiwara yayi wijile wong buruh, karya lingseming nagara, nistha sun karya bupati.

Kandhanipun nalika amangun suka ing nagari Surakarta, angurmati salangkung taunipun jumng dalem sri bagendha raja narendra ing Nedrelan panjenengan dalem Wilem kaping III.

Anenggih nalika tanggal kaping 11 angrintenaken tanggal kaping 12 Mei, wonten komidhi lalampahanipun Johan wotres dipunprajaya dening kang rama pyambak wasta Dhon Alonso Dhe Laserdhah trahing bongs aluhur wiyosan saking kitha kastilye tanah Sepanyol, nalaripun putra wau kagalih kiyanat anyupita ratu sanes inggih punika Prines Wilem pan Oranye sarta asih dhateng ing gusti.

Dene ingkang sami dados ringgitipun sadaya wasis-wasis, karoncenen manawi kaprinci, riringkesanipun kenging kwastanan sangkep sesine maneka warni, kapratandhan kathahipun para ageng saha para alat ingkang sami niningali kirang langkung wonten tiyang wolungatus, sareng gentha munya jam 12 para ingkang dados komidhi jaler estri sami kikedung amanembrama sang narpati, atrapipun urup kaliyan kaluhuran dalem. Sabibaripun lajeng para ingkang nuweni sami amangun suka ing kamar bolah, kapanggih sampun rinengga ing dilah utawi sesekaran.

Sareng enjingipun tanggal kaping 12 jam pitu wonten tengara mriyem, amratandhani yen punika dinten panjenengan ageng.

Para sekiter para militer sarta lesiyan Mangkunagaran sami baris paradhe, satengah jam 9 sami dhateng greja amumuji kaluhuran dalem, jam satengah 11 paraageng welandi sarta para ageng jawi tuwin para tuwan lan bongsa cina ingkang lumampah damel tuwin ingkang pancen kalilan sowan ing pasamuwan sarta kapala tiyang sabrang sadaya sami gumolong kumpul ing dalem residhenan, tan antara dangu kanjeng tuwan opreste militer komdhan sakarerehanipun sami ngaturaken panembrama dhateng kanjeng tuwan residhen wakilih parentah ageng ing Indi Nedrelan, konjukna ing ngabyantaraning kanjeng tuwan ingkang wicaksana gubrenur jendral ingkang jumng wewakilipun sang aprabu, saking kanugrahaning Alah jumng nata ing nagari Nedrelan, ingkang nglairaken pitembungan kanjeng tuwan militer komdhan, katembungaken basa welandi nunten kajarwakaken ing basa melajeng, saklangkung sora saha manuwara rakiting tembung amratandhani bilih tuwan komdhan [...] wasis dhateng basa kakalih wau. Sareng sampun kormat sadaya kanjeng tuwan residhen amangsuli, sasampunipun para militer mundur kasantunan para pangeran kratonan saha para amtenar walandi sarta jawi para tuwan mardika para cina tuwin lurahing bongsa sabrang sami majeng angaturaken panembrama kadi ngajeng wau ingkang nglairaken tetembungan: kanjeng tuwan asisten residhen ing Surakarta atrapipun anyekapi, sabakdanipun kanjeng tuwan residhen amangsuli, suraosipun sakalangkung andadosaken lejaring manah sarta karsa anyanggemi badhe kaunjukaken ing ngabyantaraning kanjeng tuwan ingkang wicaksana gubrenur jendral.

Ing alun-alun Surakarta ramen sadangunipun, karoncenen manawi kaprinciya.

Sareng sontenipun pista dhangsah ing dalem karesidhenan sakalngkung endah rerengganipun, ingkang sami prapta ing pista ageng wau, Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan, para kanjeng ratu gangsal, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, para pangeran kasunanan, para pangeran kamangkunagaran, para amtenar walandi tuwin kanjeng raden adipati sakarerehanipun dumugi lenggah bupati sarta para tuwan-tuwan mardika, para opsir, para lurah cina lan lurahing bongsa sabrang, wewah para dyah rebat unggul busananipun aparipurna, wiwitan dumugi wekasan boten kendhat asuka-suka, kapinujon boten jawah mila saklangkung amewahi asrining dilah sewu, tumpang tindih ingkang sami niningali, kados awis ingkang wonten ing griya, saingga meh jam tiga enjing.

Dene ing alun-alun liyane ringgit kalithik, topengutawi ringgit wacual wonten ingkang menek pucang mawi toh utawi anggebak pengaron ingsi toya mawi toh ugi, enjingipun tanggal kaping 13 ngaben kapal balapan dipuntumpaki tanpa lapak sarta tanpa kedhangsul sakalangkung rame, sareng kendel balapan lajeng udhik-udhikan yatra kethip, sontenipun arak-arakan ingkang ngrakit para militer aningalaken pasemon kathah sami endah busananipun, owel dene boten saged

lestantun sabab kabujeng ing jawah deres, jam setengah 8 dalu sami mangun suka ing dalem asistenan rinengga ing sesekaran utawi dilah jawi lebet ing ngajengan dinulu abra murub, mratandhani yen ingkang ngreka kathah kasagedane sarta kewes pamanggihipun, sareng prapta ing wingking dalem amanggih patamanan punika ingkang saklangkung nglangeni, ing pangraos kirang papan langkung condra bilih rinumpak boten saged telas, sanadyan nyambata para jamhur utawi para sarjana ingkang linuwih kados-kados boten kacongah anuwukaken kapti dyan wasis saha murwakanthi, ing pangraos inggih taksih boten saged angwontenaken ciptaning galih nalika wonten samadyaning patamanan ingubengan sesekaran utawi dilah sewu sarta loling pinten-pinten atus, ing pundi-pundi katingal dipuncawisi korsi meja sarta bangku kaki sapanunggilanipun kadamel lerip, para priya utawi para dyah ingkang tumrah ameng-ameng ing patamanan tinon lir tumurun saking swarga loka, wonten ingkang kakanthen priya kaliyan wanita, wonten ingkang kakanthen sami wanodya, saweneh tanpa kakanthen, sadaya sami atutuwi ngideri patamanan cipta, dhasar pinuju kathah kakajenganipun ageng dipungantungi loling pinten-pinten tiningalan kado uwoh ing kajeng wau, ing madyaning patamanan dipundekeki pepanggungan tutupipun asthi 8, tinaretas dilah, tinon saking mandrawa kadi giri dahana, ingkang nate maos serat cariyos dongeng sewu satunggal dalu masthi anggadahi cipta kadi manjing ing kadhatonipun Sultan Harun al Rasid, kathah ingkang mastani sadangunipun ing Surakarta dereng wonten titingalan kados makaten, sanadyan kathah wragadipun urup kaliyan kawontenane mila saklangkung pamujinipun para tiyang dhumateng tuwan sarta mipro pan dherwek, ingkang sampun karsa angaturaken dalemipun kadamel pista foksas gendhing sarta dhangsah, mug-mugi priyagung kalih amanggih wilujeng ing sadangunipun mendah susah saha ribedipun amasrahaken wisma ingkang pancen kagem pyambak, ananging priyagung kalih wau lepas ing panggalih mila karsa ambyantoni murih sampun lepat esthining panggalih, angerob kaluhuran dalem ingkang sinuhun maharaja Wilem kaping III narendra ing Nedrelan.

Sinten ingkang badhe nyumerepi lampah-lampahipun kula aturi apitaken dhateng ingkang nuweni pista foksas wau, sokur yen saged asepanggiyan kaliyan satunggal kalih ingkang dados komisaris. Enjingipun malih tanggal 14 wanci dalu pista ageng ing Kamangkunagaran, inggih ugi ngormati slawe taunipun jumng dalem ing kaprabon, pandhapi sarta dalem ageng tuwin sisihipun kiwa mawi dipunrenga kaparipurna, karsanipun jeng gusti enjingipun ing dinten Jumuwah kendel, ewadene ing kamar bolah taksih sami sukan-sukan wonten ingkang main kertu saweneh main bolah, ingkang rame sanget inggih punika inggih punika sami rulet.

Sareng setunipun tanggal kaping 16 dalu jam 8 para tuwan sami pista malih ing dalem asistenan, nalika samanten tuwan sarta mipro Pan Dher Wek tedhak saking dalem alerep ing wismanipun tuwan Ge, jam wolu leres tuwan sagarwanipun kapethuk ing Erewah tuwan-tuwan 12 lajeng nitih kreta kabayangkare kondur ing dalemipun, ing ngriku sampun kapanggih mubyar sarta kebek para tamu jaler estri para ageng walandi, tuwan pan Dherwek sagarwanipun lajeng pinamahaken panggenan ingkang pancen sampun kacawisaken saemper kados temanten, sareng smapun kapara dalu tuwan pan Nispen kundhisi wilujengipun tuwan pan dherwek saha garwanipun, dhasar tuwan pan Nispen wasis wicara, wah ingkang dipunwilujengi kathah ingkang tresna, dados ingkang sami urun surak boten wonten kendelipun.

Tuwan asisten residhen Pan Dher Wek inggih mangsuli kundhisi punapa dene mipro Pan Dher Wek ugi anglairaken pitembungan asung trimakasih dhumateng ingkang sami angrakit pista tuwin dhateng para ingkang anuwe[...], dene ingkang sami surak sasad boten wonten kendelipun dahat suka renanipun ingkang sami andon pista ngantos dumugi jam nenem enjing, sadaya sami kraos nikmat pisan yen saged inggal kasupen ingkang sampun katuwonan.

Candhakupun cariyose Prabu Napoleon

Ken Josepinah awit sukanipun lajeng anjerit, serat dipuntampeni saking ngastane Mariyanah. Sadangunipun ambikak serat sang Bonaparti ajumng lajeng tindak wangsul-wangsul sarwi ambonda asta, semu-semu sang Bonaparti rakuh dipunpandeng dening sang putri Mariyanah mila kapara dipunoncati.

Ken Josepinah maos serat ijemanipun makaten: eh jendral priyagung kang kaya pekenira ing pangrasa ora pisan anyumelangi sandyan tindake kalebu ing kaelokan, pekenira ing saiki wis nampani kalungguhan gedhe awit panyuwune wong bumine praja Prangkrik, milane gedhe panrima ningsun mung pekenira pribadi kang ngudaneni sapira dayane lan panguwasane murih bisa ngereh prajagung Prangkrik, mulane jendral tulungana nagara Prangkrik sakalane krodha, yen ing tembe kongsi slamet pulih tentreme sapira bae bakal pamujiningsun mung pekenira kang kacongah nguntabake lan anuwuki pangarsa-arsaningsun, mulane jendral aturna kraton Prangkrik marang kang kuwajiban angranggani, yen kongsi kalakon slamet, iba panrimane tedhak turuning ratu, wasana pekenira ing saiki teka remen gonira ngaturake wangsul kaprabon malah kongsi ingsun ngarani yen kapara lungse wektune gonira amasrahake, mulane jendral dika para sengkut, lan pratelakna apa kang dadi panyuwunira ganjaran kang sira senengi utawa para mitranira kang arep sira onja, ing pangrasa sira bakal ora kena pisah karo nagara, panyiptaningsun nagara ora kacongah amangsulake kabecikan marang pekenira sanadyan ana kalungguhan apa bae kang sira jaluk ora bakal bisa urup karo potang manira lan potange luluhur manira marang pekenira, sabab sira kang mulyakake sarehning pambekan manira be dunya mulane manira lan pekenira kacongah anyentosani praja gung Prangkrik, dene marmane ingsun amastani: manira semune roning tunggal sabab pekenira dhewe ora bisa angrejani tanpa kekanthen karo manira, lah mulane sang jendral sasmita manira mangkene: tanah Eropa sasad amandengake marang pekenira kena diupamakake kaluhuran nira angenteni.

Sang Bonaparti sareng sampun amyarsakaken suraosipun nawala amunadika: sidi ame padha bae, ora ana kendhate angandhakake babading tetenger anyemoni sang kongsul pangarep kang ngadegake ratu tedhak sang burbong, mongka awake kongsul kang ajur mumur minongka dhingklake.

Ken Josepinah aningali kang raka lajeng anyasmitani dhateng sang putri: eh ni putri, ki lurah semune mandhek tumolih animbang raos amratandhani yen dereng kinanten dipuntampik.

Saksana Bonaparti inggal marepeki wanodya kakalih sarta angandika dhateng Prinses Mariyanah, nanging boten krami, sulake wadana peteng: eh Mariyanah apa sira disuprih nampani wangsulan manira.

Mariyanah mangsuli nuwun saklangkung sukaning manah, manawi kula kacongah anglampahi ayahan dalem.

Bonaparti mandhak-mandhak nunten ngandika dhumateng ingkang garwa: eh Josepinah apa sira anglilani manira manjing ing kamar ira sadhela bae arep angripta wangsulan layang.

Josepinah saking suka bingahipun boten mangsuli tan saronta lajeng inggal amirantos panyeratan, korsi dipuntata prayadi lajeng angaturaken kalam panurat, saklangkung lumes kewesipun nalika sang Bonaparti anyerat, ingkang garwa asesendheyan korsi ageng, pandulunipunangungkuli pamidhangane ingkang raka, dene Prinses Ibenberek amrajeng dhateng sakaliyanipun.

Sang Bonaparti enggal panyeratipun, sareng sampun rakit kaparingaken dhateng ingkang garwa: nyoh wacanen murih wong ayu lan [...] dutane gusti nira sumurupa surasane layang manira.

Josepinah gepah anampeni wangsulan serat nunten kawaca sarwi ngunjal ambekan sarta mandhek-mandhek suraosipun nawala makaten:

Kula sampun anampeni serat paringipun sang pangeran, sadangunipun kula inggih amurinani pangeran utawi kang putra santana, nanging sapunika pangeran boten kening yen anggaliya mangsuli kaprabon malih, kajawi yen karsa anglampahi layon pinten-pinten leksa, ewa makaten kula badhe angisarati murih amayaraken dhateng sang pangeran utawi sampun ngantos sanget pangresulanipun sang pangeran saputra santananipun.

Bonaparti lajeng andangu dhumateng ingkang garwa: yagene Josepinah dene pekenira bacut anteng mengkono, apa sira ora nujoni surasaning nawala, karodene pekenira ni putri utusan manira sawang uga surem wedanane dumadakan suda ayune, apa sira angarep angenteni wangsulan saka kang wus pekenira kawruhi mau.

Prinses Mariyanah mangsuli sarwi ngangseg-angseg: saestu punika sang jendral para bendara pangeran angajeng-ajeng nampani wangsulan ingkang sakeca suraosipun, lah apa kang dadi

wawatone kongsi angarep-arep wangsulan kang seje sebutane, apa kang dadi wewarah manira dhingin dene para pangeran kongsi andarbeni panyipta kang kamokalan.

Mariyanah matur: ingkang dados daruna mila ngantos angarsa-arsa wangsulan sanes inggih punika sesanggemanipun sang jendral pribadi dhateng prabu Prowisen.

Bonaparti sareng myarsa wangsulan wau lajeng anyaru pangandika sarwi dudud pamidhangan: lah dalah sok mengkono saka kono sangkane mungsuh, eh ni putri kawruhanira prabu Prowisen utusan takon maring manira yen para pangeran tedhaking burbong padha lerepana sajroning praja Prowisen, apa ora anyumelangi sajrone kraton Prangkrik, bacut manira wangsuli ora pisan-pisan wedi, wasana prabu Prowisen kinen tatakon maneh lamun tedhak burbong kapitulungan dhahare sataun-taune, apa manira ora bakal karasa ambesemake songsong manira, manira iya uga anjurungi, prajangji manira ugere para pangeran padha ayem bae, aja amunasikani nalar mangkono iku rehning manira karsa amapanake para kang kasangsaran dadi kang ora denger keplase sakarsa manira diarani yen manira rena anjurung pekirginawe tuwan maneh sarta amasrahna prajagug Prangkrik marang kang wis padha jengkar.

Josepinah saklangkung angraosaken sungkawa lajeng matur ingkang raka, ki lurah pangandika sampeyan wau sakalangkung awrat sesanggine.

Bonaparti mangsuli: dhasar benir mengkono nini, nanging ora nalisir pisan-pisan karo dene manira suthik diarani jaba jero beda, mulane manira amasajani tanpa aling-aling sabab ora ilok yen angawehake pangarep-arep marang tedhaking burbong kang ora pisan bakal katekan nagara Prangkrik sasad ilang, ora-orane tedhak burbong ngenggani maneh, matura marang pangeran kang padha ngutus marang pekenira ni putri, liyane saka iku tedhak burbong dak suprih ngati-ati sabab praja Prangkrik kang kaliwat kenceng panjakunge suryane lan talingane tansah menga, manira tan lenggana angapura marang eto calik danghim, oleha suthik anganggep prajurit luhung marang manira lan akeh panyature, nanging manira bakal ora angapura yen dheweke utawa pamane salah siji ambibidhung nagara Prangkrik, manira angudaneni terang yen darah burbong lawas enggone ngupaya isarat supaya angrebut cakraning wong agung lodhewek* sumongga satingkah lakune kaupamekake taksih kaya sawange kamlanthingan mobat-mabit katampek ing angin, ora pati manira rewes, ananging yen kongsi ana inane arep ngregedi dadi gelah-gelahing nagara pasthi bakal manira ukum, sing sapa awani-wani lawan marang praja Prangkrik aku dak lokake dosane, durjana mau pasthi katiban gegaman manira, mulane ni putri tutura marang para darah burbong samawana marang ertoh cilik saniskarane kang wus pekenira mirengake, wasana turna layang manira marang Grap pan Propanse, besuk apan gonira mangkat.

Mariyanah: angkat kula ing dalem sadinten kalih dinten sang jendral.

Bonaparti mangsuli inggal: pikir ing wang kalawan senini, pan prelune tur amung sapala, iba panganti-antine, mulane rembug inggun, abudhala ing dina mangkin, aja den arsa-arsa, dening para agung, mendah cuwane pra darah, sira bakal inggun paringi kekanthi, ordhenas kang utama. Dhasar inggun wis kinen miranti, urut dalan ngrakit turongga, kadya thathit palayune, aja remen ingenu, drapon nuli prapta ing kikis, tepis wiring nagara, Prangkrik praja agung, marmane ta nini sira, salamet jalan aturna tabe mami, dumunung gusti nira. jroning sajam inggun amangeni, sira wis budhal sing nagara, Bonaparti asung tabe, sang jayeng satru mungkur, miyos ing pantining Josepin, sakalyan wus tinilar, kanton mangu-mangu, Mariyanah arerasan, pabedane pan inggun sasad ingusir, dening sang Bonaparti. Asru krodha dewi Mariyanah, wadanane lir wora-wari bang, luwih wengis wicarane, kalair pamoripun, mratandhani turuning adi, lathinira anjingga, ludira amancur, eh banget si Bonaparta, wakasane apan inggun arsa nagih, sirnaning wiranging wang. Apa baya dadi dosa mami, tinundhung saka prangkrik nagara, tan bineda durjanane, apan pidosaningsun, mung amundha serating aji, katur sang Bonaparta, temah dadi luput, Josepinah tan ngandika, legeg-legeg dangu tan asaged angling, wangune angrerepa. Dhuh ni putri ingkang ombor palimarma sampeyan, mila ki lurah makaten tindakipun, awit saking para titiyang ingkang bibidhung, kadadosanipun sadangune but ajengan kemawon, sakathah-kathahe kula kemawon, sampun sampeyan ambul, sampeyan munjuga dhateng gusti Grap pan Propanse, sampun ngantos karsa anjibahaken dhateng kula, bab tiwasipun nawala ingkang sampeyan ampil, mongka

sampeyan sampun kula sorohi wados kula, sarta anyumerepi yen kula saklangkung rumaket dhateng panjenengan dalem sang prabu jengkar, ananging kula boten kadunungan daya saged amulyakaken kraton dalem, sang dayita karsanipun badhe ngandika malih, kasar uwiwaka kabukak praptanipun tuwan Buriyene, lurah panyarikan kadhaton, anyelaki Prinses Mariyanah sarwi andheluk angaturi kormat.

Eh sang putri dhawah timbalanipun sang kongsul pangajeng, dikakaken paring serat yen rakitan sampun cumawissarta kula kakarsakaken dherek.

Sang dayita anguntal ambekan lajeng ambruk ing korsi, wadananipun katukupan mawai sapu asta murih ngaling waspanipun, wondene Prinses Mariyanah sanalika salin salaga tingalipun sakalangkung ladak, nanging jinem dipunsembi gumujeng boten pisan katawis yen giris, alon anggene marepeki sang dayita.

Dhuh sang prameswari dipungujenga kanton kula badhe munjuk sadayanipun dhateng gusti punapa ingkang sampun kula dulu utawi kula pireng amasthekaken gusti badhe wewah katresnanipun, nanging dherek memelas ing sampeyan boten benten kaliyan dhateng kula welasing gusti, pamuji kula malih rak jengandika sang kongsul pangajeng mugimugi ing tembe sampun ngantos dipunsingkiraken saking praja Prangkrik kadi anggenipun nundhung kula punika, sumongga tuwan buri yene kula jujugna dugi ing kreta.

Saksana Prinses Ibenbereh jumngeng anyelaki kori lampahipun kadya prabu estri.

Sang dayita Josepinah kanton mangu-mangu waspanipun dres mijil nuntun mundhi asta tumenga sarta mumuji: Dhuh Allah amaringana pitulung, sampun ngantos kalampahan sumelang kula, mugimugi anuntuna sang Bonaparti, linepatna saking kasangsaran dipunsigegaken pesonipun, sampun ngantos kalampahan anggrayang towonging kaprabon ingkang pancen kagunganipun terah burbong sampun ngantos Bonaparti anyiprati kawicaksananipun mawi ludira darah burbong, dhuh gusti ingkang sipat kayunpaduka tan kalilan pancipta kawula sadaya ingkang boten kenging kalairaken mila karsaha angiyomana sarta anuntuna Bonaparti.

Surakarta, April 4.

Seratipun trima saking Surakarta kedah karingkes sarta karesikaken ukantenipun. Redhaksi.

Seratipun priyayi kang silih nama Agus munajad kaliyan juru paniti saklangkung ruwed panyeratipun, mila para juru macak tan kadugi ngecap. Redhaksi.

Artikelipun banaspati brakuthu suraosipun rebat unggul kaliyan mas beten boten kapacak sabab uduripun sampun pisah, kalihdene owel yen sakaliyan kekerengan sadangunipun, luwung amrasudiya panjurung cariyos sanes, sabab kula cakra yen priyayi kalih wau saged amencarakan kawruh boten teka regejegan ngrebat balung tanpa daging. Redhaksi.

Redhaksi *Bra Martani* asring-asring amrangguli pangecapipun kathah ingkang kalintu, ingkang punika mugimugi pamengkunipun para priyantun ingkang ngarsakaken tumbas serat.

Kadosta ing salebetipun angka 20 wonten wonten candhakistan cariyosipun sang prabu Napoleon, punika purwanipun masthine kadekekan tetembungan *punika candhakistan cariyos Prabu Napoleon*.

Kalih ugi kathah ingkang ngandhapipun panjurunge condhong wonten pemutane redhaksi, punika ugi kathah ingkang kalintu pangecapipun, lerese makaten:

Owel sanget Condhong boten semerep tegesipun tembung, jubong amratandhani yen tuna astiti pamaosipun, kalih dene liyane tembung wau rak sakalangkung kathah tunggilipun sabab punapa boten sisan damel kapratelakaken, manawi namung kodheng dening tetembungan ingkang dumunung dhateng namaning tiyang utawi wastaning praja sapanunggilanipun prayogi atutuwiya dhateng ingkang sakinten saged anegesi dados bathinipun kathah, nanging kula suthik anyuwani manah burbong punika namaning praja tanah Eropah ingkang miyosi para darah tedhaking ratu ing nagari gung Prangkrik, saminiipun Mataram. Redhaksi.

Punika Cariyos Babad Mataram

Yayi nisthaning narendra, yen akarya punggawa jrih ing pati, wateke wong jrih ing lampus, wani agawe cindra, durung prapta ing tekad ngawula ratu, apan jenenging manusa, datan bisa malih kapti. Watareng sun yayi mangkya, uwis sugih akal si Surapati, pantes angentasi kewuh, panten tan kawanguran, ingkang rayi pangeran Puger wot santun, inggih sinten kang puruna, amingkis wadi nerpati. Yen suwawi tinimbalan, pun dipati Sampang lan Surawesthi, kinen asiyaga gupuh, sang nata angandika, timbalana si dipati Sindurejeku, lan adipati ing Sampang, katiga Surawesthi. Punggawa katri wus prapta, ingayunan sira sri narapati, sri narendra angandika sru, eh yayi ing Madura, lan si Surabaya siyaga agupuh, angrabaseng pasuruwan, ngirida wadyeng pasisir. Lan wong ingsun Kartasura, sapratelon miluwa Surawesthi, punggawa kalih wot santun, pan sampun jinarwanan, ing karsane sri narendra kang satuhu, kadya sampun kalampahan, ing karsane Surapati. Away ge sira ayuda, lamun durung prapta wadya kumpeni, teka baris satutugur, aneng ing Pasuruwan, angandika sang nata mring Sindurejeku, Sindureja ing Jepara, ingsun paringaken malih. Marang si Secanagara, raden arya Sindureja wot sari, nuli ulihen agupuh, lan anggawaha layang, ingkang marang iya si kumendur selut, yen punggawengsun wus budhal, kang lumaksaneng jurit. Yen uwis prapteng Jepara, siyagaha si Secanagareki, nuli nusula ing laku, maranga Pasuruwan, rampung ingkang pituwas sigra wot santun, raden arya Sindureja, medal saking dalem puri. Myang pangeran adipati, Puger sampun medal saking jro puri. Myang punggawa kalih sampun, mangaras ing suku sang, adipati Madura asureng kewuh, sampun prapta dalem ira, ngundhangi para dipati. Samya siyaga ngayuda, kawarnaha wau rahaden patih, sampun animbala gupuh, marang Secanagara, dhinawuhan timbalanira sang prabu, yen nagari ing Jepara, pinatedhakaken malih. Anuwun Secanagara, sarta kinen umangkata tumuli, marang nagri Jepareku, sarwi ambekta surat, serat dalem ingkang dhawuh mring kumendur, tumenggung Secanagara, wus mangkat saking nagari. Tan winarna solahira, awuwusa dipati Surawesthi, lan pangraning Madureku, wusane gagya budhal, saking Kartasura wus sanega umung, miwah wadya Kartasura, sapratelon kang umiring. Pinalih lampahing bala, kang sepalih medal wong pasisir, dene ingkang ngirid laku, tanaya ing Madura, raden demang pasisir sawarninipun, kamilya Secanagara, sira sang dipati kalih. Gantya ingkang kawarnaha, kang tumenggung Secanagara prapti, ing Jepara pan wus tumandhuk, lawan kumendur agyat, serat dalem kapatedhakaken sampun, kumendur atampa surat, sigra denya upiksani. Myang sadhawuhing nawala, langkung suka kumendur angundhangi, marang ing kumpeninipun, kinen sadhiya yuda, wus angambang munggend ing pacalangipun, giyota pacalang wangkang, nanging meksih angantosi. Duta derengipun prapta, mintak bantu saking nagri Batawi, wadya rembag lampahipun, sira tumenggung Secanagara wus siyaga sawadyanipun, tan lami aneng Jepara, nuli nusul tumuli. Tan winarna lampahira, kawuwusa anenggih wonten janmi, ing wana sunya dhudhukuh, asru kasutapanya, sedyanira aganti warising ngratu, makuwengrat tanah jawa, wiwijilan saking giri. Kakalih putrane lanang, raden jaya parusa kang taruni, Jayalelana kang sepuh, raden Jayalelana, pan rinimuk denira pamomongipun, dhuh raden inggih yen karsa, sedhenge angrebut puri.

Kanjeng tuwan ingkang wicaksana Litnan Jendral pan Switensaderengipun bidhal skaing Aceh andhawahaken dhah ordher, suraosipun kadi ngandhap punika.

Beteng gedhe panayung ping 20 April 1874.

Dhah ordher dumunung para opsir gedhe cilik lan sosorane, wadya bala ing dharatan miwah lautan sawewengkone ekspedhisi kang kapindho menyang Aceh.

Eh pri konca manira kabeh kawruhanira perang ing Aceh samangko methukake aso awit anyelaki mongsa labuh, mulane anyumelangi yen ngetrapake perang maju karodene mulane leren awit durung cukup bisa amrenahake para wadya bala marga saka banget akehe lan kurang rumantya buktine sarta panggonane simpen barang.

Mulane paugerane wadya bala kudu amanggon dadi siji murih santosa angrenggana lan angukuhana papan kang wus dianciki, kang wus paripurna kongsi duwe daya kaconggh anadhahi sagendhinge mungsuh.

Sadurunge manira mangkat sarta apencar, manira sekung angrapeti kuwajiban manira banget andadekake suka renaning ati, tuwin panrima manira marang pekenira kabeh ora ngarani bongsa awit enggonira padha anglakoni ayahaning ratu lan ayahane nagara.

Saupama dieling-eling wit awal mulane nalika padha mentas ing Aceh kongsi saprene banget anuwuhake panrima sabab nalika samono karsaning pasthi angawiti perang karo wewelak gedhe kang anggigirisi, nembe limang wulan lawase ana ing lurugan wadya bala akeh sudane, nanging ora ana siji kang suuda kasudirane.

Pikukuh ing mungsuh kang kaliwat santosane wis kabrastha sarana kekendelanira ora gumingsir, ewadene sanadyan wong bumine durung warata gelem teluk suprandene ing tembe watarane ora sepi kena danti-anti cumbune sarana laku berbudi lan adil, aja pegat amarsudi nyurup-nyurupake murih aja kongsi lawan maneh.

Ingkang dhingin manira amurwani anyelehake panrima manira marang wadya bala prajurit lautan awit enggonira anyongga gawe manira ora kaconggh amijang-mijang apa kang dai kuwajibane kang mramugareni, ananging kena diarani yen prasudine wadya bala lautan iku kang ngenthengake pakaryane prajurit dharatan, saupama ora digrabahana prajurit lautan kapasthekake yen prajurit dharatan ora bakal amiyatani.

Mungguh prajurit dharatan inpantri kang kaliwat sakep rujuke lan sasuwene anetepi pamredine perang kinarya wawaton kongsi bisa unggul jurite lan kaconggh anglawoni jujung gawe liyane kang abot sanggane, saingga bisa angrebut pakukuhe mungsuh mung tombok bala sathithik iya manira lembana awit saka kawanterane.

Tekap artileri ora beda karo inpantri enggone nglakoni gawe, sasad kena kinarya polaning pamredining ngayuda sarta atraping wongsa ati guyub sajroning prang, prajurit artileri mau sasuwene ora anyidrani kasudrane ing ngalam kina tegese anganyarake kasudirane, wondene artileri kang manggon saenggonutawa kang digawa ing perang padha arebut unggul gawene kabeh padha patitis enggone ngetrapake gawe sasuwene padha rumantya angleksanani pegaweyan kang gawat.

Sanadyan ing Indi Nedrelan durung ana sisihane perang kaya ing Aceh, suprandene artileri kang banget prelune ora pisan kena diarani kukurangan enggone ngetrapake lan ngobahake mariyem.

Mungguh para jeni, para sapir, para minir iya ora beda, patitis enggone ambyantoni tan ngrasa kesel gonira anyambut gawe sanadyan benter kapati asring wadya bala mau anggarap kardi ana ing peraking mungsuh kinarutug ing mimis, mulane pancen jeni, sapir, lan minir kang amitulungi kongsi wadya kumpepi bisa darbe benteng kaliwat kukuh lan santosane ing tanah Aceh.

Mungguh para dhokter sanadyan pakaryane beda tan pisan-pisan kasoran karo wapen liyane ora siwah enggone taker aboting pagaweyan, lide sapa kang enjoh angganjar taberine para dhokter enggone amulasara para kang kalaran kolera, sanadyan ing cecelakaning mungsuh para dhokter ora pisan giris ing mimis tan pegat gonira angetrapake gaweyan kongsi enjoh angundurake wadya

kakang tatu sarana piranti kang luwih mayare, dalasan para konca kang kapacak ing pegaweyan rumah sakit samono uga ora beda pantes di alembana enggone ora giris katularan sasad anggulawenthah marang kang padha tatu utawa kang kasangsaran lan liyane.

Mungguh para opsir kang padha ngreksa adhministrasi kang darbeni pagaweyan alus ing sajroning leger ora beda abote katimbang karo liyane iku panerka manira, salawase sapatut-patute durung tau anglakoni ayahan abote kaya perang ing Aceh iki awit saka luwih akehe kang diingoni uata liya-liyaning gawe banget andadekna ukara mantrane kang dumunung para opsir adhministrasi, sabab salawase ora ana kacupetane rangsum kabeh ajeg gone anampani catu atraping adhministrasi kang resik sarta pamulasaraning wadya bala iku prisasad wawatone kang murugake saha kapraya kang kalair ing sajrone perang sarta kang anyantosani akas dhangane saradhadhu, sanadyan aboting kaya ngapa gawene.

Mungguh prajurit kafaleri iku iya padha anudhuhake gedhe gawene, malah kena dianggep tuladan ing tembe yen ana perang maneh awit kongsi limang wulan lawase jaran kafaleri ora padha dipakani rumput ijo, suprandene ora ana siji kang kukurangan pangan.

Apa dene maneh manira ora bisa angliwati para lurah opsir setaf, setiap gedhe utawa para brigadhe kang ngideri papaning paprangan aniti pariksa kang padha ambyantoni pagaweyan abot, awit enggone ngorakake pakewuh sarta ora wedi kangelan iku margane kongsi angenthengake panuntuning wadya bala sarta kabeh padha angampingi senapatining prang kongsi bisa unggul jurite kang akeh pitulungane kongsi menang iya para lurah opsir setiap mau.

Wasana manira anyelehake panrima marang para amtenar kang padha kapacak angrembug resik rupeding nagara utawa kang melu wewengkon udhisi tuwin kang padha agarap pagaweyan ngepos sarta para ulama lan para kang ngreksa Roode Kruis ora ana kang kacupetan anglaksanani kawajibane, ing pangrasa para kang milu wewengkone Roode Kruis ing sakiye dika luluti dening leger.

Mulane manira amratelakake sarta nganggo kaperang-perang pakaryane iku karsa manira supaya anduduhake sakabehe sowang-sowang padha sabyantu kongsi bisa angunggulake perange.

Pamuji manira pri konca wadya bala kang kari ing Aceh salawase aja owah angopeni saekapraya, kaya kang wis kalair kongsi saprene, karo maneh bisaha anglestarekake pagaweyan kang wis digarap sajroning beteng, panyakra manira suwe-suwe wong bumi pasthi ora kaconggah alawan, temah bakal anungkul awit kabentel ing anggoleki pangupajiwa, muga-muga prikonca kang kari amrasudi murih anglestarekake ayem tentreming nagara sarta yen ana prelune alabeta maneh.

Aliya saka kang wus kasebut ing dhuwur mau wis akeh kutha-kutha akng nungkul marang paprintahaning nagara Nedrelan, kayata: sisih kulon kabeh, sisih lor saka kitha trumon kongsi kitha wailah, sisih wetan edi sungirailah, pasilan tersi, dene kitha samyong patute iya uga bakal nungkul.

Sauwise paugeraning wadya bala kumpeni linggar saka Aceh, kang bakal munagareni ing Aceh atasing pagaweyan militer sarta pagaweyan kang manggepokan politik: Kolonel El.I.Ha.I.Pel jujuluk apanggedhene ing Aceh atasing pakaryan militer lan pakaryan sipil.

Katandhan kanjeng tuwan litnan jendral ajudan dalem sri maharaja Nedrelan senapatining prang kumisarising gupremen kaliyan ekspedhisi kang kapindho menyang Aceh. Pan Switen.

Prabu Napoleyon jumneng sunan

Yata ingkang cinarita prajagung Prangkrik ing mangke ngawiti mranata anyar kaleres ping 18 wulan Mei taun 1805 sang nata amangun rengga anglekasi panjenenganipun.

Nalika kaping 18 Mei 1874 pranata repiblik sirna awit sang Bonaparti konsul pangajeng karsa anjunjung sari dalem jumneng susuhunan ing prajagung Prangkrik sirna angetrapaken pasemon kamardikan tanpa beda sarta sadherekan, karsaning nagari sampun amilih gusti ingkang santosa saged angereh konca repiblik ingkang saklangkung ladakipun sarta amaringi anggeran, sanadyan sarana kaparusa ing suraosing Bonaparti minger gelaripun ing ngajeng asih dhateng pranatan repiblik, wasana saklangkung sengit.

Nalika samanten sinten ingkang purun-purun awiraosan bab pranataning repiblik lan sinten ingkang diksura purun anyatur yen sang prabu ingkang nyirnakaken pranatan repiblik badhe kadhendha pawingkingipun, wonten priyagung nama kadhudhal lan Pisegru ing ngajeng purun-purun amaoni lajeng kaukum kisas dalasan jendral moro ing ngajeng sampun nate dados sisihane sang prabu dipunsingkiraken saking nagari awit urun mambingi.

Bilahi antakanira kang purun-purun angarsa-arsa jumngipun terahing burbong utawi amungokaken bandera sekar leli anggentosana pranatan repiblik sadaya ingkang sami guyub ing kaprabon kina tan beda ukume kaliyan ingkang sumedya angesangaken pranatan repiblik wonten lepiyanipun kadosta sang ertoheim punika kasedanan ing kitha wingsenes, awit sampun purun-purun anyelaki prajagung prangkrik, sang Ertoh dipunatrapi ukum kisas tanpa titi pariksa malih sarta tanpa pirampungan kang wawaton anggering nagari saingga pamuwune sarta pangrengihipun sang prameswari Josepinah tan miyatani boten saged anglilihaken krodhaning sang Bonaparti, karsa dalem mila terahing burbong dipunsedani murih saged jumngeng ratu pyambak tur sang nata namung putrane adhpokat kemawon saking pulo kosakah.

Tanah Eropah nalika samanten kekes boten pisan gadhah daya ngrengoni, atrap makaten wau malah tan pisan kacongah anyatur utawi amaoni sabab punapa sang Bonaparti salebeting ayem tentrem mawi angrid wadya balanipun kapurugaken dhateng nagari Dhitslan lajeng anyedani tamuning ratu ingkang boten terang dosane samanten ing nagari Dhitslan sirna kawanterane saha kaluhurane para darah saha para isining praja boten wonten ingkang dipunraosaken namung ajrih giris dhateng praja gung Prangkrik ingkang abala bantu mila boten wonten satunggal ingkang purun bela amitulungi sang Ertohenghim tur atrapipun anyedani terang anggempilaken pranata nagari pegadring ageng ing nagari Dhitslan ingkang wajib angekahi utawi angreksa kaluhuraning lan wajibing nagari boten purun pisan-pisan amaoni, nalika myarsa kabar elok sarta anggirisi wau malah kakendelaken tuwin kapara rena awit boten wonten satunggal nayakaning praja ingkang nanggulang dhateng nagri Prangkrik bab lampahan wau, para punggawa semu atrimah didunlampu kendela kaupamekaken nalar sampun kalajeng boten kenging dipunowahi.

Wasana prajagung Ruslan punika ingkang mumungu awawaton wajibane dhateng praja Dhitslan sarta amratelakaken sumelange yen ngantos anyakajeng nalar ingkang badhe anggемalaken ayem tentreming nagari tuwin nguwatosi yen kadlurung lampah kang siya-siya makaten tanpa kawales utawi kapambengan.

Sanalika Dhitslan kadya genjot saking kagetipun miyarsa miraosing prajagung Ruslan utawi Swedhen, mila lajeng arikat saksana nagari karsa arerembagan murih anedha temah utawi pusihipun kados lami sabab Ruslan sarta Swedhen panyerege sakalangkung sadaya sedyanipun Dhitslan kapurih anyantosanana kormatira sarta lawane, ananging pradata kraton boten pisan anggega sabab Prangkrik andhedhawah kinen kendel cep, malah wiros satunggal kemawon ingkang semu amaoni badhe dipunanggep nanggulang perang, wasana para duta wikrama amanggih paeka sampun ngantos amenthetaken pamitrining karaton kakasih ingkang sami seliringan, duta dibya wau sami sumingkir tegesipun pradata kraton dipuningser dintene pasamuwan ngantos lami, sareng janjinipun kendel sampun bot udur wau boten kagalih angrakit padamelan prelu, dene padamelan prelu wau inggih punika amanembrama dhateng prajagung Prangkrik awit sampun anjumngaken ratu dibya jujuluk susuhunan ing prajagung Prangkrik, malah ostenrik amastani nagari Eropah ing mangke mangaji-aji dhumateng sujanma ingkang nugraha manjing kaprabon, malar para narendra gung-agung sami guyub rena ing panggalih awit dipunsisihi tiyang agung Napoleyon.

Nagari boten pisan-pisan anyatur bab sedanipun priyagung Ertoheim, malar para agung para darah sapanunggilanipun sami amujekaken jumngeng dalem narendra anyar sadaya sami karaos mukti awit wonten sujanma ingkang analesi tedhakan ratu dipunmangayu bagya.

Cinarita sang Bonaparti ing mangke kadugen ing ciptanipun anjumngaken dhadhampar sarta anyerapaken makutha, tujunipun boten wonten ingkang mambengi kadi ing kina nalika junengira sang iskandar, prabu Napoleyon boten pisan wonten ingkang ngewed-ewedi nalika angranggani kaprabon, malar sinuba-suba dening prajagung Itali dipunanggep ratu, pangkat dalem: repiblik

kisalpin sinelehaken kagentosan pangkat jujuluk prabu Lombardhiye, sang Napoleyon dipunbusanani makuthaning narendra Lombardhi kina, anggenipun nyaosaken wonten ing kitha Milan.

Sareng sampun ngagem makutha raja wonten ing kitha Milan, prabu Napoleyon kondur dhateng prajagung Prangkrik lajeng tedhak dhateng barisan ageng ing Bulonyah, ing ngriku sampun sumedya wadya bala kirang langkung kalih tengah kethi inpantri, saleksa kafaleri sami gagah prakosa ngangah-angah inggal dipunlurugna ing yuda, sadaya sami angarsa-arsa rawuh dalem sang narpati Napoleyon.

Anggenipun atata barisurut gisik, asri tiningalan saking mandrawa tanpa wilangan kathahing tarub-tarub dene panggenan tilasing ayuda nalika tilamanipun sang prabu Jeliyunsesar, punika ingkang dipunadegi tarub ageng agem dalem ingkang sinuhun, saking ing ngriku saged amariksani sakathaing bahita perang ingkang smi rumentya labuh jangkar ing plabuwan, wondene sisihipun tebih katingal sarupining bahita perang kagunganipun nagari Englan, tinong arangap lir wana greng saking kathahe tiyang ing kapal perang kang sami kambang kendel, ewa makaten sadaya wau boten pisan anggirisaken wadya bala Prangkrik, para bayaita sami asikep dadamel angarsa-arsa inggalipun dipuntindhiana kaaben yuda, namung angentos dhawah pangandikaning sang nata sakecap kemawon, nanggulanga perang alawan kaliyan wadya bala Inggris, murih aningsetana praja Englan kadi dening liyaning praja ing salebete wewengkon Eropah, sadaya anginten bilih wadya bala ingkang rumentya wonten ing Bulonya badhe kalurugaken dhateng Englan ingkang pancen dados satruning praja Prangkrik kabuyuten.

Wasana sang natrapidereng wonten dhawah dalem kathah ingkangsami kaganjar ridering lesiyan panir, wadya bala dipunkarsakaken baris gladhi, sri narendra sakalangkung amangun suka kathah cacaosaning kitha Bulonyah dangu anggenipun jumneng sang aji wonten ing gisik andulu mawi semprong, ingkang kawaspaosaken bahita perang Englan suprandene dereng anglairaken pangandika, pirsadalem ingkang gilud boten kawiyos saingga anyuremaken larapan dalem boten wonten satunggal abdi dalem ingkang nyumerepi karsa dalem, para jendral boten benten pangarsa-arsanipun kaliyan para saradhadhu.

Nalika samanten saklangkung langen asrining dinten siniliran saking jaladri anyumambrah ing para wadya bala ingkang sami manggen ing tarub-tarub, dene sang bagaspati ingkang sadangunipun ambenteri ing mangke karsa asingeban mega amaya-maya tinon lir paksi seta ingkang muluk ngadhiyat saking cakrawala sangkanipun amethukaken sang rawi.

Sri narendra kapara dangu boten saged ameng-ameng tegar nunten adhawah kinen ngajengaken kagungan dalem turangga, karsa dalem badhe ameng-ameng ing padhusunan ingkang celak, ananging boten wonten satunggal ingkang kakarsakaken dherek, namung kekasih dalem wasta Rustan bongsa cemeng ing ngajengipun bongsa dalem tarub, para jendral sarta para manggalaning perang salong ing ngajeng dados sisihanipun sang prabu sami jibeg asuka rena sarta sami anggusti dhateng sang Napoleyon Bonaparti, sengkung ing tyas badhe ngaturi kormat awit sang prabu badhe karsa tegar, ananging sapisan punika sang nata namung kapareng asung tabe mawi ngawe asta kemawon, sinawur ing esem saklangkung angresepi ing semu kadi wonten ingkang dipungulang sri bupati.

Taksih wonten candhakipun.

Wangsalan

1. rasa uyah, uyah ginaweneng sayah
2. kolika priya, priyagung anjani putra
3. welut wana, wana lit tuwuh puspita
4. payung gebang, gebang kang binesus mudha
5. candu iwak, iwak kotes kang wus ngawak
6. deruk sabrang, sabrang kulon penglabuwan
7. roning mlinjo, mlinjo wana tanpa rasa
8. masah braja, braja kang isi sendawa

Jarwanipun

sisinau, kumedah gawe wangsalan
tuhu eman, wong anom wedi kangelan
yen ngawula, muriya utamanira
den siritla, gawe gelaning bendara
den patitis, dimen antuk kang cinipta
kurang pinter, margane tan tompa begja
sokurena, penangkilnya saben dina
gurondeha, ing wardaya puruhita

- | | |
|--|---------------------------------------|
| 9. boja peksi, peksi ingkang mongsa rowang | suwitoa, ing narendra ngalap mulya |
| 10. manggis jenar, jenang bang kinarya wrongka | yya maleca, ambelalo mring pakarya |
| 11. sada pari, pari kang tinandur tegal | barang karya, yya sepi duga prayoga |
| 12. tawon bale, balene bongsa welonda | dipunmangler, aja kendhat sebanira |
| 13. jamang wakul, wakul kinarya takeran | kurang becik, mopo karsaning bendara |
| 14. jingga anom, anome sang prabu kresna | aja mundur, ciptamu yen durung kena |
| 15. bendrong kecu, kecu kang aneng dedalan | nguwatiri, lamun tinggal tatakrama |
| 16. kethek jamus, jamus kang kurang sepuhnya | aja ngetung, yen amburu kadrajatan |
| 17. bantheng jaka, jaka bagus paluh omba | pirang bara, saben wulan tompa blonja |
| 18. kamar mesjit, mesjit alit pamulangan | eman-eman, yen wigara penggaweyan |
| 19. lurah desa, desa kang tanpa kepala | nyekel gawe, den pengkuh aja melikan |
| 20. lampit toya, toya kang mijil ngakasa | pirang bara, bisa wuwuh pangkatira |

Sinerat ing Magetan kaping 15 Mei 1874.

Katandhan Endrayaksa tiron.

Manawi panjenenganipun tuwan redhaktur anggalih wangsalan ing nginggil wau prayogi sarta boten angewakaken panggalihing para priyantun, punapa malih manawi taksih karsa anampeni panjurung kula wangsalan, kula badhe manjurung malih.

Redhaksi asung panrima dhumateng priyayi kang manjurung. Redhaksi.

Surakarta

o..wong agung polisi, bok inggih tinulungana, sampun nagntos wonten bilai, ingkang pancen dipunsinghiri, uger wontenipun wong agung polisi, ingkang kula suwunaken tulung inggih punika para tiyang wadeyan, para lare sarta para titiyang ingkang wonten ing radinan ageng, sampun ngantos dipuntunjang purun dening priyayi ingkang sami guyang kapal sesanderan.

Mulyarja.

Awit saking kencengipun ingkang ngasta pangwasa nagari saha cakepipun abdi dalem priyantun polisi ingkang kajibah anandukaken upa sandi, benggol kecu wasta Gareng, gegriya ing dhusun Sela tuwin Mulyawijaya ing dhusun Gawar (Ngayogyakarta) ingkang sampun kawartos angecu sarta misuwur sanget ing bab julikipun dhateng lampah awon ing mangke sampun sami kacepeng katur ing parentah, salajengipun kaangkataken kabucal. (Panjurung).

Panjurung tumanduk mitra kula Manguncarita

Manawi pareng ing panggalhipun saudara tuwan Pilip, saseratan kula punika mugi kapacaka ing kabar *Bra Martani* kawedalna ing Kemis tumunten, mugi sampun andadosaken kaduk ing panggalih abela tampi mitra kula ingkang sisilih nama Manguncarita bab panjurung sampeyan ingkang kapacak ing *Bra Martani* onka 13 anyariyosaken karaharjanipun nagari dalem ing Ngayogyakarta tuwin sasampunipun kagungan dalem kyahi dhokter Tunggulwulung kaubengaken bab sasakit kolerah sami nebih boten purun celak dhateng para abdi dalem ing Ngayogyakarta, menggah cariyos sampeyan kang kasebut nginggi wau kula jumurung saha dherek bingah sarta pamuji kula dhumateng kang maha kawasa lestantun kaganjar nikmat dhateng sadaya umat miwah ganjar kasarasan dhateng manusa, anjawi punika cariyos sampeyan bab gelap ingkang ngrisakaken bulusan kreta kreta menggah tembung bulusan punika punapa, punapa malih cariyos sampeyan kang katembungaken kyahi dhokter tunggul wulung punika wujud punapa, mugi paringa katrangan rehning nagari kula Madiyun boten wonten ingkang mangretos tembung kalih wau. Katandhan Jayaprawira.

Panjurung candhakistan cariyos dhusun

Para titiyang padhusunan ingkang sami ngupajiwa dhateng nagari punika ingkang sedya beberah boten kula raesaken sabab namung paitan bau suku, sareng para tiyang ingkang sami sasadeyan tamtu kedah paitan arta utawi ngwontenaken barang pirantos, suprandenipun sami saged kalampahan barang sedyanipun wawadeyan, saking cariyosipun kang kaangge paitan nyambut

arta saringgit 24 wang nyaur suwang sadinten 30 dinten undhat, menggah barang pirantosipun sami nyewa kados ingkang sade wedang serbat pirantosipun kendhil siti satunggil mawi dipunpirantosi canthing sarta mawi salang kenging kadamel nyangking kendhilkabekta ider, mangkok tiga, tampah satunggal kadamel wadhah tatedhan, sewanipun bekakas punika sadinten 3 sen, ingkang sade caos sewanipun pirantos sadinten 8 sen, ingkang sade soto sewanipun pirantos sadinten 10 sen, ingkang andadosaken tambah suka tentremipun para titiyang tani tanah Mekenan kidul awit ing wulan Sura ingkang kapengker dumugi wedalipun kabar *Bra Martani* bab regining uwos sampun mirah ingkang uwos sabethakan sabethakan 45 dhuwit, uwos kobres sabethakan 40 dhuwit dene para titiyang ingkang sami pados pandamelan dhateng nagari sampun kathah ingkang mantuk dhateng dhusun Guyangan kalang, sanadyan tanah padhusunanipun wancining sabin saweg meteng tuwin salong sembrobot, nanging kiwa tengenipun sampun wonten tiyang derepaken dados sami derep anglanjo dhateng bawah padhestrikan sanes, denten kawujudanipun sabin dereng sepuh tanemipun katingal prayogi boten katedha ing hama sami saras-saras, namung rehning radi kirang toya dados salong katingal kathah rumputipun, pamuji kula mugil lestantuna kawedalan para titiyang tani.

Menggah pandangunipun mitra kula tuwan redhaktur bab bojonipun titiyang dhusun ingkang sami ngupajiwa dhateng nagari sampun kasebutaken sami tumut nyambut damel dhateng nagari piyambak dados namung anakipun ingkang prelu dipunpadosaken tedha, sabab anak kang taksih katanggulan ing umuripun katilar wonten ing griya kemawon.

Katandhan kawula ngawasaken.

Punika Cariyos Babad Mataram

Mumpung nagri Kartasura, mangke suwung mumpung wadya pasisir, mring Pasuruwan anglurug, miwah wong ing nagara, sapratiga nenggih kang tumut anglurug, suwawi karsa mareka, mring rama dika kiyahi. Nadyan ta boten rembaga, impen kula nenggih ing wau latri, kadya mundhi wadyanipun, andika madeg nata, wus kailo ing sangkal bolong puniku, malompong gawangan, yen dika mengku nagari. Angling dyan Jayalelana, lah matura impen ira ing latri, alon mojar karti garun, andika katingalan, nitih liman ginarebeg ing wadya gung, saingga kadya ingarak, andika den pepaesi. Cahyanira anglir wulan, panglong pisan sedhenge andhadhari, kawula umingring pungkur, tumameng Kartasura, datan ana katingalan sami methuk, mung bebek arak-arakan, ngisis katerajang baris. Dupi prapteng Kartasura, pan kawula raden kaselak tangi, nunten swara miyarseku, sedhenge mangun yuda, raden Jayalelana condhong tyasipun, gya umarek mmring kang rama, ri Jayaprusata tan kari. Duk prapta ngarsaning rama, matur nembah wau tanaya kalih, rama kawula umagut, amrep ing Kartasura, mumpung rama Kartasura mangke suwung, ki rama aris ngandika, durung usum suta mami. Nadyan si benjing maguta, yen ungsun ingsum teka ngamini, wuwuha punggawa sewu, ingsum mongsa girisa, nanging mangke sutaningsun durung ungsun, tanaya kalih tur sembah, ameksa ngrabaseng jurit. Ingsun iki pan wis tuwa, iya sira ingkang sun babakali, kurang sataun naklingsun, pan lagi nenem nyawa, lan maninge durung tutug ing pandulu, payo padha tutugena, gonira amangun teki. Dilalah karsaning suksma, suta kalih tan kena den palangi, yen kawula sampun ngungsum, amung idi paduka, umbul-umbul waris kang kawula suwun, ngong age umagut yuda, dening wasiyating giri. Sampun karsaning yang suksma, kyahi gedhe wona kusuma angling, saksana tunggul pinundhut, sisimpena anjro kothak, dyan binuka kang kothak monya jumegung, kang tunggul marisi umesat, tan kadulu mring wiyati, jatu Ki wana kusuma, adhuh nyawa paran karsanireki, barkatanira musneku, kang putra matur nembah, wus dilalah tan purun neng kawuleku, yen ta pangraos kawula, dene mumbul mring wiyati.

Ongka 23 Kemis kaping 4 Juni 1874
BRA MARTANI

Surakarta

O.. wong agung pulisi bok inggih tinulungana samun nagntos wonten bilai, ingkang pancen dipunsingkiri, uger wontenipun wong agung polisi, ingkang kula suwunaken tulung inggih punika para tiyang wadayan, para lare sarta para titiyang ingkang wonten ing radinan ageng, sampun ngantos dipuntunjang purun dening priyayi ingkang sami guyang kapal sesanderan.
Mulyarja.

Nalika pista raja ing kamar bolahing Ngayogyakarta, ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan andhawahaken pangandika ingkang nglairaken, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom Amengkunagara suraosipun makaten.

Kanjeng tuwan residhen Ngayogyakarta

Saha para dyah lan para tuwan

Kula amanembrama dhumateng panjenengan dalem sri maharaja narendra ing Nedrelan utawi garwa putra santana dalem awit slawe taunipun jumngeng dalem ing kaprabon, pamuji kula ikhlas miyos saking manah suci, mugi-mugi ingkang murheng jagad sadangunipun angiyomana dhumateng panjenengan dalem sang narpati sarta garwa putra santana dalem amanggiya kanugrahan sapanggilipun langgeng jumngeng narendra sarta kabula punapa ingkang dados cipta dalem.

Marmanipun ing mangke anggur punika kula saosaken ing ngarsa dalem, para ingkang sami prapta ing ngiki kula aturi byantoni nginum wilujeng dalem ingkang sinuhun Wilem kaping III prabu ing Nedrelan sarta satrahing darah oranye.

Kabar ingkang sinuhun agung prabu ing Ruslan badhe karsa tedhak dhateng Nedrelan anuwani nak dherek dalem, ingkang sinuhun kanjeng raja prabu Nedrelan Wilem kaping III sedya dalem amanembrama slawe taun jumngeng dalem ingkang sinuwun ing Nedrelan.

Punika cakipun cariyose prabu Napoleyon

Suprandene satunggal boten wonten ingkang purun matur utawi akumlisik saking ajrihipun dhateng gusti, sang nata nunten anyelaki titiyan dalem wedalan saking puser bumi saklangkung anjilma asih dhateng ing gusti sadangunipun angendhuruk, sareng sumerep sang prabu anyelaki turangga angrengingeh athakur-thakur kadi nyamitani yen gambira, ingrungipun megar cangkem macucu mangap anglepeh kedhangsul, sakalangkung rongeh sasad awiwicak: sri narpati nunten mahanaha.

Saksana Rustan angunjukaken apus, sang nata rikati anitih ing kagungan dalem wajik, ibrah-ibrah tiningalan ngajrihi-ajrihi menggah ringgit tatangkep kadi prabu Baladewa, tanggeh yen sageda manggih sisihanipun sang narpati, tan antara dangu sang prabu tumenga ningali ngawiyat nunten andulu sarupining kapal perang ingkang sami kambang wonten ing jaladri, surya dalem kadi kacongah anggesengaken lajeng ngandika dhumateng ajudan jendral: ingsun ayun amariksani glidhi ing lautan gedhe, ing dalem rong jam ingsun wangsul, mulane aja ora wisa tata kabeh, sang prabu lajeng ngerapaken titiyan dalem kadherekaken kakasih dalem pun Rustam, para jendral, para marskalek pating salebar sami wangsul sowang-sowang dhateng pondhokanipun, namung ajudan jendral ingkang inggal-inggal anuwani dhateng admiral Bruksa andhawuhaken pangandika dalem.

Sang admiral medal amarsakaken timbalaning nata, gya ningali ing jumentara nemen anggenipun amaspaosaken, nunten mangsuli dhumateng utusan mawi anjungjung pundhak: o..punika pakewed boten saged kula andereka timbalaning sang prabu ing sapunika, mila karsa dalem badhe mariksani gladhi ageng boten badhe dos sabab sakedhap malih wonten prahara amambengi wedaling bahita dhateng saganten.

Ajudan jendral mangsuli: nuwun inggih dene ugeripun kula sampun andumugekaken dhawah pangandika dalem, timbalan dalem ing salebetipun kalih jam dikakaken sampun rumantya, ing jengandika pyambak anyumerepi bilih sabdaning kang sinuhun kanjeng susuhunan sasad angger-anggeran, mila rembag kula prayogi ing jengandika cumawisa.

Adhmiral jendral mangsuli tanpa wigih: ing dalem kalih jam kula pyambak ingkang badhe munjuk dhateng sang prabu awit kula tan kadugi andherek karsa dalem.

Antawis kalih jam dangunipun sang prabu kondur tegar, ing ngriku para jendral, para marskalek sapanunggilanipun kapanggih jibeg angentosi rawuh dalem, tinon pating pancurat ujwalaning inten mulya kancana ingkang sami kagem.

Sang prabu asung tabe saha katingal rena kados awit karsa tetegar anyegeri, ing ngajeng larapan dalem katingal purang sapunika bening sulakipun, wadana dalem semu bang, surya akedhep pratondha yen kapareng ing panggalih, sang prabu tedhak saking titiyan anyelaki para jendral ingkang sampun kapanggih dandos acacat sadaya sarta kaparingan tabe lajeng kapangandikanan:

Eh jendrale klerek ing jaba apa wartane wis padha sumeta bakal galadhi ping pindhone.

Jendral lerep makidhupuh umatur: dhuh gusti abdi dalem sampun kautus kinen andhawahaken pangandika dalem dhumateng abdi dalem adhmiral Bruikse atur wangsualnipun abdi dalem adhmiral boten saged ananggal kalampahanipun karsa dalem badhe refi awit amethukaken prahara saklangkung anguwatosi.

Sang prabu duk miyarsa aturing ajudan wadana nira sureng, surya dalem sumeguh kadi anglepasaken warastra, eh ajudan ingsun ora pati krungu, kapriye atur wangsulane adhmiral nalika pekenira andhawahake parentah.

Ajudan jendral munjuk: nuwun wangsulanipun abdi dalem adhmiral: boten nagggel angrakit refi ing sapunika, awit amethukaken prahara mila ajrih angedalaken bahita dhateng saganten.

Sang prabu sareng myarsa aturipun ajudan mulih, erob duduka dalem karsanipun dikakaken nimbali ahdmiral Bruikse, dhawah dalem saklangkung sora, ordhenas opsir ingkang mlajeng sigra-sigra animbali ahdmiral sang nata angentosi, asta dalem kasedhakepaken ingkang dipunpandeng pernahe badhe kamargenan adhmiral, saksana sang prabu umiyat adhmiral saking katebihan panuju mudhun saking sekoci, sang nata tan saged mambengi napsu lajeng karsa amethukaken ingetut wingking dening para jendral sapanunggilanipun kang ewon setaf ageng, sadaya seluran sarta mindel boten wonten ingkang kumisit, tan dya sang prabu kaliyan adhmiral sampun sami ajeng-ajengan, sang nata matur yane yayah mijil dahana jaja brit kadya wora-wari sakalangkung wreswa lajeng andangu: eh tuwan adhmiral apa margane pekenira ora miturut dhawuh manira.

Adhmiral Bruikse tan pisan-pisan giris saklangkung ayem anggene ujungan liring, tan pegat sumungkem lajeng munjuk.

Dhuh gusti mila kula boten sagedangladosi ing karsa dalem awit inggal badhe wonten prahara ageng ingkang anggigirisi, mokal panjenengan dalem boten angudaneni sarta paduka mongna karsowa angirid para abdi dalem sadaya pethukaken pringga baya tanpa prelu, aturipun adhmiral dhateng sang prabu sasad sineksenan ing yang kang maha sukci, sanalika kapireng panggerenge gelap saking katebihan ing jumantara katingal kresna angenthanu.

Sang prabu kadya boten nguningani yen rat jagad pramusesa peteng, bok manawi saking pegeling panggalih dalem andulu ayemipun adhmiral Bruikse, sesarengan panggerenge gelap punika sangsaya amungokaken duduka dalem sang nata angandika sarwengis.

Eh adhmiral sun wus andhawahake parentah, apa mulane ora pekenira turut dene yen ana pitunane iku manira pribadi kang kagungan bubuhan, mulane ing saiki pekenira manira purih anglakonana karsaningsun.

Adhmiral Bruikse andengek adegipun, akedhep tismak anggenipun ningali sang nata, nunten munjuk malih.

Dhuh gusti kula meksa boten saged angladosi.

Sang prabu myarsa wangsulan makaten dukanipun kasipi yayah sardula wikridita, lajeng anyelaki admiral mawi ngasta tembung asta dalem ingkang tengen sampun kajunjung, tembung badhe katandukaken: eh para iku tuna pikiran.

Adhmiral Bruikse rumaos lungguhipun luhur sarta suthik kacikrangan ning kormate, mundur sakedhik tan amratandhani kormat, nanging tanganipun kaprenahaken ing ageme sabet dipunkecrek sarwi munjuk.

Dhuh gusti dipunatos-atos sampun ngantos paduka ngalajengaken duduka dalem.

Nalika samanten saklangkung tintrimipun sarta sanggigirisi ing pangraos kadya jagad pramusesa dherek arengu, para abdi sami biyas gumeter dereng nate-nate ningali lalampahan makaten ing batos sumelang, nanging gumun kawanteran admiral Bruikse, ewa dene boten wonten ingkang reraosan sakedhik.

Saksana kagungan dalem tembung rentah, admiral awas andulu nguculaken pedhangipun sarta bukak topi angentosi karampungan, sang nata ngandika.

Eh fise admiral Maon, para dhawuhna anglekasi karsa manira gladhi gedhe, dene pekenira admiral Bruikse, ing sajroning patlikur jam sira mangkata saka Bulonyah lungaha ing nagara Holan.

Sang nata inggal mengker lajeng wangsul dhateng pasanggrahan dalem, admiral Bruikse tansah angetutaken mawi tingalan sarta sakalangkung sungkawane yen ta munadika: iki ilafat apa dene ana lalakon arep anyirnakake kodratolah, lajeng mundur.

Nalika lumaris dhmiral Bruikse angalangkungi para jendral sapanunggilanipun sadaya sami dipunsasmitani tabe, nanging boten wonten satunggal ingkang purun mangsuli saking ajrihipun dhateng sang narpati, kathah ingkang sami mengo api-api boten semerep awit admiral mantun kasorotan nugrahaning narendra kadi manggen wonten ing pepeteng boten pisan katingal, makaten lampahipun ing donya bilih tiyang pinuju apes kathah ingkang nyidrani.

Wasana fise admiral Maon angleksanani dhawahing narpati, sarupaning bahita kang wonten plabuhan ebah sadaya ngangkat jangkar manengah saweneh ingkang sami kumpul lajeng mencar. Sareng sakala sasmitaning admiral Bruikse andhatengi, ing dirgantara tinon angendhanu saklangkung anggigirisi mratandhani badhe wonten prahara ageng, tan antara pra calita aliweran, gerah swaraning gelapkadi ngesepaken swaraning udaya, umbuling ombak kadya parwatan naya anggigirisi panggerengipun tiningalan lir jurang grong saged anguntal sawarnining bahita, sindhung barat andhatengi nugelaken tiyanging bahita sasad sad, kathah bahita ingkang kabuncang ing angin dugi ing saganten ageng kadi kerem-kerema. Wonten candhakipun.

Pethikan saking koran *Surapringga*, serat saking Malang katiti mangsan kaping 23 Mei awewerti: Nawala saking parentah ageng Indi Nedrelan dumunung dhateng Raden Adipati Arya Nata Adiningrat bupati Malang, anggenipun maringaken nalika wingi mawi binayangkare, suraosing nawala: kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral andadosaken pareng ing panggalih dalem karsa angagem wismaning sang bupati ing Malang kinarya pamondhokanipun para wadya bala ingkang sami mentas wangsul saking Aceh sarta ingkang sami tatu utawi lungkrah, tampi amaringi pituwas ing ngajeng wisma wau karsaning parentah badhe kasewa, ananging raden adipati saklangkung poponipun awit badhe amratandhani seca tuhunipun dhateng kanjeng parentah ageng sarta tresnanipun dhateng abdi dalem sadaya.

Kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral amaringaken saklangkung tarimakasihipun sarta amasajani yen kasecanipun raden adipati sakalangkung dipunaosi.

Sarehning panuju taksih wonten wewelak mila anggenipun angulungaken nawala boten patos dipunrengga, namung kaseksen dening para amtenar wlandi ingkang cecelakan.

Nujum penis

Nujuman ing tanah Eropah amratelakaken bilih benjing tanggal kaping 9 wulan Dhesember taun punika ugi, nujum ingkang sampun limrah kawastanan penis badhe anyelaki sarta nglangkungi srengenge, kawaspaosaken saking kitha gung Paris, wiwitipun karatet penis akaliyan srengenge

siyang jam 2.10 menit 15 sekondhe dangunipun katingal lintang penis wau wonten ing bunderaning srengenge 4 jam 11 menit 45 sekondhe, dados pencaripun nujum wau kaliyan srengenge 6 jam 22 menit sonten.

Para nujum ing pundi-pundi sampun sami condhong rembak sinentosan dening nagari kawragadan pinten-pinten leksa murih anyektosaken lampahing kodratolah wau ingkang temen-temen sarta angaturana pelapuran ingkang astiti wawaton ing kawruh.

Wonten ingkang kapatah dados kumisi amrasudi kawruh bab panjang celaking jagad, punika smapun angrembagi dhateng para nujum wewengkon Prangkrik kinen arumantya ing kitha Yokohamah (Jepang), pulo Sinpaul, nuweya, meskat, Sues, pulo runiyonglan ing Peking, wondene para juru nujum wewengkon Englan dipunsuprih amaspaosaken saking Aleksandri tanah Kergulen pulo Rodrigus, pulo Sanwah sarta Oklan, laje ngadhatengi inthining jagad sisih kidul, setasiyun bawah selan anyar punika badhe reraketan kaliyan Pidna tuwin Melburen, ing ngriku saged ngetang tebih celaking rat kang kaliyan resik.

Bongsa Dhitslan badhe angintunaken para saged dhateng Jepang tanah Kurgelen, pulo Oklan sarta Murisiyus, kraton Ruslan anglangkungi anggenipun arakit, stasiyun pitulikur ingkang badhe kaadegaken kadamel maspaosaken tepanging nujum penis akaliyan srengenge ingkang badhe dipundekeki: ing Siberiye sarta Amerikah.

Iba suka senengipun para juru nujum manawi ing tembe wilujeng saged amaspaosaken sadaya, kaconggang angudaneni punapa ingkang dereng winatonan ing kawruh.

Ing kiwa tengenipun dhusun Baron (Surakarta) wonten tiyang jawi dedegipun ageng inggil kera semu bambang awak.

Punika andadosaken gelah-gelah nagari awit asring angreresah nyebrot milah, nyeler ngutil sapanunggilanipun boten wonten ingkang purun mambengi, malah wonten para tuwan ingkang wismanipun cecelakan ngriku nate kapandangan barang, panerkanipun tiyang kathah inggih durjana wau ingkang amandung.

Para polisi kaaturan mugi-mugi karsowa amaspaosaken dhateng pun reged wau, yen sembada ing rembak kacepenga pisan murih amangsulaken tata tentreming dhusun.

Ngayogyakarta

Rame-rame tingalan dalem panjenengan sri narendra gung ing praja Nedrelan pamengkonipun kaprabon sampun dungkap selangkung taun dumugi pun tanggal kaping 12 ing wulan Mei angganing warsa anuju 1874 sinengkalan, catur pandhita esthinng rat, dene saderengipun kalampahan rame-rame wau nagari sampun adhedhawuh dhateng para pulisi regen padhusunan kinen angladosaken punapa kawontenanipun wernining tontonan ing bawahipun pyambak-pyambak kadosta: langsir, jathilan (kapal kepeng), tledhek, wayang, topeng, punapa dene tiyang aneh-aneh kalebet palawija.

Wondening ingkang dados elid angrembak ing bab karamayan wau presidhen ing kamar bolah, 1.tuwan kolonel, 2.gusti Pangeran Ariya Mangkubumi, 3.kanjeng Pangeran Ariya Suradilaga, 4.tuwan juru basa sepuh pan dhen Bereh, 5.Kaptin Bom, 6.elid tuwan Resi, 7.tuwan Dholeprap, 8.opreste Ekhut, 9.Raden Tumenggung Danukusuma, 10.Raden Tumenggung Patih Gondakusuma.

Inggang dados presidhen pangaturing kamar bolah kanjeng Tuwan Yekel asisten residhen, 2.Pangeran Ariya Adiwinata mayor pan setaf, 3.tuwan Kapitan Gal, 4.tuwan pan gerkum, 5.Raden Tumenggung Patih Gondakusuma kanthi ingkang raka ingkang rayi, 6.Raden Panji Braja Atmaja, 7.Raden Riya Danuasmara, 8.Raden Bekel Ngabdul Mahmud.

Menggah pranatanipun ing karamayan wau 2 dinten, dhawahipun awit ing dinten malem Slasa dumugi ing dinten Rebo enjing bibsar, abdi dalem ingkang sami kadhawuhan mekajangan tugur wonten ing bangsal kapalan sakiwa tengenipun alun-alun, awit Kanjeng Raden Adipati Danureja ridredhe ordhe pan dhen Nedrelanse leyo saksentanipun para bupati nayaka tuwin para regen pulisi dhusun sedaya ing pinggir alun-alun mawi dilah umbaking toya sarta sawernenipun

pasowan mawi rinengga gegodhongan tuwin janur kuning pamacakipun ing tuguran, satunggal-tunggaling panggenan kados tiyang agegriya anujoni gadhah damel mantu.

Ing malem Slasa sakelangkung rame tontonan warni-warni wonten ingkang topengan, wayangan purwa utawi klithik, wonten ingkang tayuban, janggrungan, wonten dene babah kapitan latyamling klilan ngadegaken kasukan main wonten ing tuguran ngalun-alun kadosta po, posing, gimre, koji, cap ji kya, dhadhu sapanunggilanipun, dene premaninan wau cacahipun boten kirang saking 40 panggenan suprandosipun kebak karubung dening tiyang totowan sadaya, sarta babah kapitan adamel tingalan cengge lamenipun [...] dalu, wondene pangaturipun 4 prangkat mawi jajaran obar-abir (gandera) dipunseling akaliyan obor, lampahipun cengge ingkang ngajeng pisan nesthaning putri cina akaliyan pandhita sami indah busananipun, ing wingkingipun ugi putri cina akaliyan priyay satunggil lajeng ingkang tengah kareta ing nginggilipun bekakas dipundekeki pirantos mubeng dipuntumpaki tiyang 4 sami katut mubeng sadangunipun lumampah, lajeng wingkingipun putri cina malih kalih tiyang jaler satunggil lajeng gambaripun sri narendragung ing Nedrelan kaarak mawi musik, dene cengge wau ing ngajeng pisan musikan cina sineling kaliyan cengge, ing wingking pisan lajeng gongsa mungel kalih lumampah, saben sawetawis mawi berundungan eleng sakelangkung rame, tiyang wewaneyan sakalangkung kathah.

Menggah pamacaking tembung rinengga ing aksara 1.wonten antaranipun ringin kembar majeng mangidul yasanipun Kanjeng Pangeran Ariya Suryanagara litnan kolonel pan setap, 2.ing pangurakan rinengga pura ageng ing nginggilipun pinacak aksara tigang panggenan ingkang tengah sastra tuwin tembung welandi ing nginggilipun mawi gambar, wapenipun sri narendra ing Nedrelan mawi leyo kekalih, katiga leyo ingeblog cakar tengen anyepeng pedhang jene, cakar kiwa anyepeng bongkotaning jemparing sarta mawi amekutha sadaya dene ing nginggilipun blok makutha ageng, ing ngandhapipun wonten sastra tembung semen cendra, tegesipun ing mengko ingkun bakal ngukuhi, aksara ingkang sisih wetan sastra tuwin tembang jawi, pinggang sisih kilen sastra tembung walandi, tembung malayu, ingkang yasa Ngabehi Sastra Premadi, 3 aksara ingkang wonten ing ngajengan kamar bolah ugi mawi leyo ing nginggil, sakngandhapipun gambaripun sri narendra ing Nedrelan ing kanan keringipun pinetha-petha pasemon ing ngandhapipun aksara, dene aksara suraosipun amanembrama pakurmatan, tingalan dalem panjenengan sri narendra gung ing Nedrelan pamengkonipun kaprabon sampun dungkap selangkung taun, ingkang damel bongsa jawi awasta Sepas abdi dalem juru gambar sorot, mekaten ugi radinan ingkang pangurakan mangaler dumugi tugu tuwan-tuwan sarta tiyang cina sami kurmat pasang gendera ing pacinan mawi dilah umbaking toya, konten mawi gapura tinon saking mandrawa sakelangkung asri. Badhe wonten sambetipun malih.

Panjurung mongka wangsulan

Ingang tabe pakurmatan akathah-kathah mug i katur panjenenganipun ingkang saudara tuwan Jonas Portir en.ko. utawi lejnipun katur panjenenganipun saudara tuwan Pilip ingkang ngasta pandamelan redhaktur kabar *Bra Martani* ing nagari Surakarta.

Manawi pareng ing panggalih sarta wonten selaning papan mug i kapacaka panjurung kula punika, kula maos kabar *Bra Martani* onka 16 Kemis kaping 16 April 1874, ing ngriku wonten saseratanipun pryantun ingkang ingkang sisilih wasta sang banaspati brakuthu ingkangdudunung ing mandira putiyan, ngaturi panjarwa pitangledanipun tuwan redhaktur tembungipun Manguncarita satunggal lembu, sampeyan mastani wangsulan tembung jejer, ewadene mitra kula sang banaspati brakuthu boten pisan manawi angraos nyelaki wawaton amung kumambang leresipun sang parama ing sastra.

Ingang punika kula ngaturi urun pamedhar sawatawis bilih condhong ing panggalih leresipun tembung satunggal lembu punika pancen tembungipun bongsa sabrang, manawi kaange tembung jawi inggih dados lepat margi tembung sabrang punika kathah ingkang sami kamangsul, menggah tembungipunManguncarita ingkang sampun sampeyan leresaken wau dados jumbuh kaliyan tembung sampeyan (ingkang saking punika) sami ngangge kados tembungipun titiyang bongsa sabrang leresipun namung, ingkang punika sadaya atur kula nginggil wau sampun kagalih kula

anyanyagedi tuwin ngaken wirama ing sastra boten pisan-pisan, yen kasiku suka bingah sampun kagalih kimawon, sokur yen neceki panggalih namung katrimah alothung katimbang angraosaken ingkang boten mikantuki tuwin tanpa paedah.

Kaserat ing Ngayugya kaping 3 Mulud ing warsa Aliip onga 1803.

Katandhan Padmasucipta karuhipun manguncarita.

Panjurung tumrap *Bra Martani*

Saupami wonten palirmanipun ing kanjeng parentah nagari karsa andhawuhaken ingatasipun pranatan awisan tumrap dhateng sadhengah titiyang angguyang kapal ingkang sarana katumpakan abebandhangan, saest badhe amimbuhi pangayemaning praja mila makaten awit sampun wonten tatalanipun ingkang boten kenging kaperangan, tiyang pawestri wasta Suradikrama katrajang kapal ambandhang katumpakan tiyang mentas kaguya ngantos kalenger saha nandang labet kathah.

Tiyang guyang kapal ingkang pinangkanipun saking lebet beteng karaton dhateng ing lepen pepe punika wiwitipun nyengklek wonten ing kori dalem brajanala, kosok wangsul tumurunipun saking kuda manawi mantuk inggih wonten ing ngriku, terkadhang malah kalajengaken kemawon panumpakipun lumebet ing beteng ngantos dumugi ing bale griyanipun, ingkang makaten punika punapa boten kenging kawastanan diksura ing tingkah miwah reh boten tata punapa malih punapa boten kalebet damel sudaning tata tentrem.

Sanajan patrapipun titiyang angguyang kapal kasebut ing nginggil wau sampun tatela mrojol saking anggering tata krami, ewa samanten badhe meksa lumastantun, mila ing mangke kula tansah angajap-ajap saged dipuntetes pranatan awisan ingkang badhe nambahi raharjaning nuswa jawi. Bertanda Konggoeroe.

Owel boten sapisan damel kapratelakaken ing pundi panggenanipun, nalika tiyang wstri ingkang kasebut nginggil wau dipuntrajang, redhaksi dherek anyantosani panuwun dhateng parentah mugl kaawisan kang kenceng. Redhaksi.

Panjurung mongka wangsulan

Serat *Bra Martani* onga 15 Kemis kaping 8 April 1874, wonten panjurungipun mitra kula Jombaleka karan jaka amonca sasamenipun kusuma wicitra siswanipun open sadherekipun Martatama inggih ingkang jujuluk kawa ing Ngayogyakarta, suraosipun karsa paring pambatang bab cangkriman kula ingkang tumrap wonten *Bra Martani* onga 12 Kemis kaping 19 Maret ugi taun punika, reringkesanipun sampun nyamleng sarambut boten wonten ingkang nalisir sarta dados suka senenging manah kula, dene anggitan kula cangkriman prasasat sampun pikantuk idin menggah leresipun, wasana pakurmatan kula akathah-kathah katur ing sampeyan.

Sinerat ing nagari Surakarta ping 1 Rabingulakir Alip onga 1803.

Mitranta pun Darmawongsa.

Panjurung

Kala Salasa ing peken Kaliwon wonten glugu mapan tileman awit saking resikanipun mila boten purun gumlinthing ing siti amaksa lemek griya satunggil sanajan griya wau taksih enggal inggih ugi boten suwala sarta nyemplakipun boten kalompe jumereng ing siti.

Katandhan dhanyang bathangan.

Panjurung

Kala Maret 1874 Raden Ngabehi Sasrakusuma murid calon guru ing Surakarta tuwin Raden Ngabehi Sasradiharja mantri guru ing Purwadadi (Madiyun) tampi ganjaran saking kanjeng gupremen warni yatra 225 rupiyah awit saking katrimah anggenipun ngarang serat piwulang nut.

Purwadadi kaping 20 Mei 1874. Kuwatin.

Kabar ingkang dahat mamelasaken

Nalika dinten Kemis kaping 27 wulan Mulud ingkang mentas kapengker punika, kula pinuju lurug ngaben sawung dhateng bawah kaparak tengen , sareng wanci jam satengah 4 lajeng jawah saklangkung deresipun kanthi rinengga ing plahara ingkang saengga ngantos gigirisi, dados para priyantun tuwin para botoh cina jawi sadaya sami kalebet dening toya jawah, kapinujon sawung saweg nedheng anggenipun tangled sarta wonten toya kenthel warninipun saengga kados kolang kaling punika ingkang sami karebat ing kathah, sanalika ingkang sami angsal lajeng dipununtal, kula angsal 5 iji kula bundhel ing kacu lajeng ical sadaya, punika saking pakabaranipun ingkathah kawastanan jawah who, dene griya kathah ingkang risak ambruk tuwin peyok utawi klapa kathah ingkang rebah, kekajengan sanesipun ugi kathah ingkang rebah sol utawi sempal, deling kathah ingkang pepes, malah saking pamireng kula ing gandhekan wonten tiyang kabranan kenging waosipun piyambak jalaranipun makaten: sareng mireng kumrutug lajeng mendhut waos kang wonten tlawungan lajeng dipunliga wonten satengahing lawang lajeng sumerep jawah who wau, waos kaselehaken pyambakipun lajeng medal dhateng latar mendheti jawah who wau, sareng kraos asrep sanget lajeng sumedya lumebet griya klayan kasesa, sarta kasupen bilih dekek waos liga wonten lawang kenging pok pupu ingkang tengen lajeng ambruk sanalika boten emut, dumugi dinten punika taksih wilujeng. Katandhan Turida.

Redhaksi nyuwun serep plahara mawi angrengga punika kados pundi atrapipun. Redhaksi.

Sasampuning kula maos serat *Bra Martani* angka 19 ingkang katandhan pun dhamang, anyariyosaken bilih mantri mantri taneman kopi dhistrik Jebeng (Samarata) wasta Raden Wiryadikrama, angsal kabegjan nyepeng tiyang dursila pandung ingkang sampun lumebet dhateng pemahanipun sumedya besmi griyanipun Raden Wiryadikrama wau, salajengipun kados ingkang sampun kacariyosaken dhateng pun dhamang wau.

Ingang punika andadosaken kodhanging manah kula saking niatipun dhamang wau, punapa angalembana ing sanyatanipun punapa junjung angantepaken awit ingkang kacariyos ing ngajeng bilih Raden Wiryadikrama angsal kabegjan saged nyepeng pandung ingkang badhe besmi griyanipun, ing wusana salajengipun anyariyosaken sasampuning dursila kabesta lajeng katabokan, katempiling, kadhupak, tuwin kagebagan dhateng Raden Wiryadikrama wau.

Ingang makaten wau kula lajeng kengetan wektu kula taksih lare ningali ringgit wacucal, kula mirengaken cariyosipun dhalang micantenaken dhateng ringgit gareng, wicanten dhateng ringgit semar ing wektu babmang perang klayan danawa, wicantenipun gareng makaten: ma, apa kowe wani karo buta, semar mangsuli: wani maneh, mara jajale srimpungen tak tabokane.

Mekaten ugi kula kaengetan saking cariyos kala rumiyin wonten satunggilipun prayantun lenggahipun mantri, ananging boten susah kula pratelakaken dalemipun, wau prayantun sampun nabok dhateng dursila ingkang sampun kabesta, ing wusana wau priyantun katimbang lepat dening parentah ageng, lajeng kapatrapan paukuman ares wonten ing pasowan, dene penabokipun wau wonten paedahipun saking kajengipun priyantun wau amurih terangipun prakawis, wekasan inggih yektos dursila wau lajeng ngaken pratela anggenipun dhelikaken barang ingkang sampun kapandungan sarta yektos barang pinanggih.

Punapa dene kula kaengetansaking cariyosipun mitra kula bilih ingkang sampun kapacak ing setatseblad taun 1872 angka 85 bab angger paukumanipun tiyang jawi sasaminipun boten kenging priyantun mawi nabok utawi nempiling utawi dhupak utawi gebag.

Awit saking punika ingkang dados kodhanging manah kula sabab manawi sampun kauningan ing parentah ageng, gek saking pundi panggalhipun.

Pun Kodheng ing Jibeng. 16-5-1875.

Punika Cariyos Babad Mataram

Yen ta maksih aneng kothak, ilapate meksih kasoran jurit, dene ta punika mumbul, tondha menang ayuda, wus sedhenge rama kawula umagut, tanaya kalih ameksa sedyane mundur ajurit. Raden Jayalelana jayaparusa, angling mring embaneki, lah ta payo bapa, sira ngirup-irupa,

saguning wong kanan kering, ngubal-ubalna, ing solah jayeng jurit. Karti garun sigra denira amusat, saking ngarsaning gusti, marang padhusunan, ngubelken kasentikan, wong desa pan sami wingwrin, kapencut miyat, lan samya sinung warti. Yen gustine mangke sampun katurunan, ing laelatul kadri, nurbuwat karatyan, amengku tanah jawa, wong desa kang ngarpa dadi, prayayi benjang, anuta gusti mami. Bekel panglawe pasthi yen binawan, man ajung dadi mantri, ing benjing wadana, ingkang paneket ika, wong desa pan samya melik, kena ingemat, ing pangabaraneki. Wus sadiya saguning babekel desa, ngumpul mring wana tawis, andadi barisnya, karya rakiting pura, taratag rambat wus dadi, wadya kang seba, sewu yen winitawis. Urut wana suyyutira angawula, miwah sawetan ngardi, marasi sadaya, reba busa urutnya, kerik marang wanatawis, dyan kawuwusa, kang arsa madeg aji. Raden Jayalelana Jayaparusa, apan ing saban enjing, amapek kang bala, ngubalken pangabaran, kapencut sakeh ningali, neng luhur kuda, lawu pitu tininggil. Mesat marang gegana sareng praptanya, angurung sang apekik, ginetak umesat, pan kinarya kacungkan, lamun bedhol dadami, dadi gegaman, kang mulat sami wingwrin. Yen ginetak dadi katingal manusa, wau rahaden kalih, umareg ing rama, arsa ngrabaseng pura, kang rama ngandika aris, eh sutaning wang, iya sakarsaneki. Nanging iya inghun mongsa pitayaha, kayakna joli mami, kekajang kewala, sun aneng kono iya, sukeng tyas tanaya kalih, karsaning suksma, ginubelan nuruti. Nanging saking kawraton katresnan putra, gingsir ing lampah neki, ngemping kasutapan, sawusnya asiyaga, sakapraboning ajurit, ki gedhe sigra ngubengi marang dasih. Saha kutug menyan sarwi nabuh kendhang, surak kang wadya asri, gumuruh swaranya, bodhol ingkang gagaman, ki gedhe wus nitih joli, wadyanya kuprap, bandera warni-warni. Karti garus umatur mring sira radyan, dhuh gusti yen suwawi, wadyeng Kartasura, binanjel mumpung enjing, mupung nagri misih sepi, sira rahadyan, bapa iya abecik. Karti garun umatur sarwi anembah, dhuh gusti yen suwawi, wadya kang pangarsa, samya ngagema sulak, saingga giring mameri, impen kawula, pasthi yen mungsuh ngisis. Yen ginetak pangarsa sira sadaya, wong seket manitawis, sami ngagem sulak, radyan Jayalelana, munggend ngarsa puri baris, nitih turongga, pra sami songsong kuning. Pan kawarna solahira pan meh prapta, ing kedhung winong baris, kang wadya balabar, pangarsanya wus tebah, ing kapanthana baris, wadya pangarsa, dinulu angajrihi. Kedhung winong sida wayah enggenira, karsane madeg aji, kapyarseng semana, ing dalu kawuwusa, katur marang sri bupati, lamun wong wana, iku sumyarsa mrep puri. Dadamele lumaku pangarsanira, ing kapandhanan baris, wadya urut wana, tuwin sawetan marga, suyut milya ing ajurit, ing benjang-enjang, genira arsa mrep puri. Katingalan saking nagri Kartasura, makuwon wan tegil, obor lir rahina, ing dalu tan winarna, yata kawuwusa enjing, prabu Mangkurat, miyos ing ponca niti. Andher ingkang ngayunan wadya punggawa, sang kepraboning jurit, dipati Urawan, wau kinen methuka, ngirit sagung wadya jawi, bidhal saksana, saking ngarsa nrepati. Amung kanton Raden Arya Sindureja, sawadyeng poncaniti, mya wadya kaparak, gedhong baris malatar, duk semana sri bupati, angingu wadya, catur dasa wong Bali. Ki tumenggung Singabarong aranira, lulurahe wong Bali, andher ngarseng nata, samya dhebolang-bolang, abajo sangkelat wilis, sondher ngangrangan, asikep watang jinggring.

Ongka 24 Kemis kaping 11 Juni 1874
BRA MARTANI

Surakarta

O.. wong agung pulisi bok inggih tinulungana samun nagntos wonten bilai, ingkang pancen dipunsingkiri, uger wontenipun wong agung polisi, ingkang kula suwunaken tulung inggih punika para tiyang wadayan, para lare sarta para titiyang ingkang wonten ing radinan ageng, sampun ngantos dipuntunjang purun dening priyayi ingkang sami guyang kapal sesanderan.
Mulyarja.

Surakarta

Kula wisudhan tuwin sanesipun

Awit saking dhawuh timbalan dalem IngkNg Sinuhun Kanjeng Susuhunan, amarengi ing dinten Kemis tanggal kaping 21 wulan Mei 1874, salowongipun abdi dalem wadana polisi ing kapupaten Ampel apdheling Bayalali ingkang kakarsakaken anggentosi abdi dalem ondhergen pulisi ing Sukaharja, Raden angabehi Sutasudira kaganjar nami Raden Tumenggung Kartawadana.

Raden angabehi Wiryakusuma abdi dalem kaliwon pulisi ing kabupaten Kartasura, kakula wisudha dados abdi dalem ondhergen pulisi ing Sukaharja, nama taksih lestantun Raden angabehi Wiryakusuma.

Raden angabehi Marta Atmaja abdi dalem kaliwon pulisi ing kabupaten Ampel kakula wisudha dados abdi dalem kaliwon pulisi ing kabupaten Kartasura, nama taksih lestantun Raden angabehi Marta Atmaja.

Raden angabehi Sontahardaya abdi dalem panewu dhistik ing Sela kakula wisudha dados abdi dalem kaliwon pulisi ing salebeting nagari Surakarta, kaganjar nami Raden angabehi Kartahardaya.

Derengw atawis lami Raden angabehi Sontadipura abdi dalem kaliwon kraton kaundur saking kalenggahanipun, wondene ingkang kakarsakaken anggentosi abdi dalem panewu kraton ugi nama Raden angabehi Sontataruna. (Panjurung).

Ngayogyakarta

Nalika ing dinten Senen tanggal kaping 25 Mei 1874, panjenenganipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Suryasasraningrat sampun angulawisudha santananipun upsir salebeting lesiyun Pakualaman pratelanipun kados ing ngandhap punika.

1. Raden Arya Surya Pakuning prang irste litnan inpantri kumpeni 4 kakula wisudha dados kapten ugi kumpeni 4.
2. Raden Mas Arya Suryaudaya twedhe litnan inpantri kumpeni 4 kakula wisudha dados litnan ing kumpeni 4.
3. Raden Jayengkusuma sersan inpantri kumpeni 2 kakula wisudha dados twedhe litnan kumpeni 1.

Kajawi saking punika menggah kawontenanipun lesiyun Pakualaman ing mangke katata kados ing ngandhap punika.

Staf

Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Surya Sasraningrat litnan kolonel komandhan.

Raden Mas Arja Kusuma kapten ajudan.

Raden Mas Arya Murdaningprang irste litnan kwartir mester.

Infanteri

Kanjeng Pangeran Arya Suryadilaga mayor twedhe komandhan.

Raden Mas Nata Taruna.

Kapten

Raden Mas Arya Nataningprang.

Raden Riya Jayaningprang.

Raden Mas Arya Purwaseputra.
Raden Mas Arya Pakuningprang.

Irste litnan

Raden Panji Jayengatma.
Raden Mas Arya Kusumaningprang.
Raden Riya Jayeng Prawira.
Raden Mas Arya Surya Udaya.

Twedhe litenan

Raden Mas Jayeng Winata.
Raden Mas Nata Wiraya
Raden Mas Purwadigdaya.
Raden Mas Nata Atmaja.
Raden Mas Suma Atmaja.
Raden Mas Suryakusuma.
Raden Panji Atma Sudirja.
Raden Jayengkusuma.

Kafaleri

Raden Mas Jayengarja irste litanan komandhan.
Katandhan kapten ajudan ing Pakualaman. Raden Mas Arya Arjakusuma.

Punika candhakupun cariyos Prabu Napoleon.

Sang nata linggar saking pasanggrahan tedhak dhateng gisik, asta dalem kasidhakepaken, mastaka kapara tumungkul, mratandhani yen peteng kang panggalih, kemengan braja irawan kathah kang kaesthi, tan antara dangu sang nata kaget myarsa panjeritipun tiyang anedha tulung anggigirisi.

Wonten bahita kano nirbut kalih dasa ingkang sampun kaisen saradhadhu tuwin mantrus, punika sareng wonten sawining palabuan katampek ing barat kasabetaken ing gisik, aluning jaladri sasad kordha badhe amejahi saisining bahita, panjeritipun ingkang sami kasangsaran angayang ngelik, dumugi ing gisik sinawung ing pangadhipun para tiyang ingkang sami wonten ing dharat amlajengi badhe tutulung dhateng ingkang sami ginanjar kasangsaran.

Sang nata umiyat kinubengan para jendral ageng-ageng sadaya sami agiris saingga abingkem ing ngarsaning narendra, sang nata amicoreng galih manawi boten wonten satunggal ingkang kendel amitulungi dhateng ingkang methukaken pringga baya, saksana sureng ing wadana sirna, sinantuan bening ing pandulu, wung kanepsoning narpati boten wonten ingkang dipunajrihi, nadyan aneranga westhi rikat lempate sang nata anitihi sekoci malah anyengkah dhateng kang mambengi, pangandika dalem: eh karepe ingsun arsa atutulung marang kang padha kasangsaran.

Saksana sekoci sampun kebek ing toya saking agenging alun, sang nata meh boten saged jumngeng kaleban toya saganten, nunten wonten ombak anampek sarira dalem saingga dhawah kajrungup, rahajeng dipuntututi abdi jendral satunggal kaentas ing dharat, ing sakhal pralita amadhangi kasauran ing baledheg angajrih-ajrihi prahara geng adhatengi, kagungan dalem topi kabekta muluk ing jumantra, dhawah ing saganten katampenan dening ombak ing udaya kadya anggereng, nunten kaserot mangandhap, ewadene sareng sang prabu karsa bela yayah panggedheging elektrisiteit wang-wang katiru dening para abdi dalem, sadaya sami rumaos kawajiban atutulung dhateng ingkang kasangsaran sasatron kaliyan alun anedha bantu, para opsir saradhadhu, matrus lan para mardika sami aguyub anumpak bahita manengah, saweneh wonten ingkang kendel ambyung ing saganten mitulungi ingkang sami methukaken kerem, ananging jalanidhi tan ayun angluwari ingkang dipunmongsa, ing suraos badhe mratandhani kasekten dhateng sang narpati awit sampun karsa angayoni mila kasiku.

Wasana namung sakedhik ingkang katulungan, sabab sadinten muput prahara boten ngendhoni ngantos angumbulaken toyaning jaladri tinon lir redi anakan utawi anggrowahaken saganten meh

amingisaken dhasaring jalanidhi, yata kasaput ing dalu peteng andhedhet kadya ana sabi kasangsaran ingkang anggigirisi.

Sareng enjingipun ingkang kebek layon pating jalempah ingkang sami kabekta ing alun, para tiyang bilulungan sami dhatengi gisik sabawanipun amelas arsa, wonten ingkang segruk-segruk weneh anggigirisi, pinten-pinten ingkang kaicalan sanak sadherek kadang karuh, panjeriting titiyang ngantos kapirengan ing pasanggrahan dalem.

Sang prabu sadalu natas boten saged sare wangsul-wangsul anggenipun lumampah ing salebeting kamar, enjing pisan sang nata sampun tedhak dhateng gisik, ewon ingkang angrumiyini sang prabu, kathah ingkang sami suntrut tingalipun anjenger ningali sarupining layon wonten tepining saganten, sang prabu boten saged umiyat, para tiyang ingkang wonten ing gisik dheleg-dheleg kadya kasirepan tuwin tan kacongah andulu jisim kathah ing batos saklangkung anetah sarira dene anyampahi paturaning sang adhmiral, nanging boten kawiyos lajeng kondur dhateng pasanggrahan dalem awit randhungan tindakipun ing pundi-pundi amyarsakaken pangumel-umeling akathah, para tiyang ing ngajeng asih ajrih, wasana ing mangke nglairaken babasa sami anengtah dhateng sang narpati.

Sang prabu nalika prapta ing pasanggrahan angunjal ambekan sigra animbali abdi dalem Rustan kadhawahan parentah wados, mila kancanipun Rustan sadinten pating salebar ing kitha Bulonyah nuweni para ingkang kapitunan sarta amaringi yatra awit saking karsa dalem sang prabu ing suraos dipun neng-nengi mawi gandaning kancana ingkang kacongah ngampetaken wijiling eluh utawi anglilihaken kasungkawan.

Aliya saking punika sang prabu kagungan aji-aji sanes murih anyakecani para tiyang tuwin amungokaken kanepsonipun para wadya bala, nalika samanten kathah serat-serat ingkang konjuk, konca postilipun awira-wiri, sang nata sigra anglempakaken para jendral apasamuwan ageng, sareng sampun bibar wonten warti bilih sang nata ing sapunika badhe angleksanani karsa anglurug gepuk nagari amarsudi jaya jayeng jurit.

Ing sakedhap netra kabar wau anyrambahi saising tamsi, para wadya bala kumpeni sami bingah boten pisan kengetan manawi tembe kasangsaran ageng, saka mantyan wasisipun sang prabu anyirnakaken manah peteng kasantunan bibingah, sasowangan pangajaping abdi manggih anugraha, para wadya dahat sengkung ing tyas badhe anyumerepi sedyaning sang prabu ingkang badhe dipunpupuh, punapa ingkang badhe katandukan praja Englan kang sugih palwa arerangap tiyangipun kambang wonten saganten punapa badhe dhateng osterik ingkang sadangunipun anindakaken kapti rangkep boten kenging kaugeman.

Sanadyan sang nata dereng amasajani ing mangke karsa animbali grut marskalek ing kadhaton, dipundhawahi kinen rumantya badhe bidhalan sarta ambayaran sarupining rekning tuwin aniti pariksaha sampun ngantos kalangkungan genira bayar.

Elet sadinten grut marsekalek sowan asigra-sigra, sang nata pinuju wonten ing made bicara angugulang gambar bumi ingkang gumelar ing meja ageng.

Sang prabu tumenga sakedhap lajeng amariksani gambar malih dipuncublesi dom bundhel, andedahaken margi ingkang badhe kaambah ing wadya bala Prangkrik, sang nata angandika: ah dhurok ijaba paran wartane apa wis padha rumantya karo dene sarupaning rekning apa wis sira esahi, gruk marsekalek dhurok munjuk: sarupining rekning sampun kabayar sadaya gusti, kanton satunggal kewala badhe amba aturaken ing sampeyan dalem, mila ngantos kaduk purun amba sowan tanpa larapan.

Sang nata ngandika: sok mangkono kaliwat gedhene rekning kongsi sira seba mrengse, sang nata sarwi anyelaki grut marsekalek.

Dhurok mangsuli: kawula boten terang gusti resik botenipun rekning, nanging ingkang kula sumelang dene kathah temen yatanipun, menggah rekning wau saking abdi dalem bantendhan militer sordhi ingkang mandhegani payasanipun pasanggrahan dalem punika sarta dipunrengga pisan jawi lebet.

Sang prabu andangu: sapira kehe ing dhuwit kang muni ing rekning.

Dhurok: kathahing yatra ingkang kalebet rekning salawe ewu rupiyah gusti.

Sang prabu anjumbul kaget saking gegipun rekning lajeng ngandika: dubilah akeh temen, apa wis sira bayar si tuna kawruh, marsekalek Dhurok mangsuli atur: dereng abdi dalem bayar malah kawula suprih ngesut, lah kapriye wangsulane, patut yen dheweke bacut anuruti apa iya mengkono, iku wis jamake wong kang si Sordhi, mlaku digugu mongka salawase arep nyakathung, dikesut pira rekninge. Taksih wonten candhakipun.

Kabar ing kitha Triginopoli bawah mandras tanah Benggala, limrah manawi kang gegriya ing wewengkon ngriku sami ngabdekaken titiyang ingkang kawastanan kafakaran, dene kafakaran wau lurahipun tiyang ingkang gegriya cecelakan ing kitha wau, turuning durjana sinten-sintena ingkang purun ngingah tiyang bebeti kafakaran badhe lepat saking pringga baya, awit boten dipuntuweni dening konca turuning kafakaran.

Wasana ing triginopoli wau wonten kumpenipun ingkang sami dados upsir kapalan sami guyup semu angina boten purun ngrewes dhateng pranatan kang aeng makaten, kadadosan makaten suthik amendhet rencang turuning kafakaran, sadaya sami sarujuk badhe ngyektosaken kalaning dalu sarta angunduraken sarupining rencang turuning dursila kang sami anyuwita salebeting resimen, sedyanipun para upsir badhe ngreksa awakipun pyambak sarta barang darbeke, sakawitaning dalu para opsir sami asikep dadamel tangga gilir gentos, sareng enjing inggih estu rahajeng barangipun kapanggih wetah boten wonten ingkang cacir sakedhik-kedhika, nunten kosok wangsul lujeng-wilujengan, abingah-bingah dene saged amambengi lalampahan kang boten kaprah.

Tan antara dangu wonten karerehanipun satunggal punika asigra-sigra palajengipun saha amisanjang isarwi glagepan manawi nalika para opsir tangga ing ngajengan, para turuning kafakaran amales ukum malebet ing krestalan sarupining kapal usar dipunkethoki ototipun prenah sangandhaping dhedhengkul, mendah punapa kagetipun opsir, dene salajengipun boten kapratelakaken punapa amangsuli adad purun angingah rencang turuning kafaran punapa boten.

Serat kabar saking Eropah amratelakaken bilih kucing makaten amutawatosi manawi kacelakaken kaliyan bayi utawi lare ingkang taksih alit tanpi dipunreksa.

Nunten sawijining tiyang esrti gadhah anak kirang langkung umur 2 ½ taun panuju tilem dipuntilar, ingon-ingonipun kocing wonten wonten ing cecelakanipun lare ingkang tilem.

Tan antara dangu biyang wau mireng panjeritipun lare, wang-wang dipunpalajengi kapanggih sampun gubras rah, gulunipun dipuncakot ing kocing, sababipun kocing makaten gadhah watak but ajengan, margi katresnanipun biyang dhateng wekanipun ngungkuli kaliyan katresnanipun kocing wau mila ing sapunika lare ingkang ngalang-ngalangi dipun satru.

Ing sakala kocing ingkang nyidrani dipunpejahi dening bapakipun lare.

Sanadyan ing nagari Jawi ngriki prayogi dipunengeta sampun ngantos weya, manawi gadhah lare alit ingon-ingon kocing aluwung sagawon kening kapitados, manawi kocing anjilmaha kadi punapa maksa gadhah kandhutan anyidrani.

Panjurung mugi katur panjenenganipun tuwan redhaktur srat kabar *Bra Martani*

Jampi kacakot sawer

Ing nalika wulan April kula ningali ringgit ing kadhistrikan Kaniten, kala andhaupaken putranipun angsal mantri guru ing Madiyun, ing ngriku kula sumerep lare anakipun tiyang sade kinang dipuncakot sawer, embokipun sareng sumerep yen anakipun dipuncakot sawer enggal amenyed sata kaliyan toya lajeng kaperes, peresanipun kaombekaken wau anak sarta labetipun kapopok ing sata, saderengipun kajampenan paraupaning lare biru sarta kedah sumaput, punapa dene manahipun seneb, wasana amarga saking sata wau lare saged wilujeng saras.

Keniten ping 22 April 1874. Sata usada.

Panjurung

Serat sarta tabe pakurmatan kula ingkang kathah-kathah katur panjenenganipun saudara tuwan Pilip ingkang pilenggah redhakturing serat koran *Bra Martani* ing nagari Surakarta, manawi kagalih pantes sarta wonten selaning papan, seratan kula punika mugi kapacaka ing koran *Bra Martani* kawedalna ingkang tumunten.

Wiyosing serat kula punika tumanduka dhumateng priyantun Marjana, ingkang asring karsa paring sih kawelasan amdhangaken manah kang peteng amudhari cipta karuwet, mugi karsaha paring pitedah dhumateng tiyang bodho balilu kados pun kula punika, menggah ingkang kula suwunaken barkah ing para sarjana wau kula gadhah cuwilan serat menak cina, wau serat anyariyosaken rikalanipun sang raja putri cina kasmaran dhateng tiyang agung surayeng jagad, putri cina wau anggadhahi wangsalan, tembungipun dhandhang gendhis kados ing ngandhap punika.

Puspa ranu watesing pamilis, kaya ngapa pesthaning sarira, ing pratingkah wekasane, pinguling tyas wong agung, mati ngeles baya wak mami, sutejeng ngima arda, wong agung ngendhanu, swara sasmita rekasa, nora kena jinadha-jadha ing kapti, dhuh sang jayeng bawana.

Manawi panunggilanipun wangsalan wau kathah, anaming ingkang dadosken kodhanging manah kula namung satunggal pada punika, ingkang punika sanget-sanget ing panuwun kula dhumateng para priyantun sarjana mugi aparanga sih kawelasan kados pundi jarwanipun wangsalan kang kasebut ing nginggil wau, mila kula kamipurun anunuwun barkahing para sarjana wonten ing *Bra Martani*, awit saking sampun kathah para mitra kula ingkang sami kula tedhani kados pundi tegesipun bab wangsalan wau boten wonten ingkang sami saged suka katerangan.

Sinerat ing brang kidul kaping 8 Juni 1874. Katandhan Mas Sajabadhala.

Sanadyan kula dereng pisan-pisan semerep dhateng tembung kawi utawi malih tembung sanskrita ingkang boten panggah pinanggih, samanten kula arda anawekaken bok manawi pajeng sanadyan botena pajeng inggih maksa ngindhakaken nalar ingkang dereng kasumerepan.

Pusparanu makaten punapa boten pikantuk dening petha (plendhungan), watesing pamilis (ngetung), pamanggih kula pikantuk dening wekasane.

Pinguling tyas, suraosipun manah goweng kapingul amurugaken ngenes, su (sulih) tejeng ipa arda (mega kang nepsu) kadadosanipun angendhanu.

Swara sasmita rekasa, pamanggih kula boten kaliyan micoreng kalbu, punika punapa boten kenging kawastanan: kapti.

Kajawi saking punika tetembungan jinadha-jadha, pangraos kula purba saking: jadha, sapriki dereng amrangguli, dados pamanggih kula bok manawi ing ngajeng kalintu panyeratipun pesthinipun: jinodho-jondho.

Dene bab murudipun ing sekar sapada wau kula sumongga kados mongsa botena kapanggih, ugeripun teksih wonten ingkang yayah adaninggar. Redhaksi.

Sarehning patangledanipun mitra kula pun Wongsatirta ngantos sapriki dereng wonten ingkang aparing jarwa, ingkang punika manawi kapareng kula aturi pupucukan ingkanag medal saking kinten-kintening manah kula pyambak boten langkung namung supados wontena karsanipun para sarjana aparing katrangan kados ing ngandhap punika.

Inggah mawi sesebutan bendara raden mas riya punika santana dalem ingkang dene lereseipun anama pangeran, ananging palenggahan bilih sowan anunggil para pangeran, dene putranipun ugi taksih nama raden mas riya, ananging bilih ing Surakarta pasowanipun boten nunggil pangeran namung wonten ing ngandhap jambu, dene ingkang nama raden riya wau ugi santana, ananging sampun radi tebih sowanipun nunggil ing ngandhaping jambu.

Dene ingkang nama mas riya punika dede santana saengga pangkat kaliwon anon-anon utawi kaliwon dhusun, ananging sapunika sampun kasantunan nama raden ngabehi.

Wondene ingkang nama panji utawi mayor punika ugi sami larasipun kados riya wau, bilih santana dalem inggih nama bendara raden mas mayor utawi bendara raden mas panji, bilih santana ingkang sampun tebih kaparingan pangkat kalih bab wau, inggih nama raden mayor

tuwin raden panji, sanadyan dede santana mawi angsal pangkat punika inggih nama raden namung ingkang mas panji punika meh boten wonten, makaten ugi ingkang pangkat bupati, bilih santana dalem kadosta Raden Mas Tumenggung Jayadiningrat, Raden Mas Tumenggung Arungbinang, tuwin Raden Mas Tumenggung Wiyadiningrat bilih ingkang dede santana dalem inggih namung nama raden tumenggung kemawon, dene sesebutan kiyahi tumenggung ing samangke pamireng kula boten wonten utawi para santana ingkang dados kaliwon inggih kasebut raden mas ngabehi, bilih dene santana inggih namung raden ngabehi, dene panewu mantri punika sesebutanipun namung mas ngabehi kemawon, dene kyahi ngabehi meh boten wonten.

Ananging sapunika sanadyan para mantri bilih sugih arta inggih nedha kasebuta raden ngabehi.

Wondene sesebutanipun para putra ingkang taksih timur pamireng kula, bilih putraning ratu ingkang miyos saking garwa ampelan sesebutanipun bendara raden mas, bilih putraning para pangeran namung raden mas andhapipun malah den mas, dene den bagus punika putranipun santana ingkang sampun radi tebih, mas agus manut ingkang nurunaken ingkang pangkatipun den utawi emas, dene sebutan bagus saemper namung wanchanipun ingkang nyebut kemawon.

Ananging sadaya tur kula wau ugi sampun andadosaken kadhoning panggali, awit kula sampun mrasajakaken bilih punika namung medal saking kinten-kintening manah kula piyambak, wondene katerangan tuwin wijangipun ingkang tamtu kula anyumanggakaken dhateng para sarjana, mila kula akamipurun amucuki supados wontena ingkang karsa aparing katranganipun.

Pun dugi prayogi.

Panjurung minongka wangsulan

Bra Martani angka 15 ingkang medal Kemis kaping 8 April taun punika, wonten panjurungipun mitra kula ingkang saweg nembe leledhang wonten samadyane pasamowan *Bra Martani* ajejuluk Jaka amonca inggih kawa ing Nagyuja, ingkang suraos karsa paring batangan bab cangkriman kula satunggil prakawis ingkang tumrap *Bra Martani* angka 12 Kemis kaping 19 Maret ingkang tembe kapengker punika, menggah pambatang sampeyan eting utawi panganan titing, punika condhong kaliyan sedyaning manah kula saha bingah sanget dene pikantuk jalaran anggen kula pitepangan lelantaran rembag wonten *Bra Martani*, wasana pakurmatan kula akathah-kathah mugu katur panjenengan sampeyan. Sinerat ing Bratawinangun kaping 16 April taun 1874.

Mitra jengandika pun Darmawongsa.

Panjurungipun priyayi kang sinduya krami pun bondhot boten kapacak awit anggepok sarta sepi ukantenipun. Redhaksi.

Punika Cariyos Babad Mataram

Kawarnaha wau dipati Urawan, kang methuk ing ajurit, ing kemandhuh prapta, tata baris akapang, wana kusuma winarni, budhal semana, saking pakuwoneki. Munggeng joli kyahi wana kusuma, pan sepuh kaki-kaki, sutanira ngarsa, radyan Jayalalana, kang rinaja-raja aji, lan ari nira, samya munggeng turanggi. Apapaes pinindha liman, sira rahaden kalih, lawan embanira, kartigarun pinrada, saingga binayang kari, ngayap ing wadya, sami asong-song kuning. Katur marang rahaden Jayalalana, yen ingkang mengsah prapti, dipati Urawan, kerig wong Kartasura, wana kusuma ngubengi, marang kang wadya, maca donga capati. Donga besmak nuracah donga carabat, miwah kang sepi angin, sarwi nabuh kendhang, gumurah swaranira, wadyanya pan sami dikir, Jayalelana, ngatag wadyanira glis. Lah ta payo iya sira tarajanga, baring ing Kartawani, sigra samya mangsah, wadya angagem sulak, sumahab anempuh jurit, sami lok sulak, sulak mungsuh awing wrin. Sami kekes wadya bala Kartasura, Urawan atengari, wadya Kartasura pan samya nempun yuda, sumahab anempuh jurit, pan campuh ing prang, samya bedhil-binedhil. Dyan gumulung wadya ing wana kusuman, gustine anindhihi, mangamuk arampak, ngisis wong Kartasura, ngisis sakehing bupati, Urawan sigra, kurda mangsah ing jurit. Tan kena ingadu wadya Kartasura, pangraos aningali, ing mungsuh awendran, nangkebi kering kanan, lawan kekesing ngajurit, dyan Jayalalana, dadya ambedhol dami. Dyan sinebar dami kataingal gagaman, bubujung mungsuh wingwrin, sira kang dipatya, Urawan wus lumaywa, wong wana kusuman atri, anglunding surak, gugup wau kang lari. Gya kapethuk sira dipati Urawan, lawan duta

nerpati, dhawuhken timbalan, lah dipati andika, dhawuh ing sri narapati, sampun lumaywa, marang ing poncaniti. Alajenga mring pasowanan kidul ika, away ngawali malih, apan sri narendra, arsa ngawaki yuda, sagunging para dipati, datan sinungan, magut ing mungsuh jurit. Pinrih langkung kang mungsuh panangkilan, sigra wau dipati, minger lampahira, myang sagunging punggawa, pasowan kidul den jogi, dyan mantri mudha, lajeng lampahireki. Amariksa enggene mungsuh kang prapta, wau ta kang winarni, wong wana kusuman, prapta anrang kusuman, tinarka lakuning baris, kendel sakala, kang wadya den ubengi. Akukutug pan sarwi anabuh kendhang, dyan Jaya lelana ngling, payo wadyaning wang, padha ngobong-ngobonga, kaya atandhaning jurit, sor unggulira, away wisma wong cilik. Angobonga wismane mantri dipatya, karana anganti, sisah wadyaning wang, lamun ingsun ngadhatyan, kang ingsun karya bupati, teka mangsupa, den tinggala wadya lit. sun watara wus sumyar wong Kartasura, datan amagut malih, mung si adipatya, Urawan andeling prang, wong Kartasura angisis, ratune uga, tininggal ing wadya lit. iya mongsa waniya mapag maring wang, jer ingsun genti waris, amengku ngrat jawa, ujar saturuning wang, unggyaning angukuhi, bali maring wang, cup edhal-edhul mami. Yata wau duteng nata mantri mudha, wus awas sigra mulih, anander lampahnya, ing alun-alun prapta, katur marang sri bupati, yen mengsah prapta, anrangkusuman baris. Samya kendel anata ing wadyanira, ngandika sang bupati, eh wong gamel enggal, kudeng sun saosena, si kaladaru tumuli, wus kinambelan, sinaosaken ngarsi. Wus angagem barkatan sri narendra, lan ngrasuk kyahi gondhil, miwah kang makutha, wus rinacut sadaya, ujyalanira nelahi, kyahi balabar, apan sampun wanangking. Kyahi baru ingampil tan kena tebah, ing ngampil marang dasih, kanjeng sri narendra, aken mundhut tengara, aran ki bicak puniki, kang baberkatan, saking geng sela nguni. Sri narendra sampun anitih turongga, arsa umagut jurit, wus miyos sang nata, ginarebeg ing wadya, mring alun-alun sira glis, wadya kaparak, sedya sareng ngemasi. Wus atata baris ing wadya kaparak, pan samya ngati-ati, tan tintu prenahnya, sabekja jajarira, wadya gedhong anambungi, sawurinira, kaparak denya baris. Sri narendra angingeraken turongga, kinubeng ing wong bali, kang gagah prakoswa, watara wolung dasa, singabarong anindhihi, lulurahira, marang rekyana patih, eh sira barisa, iya sabaturira, ana sakiduling masjid, payo den enggal, marepa ngulon sami. Lamun wadya wana kusuman narajang, aja sira lawani, age lumayuwa, dimene mangkya prapta, mungsuh marang ngarsa mami, patih Sindurja, tan lengganeng rekaij. Atur sembah kiya patih sigra mentar, angirit punang baris, sang nata ngandika, bocah gandhek matura, ari ing puger dipati, lah enggalena, asuwe nora prapti. Wadya gandhek wus mesat saking ngayunan, wau sri narapati, pan datan antara, wadya wana kusuman, kilen kemlayan wus prapti, saha turongga, sami bandhera putih. Duk semana kekayoning Kartasura, dereng wonten kang inggil, katingal malela, gagaman ingkang prapta, saking alun-alun aji, sri naranata, angandika mring abdi. Lah ta iki bocah, gagamane sapa, tengeran padha putih, kang tinanya nembah, punika gusti mengsah, katawis bandera putih, nata miyarsa, ature punang putih. Galih dalem sakalangkung dening suka, ki baru datan tebih, wong wana kusuman, atata lampahira, atata lampahira, joli lumampah ing wuri, tinut ing wadya, sadaya sami dhikir. Cinarita ki ageng wana kusuma, ingkang anitih joli, dene ingkang putra, kakalih ingkang priya, lumampah munggen ing ngarsi, asong-song jenar, sarya nandhihi baris.

Nalika ing dinten Akhad tanggal kaping 13 wulan punika ing dalem Mangkunagaran karsa amangun suka sarta aboja krama wilujengipun putra titiga.

1. Kanjeng Pangeran Arya Prabu Prangwadana kapitan kakula wisudhan dados mayor infantri.
 2. Raden Mas Suyitna kakula wisudhan dados pangeran, anama Pangeran Arya Jayaningrat.
 3. Raden Mas Surana kakula wisudhan dados twedhe litnan prajurit kapaleri.
- Priyagung titiga wau sami golongan lesiyun Mangkunagaran.

Candhakupun cariyos tiyang agung Abdulkadir

Priyayi bongsa Arab satunggal anama Mulon bin Arah kautus dening sang emir dhateng prabu Prasman ing Paris mawi ngampil barang edi-edi katur ing narendra, sawangsulipun utusan ing Algir ambekta prajangjeyan anyar wonten tigang bab ingkang dipunewahi, wasana sang emir tan sepan angrakit dadamel sadangunipun kendel perang, kathah pranata ingkang dipunewahi sarta dipunsantosani murih magut perang ing kitha Maskara dipuntanemi bupati ipenipuns ang emir pribadi anama Bintamir, punggawa satunggil anama Bumah medi dipuntanem ing kitha Tlessem, liya-liyanipun papan ingkang prelu kareksa dipunmenggalani dening karerehanipunsang emir turun saking marabon ingkang samya sae katapti kaliyan karsa sang emir ingkang dipunkawiti murih kencenga dhateng sarengat supados mubal napsonipun gampil dipunerah katamakaken ing damel sarta murih para abdinipun kulinowa sasakiting perang ing tembe kenging kairid ing yuda. Boten namung punika rigenipunsang emir, ing salebeting kitha inggih dipundekeki margi malih murih saged lawan nurut pinggiring wana ageng sisih kiduling Medheyah kapasangan beteng, sisih kiduling mostaganena dipundekeki panggenan angumpulaken wadya bala, wondene kwasaning sang emir nyumrambahi dumugi ing ngara-ara ageng bawah Sahera, rehning ing ngriku isining kitha kapanggih sumanggup badhe atumut perang sabilolah, sang emir lajeng amratelakaken sedyanipun dhateng Jendral Palye, sareng kaping 15 Dhesember 1838 sang emir ngawiti perang tandhing angrok bonda wala pati samanten bongsa Prasman kaweken awit kabesturon, kitha Mitija kabadhah dening bongsa Agut, gudhang-gudhang karayah isinipun lajeng kabesmi, boten dangu wadya balanipun sang emir aneseg dumugi ing kitha Algires nungkulaken sawarnining papan panggenanipun wadya Prasman, namung panggenan ingkang sinentosan ing beteng punika ingkang boten saged ambedhah.

Nagari Prasman sareng myarsa soring jurit sakalangkung gumun sarta bendu, saksana jeng pangeran dipati Ertoh pan Orleya ahli warising kaprabon inggal-inggal mangkat dhateng Aprikah sedyanipun dherek parang sabil kadherekaken ingkang rayi jeng Ertoh pan Omaleh, tanggal kaping 13 April 1840 labuh jangkar ing Algeri tandya cancut anggrabahi damel ngantos campuh kaping kalih dasa, kiwa tengen sami ngungalken kasudiran salin ukih tan wonten ingkang kasoran malah kakendelanipun anggene ngekahi kitha Masagran punika kalebet kasusra sawab ingkang mambengi namung saradhadhu sakedhik, jeng pangeran kakalih anglairaken kasentikan tuwin wadya bala Prasman tandangipun angebat-ebati saingga anggirisaken mengsah tur sami boten maiben yen wadya Prasman unggul kapurunanipun, kadadosane boten amikantuki tuwin boten anyekapi sarehning Jendral Palye taksih kacipratan cacad mila marsekalek Bigo ingkang piniji kautus nalika wulan Dhesember 1840 kapurih anggentosi Jendral Palye kadhawahan kinen anyirnakaken kakiyatanipun Abdulkadir sarta anungkulna praja Algiri saisinipun, marsekalek Bigo anggenipun angleksanani karya saklangkung rikat sarta kawewahan geng ing nepsu mila anjalari sawatawis wulan, sasampunipun perang kitha Tekendhem, Johar sarta Tahya ingkang daweg kadekekan beteng dening Abdulkadir lebur luluh sadaya, punapa dene kitha Maskara nungkul, raja kayaning bongsa ingkang purun lawan kajarah rayah sarta tanem tuwuhipun kasirnakaken liya punika marsekalek Bigo utusan dhateng barisanipun sang emir anjalari kathah prajurit ingkang sami malik tinggal, sareng ing taun 1842 wiwit perang malih, marsekalek aparentah dhateng Jendral Morsiyer suprih angreksa kitha Maskara saking ing ngriku sareng

sampun kasantosan sadaya jendral anindakaken jarak rayah mengsah kapaksa dening kang dados pangirid nanging boten kacongah majeng, wasana ing salebeting taun 1843 ugi wonten pasamuwan ageng ing kraton Prangkrik, nagari Algeri kaanggep dados kagunganipun kraton Prangkrik.

Awit samanten sang emir mantun dipun anggep ratu malah dipunwastani kraman, sang emir sangsaya dipunpupuh sangking mumbul kawicaksananipun, sareng samadyaning taun 1842 sasampunipun lawan perang anempuh byat nagarinipun ical ingkang nem gangsal bagiyen wewah sawarnining wadya balanipun tuwin sirna sadayaning prang, ingkang anyumelangi sanget para bongsa Arab sami malik anambuhi kakendelaning sang emir, sang andon perang sareng aplepegen lajeng andangu dhumateng para karerehanipun: eh konca apa sira padha yun nampik sarengat ira lan apa arep pasrah jiwangga marang bongsa Eropahtuwin apa sira ora darbe kanepson bisa angukuhi perang kanti sawatara wulan, eh konca mayo padha bareng panggah sawulan rong wulan lawase mongsa wurunga mungsuh aremug rempu dening kita kabeh, sawab mungsuh sedyane ngregedi tanah klairan kita lan karepe yun anyeng kalak wong bumi, yen sira ora guyub ewon sarengat utama sarta anampik ilmu lan anampik ganjaran kang wis ginantungan dening rasul lah aja pisan anduweni kira-kira lamun ing tembe kowe padha ginanjar uga, sasuwene inghun isih enjoh ambekan inghun bakal ora pedhot asesatron angrok bonda wala pati karo bongsa Eropah, dene ingkang kiyanat lakune iku bakal inghun wasesa lir wasesane bathara kala, inghun bakal ambau dhendha awit saking jirih pekenira ing sajroning wenga sira bakal garumung lan bakal inghun gugah sarana mariyam, inghun kang sun tandukake marang kang bakal ngiyubi ing pekenira kabeh.

Kacariyos sang emir sakalangkung kebat cukatipun dinulu yayah saged anangkar sarira para tiyang sami cinindhung sayunggal majeng dhateng mengsah ingkang satunggal anyemelani bongsa ingkang kiyanat angungkurake konca, ing panggenan ingkang kinira boten kaambah ing ngrika sang emir katingal anjarah rayah sawarnining raja kaya sarta angoyak isining tiyang bumi ngantos sadasa sanga bageyan saingga anungkul, kathah ingkang sami kagegeran ngantos aminta saraya dhateng Jendral Lamorsiyor anyuwun bantu, sang jendral mangsuli kinen alawana pyambak sabab kapambengan ayahan ingkang langkung awrat inggih punika badhe luluh wadya balaning emir ingkang taksih tirah.

Nahan lampahipun ingkang sami ayuda brata kapinujon campuh ing kitha Isna nalika salebetipun wulan Nopember taun 1842 ing ngriku sang emir kengser, kathah wadya balanipun ingkang lampus malah meh katawan margi saking titiyanipun kacepeng dening bongsa Prasman.

Sang andon jurit lepat saking bilahi amethukaken songga baya malih kaliyan bongsa Kabul ing kitha Borgiyah, tujunipun kapambengan sawab marsekalek Bigo akaliyan sang narendra tanaya ertoh pan Omaleh anyengkuh lampah kalaning usum bedhidhing saingga dumugi ing pareden bawah jurjura, ing ngriku mengsah mawud lir gabah dipuninteri, bongsa Prasman sadangunipun tansah anglampahaken rada siyah (tegesipun angrisak tiyang sudra dhateng sawarnining bongsa ingkang dereng purun nungkul, malah bongsa Prasman kapara kaladuken anggenipun lampah siya ngantos amimirang dhateng bongsa ingkang semerep ing tata krami malah saingga ambesemaken kaluhuraning bongsa Kristen, wonten lalampahing raksiyah ingkang gigirisi cacah tiyang kirang langkung sangang dasa jaler estri nem sepuh sami singidan ing lebeting guwa punika kawanguran dening wadya bala Prasman lajeng guwa wau dipunlampet isinipun pejah sadaya, atrapipun makaten ngajeng wiwaradipun dekeki tumpukan kajeng tunu lajeng kasulet kukusipun malebet ing guwa ingkang sami badhe amberot medal dipuntadhahi ing waos, mila sakalangkung andadosaken kekes tintrimipun tiyang bumi.

Taksih wonten candhakipun.

Kabar Aceh

Tanggal kaping 6 Agustus mengsah saweg anyantosani kitha Bitul, nanging lajeng dipunresahi dening kumpeni sarana dipununcati pelor granat sami bubar, tanggal 7 wonten detasemen ingkang saweg babadi rerengkedan wonten sakiwa tengenipun pakan Aceh dipunresah dening

satru sarana kasenjatan, nanging inggal dipunuber dening kumpeni, tanggal 9 mengsah ing dinten punika anyumelangi katimbang kaliyan liyaning dinten, tanggal 10 mengsah ing dinten punika anyelak beteng kota raja mawi nyenjatani kota raja akaliyan pakan Aceh malah litnan mayor tatu kedhik, mengsah lajeng dipunkintuni mimis granat, ing panggenan liyanipun boten dipunreresah, tanggal 11 sabadyan ing dinten punika boten patos ambibidhung inggih kapara sepen katimbang kaliyan wingi-wingi.

Kabar wonten mengsah 200 ingkang tuntum tinindhahan dening tuku tih saking VI mukim ingkang sami manggen ing bital, dene tiyang samanten wau asalipun saking padhusunan pundi-pundi, ingkang sami nglempak ing ngiku sabab tukutih sumelang mantuk dhateng tanahipun mila anglerep ing ngriku.

Kalih dene wonten kabar nalika kang ambedhah kasuriyan liyanipun jisim 75 ingkang kapanggih salebeting beteng ngriku wonten pitulas maling ingkang pejah sajawining beteng.

Kabar malih yen ing dinten punika ing kitha perlak kataneman bandera Nedrelan tanggal 12 detasemen ingkang babad-babad ing kiwa tengening pakan Aceh dipunreresah dening satru, nanging sareng dipunwangsuli mimis sami mawud, ing lakrul dipunsanjatani mawi lela malah mimisipun satunggal dhawah ing gudhang tetedhan tanpa amranani lajeng dipunsauri ing kumpeni.

Wasana kawontenanipun sasakit sasad sampun sirna.

Wiwitanipun putra raja Kutei kalayan putranipun putri bupati ing Surapringga.

Saking Surapringga ngojahaken manawi nalika dinten Setu tanggal kaping 5 wulan September punika ijab lajeng panggihipun putranipun laku ingkang pandhadha sri paduka sultan Kutei kaliyan putranipun putri bupati ing Surapringga wonten ing dalem kabupaten.

Bawahanipun ageng angremenaken tiningalan dening kang dereng sumerep atrapipun.

Sasampuning para besan apinarak kiwa tengening kanjeng tuwan residhen panganten kakung dipunbayangkare malebet ing dalem rinengga ing sekar malathi sarta sosotya di lajeng manggen ing ngandhap kapara tebih saking kanjeng tuwan residhen, saksana kyahi pangulu adodonga, makaten suraosing pangijabipun.

Raden adipati bupati ing Surapringga lajeng anglairaken pitebungan ingkang mantu dipunwijang dipunsageda ngemong garwanipun tuwin dipunengeta anggane tresna ing laki ngantos badhe nilar yayah rena alangkah samudra, dipunaken ngormati samukrime lan ing raka saha sampun ngantos anyuwani ngantos dhawah ing turida awit sampun kapilih dados jatu kramanipun wah malih sampun ngantos putra-putri kasupen ing rama ibu.

Saksana sultan Kutei lajeng ngandika kang putra dipunwulang, sampun sah angaosi dhateng kang garwa boten ngemungna sadangunipun jumngeng ingkang rama sanadyan sasurudipun sampun kendhat angormatana dhateng kang garwa.

Sasampunipun lajeng panganten kakung anyelaki sudarma kakalih sampun dipunarasi astanipun nunten dhedhaharan unjuk-unjukan kacaosaken.

Para ngonyah sami dipunaturi saputangan pethak ing nglebet wonten piring alit kaisenana dhedhaharan edi-edi punika dipunberkati pisan.

Riringkesipun sadaya sangkep sesine maneka warni anjalari dados suka senengipun sri paduka sultan utawi bupati ing Surapringga.

Mandharin Cina

Ing nagari Cina wonten kalenggahan ingkang dipunwastani Mandharin, menggah nama Mandharin wau ing ngajeng para bongsa Eropah ingkang marabi dhateng para priyayi Cina, tembung wau asalipun saking tembung preteges purba saking: amarentah ing nagari Cina kaprayen anyepeng nagari kaliyan kapraya yen perang dados sangang perangan sadaya sami ngangge jujuluk sarta dipunpratandhani sarana bubungkulan ingkang dipunangge sainggiling kethunipun agengipun satigan peksi deruk, dene bubungkulan wau kabeda-beda jinis utawi warnining sela.

Saweneh bilih katrimah ing ratu kalilan ngagem badhak mratandhani luhuring kalenggahan, pangajenging praja kadya bupati sasaminipun punika wonten ingkang kalilan ngagem kalung mutyara.

Menggah leresipun para Mandharin wau golongan tiyang putus ing kawruh, manawi badhe anyuwun kadadosaken Mandharin kedah anglampahi eksamen ingkang saklangkung awratipun, sawiyah cinten kalilan nyuwun dipuntiti pariksowa kasagedanipun sinten ingkang darbe lenggah Mandharin salah satunggal saking songa punika inggih andarbeni wenang sawatawis, kadosta: kalilan anumpak joli sarta angecapaken namaning kalenggahan wonten ing karcis, dene karcis wau limrah dipunkintunaken rumiyin bilih badhe tutuwi, garwaning Mandharin inggih ugi dherek tampi pakurmataning priyantun, ingkang jumng Mandharin kalilan ngingah abdi kathah ingkang balanjan inggih nagari damelipun manawi Mandharin tedhakan abdi wau mlampah rumiyin ngajengan joli supados amratandhani yen wonten Mandharin tindakan.

Menggah mandharin wau dhaharipun boten urup salong boten ta mawi tampi dhahar, mila anggenipun marsudi kauntungan angiwa nengen, dene paukuman siksa kenging dipungentosi sarana bayar yatra ingkang amurwat inggih Mandharin wau sakajeng-kajeng mila saklangkung kathah pikantukipun.

Ing nagari Cina dahat kathahipun tiyang dagang peteng para Mandharin limrah anyumerepi, nanging dipunsakajeng kapanggihaken kaliyan asilipun pyambak, makaten lampahipun mila ingkang jumng Mandharin inggal sugih.

Cariyosipun cumplung

Wonten sawijining tiyang watakipun kapara lamuk anumpak kapal bagus dolan amider-mider, dene turangga gambiranipun boten siwah kaliyan ingkang numpaki kadya anggrahita yen warninipun unggul katimbang kaliyan kapal momotan utawi kapal kreta sowan mila tingalipun amanggut-manggut sarta anyirig, ingkang numpak angling: eh enak temen rasane wong sugih kaya aku, ora susah anyambut gawe kaya kuli amatang wang bayarane sadina, bekja temen awaku iki ora mlarat lir wong pira-pira kang blanjane ora anyukupi.

Wasana saweg anglairaken tembung makaten lampahipun dumugi ing panggenan, ing ngriku wonten tiyang saweg adamel kluwat sarwi darodosan kringetipun kausapan nunten aningali cumplung ingkang kabrengkal saking luwat kawak, tuwan ingkang numpak kapal wau ningali lajeng apitaken sarwi kasesa: eh man mreneya, apa nalare cumplung tansah ko pandeng sarta kapitenggengen, wangsulanipun makaten: o..tuwan dipunapuntena kula punika raga kasiku andhudhuk anrajang cumplung ing manusa, mongka kula kepingin pirsu cumplung wau punapa sisaning tiyang sugih punapa sisaning tiyang pekir sumongga tuwan aningalana pyambakkados kula angyekteni, kawalak walik meksa boten saged manggih tengeripun punapa inggih ingkang darbeni ing ngajeng tiyang jugul punapa inggih sujana, ing saemper manawi tuwan ingkang mirsani rehning semerepa ing kawruh awit sugih buku sageda ameca punapa ing ngajeng cumplung gadhahanipun tiyang sugih punapa tiyang miskin.

Pitakenipun tiyang wau anjalari lingsemipun tuwan ingkang numpak kapal saingga boten saged mangsuli sakecap sarta andadosaken pangenget-enget tuwin amanggih yektinipun bilih donya makaten ing sisih kubur tanpa asildipunpanggihaken kaliyan awakipun pyambak anjalari mantun gadhah watak langguk.

Aneh

Ing dhusun Kraghe Samarata (Madiyun) wonten ayam wana satunggal purun saba ing bale pagriyan sarta anunggil kaliyan ayam emahan, punapa ayam wana wau purun anglakeni babon ayam emahan.

Lalampahan ingkang kalebet aeng makaten punika sampun kaweningan dhateng ing kabupatos Samarata sarta awit saking karsanipun para priyantun ing ngriku pasabaning ayam wana wau dipunumburi babon sawatawis kathah, dene sawungipun sami dipunsingkiraken supados sampun anarungi ayam wana ingkang nembe papara wau pamrihipun sageda amedali bakisar.

Ing samangke sampun kalampahan ing dhusun ngriku sampun wonte bakisar kirang langkung 45 ugi turunan saking ayam wana wau.

Pawartos punika saestu badhe damel suka pirenanipun para priyantun ingkang sami remen kalangenan bakisar.

Dene ayam wana wau kenging dipunajeng-ajeng lami wonten ing ngriku awit katingal jenak sarta tutut.

Menggah ayam wana wontenipun ing ngriku punika kalebet mokal sanget awit dhusun Kragheh wau tebih kaliyan wana sarta boten nate wonten ayamipun wana, saking cariyosipun tiyang ing dhusun ngriku nalika pyambakipun tilem ing wektu dalu nyupena menang lotre ayam wana setunggal, sareng tangi enjing sampun wonten ayam wana saba ing lataripun anunggil ayam kathah.

Titil sinerat ing Magetan tanggal kaping 22 Rejep sinengkalan dahana muluk kaesthi sang aji. Katandhan Endrayaksa.

Sareng kula maos *Bra Martani* ingkang amratelakaken manawi tuwan Dherek Pilip sarta tuwan Winter ingkang sami dhateng walandi sampun sami seda surud ing kalanggengan, asanget kanggek ing kasenangan kula pangungun sarta getun kula boten susah kula pratelakaken ing ngriki awit kula boten saged milih tembung ingkang kenging kula damel amratelakaken duhkita kula.

Nalika kula sakolah ing Surakarta, kula sampun nate dipunayomi sarta dipunrobi ing sih punapa malih kasunaran kautamenipun ing tuwan Pilip guru angka 2 sarta tuwan Winter guru angka 3 ingkang sapunika sampun sami mengkeraken ing dunya umarek ing pangayunaning hyang mahanityasa.

Pamuji kula panjenenganipun tuwan Pilip sarta tuwan Winter wai sageda kadyangganing ratus nadyan sampun sirna ing padupan taksih mawa gonda arum, sasampunipun sanajan tuwan-tuwan wau sampun seda, ananging kautamenipun sageda kanton gilang gumilang ing jagad raya kenging dados tepa palupi. Sutandar.

Candhakipun bab padalingsa

22. Nama saroja tegesipun rangkep punika warninipun > patrapipun yen wonten babasan mungel kaping kalih kadosta *Nabi Adam puputra Nabi Sis* > *puputra Nabi Nurcahya* > *puputra Nabi Nurasa* punika kajengipun mungel *Nabi Adam puputra Nabi Sis*, *Nabi Sis puputra Nurcahya*, *Nurcahya puputra Nurasa*.

Wondene patrapipun pada ageng kados ing ngandhap punika

1. winastan purwa pada tegesipun pada ingkang wiwitan punika warninipun.
2. Pada madya tegesipun pada ing tengahan.
3. Wasana pada tegesipun pada wekasan.
4. Winastan padaksana pada tegesipun pada panggenan punika tengeripun bilih sanes cariyos ananging taksih nunggil salampahan namung tembangipun ingkang santun.
5. Winastan swara pada tegesipun pasamuwan punika tengeripun bilih sanes cariyos ananging tembangipun dereng santun.

Wonten dene pada punika ungelipun mangajapa tegesipun wiwiting pamuji, dene antawising pada kakalih ingkang tengah wonten aksaranipun *ba* dipunupapanji punika ungelipun becik-becik, dene antawising pada ingkang mawi aksara *ndru* punika unge;ipun *mandruwa* tegesipun taksih tebih utawi pada wekasan mawi aksara *I* punika ungelipun *itih* tegesipun pungkasan telas, wonten malih antawising pada kakalih boten mawi aksara ing tengah utawi raswa namung dipundekeki edas kemawon punika anedahaken bilih kendel utawi malih wijanging pada punika warni tiga:

1. nama cara pada patrapipun bilih serat dhawah dhateng ing ngandhap winastan pada angoko punika warninipun
2. nama satata pada tegesipun sami-sami punika warninipun
3. nama sadhara pada patrapipun bilih serat katur manginggil.

Wonten dene bilih serat katur manginggil pisan punika boten mawi pada namung angangge guru kemawon kados punika //o//, anjawi ingkang punika mugè sampun dados rengating panggalihipun jalma mara jalma mati, sanadyan sampun anamtokaken bilih badhe pakantuk katrangan saking kula bab patakenipun tembung ingkang sampun kalantur *panewu*, *panatus*, *paneket*, *panglawe*, utawi *palawe* ewadene meksa kadung pangintenipun jalma mara jalma mati, wasana sampun andadosaken cuwaning karsa amargi bab punika kula dereng gadhah saserepan katerangan, boten langkung kula namung anyumanggakaken para sarjana sarta kula badhe anempil barkah supados indhaking saserepan kula bilih sampun wonten ingkang paring katrangan sabab kula punika remen angupados indhaking kawruh sastra amencarakaken saserepan, amila manawi wonten para priyantun ingkang karsa apitaken bilih pinuju ingkang kula sumerepi lajeng enggal angaturi katrangan ing sadungkaping manah kula manawi ingkang dereng kula serepi ugi makaten tumunten angaturaken prasaja bilih dereng sumerep, kang awit saupami kula angaturi katrangan ananging ngantos antawis lami, punika anjawi molok bilih anerethekaken bok manawi babasan ingkang ataken wau sampun kasep serengipun sabab kula pyambak ugi makaten, watawis mitra kula banaspati brakuthu saged anerangaken bab punika. Carik Langenarja.

Wangsulan katur tuwan Redhaksi

Sanget andadosaken suka bingahing manah kula, ketang sih tresnanipun saudara tuwan redhaktur anggenipun paring murad tabkawining sembah tuwin wangsulanipun sang ragu atmawijaya, sadaya paparingipun teges saudara andadosaken padhang ing manah kula lajeng rumangsuk ing ngongga tumanem ing jantung, sakedhik boten wonten ingkang adamel semang ing panggrahita saking ardaning suka panuwun kula dhumateng panjenenganipun saudara yayah tanpa upami.

Ing wusana kula aturi pamuji mugè saudara wau tinebihna ing ponca baya cinelakna ing suka wirya dumugi ing sapanglingipun.

Sabrang kiduling benawi ping 15 September 1874. Katandhan mas saja badala.

Punika cariyos Babad Mataram

Sri narendra apan karya masjid, kang pinola masigit ing Demak, masjid lami duk kobare, lannalid masjidipun, milanipun akarya malih, sinigek tan winarna, gantya kang winuwus, raden ayu Sindureja, putranipun warnane anom asigit, kang nama Raden Sukra. Wus diwasa baguse linuwih, nadyan kondhang walanjar parawan, sekaring praja angene, beranyak kaduk purun, kang minangka kondhang dyah luwih, titi agawe brongta, sira ing dyah ayu, bagus tur utameng cipta, sira raden tan ana ingkang ngungkuli, wasis pasang grahita. Raden Sukra mangkana winarni, apan lagya sinuruhan marak, pan kinarya sasekare, angarak alun-alun, nuju kanjeng pangran dipati, andulu wong ngarak, nanging ta anamur, aningali raden Sukra, nitih kuda nalasak tengahing baris, mubyar busana nira. Awas andulu pangran dipati, marang sira wau Raden Sukra, asru tanya mring abdine, sapa tategar iku, analasak tengahing baris, patih sada tr sembah, pun Sukra puniku, anakipun Sindureja, ngandika sru pangran panas ing galih, lah age timbalana. Pangran dipati kundur tumuli, denya lenggah neng pinggir bata, bata geng ing kadipaten, abdenira kumpul, ki Suthiwon lan gagak rungsit, suta mongkondhol belang, miwah suta kithung, para kabluk jagad ngampar, baju dharat karta poncol seca culik, samya munggend ing ngarsa. Raden Sukra sampun den timbali, prapta ngarsane pangran dipatya, aningkel warti lungguhe, pangran dipati dulu, langkung panas raos singgih, tan ana dosanira, amung bagusipun, esmu panas tening driya, jeng pangerankang abdi dipun kejepe, ngebyaki Raden Sukra. Dhuwung ira ingalap wus keni, Raden Sukra apan wus binonda, tanpa dosa sasambate, pangeran ngandika sru, lah menenga aja baribin, dene kawenang-wenang, Sukra piyangkuhmu, tategar tengah wong kathah, iya maning nora nana wong jelanthir, sarwi mungkur jeng pangran. Raden Sukra pinilara, tinabokan pan sarwi den jejegi, maripat jinejel semut, semut ireng kinarya, Raden Sukra tobat-tobat sambatipun, adhuh gusti datan dosa, sampun nganiaya gusti. SInemut malih netranya, Raden Sukra nangis srungkebi siti, sasampunira jinagur, jeng pangeran nulya jengkar, Raden Sukra maksih aneng ing alurung, geladhran Raden Sukra, panakawane marani. Wus ginendhong Raden Sukra, netra kalih merep

awaspa getih, wus prapta pasar ing agung, wong ira Raden Sukra, ting baleter prasamya amapag tandhu, wus tinandhu Raden Sukra, kathah welas wong ningali. Saprapane Sindurejan, Raden Arya Sindureja ningali, wus tinutur mulanipun, sirat netra ngatirah, pan jaja bang lir wora wari kumedut, raden patih pan sakala, tan emut kawula gusti. Dene ta datan pa dosa, jeng pangeran sikara ingkang abdi, rinapu ing garwanipun, pan sarwi ginendholan, lilih Raden Sindureja dadya mupus, kalangkung welasing putra, wau ta rahaden patih. Kang putra wus ingusadan, sapta latri waluya kadi nguni, umakur mring ramanipun, kawula amit pejah, sun amuke wong kadipaten ing dalu, sun wani ganjara watang ararempon pedhang tamsir. Kang kacatur raden Sukra, ngingu Bugis kathahe wolung desi, pankajawi ramanipun, wonge tutukon kathah, raden ayu Sindureja ngandikeng sunu, aduh nyawa sutaning wang, trapna mujadah ireki. Angrasaha yen kaula, sakarsane linakon yen kuwawi, sok aja tumekeng lampus, nadyan silih pejaha, lamun uga wus kabener dosanipun, panbubuhaning kawula, tan kena amilih ati. Supe batinya dyan Sukra, ing laire marang kang rama ajrih, angunadika ing kalbu, apa margane baya, lan pangeran dipati gantiya ladhung, gentiya tumbak tinumbak, kapan baya genti keris. Raden Sukra emut ing tyas, yen garwaning pangeran adipati, gumingsir mring dalemipun, kinebod kapuguran, ngong jajale sun sanake garwanipun, mangkana andikanira, iya sun gawenning margi. Semana Raden Sukra, animbali pamomongnya kakalih, Singawonda wastanipun, kang siji patrawisa, prapteng ngarsa emban kalih bekteng ngungkur, marang gandos wetan, prasamya den bibisiki. Eh bapa sura wus wikan, ing wartane raden ayu adipati, marmane kinebon iku, aneng ing Kapuguran, Singawonda pratrawisa munggend ngayun, matur kawula miyarsa, ing warti tiyang jawi. Kawon dening wong pundhutan, saking ngonja pinangkaning pawestri, wus nginggahken garwa sampun, mila sang ayu linggar, pan ing mangke panggenaning raden ayu, lamine kang raka ewa, dadya munggend taman sari. Kawula wingi sasanjan, prasanakan kawula kang awarti, punja marta namanipun, titiyang Kapuguran, malah wau saben sonten radn eayu, pinarak ing papanggungan, katingal saking ing marga. Kados angalipur brongta, sanget oneng watawis dhateng laki, gerah kapit raden ayu, sri rama tan sinapa, mila pangran Puger aduka mring sunu, pinrih anuli kundur, mring kadipaten tumuli. Eh bapa kakambilana, kuda ningsun kore lan sinirwati, kuda seta ulesipun, anulya kinambilan, linaraban nirwati baludru wungu, palisir cindhe puspita, suku pat pinanggung sami. Nila werdi kang kinarya, buntut kuncung satugel den nilani, pan gariudha ebekipun, raden Sukra busana, golong galing nenggih ijo nyampingipun, paningset cindhe binara, kuluk kanigara adi. Sadasa ler tarak ira, arja dhuwung wau pinatut wilis, ukiran patra mas tatur, awilis sumarsana, yen dinulu citrane tuhu abagus, solahe lamun sinawang, kadya putra dwarawati.

Kabar lelangipun barang kagunganipun kanjeng tuwan residhen ing Kedhu, pan Blumen Wandhres dadosipun yatra kirang langkung 28.000.

Nalika tanggal kaping 9 oktober para siswa walonda guru ing pamulangan Jawi Surakarta dipuntiti pariksa kaindhakaning kasagedan kadadosanipun katingal bilih sami wewah kawasisanipun, cuwaning panggalih dene sakalangkung sakedhik ingkang sami nuweni nalika eksamen wau.

Kanjeng tuwan Je.Pe.Sutelip up insepektur taneman ing mangke lekas karsa amariksani ing dhusun-dhusun bawah Surakarta dipun dherekaken dening sekertarisipun.

Nalika Salasa ingkang sawek kapengker, kanjeng tuwan bidhalan dhateng Kawis pandhan dipunjujugaken dening Pangeran Adipati Arya Mangkunagara dumugi ing Jurug.

Raden Mas Sunariya putranipunKanjeng Pangeran Arya Gondasiswaya, dados wayahipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara ingkang sampun kabekta dening ingkang rama dhateng Batawiyah badhe kalebetaken ing pamulangan ageng Ginasiyum Wilem kaping III, sareng sampun katiti pariksa (eksamen) cekap kasagedanipun, mila lajeng kaanjingaken ing pamulangan wau, mugi-mugi lampahan prayogi wau anjalarana dados tutuladaning para priyantun ageng-ageng ingkang karsa amulasarani atmajanipun kakung murih anyemploka ing kasagedan, punapa dene malih murih anyirnakna sawarnining nalar ingkang awon dhateng gugon tuhon ingkang asring-asring amitunani.

Punika pratelanipun ingkang sami anyawisi medhalyi utawi ganjaran arta benjing panggelaripun baran gingkang tuwuh saking amulasara siti utawi saking marsudining taberen ing wulan April taun 1875 ing Ngayogyakarta.

Saking parentah ageng nagari Jawi sarana direktur, yatra 400 kayasakna medhali emas satunggil salaka mawi kapregul kalih medhali salaka titiga, medhali sanguban nembelas kadamel angganjar dhateng ingkang ngwontenaken barang tuwuh ing pagunan cara Eropah, cara tanah Jawi utawi cara Cina kadi ingkang kasebut ing salebeting princi ongka 36 dumugi ongka 58.

II. saking kanjeng tuwan residhenPitsiger sarta para tuwan-tuwan: Adrige, pan Wasberge, Pule, Bagemen, Pan Lir Dhegrut, bupati Madiyun, Plomekol, Selut, Blume, Fota, Panil, Barlefelye, Dhe Fogel, Skolten, Surmong, Ladhase Pon Semit, sami awisma ing bawah Madiyun: sadaya anyawisi medhalye salaka pregulan: tiga, medhalye salaka: sanga, medhalye snaguban: sanga.

III. Saking kanjeng tuwan Residhen Waten Dhorep sarta saking para tuwan: Emring, Berfut, Maertimer Mantessen, urun satus rupiyah kadamel ganjaran dhateng sinten-sintena ingkang ngwontenaken conto pantun ingkang prayogi pyambak utawi ingkang onjo pyambak pikantukipun pantun ing dalem sabau.

IV. Saking Tuwan Alman, Polker, Panil, Ebling pan Semid sami wisma ing bawah Kendhal, sami anyawisi medhalye boja pangaos nyalangkung rupiyah kadamel ganjaran ingkang ngrupikaken conto kopi ingkang limrah panggarapipun.

V. Saking matsekapai ngatasing among tani utawi mrasudi pagunan ing kitha Batawiyah: madhalye salaka sadasa iji.

VI. Saking tuwan Pol ing Yoja: 500 rupiyah kaganjaran dhateng sinten-sintena ingkang saged angwontenaken pirantos nutu gendhis sarana kukus.

VII. Saking tuwan Semster ing Ngayoja: 300 rupiyah kadamel angganjar sinten-sintena ingkang saged anggelaraken kawruh anyaeaken sarupining wowohan.

VIII. Saking sositen Ngayoja: 100 rupiyah kadamel angganjar dhateng sinten-sintena ingkang saged ngujudaken barang pagunan ing tanah Jawi, dherek punapa kang dados karsaning konggres.

IX. Saking lose Mataram: 100 rupiyah kadamel anyawisi ganjaran punapa sakarsaning konggres.

X. Saking konggres pyambak: 100 rupiyah kadamel anyawisi minongka ganjaran punapa ingkang dados karsaning konggres.

XI. saking presidhening konggres: kathah kedhikipun badhe katamtokaken benjing.

Dene medhalye 22 iji ingkang saking para priyantun ingkang sami awisma ing bawah Madiyun, Ponaragi, utawi Magetan princenipun kadi ing ngandhap punika.

A. Dunungipun medhalye salaka pregulan 2:

1. Dhateng ingkang ngwujudaken ingkang sae ing tanah Jawi.
2. Dhateng ingkang ngwujudaken gendhis ingkang sae ing tanah Jawi.

B. dunungipun medhalye salaka 9 iji:

1. Dhateng ingkang ngwujudaken kapal wedalan tanah Jawi.
2. Dhateng ingkang ngwujudaken seratan (bathikan).
3. Dhateng ingkang ngwujudaken jampi wedalan tanah Jawi.
4. Dhateng ingkang ngwujudaken bongsa lulup utawi serat ing tanah Jawi.
5. Dhateng ingkang ngwujudaken barang rukmi yasan tiyang tanah Jawi.
6. Dhateng ingkang saged nyarasah griya liya saking dipunsela candhani.
7. Dhateng ingkang saged ngiput tutuwuhan sekaran utawi taneman ingkang kalebet peleg.
8. Dhateng sinten ingkang saged damel mateg ingkang sae.
9. Dhateng sinten ingkang saged damel pirantos amipil jagung.

C. Dhunungipun medhalye sanguban 10 iji:

1. Dhateng sinten ingkang ngwujudaken barang kajeng ingkang pelag.
2. Dhateng sinten ingkang ngwontenaken pirantos nutu pantun.
3. Dhateng ingkang ngwujudaken lembu wedalan tanah Jawi ingkang sae.
4. Dhateng sinten ingkang saged angwontenaken pala kapendhem ingkang sae.
5. Dhateng sinten ingkang saged ayasa dadamel kang pancen kangge dening tiyang tanah Jawi ingkang bagus.
6. Ingkang saged damel gagambaran cara tanah Jawi.
7. Ingkang saged ngujudaken areng sela saking tanah Jawi.
8. Ingkang ngujudaken tebu ingkang prayogi pyambak.
9. Ingkang saged angwontenaken lisah petroleyum.
10. Ingkang saged anggelaraken bludiran Jawi.

Punika amratelakaken barang rupi-rupi ingkang badhe kakintunaken benjing panggelar ageng wulan April taun 1875 ing Ngayogyakarta saking tanah Jawi.

1. Saking kanjeng tuwan direktur open barweken: sarupining kakajengan.
2. Saking Surakarta: sawarnining conto pawedaling nagari.
3. Saking Lebak, banten: nedha papan kadamel mrenahaken barang 30 kaki pasagi.
4. Saking Batawiyah: ngubanggeni.
5. Saking Madiyun: nedha papan kangge manggenaken barang 125 kaki pasagi.
6. Saking Majalengka: ngubanggeni.
7. Saking Blitar, Kedhiri: sawarnining conto sata utawi srutu.
8. Saking Kanjeng Pangeran Adipati Arya Mangkunagara ing Surakarta: sarupining pelikan sapanunggilanipun.
9. Saking tuwan Ka.We.pan Gurkom ing Bandhung: conto babakan kina sarta the kamirye wedalan tanah Jawi, sapemutan wah tutuwuhan sawatawis.
10. Saking tuwan Mayorat ing Tanjungmaja Japara: ngubanggeni.
11. Saking tuwan Ratnemah ing Ktaling: ngubanggeni.
12. Saking tuwan Amur ing Trenggu agung, Krawang: ngubanggeni.
13. Saking tuwan Je.Te Oflan ing Subang: ngubanggeni.
14. Saking tuwan Koken ing Surabaya: tutup gelas penyu rinengga ing salaka.
15. Saking tuwan Be pan Der Es ing Ngayoya: sawarnining bongsa sela.
16. Saking tuwan Baruh ing Pakalongan: sabun 6 pethi, nedha papan kadamel manggenaken 15 kaki pasagi.
17. Saking tuwan Woblokisa ing Tanahwangi, Malang: ngubanggeni.

18. Saking tuwan Dhe.Ef. Setol ing Pecangakan: ngubanggeni.

Saking tanah Sabrang

1. Saking Kanjeng tuwan Residhen Borneyo sisih kidul utawi sisih wetan: conto wos sarta nila.
2. Saking Kapitan Jenihe Ligres ing Plembang: bekakas rerenggan griya aparipurna dadamelan Plambang mawi prelak utawi kapraos tuwin barang aneh.
3. Saking pakumpulan ngatasing padagang ing Padhang: ngubanggeni.
4. Saking tuwan A. pan Gilse presidhening pakumpulan dagang ing Padhang: waluku cara Amerikah saprabote, sarupining garu mawi tondha piyagem, yen kathah pakangsalipun, pasangan cara Amerikah, garu wesi limrah kangge, pirantos matun cara Amerikah.

Saking nagari liyan

1. Saking tuwan Moris ing praja Neyoren: ngubanggeni.
 2. Saking kongsul Belgi ing Batawiyah: ngubanggeni.
 3. Saking kongsul kitha Morisiyus: ngubanggeni.
 4. Saking kongsul ing Sanghai, Cina: ngubanggeni.
 5. Saking kongsul ing Bangkok, Siyam: ngubanggeni.
 6. Saking kongsul ing Hongkong, Cina: ngubanggeni.
 7. Saking kongsul Itali ing Surapringga: ngubanggeni.
 8. Saking kongsul Ostenrik ing Batawiyah: ngubanggeni.
 9. Saking kongsul Prangkrik ing Batawiyah: ngubanggeni.
- Gunggung 31 pakumpulan sarta tiyangan.

Telegram angabaraken nalika bagendha raja narendra Nedrelan amyarsa warti bilih abdi dalem Litnan Konfuriyus ingkang katiwasan sirna maripatipun sakaliyan duk perang ing Aceh prapta ing Nedrelan, sang prabu anglairaken saklangkung tresna dalem, menggah kasangsaran ingkang sampun pinanggih dening litnan taruna wau sang prabu nunten anglairaken pangandika dalem murih anyowanaken ingkang andon papa.

Liya saking punika sang prabu amaringi odhiyensi kapara dangu dhumateng Jendral Resepik sarta atepang rembag kaliyan sang minister pan koloni.

Ing Arbi samangke katuwenan panggeblug sakalangkung anggigirisi, parentah ageng ing nagari Jawi rikat anggenipun sumeta ngarsakaken ambengi manawi wonten bahita dhateng kedah katiti pariksa, manawi ambekta sasakit wau sampun ngantos anulari.

Nalika tanggal 22 dumugi 23 September, ing kitha Hongkong wonten prahara ageng limrah kawastanan tifon saklangkung anggigirisi, bahita kapal utawi liya-liyaning bahita alit-alit atusan ingkang kabilahen sami kaumbulaken lajeng dhawah kantep ngantos kelem, pinten-pinten tiyang ingkang kasangsaran kirang langkung sewu kuwonda kalih atus ingkang sami kapanggih, kathah griya-groya ingkang sami katrajang sindhung ambruk, kakajengan sami swuh esol sempal kabuncal ing angin, kathah tiyang ing bahita kapal ingkang sami tugel dhel, panjeriting tiyang ingkang sami kasangsaran sarta ingkang sami tutulung angrontogaken manah tuwin ngajrih-ajrihi kapara asring ing panggenan wau wonten bilahi ingkang makaten.

Candhakipun cariyos sang Emir Abdulkadir

Sarengat ira sarta sarengat ing sun ora beda angwajibake kudu tarimah ing takdir, lamun kraton ing Prangkrik piniji angereh nagara Algeri iku mung sakarsaning hyang kang maha luwih, karo dene maneh bongsa Prasman ora bakal anguculake apa kang wis tinakdir.

Pekenira ing ngarep wis dadi satrune kraton Prangkrik, ananging ing sun ora pisan mingsed goningsun angormati kasudiran lan ambek watak ira utawa kawekelan ira ing sajroning kasangsaran, lo aku nalare margane ing sun anggep kaprawiran mulane ing samangke ing sun

anyigeg kasangsaran ira ingsun salini kamayaran, aliya saka iku ingsun kaliwat gugu saha pitaya tetembungan ingkang wis sira aturake.

Sang emir saklangkung kacaryan sarta kapranan, sasampunipun amratelakaken sumungkemipun lajeng anyunggi imbar supatanipun ing ngajengan korsan ubanggi yen sadangunipun boten badhe anyulayani printahana Prasman ing nagari Algeri punapa dene badhe anungkul tanpa gadhah niyat sanesipun, sang Abdulkadir amewahi: yen boten cecek pisan kaliyan suraosing utawi ungeling kitab bilih kagalih yen kitab wau anglilani anggempalaken supata atasing bongsa Kristen malah sang pangeran kaaturan myarsakaken pada salebeting Kor'an, ing ngriku anyebutaken: manawi tan pisan anyuwaweni yen tiyang agempal utawi anyirnakaken dayaning supata sanadyan supata wau masudipun aseca tuhua dhateng bongsa kapir.

Sang pangeran nulya ngandika: eh Abdulkadir para wicaksana ing tanah Arbi, wis padha sarasa tarima bedhahe nagara Aprikah kanggep wis dadi pasthine, kabeh padha karasa yen ungguling nagara Prasman tan liya anyalokani karsaning Allah kang lair, bongsa luluwah mangkono mung wajib angetrapake berbudi sajrone panyekeling nagari, mulane praja Prangkrik patut-patute amumuji marang ingsun awit wis ana bandhane ingsun leksanani, sang pangeran nulya karsa anerangaken wewatekanipun bongsa Prasman, wasana saisining kasunanan Prangkrik sadaya sami angrojongi luwaripun sang Emir Abdulkadir amewahi suka malih margi saking kikibipun ing ngajeng sasad angwontenaken lalampahan ingkang mikantuki ngatasing paprintahan, mung minister perang Jendral Arno ingkang dipunjatani saderengipun tedhak dhateng baluwarti ing Ambowase yen karsanipun badhe angluwari sang emir ing panggenane kinunjara.

Ing ngandhap punika suraosing seratipun Abdulkadir dhumateng panjenenganipun Jendral Markis pan Londhenderi ingkang dherek byantoni pangluwaripun sang emir.

Allah Akbar, dhumateng sang Jendral Markis pan Londhenderi wiyosan saking praja Irlan awisma ing praja Englan.

Kula sampun tampi tedhakaning serat sampeyan ingkang katur ing pangagengipun praja Prangkrik jumng presidhen repiblik sarta tedhakaning serat ingkang katur rumiyin.

Saudara kula Kapitan Byasone ugi amasrahaken serat sampeyan ingkang anyebutaken tabe mugi gusti Allah anyawabana dhumateng saudara samanten ugi panjenenganipun presidhen repiblik punapa dene malih sang minister perang sabab awit saking minister wau kula ngantos kabegjan tinuwenan ing sampeyan anjalari saged anampeni paring sampeyan serat.

Katulis purwaning wulan Rejeb 1267.

Cecek sakajeng kula.

Katandhan: Abdulkadir bin Makhadin.

Kula suka panjurung serat juru Martani, ing kampung Martanagaran wonten lare aneh sanget, cangkempun kalih saha wiyaripun sami, cangkem satunggal-tunggalipun ngungkuli wiyaripun kalih cangkem limrah, ilatipun panjang sanget ngantos boten patos sagedmingleb saengga kados dene ilate srenggala ilat kalih sami kimawon, manawi wicanten parigel sanget tur juweh sanget lemes sanget ngantos saengga peksi beyo ingkang sampun kulina dhateng manungsa sanget, mripatipun kriyip-kriyip sanget manawi nginget-ingetaken semu ngalirik sanget saengga boten patos pespa dosa sanget, saingga wau lare sapunika sampun ageng saha diwasa sanget sinung paparab dhateng kang bapak aran Bagus Sugiya kados denten pujian, ing sapunika wau lare kapundhut kabandekaken wonten praja saingga kados dene palawija, saking pakabaran lare wau kasagedanipun crita saha wasis sanget manawi crita saged angamadaka britakaken dora sembada mandeka cidraning wicara.

Kasrat Senen ping 23 Alip angka 1803. Paja baja.

Bab pasang rakiting ukara kabebahaken dhateng ingkang kintun, redhaksi anyakajeng.

Panjenenganipun tuwan redhaksi karsa anglairaken pangandika ingkang kalayan satuhu kawrat ing *Bra Martani* angka 14, suraosipun karsa amratelakaken suka pirenaning panggalhipun dhateng atur panjurung kula ingkang sampun sami kapacak ing serat *Bra Martani*, punapa malih

panjenenganipun tuwan redhaksi kula kapurih sampun ngantos angunduri anggen kula angaturi panjurung ingkang pantes kapacak ing *Bra Martani* wau, menggah katur wangsulan kula sandika utawi ing saderengipun tuwan redhaksi kagungan pamurih ingkang makaten, saking kajat kula piyambak inggih dhasar sumedya ambiyantoni para mitra ingkang sami karsa anguningani ing panjurung kula wau. Carik Langenarja.

Eh dalah dene punika boten ngantos gantalan Kemis malih saking pethek kula lajeng katingalantawisipun mitra kula Jalma mara jalma mati kalilan risang teguh wiyana anggenipun badhe amba ing kasagedanipun jalma mara jalma mati lajeng males anjiyad, dados punika kenging kawastanan jiyad-jiniyad, ewadene kula inggih amrayogekaken dhateng karsanipun mitra kula sakaliyan wau sabab saking pamanggih kula tiyang udur kasagedan punika manawi kalayan sareh sarta boten anglairaken pangandika ingkang sereng saestu yen amaedahi dhateng ingkang bodho kados kula punika, wasana mugi sampun andadosaken rengating panggalhipun mitra kula sakaliyan wau. Sastradata ing Tejamaya muridipun kangsura.

Panjurung tumrap *Bra Martani*

Kula anyumerepi wangsulanipun carik Langenarja tumrap *Bra Martani*, suraos anglaluntakaken tembung bilih dereng andarbeni saserepan babaring katrangan bab tembung jawi ingkang kula suwunaken barkah, menggah punika kula angajeng-ajeng pamedharipun para swarjana pundi ingkang karsa aparing katrangan.

Ing sekar kenonga kaping 22 September 1874, katandhan jalma mara jalma mati.

Pamujining redhaksi ing pawingkingipun sampun kakencengen anggenipun ngaben kalam panurat.

Punika Cariyos Babad Kartasura

Ni Tambakbaya turnya ris, rahadyan serat paduka, sareng katur mring snag sinom, winalon-walon winaca, sang dyah nunten anendra, sineleh ngandhaping kasur, rahadyan serat paduka. sang dyah ayu datan angling, anging semunipun lebar, andrawili ing sosote, winor lawan pagujengan, yata Rahaden Sukra, amiyarsa aturipun, wartane Ni Tambakbaya. Kalangkung suka ing galih, sipatnya lir wus patutan, nulya maos rerepine, sekar lumbu sang kusuma, waos ulesing ngarsa, ambancala mirahipun, nedha kawil lan kawula. Kathah solahing abrangti, niba tangi radyan Sukra, sampun owah paningale, sigra dhateng pasareyan, ngandika mring keneman, o.. emban dipunagupuh, undangan Ni Tambakbaya. Arsa ingsun tetakoni, emban gori sigra mintar, ngundang Ni Tambakbayane, kang ling ngandika gya prapta, yata Rahadyan Sukra, manahira sampun liwung, sinambut ni Tambakbaya. Rahadyan ngandika aris, eh bibi away rudita, sun karya pipindha bae, ngong pindha sang kadi retina, kang karya lara brongta, Ni Tambakbaya sinambut, binekta mring pasareyan. Rinungrum ing arih-arih, sira nyai Tambakbaya, semana tan buh polahe, mirsa ruming pangandika, kagunganira mingka, lir dahana panasipun, mangah-mangah kadi wongwa. Rahadyan Sukra ngerengi, pangungrume kawlas arsa, aduh mirah jiwaning ngong, sapa kang duwe bendara, baya amung pun Sukra, angandikaha wong ayu, sosoty di Kapugeran. Cipta kawula dyah ari, lir agring antuk asuda, wus lami kawula angger, kawiyoganing asmara, siyang dalu kang cipta, suwarnanira pukulun, rumaket aneng ing netra. Wateking jalu lan estri, pan sampun akaron jiwa, mila katelah ing mangke, jarum mantalang asmara, kathah kang kalampahan, ri sampunira salulut, sigra susuci dyan Sukra. Pawonganya sami prapti, rahadyan sampun alenggah, ingayap marang cethine, anulya akarya surat, sarya sinungan tembang, badhe katur ing sang ayu, ingulesan sutra jenar. Dene ungeling kang tulis, arsa sowan ing ngujana, yen sang dyah lega manah, kang serat sampun tinampan, dhateng bok Tambakbaya, sigra mintar tan asantun, nahan kang dyah caraka. Pangeran adipati, wau ingkang kawarnaha, lagya siniweng wadyane, patih Soda lan udawa, sami munggend ing ngarsa, kacarita sang abagus, adarbe paman sajuga. Kang sadherek ibuneki, ratu kilen kacarita, sampun jinunjugn lungguhe, denira sri naranata, kakasih radyan arya, tiron mangke namanipun, wus sowan marang kang putra. Prapteng

ngarsa awot sari, matur dhaten ingkang putra, atur pawarti lampah, warti saking Kasindurjan, kalangkung dhedhemit, angger kawula sung weruh, ing mangkya rayi paduka. nenggih ulah lambang sari, kang wonten ing Kapugeran, pan pun Sukra lawanane, sampun kintun-kinintunan, myang serat-sineratan, kang dados jarumanipun, rabine pun Tambakbaya. Kala ngrintenaken Kemis, pun Sukra dhateng ing taman, ingkang angiring embane, kaparanggul mring arinta, rahaden Ontawirya, pun Sukra sampun kinampung, ing para putra sadaya. Nanging angger datan keni, pun Sukra nunten malayu, anging tan pegat kajenge, mangkya taksih aputusan, myang urup kampuh sinjang, pun Sukra susumbaripun, purun ataker ludira. Kalawan paduka gusti, dahat arsa tameng jaja, aliru curigane, nadyan kapanggiyeng wana, ing praja myang ing ngarga, angeded susumbaripun, purun jurit lan paduka. jeng pangeran adipati, mirsa kang paman turira, sakelangkung ing dukane, jaja bang mawinga-winga, idep mung dahad, amepék ing wadyanipun, wong kadipaten samekta. Karsanira sang apekik, arsa ngrurah Ksindurjan, amrajaya mring Sukrane, supe yen putraning nata, sira apatih soda, myang Udawa sami matur, angger yen suwawi karsa. Sampun aler mangsah jurit, angrurah dhateng pun Sukra, yekti anistha jenenge, paduka atmajeng nata, pun Sukra pan kawula, yekti anistha langkung, gusti aprang lan kawula. Suwawi ignangkah dhemit, ing karsa mongsa sandeya, leng aturan serat mangke, dhateng pangeran dipatya, Puger lamun sembada, jeng pangerana lega tyasipun, sigra akarya nawala. Dening ulnege kang tulis, kawula atur uninga, mangkya pan atmajane, aulah lambang asmara, nenggih kalih pun Sukra, sampun dadya seratipun, ingkang rayi tinimbangan. Raden Surya Kusuma glis, tumameng ing ngabyantara, atur sembah ing rakane, pangeran adipatya, lingnya yayi sun duta, aturena layang ingkun, adhi marang kanjeng paman. Raden Surya Kusuma aglis, kang serat sampun tinampan, tumulya mintar sirage, warnanen Ni Tambakbaya, lampahira wus prapta, kapanggih lawan sang ayu, ature amelas arsa. Sarwi ngaturaken tulis, kusuma rara atanya, sapa tur layang marang ngong, Ni Tambakbaya aturnya, tunggil wingi punika, saking pun Sukra satuhu, kang tansah atur nawala. Welas kawula ningali, dhateng solah pun Sukra, kukudhung turut margane, kadi wong kunjana papa, kapanggih lan kawula, pun Sukra gusti amuwus, basane minta usada. Lawan aturipun gusti, pun Sukra yen apanggihya, kawula lan paduka ngger, binakta kesah karsanya, saking ing Kartasura, pangangkah ngadeg neng Kedhu, tarayen kinarya kitha. Rayi paduka dyan mantri, ingangkah kinarya nata, rahadyan Surya putrane, wadyeng Kedhu myang Mataram, sampun sinungan serat, pun Sukra purun apupuh, anglurugi Kartasura. Mangkya sampun darbe Bugis, kathahipun pitung dasa, badhe andel ing palugon, gumujeng kusuma rara, sang dyah sarya ngandika, si Sukra tuhu kapa kapahung nyatakana sepilaknat. Baya tan ngrasa pakathik, bebet talitining Sukra, arsa mungsuh jeng wa katong, lah adena kang dinuta, si bibi Tambakbaya, apa tan duwe pupupsuh, anggugu wong kena tulah. Ni Tambakbaya turnya ris, watawis mongsa cidraha, wantune wong bagus anom, lawan pun Sukra patignya, lamun seda sang nata, rakanta gumantya ratu, pun Sukra gusti tan arsa. Angawula ing benjing, dhumateng raka paduka, tan arsa kuncup astane, purun atandhing ngayuda, lan pangeran dipatya, purun atakera marus, baguse mongsa kantuna. Sang dyah datan kena angling, mirsa turing Tambakbaya, yata genti winiraos, kang lagya dadya caraka, Radyan Surya Kusuma, sampun prapta lampahipun, tumameng ngarsaning rama. Sigra ingawe tumuli, radyan mangsah awot sekar, angaturaken serate, gya tinampan dening rama, kang serat tinupiksa, mungeling ngijowanipun, saking pangeran dipatya. Saha ngaturaken bekti, mring paman ingkang pinudya, kang ambek santa budane, kang pinudyeng wadu warna, Kartasura sadaya, ri sampuning sembah katur, wiyosipun tur uninga.

Telegram angabaraken para ageng sarta para alit ingkang kapatedhanan tenger dening sri bagendha maharaja ing Nedrelan, kakula wisudhan dados ridering wilemse ordhe dhe klas utawi pir dhe klas tuwin ridering Nedrelan Leyo utawi ingkang sami tampi Iresabel.

Sadaya wau abdi dalem sang aprabu ingkang dherek perang ing Aceh gegelengan dah sepedhisi ingkang kaping kalih.

Wasana wonten susulan telegram malih angabaraken manawi para opsir bongsa Jawi inggih kaparingan rindher ing wilemse ordhe, Pangeran Gandasiswara ugi tampi kruwis militer, kabaripun ganjaran anggenipun perang pupuh kaliyan mengsah bongsa Aceh, iba suka seneng manah kapintayen linuwih.

Surakarta

Nalika bakda siyam punika ing wanci enjing jam 9 wonten abdi dalem prajurit setabel kaparak saweg mangkat sowan badhe mlampah ing pandamelanipun ing ngadat, sareng dumugi sangajenging regol ing Riyaatmajan lajeng karaos sakit badanipun, ing wekdal punika boten saged anahanaken, wasana lajeng ambruk wonten ing ngardinan ngriku dipuntulungi ing kancanipun prajurit utawi tiyang siti dipunpanaken ing ngregol sarta lajeng angaturi tuwan dhokter ngantos dipunpriksani dangu, ananging prajurit setabel wau kalajeng pejahipun, sareng sampun antawis dangu lajeng kalebetaken ing bandhusa kabekta mantuk dhumateng griyanipun, wondene kasusahaning anak rayatipun boten susah kula pratelakaken, saestu sakalangkung pangungunipun kadosta ing nalika mangkat sowan boten wonten ingkang karaos sareng mantuk sampun dipunbandhosa.

Panjurung

Nalika ing dinten Slasa tanggal kaping 30 wulan siyam kapengker punika kula nampeni serat medal ing ngepos, ananging ingkang kintun serat boten mratelakaken pakampunganipun ingkang dipunenggeni ugi mawi tondha nama, ananging emperipun asambutan mungel tandha mangungita, sampun kaping tiga punika anggen kula nampeni serat ingkang samar kados makaten, ingkang rumiyin malah boten mawi tondha nama tuwin pakampunganipun, wondene suraosipun ing serat ugi anunggil kemawon kaliyan ingkang sampun kula tampeni rumiyin namung amaoni wewahan isining serat almenak ingkangs ampun medal ing taun punika, wewahan wau dipuntemtokaken bilih kula ingkang dalem, ingkang punika mugi andadosna kauninganipun mangungita bilih sayektosipun kula boten damel utawi boten sumerep ingkang karsa anggit, sarehning pakewed anggen kula badhe amangsuli dhateng pandakwanipun mangungita wau mila kula panjurungaken wonten ing kabar *Bra Martani*, bok manawi dangu-dangu mambet saking ing dalemipun mangungita, pinten banggi andadosaken mareming panggalih sumerep bilih kalintu pandakwanipun wau.

Kalihdene saupami serat wewahan ingkang anyariyosaken priyantun prajurit ing lebet karaton utawi namanipun abdi dalem urdens lurah sapanunggilanipun punika kula ingkang damel, saking watawis boten kalintuuruting kalenggahan tuwin kathah kedhikipun, kados pundi tiyang anunggil rinten dalu kasangeten manawi ngantosa kalintu, wasana manawi pareng karsanipun mangungita mugi karsaha andhanganaken apanggih kaliyan kula sanadyan akintuna serat malih prayogi ingkang prasaja supados sampun adamel kodhengahing manah.

Raden Atmadikara.

Sampun sawatawis taun laminipun anggen kula dherek ngemin serat koran *Bra Martani* sarta kang sampun kula serepi kathah para sarjana ingkang sami mardi kawruh wonten sarengganing *Bra Martani*, namung wedal punika kula upamekaken panjrahing puspita linunding wawona monda ingkang kongas gandanipun mung carik ing Langenarja ngambar wonten samadyaning

Bra Martani, awit kathah priyantun satunggiling sanes ingkang nuwun barkah bab ing parameng sastra kawi sapanunggilanipun angsal katerangan caking carik Langenarja wau, ing samangke kula anrang baya kapilayu andhedherek nuwun berkah.

Kula nyuwun seserep sinten ingkang ngyasani wontenipun wayang cucal purwa awit wayang purwa wau manawi dipungalih dhapur kaliyan pangaleming tiyang boten pisan-pisan cundhuk, mongka manawi dipunwijang boten wonten empering tiyang sakedhik-kedhika kadosta dhapuring arjuna, tangan sakalangkung panjang, gulu bendonong, grana kados cucuking peksi, bokong jandhol ageng, pundhak panjang celak, ko kathah ingkang amastani bagus, ingkanag punika panuwun kula dhumateng panjenenganipun ing Langenarja, mugi paringa pitedah kados kang kula aturaken ing nginggil wau sinten kang murwani yasa wayang, soku rkula kaparingan teges wijanging prabot tuwin candraning wayang, botenipun kula namung nyuwun serep ingkang kagungan panganggit nalika kina-kinanipun.

Ing wusana sanget pangajeng-ajeng kula manawi wonten selaning padamelan mugi panjenenganipun carik ing Langenarja aparanga katerangan wonten ing serat *Bra Martani*.

Sabrang kiduling benawi kaping 18 Nopember 1874.

Katandhan M.Seboel.

Kula maos serat *Bra Martani* angka 46 wulan Nopember punika, ing ngriku wonten panjurungipun mitra kula pun Sukarsa mawi rinengga ing sekar asmaradana, pangraos kula laguning sekar sampun sakeca sadaya utawi kathah tembungipun kawi, ananging sangandhaping titi mongas wonten pataken tegesipun tembung wadu, ingkang punika kula andherek nyuwun saserepan saking dene baligu kula:

1.sakalanipun ingkang mungel asta punika watak kapinten, 2. tembung tembung ngapura wrandosa, 3.kasyahun, 4.tardibiyaken sendhu siku, 5.sumawona pambeng saos, sadaya punika tegesipun punapa utawi ingkang dipunangge pada saya pada lingsa guru punika punapa pancen sampun lenggahipun punapa gagrak enggal kemawon.

Sadaya atur kula wau mugi sampun andadosaken seling serep ing panggalih boten langkung namung saking bodho balilu kula, saking remen kula dhateng tembung kawi, ananging anggen kula sinau awit lare ngantos sakpriki dereng wonten ingkang kacanthel, yen wonten tembung kawi ingkang katemben pamireng kula kedah nyuwun katrangan supados anambahana serepan kula.

Anjawi punika kula gadhah panginten yen mitra kula pun Sukra punika ahli dhateng calempung, sabab piridan kula saking saseretanipun ingkang pancen mungel ingkang santun ingkeng sadaya. Singarodra.

Kinanthi tan wiyang kalbu, tudhuh tuwan redhaksiywa kaweken driya amba menggah wangsulan katampi, Singarodra karyagita, masabda ngeget-egeti. Deneta anggitan ulun, dahat tan bau kapini, wasana sinampe sabda, nging kirang telajre winih, owel sanget Singarodra, tan gugulang tembung kawi. Myang panggrida nalar bawur, lumuh manira yen nampik, tembung lumadha buntala, lumungsar- galoso siti, prayogi awawan sabda, lan sujana kang berbudi. Sampun remen uru biru, yen dereng putus pribadi, dumadi kabalik sura, atemah nistha kinardi, bab tibaning pada lingsa, ulun tan purun sung titi. Kawa, Ngayuja.

Panjurung *Bra Martani*

Pethikan saking surat prajangjeyan lami jilidan kaping 2 ing kawa 166—155, panganggitipun setuel kang kaping 2 ing bab kaping 10—13 saking kepengin kula ngrumpaka sinawung kidung lagu sarkara.

Kang jinejer gupitaning gending, bongsa Bani Israil kang kinondha, nagri Yerusalem rajeng, anenggihi prabu Dawud, kojad aajeg kukum lan adil, prawira wicaksana, dene jrihing mungsuh, linulutan para bongsa, Bani Israil ya udi kapya sumiwi, mumundhi kaluhuran. Para ratu kanankering nangkil, bongsa moad turun ngamon raja, prabu Arab lan damesek, raja Pilip

tinukul, myang amalok Mesir sumiwi, emori edom raja, sidon soba mulku, ki wiye busi khitlan, bongsa prisigre gasik pya sumiwi, nagri monca mamitrn. Nagri Arab asur miwah medi, babil kadis bongsa kuslan kamat, bongsa ing surda atresneng, byantu mring prabu Dawud, tur pisungsun lan raja peni, piranti sasaminye dasih wignya katur, mring Dawud macak punggawa, kadang mitra lyan andel jinunjung linggih, ri kang prakosa sura. Den lingen saturun ngamon aji, nakhas seda kang atma gumantya sri kanun raba kuthane, Dawud wus mirsa tutur, glisnya raka ngling lipur aji, kanun gantining yayah, kapenedan ngayun, manglayak ngengger wardaya, nanging Kanun kena panggasoking juti, dadya salah grahita. Duteng Dawud tinarkeng nanitik, ngendra jaya pinikutan syala, cinukur jingge, rambute, separo byak masuntrut, lyan sandhangan separo wus nir, sinebit karya wirang, tinundhung wangsul, caraka tan buh driyanya, kandhek yarden kuneng sri Dawud nerpati, sampun ngaturan warta. Langkung tikbra wardaya sang aji, pra punggawa pinepak sadaya, garjita galong rembage, gancar utusan methuk, imbasara kinen manganti, ing yerek ngantos tibul rambutipun, Yerusalem pradandosn, gukus wala winereng pinanci-panci, owel leksana atusan.

Gegolongan tetindhil prajurit, parti saragul anung pragalba, kang dadya senapatine, yoape parabipun, abisaya kadang disih, karo putra seruye bette khemslenipun, wadana sinelir wadya, krebileti aran benaya linuwih, putranipun yoyada. sampun nate gebag singa kalih, wus kasusra namane benaya, kaurmatan prajurit keh, den Adoran iku, dadya gedhong yosafad nenggih, juru pemut dunungnya akilun kang sunu, siya cariking sri nata byarta, sadok dwi dados imaming widi, irapoir nayaka. Anadene wadana prajurit, yosaba sebet lurah prakosa, getang patang atus mungsuh, sakal sami kapupu, kang sumasorelasar nami, putra dodu kang atma akhohi puniku, kalebet katri prawira, kang andherek mring Dawud kala nyubari, ngretya pilis limanpya. Prang neng ngriku Bani Israil, mangsah drajang elasar gya gebang, [...]lungayane, drijinya kraket kukuh, jan arari linabete kala ajurit, mengsah pilistin bongsa. Bani Israil katlajar wus ngisis, nanging sama wau, pulih lawan aneng tengah sabin rame, agebang langkung riwud, jan Pilistim dhadhal wus gusis, lurah tiga punika nama wus misuwur, nalika Pilistim bongsa, pakumpulan neng Betlehem pacak baris, lerep repayin jurang. Dipunangling sapa ingkang wani, ngambil banyu mring lapanging kutha, byakt kasat tan yun sun ombe, anenggih lurah telu, ngukumi [...] warih, ingaturaken raja Dawud datan ayun, ingesok ngaresng pangeran, lon ngandika pangeran datan masangi, manira nginum toya. Apan iku geti ing prajurit, ring kang datan ngeman nyawa nira, marmane tan ingkun ombe, mangkana patrapipun, lurah katri kaparcayeng sih, Abisaya tiwinya, Seruya kang sunu, sayekti wus keh labetnya, sampun gebang tri atus mungsuh sirna ting, antuk jeneng prawira. Sampun kaje dening lurah katri, sarta dadya lurahing wadana, nanging tan sami kuwate, dene tenaya iku, putranipun yoyada nenggih, ika besal wus kasusra kathah labetipun, agebang muhsuh dikdaya, dwi wong moab sarta pun wudhun agitik, sing ajro [...]. Lawan gebang janma Mesir sekli, gul prakosa angregem badhama, rinebut tinamakake, janma Mesir wus lampus, dening asta nira pribadi, benaya sudigbya bagus prakosa digung, lan tumut rembag narendra, wicaksana pininlaha medanani, prajurit saseliran. Wus ginunggung punggaweng narpati, tigang dasa pitung wadananya, kathah yen winarna ning reh, lingen Kanun sang prabu, gancang minta sraba narpati, ing arambet rekton, aram soba mulku, kuswaraga rong leksa, raja Pakha bantoni, sewu nuranggi, tri leksa lyan rong sasra. Nahen prabu Dawud wus miyarsi, dyan ngumpulken sakehing punggawa, gya duta senapatine, ngirit prajurit agung, Bani Israil Yoat tetindhil, Abisaya kanthinya, karo prawira gung, tetindhil Yahudi kapya, lyan manggala prawira tumutur sami, ring ngeni gegancangan. Kojar turun ngamon sampun mergil, jawi kutha madyeng pategilan, dene ratu suruhane, ngrakit prajuritipun, sowang-sowang ring kanan kering, dadya panjawad yuda, lyan nelabung pupuh, kaweken yoab sru nabda, ring arinya Abiyasa kinen ngirit, wadya Israil kapya. Yoab sampun milih prajurit, ananggulang ratu susuruhan, Abiyasa sakancane, kinen nanggulang, puturun ngamon, nedya nguciwani, sapa kasengser langan jangji genti tulung, semana sampun tumandhang, breta gregut syara sora amelingi, campuh genti merjaya. Panah srepa kumerut lir riris, lori dhendha cempuling muksa, lembing watang genti alok, umung kumala nempuh, sreng sineseg genti katitih, amedhang ruket

wakyat bangke sungsun nimbul, gumulung para lulurah, myang titindhih Israil samya bek pati, Yahudi dahat krudha. Senapati wus nengah ngawaki, tanderana nglawangi luswala, mamuk manrot sru tandange, kaseser ring kang mungsuh para ratu suruhan ning wrin, bretya luyut golongan, sinerung wus sumyar, saparan tan buh dunungnya, turun ngamon uninga suruhan ngisis, kanut dhadhale rodan. Manjing kutha sampun inep kori, senapati yoab dantingara, slempret nandheg paburune, kancang wangsul pra wadu, sampun pul ngarseng titindhih, kancidan udhalan, nyabrayar den umung, prapteng Yerusalempraja, pra titindhih mangarseng Dawud narpati, mangarcana waluywa. Kawarnaha [...] para aji, wus kumpul arsa pulih lawan, siyaga wadya balane, adarda sresang prabu ngeriberta sabranging warih, senapati payudan, Sefah prawira gung, wus dadi gya bubudhalan, prapteng kalam, senapati munggend ngapti, makuwu-kuwu atab, kuneng praja Yerusalem aji, Dawud sampun ngaturan uninga, raja Arab ngangsek kabeh, khelamenya kukuwu, Dawud mangsah yuda pribadi, Yoab biyantu lawan, Abisaya kembul, gumulu para panggala, Bani Srail Yahudi gambira mamrih, amunah satru prasta. Taksih wonten candhakistan Kawa.

Ngayuja

Manawi pangecapipun kathah kang kalintu dunung wonten ingkang kintun pyambak sabab sastranipun saklangkung ruwed. Juru pacak.

Sambetipun cariyos prabu Dawud

Durma. Dan warnanen prajurit Arab wus kapang, miranti nganan ngerin, senapati ngarsa, para raja neng tengah, arahan dumunung wuri, tinon asriga, lir giri greng ngajrihi. Kang kapalan asimpar jagi mandhungan, rata sinelan asri, lir parang samocra, bandera abra sinung, pangangge maneka warni, lir endra puspa, gumres syareng prajurit. Astra rangapwa kilat gathik tungemprang, kalasongka sru mlingi, saking gunging wadya balabar wona-wona, mangtebika lir wukir, lir wedru sasa yayah sela blekithi. Ridik-ridik gunastra manggana raram, ri kang tutul asri, lir barabir tawang, kadya wona kawlagar, kuswala samya bahaki, ngelar jajahan, geger tepining nagri, nahan bongsa Bani Srail sampun prapta, pamengan ngarkit baris, mengsah galak nrajang kasesa tadhah yuda, ananging datan gumingsir, kang wonten ngarsaneng [...] miranti. Datan kendhat mangrakit ingeri gelar, pra tetidhih ngideri, sagolongan ira, tangara abarungan, salompret masah prajurit, dharat nurongga gumredeng manrot wani. Panah passer cempuling tawok lir wresa, ngasek para prajurit, gebang palu sendha, ulet udreg padha kyat, amedhang garok mangukih, nigas adhupak, wus kathah kang ngemasi. Bretya curna lumadha madyeng pameden, sasambat kras ngarintih, prajurit kadunongga, mamuk nrajang ngobrak-abrik, akarya gita caruk sami turanggi. Rata ngrepak kapanggih padha prawira, keket aliru tandhing, tan wonten kuciwa, Israil lawan Arab, para andel angawaki, kaseser wadya rucak keh kang jumpalik. Tanpa rungyan prajurit sinelir, ngrempak mamuk para tetidhih, Bani Srail tandang, mengsah lulut golongan, senapati anahani, para prawira Arab samya bek pati. Riwayat-riwayat rame lir suturing ngarga, tan ana ngucap ajrih, syara gora sabda, agulu genti mrejaya, lir pedah babadan pacing, pating jalemprah layon tumpuk lir wukir. Langkung riwayat tetidhih sinelir tandhang, Yahudi kyat lumindhih, datan ngetang lawan, sami wuru pameden, wadya Arab tumpes gusis, gempang suh sirna datan amongga pulih. Senapati Sofah sampun kadrawasan, lali madyaning jurit, kathah ingkang bela, para andeling Arab, pitungatus pra tetidhih, kang numpak rata pitung ewu bebesik. Numpak kuda kang sami prakosa mejah, parak ingkang prajurit, kang wadleksa pejah, ingkang samya katara, wadya rucak tan kawilis, saparan-paran jisim pating gulintheng. Ingkang gesang bingung tan buh ngenungsiya, para raja wus gendring, Adar eser narpa, luyut kasungsang dhung pang, sinelak para prajurit, binujung gancang meh dhidhih den larihi. Tandya teluk sampun pasrah jiwa raga, sakantune sang dasih, tuwan para raja, sami teluk sadaya, wus sanggem sinumpah sami, Israil girang inggar unggul ing jurit. Langkung kathah jarahan madyeng pamedan, nganti tan kelar ngambil, Dawud sri narendra, kudur sabala tontra, wus tentrem sawawengkoning, aganti karsa senapati nudi.

Sinom. Ngrisak turun ngamon nadya, kutha rab kinen githik, wus budhal sagung punggawa, kusnala ngepu nagari, kempun tan wignya mijil, kekes kang neng jro sadarum, nanging saangsal-angsal tadhah luhur balluwarti, sigeg methe kinondha Dawud narendra. Lenggah neng panggung jro pura, surya lumar nyenengi, sumunar tansah weh rimang, wawadan katamba liring, sang dyah dahat mujuli, sasolah akarya wuyung, dipunmabyat kasmaran, tumbuh raosireng kapti, keneng coba sri narpa datan tawekal. Nempuh [...] raka sang kusuma den tingali, punika garweng punggawa, khiti oriya prajurit, bates baring kang nami, putrane Elias tuhu, sang dyah kerit utusan, tekaping nengjali aji, sri narendra kumenyudan pramengkara. Dhuh mas mirah jiwaning wang, dasiye kandhohan kingkin, minta usada paduka, lamun tan kapadhaning sih, pun kakang anemahi, mati ngendhat raganingsun, aduh gustining pura, Yerusalem kraton adi, mugi-mugi mas mirah bantu turuta. Sang kusuma tyas [...] gumedher onga [...], jiwangga angles tan kerket, kengetan kang andon jurit, tan nyana tan angimpi neng panti ginedheng ratu, asret pyuyam sang dyah dipundi aji, gih pun patik punika wus darbe garwa. Oriya punggaweng raja, ing mangke saweg tinuding, andon prang marmaseng mengsah, wajibe estri mumuji, mrih unggul jayeng jurit, tan lyan ratu ring kang antuk, luhur miwah kasusra, mongka arsa angramuhi, garweng wadya punapa boten durhaka. Kapranan wardayeng nata, kang geg magugen lumindhah, nanging driya byat kandhohan, sumaput panon lir lalis, badra adrama mrangi kesis admaruta angun, lengleng sabda makilang, aduh kinipana yayi, jahe wona kang ati poyang-payingan. Cinendhak roncaning kondha, wus pulang lulut sang aji, lan kusuma madyah bet seba, luwaran sampun susuci, tandya aganti sasi, kusuma baraka sampun, tur wrimaneng narendra, samangke sang dyah sarbini, langkung kagyat wau Dawud nri narpa. Kagegeraning wardaya, utusan ring senapati, Yoab aneng pabaratan, mundhut Oriya prajurit, Yoab gancang dhawuh ing Oriya kerid duta wus, prapteng ngarseng narendra, sinabdan slamet ing dasih, myang titindhah senapati manggaleng prang. Lan rahayuning payudan, wus kinen aso rumiyin, Oriya mundur paseban, tumutur peparang aji, maneka-neka warni, mrih seneng prajurit wau, nanging Oriya datan, ngapori tepas wanguning, kandhek jawi regol lan sarerehanya. Sri narpa sampun uninga, Oriye tan arsa mulih, sinaon apa karanya dene tan arsa ring panti, Oriya matur aris, sabab senapati ulun, Yoab aneng pamedan, utawi pethi prajangji, kitha amrih yen aneka anukmeng wisma. Kening sumpah tana yuwona, sri nata ngandika ris, yen mengkono eh lereba, neng kene sawengi maning, wus angsal kalih latri, Oriye wus kinen kembul, bukti ngarseng narendra, inginuman den endemi, nanging wetala tan gingsir ubayeng cipta. Mantep idhep ring tlanggrerak, galoso guyeng neng jawi, paregolan sakancanya, prajurit meksih miranti, ring lurah wadanipun, senapati payudan, Yoab maksih neng tetegil, pethi jangji inggih teksih neng taratag. Garjita sri naranata, Oriya binektan tulis, tumrap Toab senapatya, tiningkem wus den cireni, wus angsal tigang ari, Oriye ingatag wangsul, dhateng ingapilaga, gancang kondha wus prapti, panggih Yoab malgita sampun binuka. Kadhadha suraseng sastra, Yoab aminta prajurit, nanggulang mengsah kang gawat, semana sampun miranti, tandyan rajang glis, tan kongkala prajurit mundur, wonten kang katiwasan. Oriya nemahi lalis, senapati sampun nyakaring nata. tur wrin prajurit katupak, konca wonten ingkang lalis, lurah Oriyah gih pejah nuwun katranganing aji, aju uduring baris, kuneng bet seba dyah ayu, winartana sru karuna sesambat amelas asih, prabu Dawud anglipur ruming kusuma. Teksih wonten candhakipun.

Kula sampun maos serat *Bra Martani* onga 45, ing ngriku wonten panjurungipun mitra kula carik Langenarja aparing katrangan jarwanipun pitaken kula ingkang winastan aksara ubaya utawi tembung [...] tiga tembung sagatra, punika saklangkung panuwun kula sarta radi wonten padhaning manah kula sawatawis, ewadene kula taksih angajeng-ajeng yen wonten wewahipun malih saking para sarjana ingkang karsa aparing katrangan. Katandhan Satuhu.

Kintunan saking Ngayoja mawi brapkiret katandhan P.F. Suraga boten kening kapacak, mawi boten masajani namanipun, punapa dene malah sastra kirang resik.

Punika cariyos babad Kartasura

Kang rayi matur manembah, yen suwawi karsa narpati, kumpni pinogok purun, pedahipun punapa, sinauran sri narendra utang sanggup, pan sampun anaur praja, Carebon pasundhan nguni. Radyan Sindurja turira, kados pundi enggen maben benjing, apan rakanta kang sangup, angajeni walonda, ingkang pejah samadyaning perang pupuh, miwah balanjaning yuda, raka paduka nanggupi. Pangeran Puger lingira, boyah puh sasaurane benjing, pakenira kang sumaur, nagari nusa jawa, sawarnine pan kagunganing ratu, walonda bantu ngayuda, pan sampun tampi nagari. Ing Carebon myang pasundhan, kakang emas mangkya jumeneng aji, walonda pan sampun sinung, wawenang dening nata, miwah karya loji pasisir lor kidul, Jepara nagri tategal, miwah nagari Semawis. Pagene nora den tebas, akeh jine bumi ing tanah jawi, miwah wong pasisir takut, saking bawaning nata, lamun meksa walonda panaghipun, lah age sira bundhnga, away ngambah bumi jawi. Kayu godhong apan kathah, ajinipun kagunganing narpati, yen tan anut karsa prabu, ngambanga ing samodra, adipatiing Sampangsigra sambung, aleres karsa paduka, wadya walonda neng jawi. Abuburuh mring narendra, sampun angsal buruwan pun walandhi, lah mantuka dipungupuh, sampun ngambah rat jawa, paran dene amba toni aprang pupuh, dados keketeb kewala, kang jurit titiyang jawi. Kadi pati Surabaya, anambungi duk perang Surabanggi, apan kawula rumuhun, ingkang dados manggala, pun walandi pan awis tumut prang pupuh, dados keketeb kewala, milane panas kang galih. Sang nata mesem ngandika, iya bener nadya kukuh pan iki, yen walonda meksa besuk, angalani maring wang, sayektine wadya kumpeni sun gempur, yen tulus becik maring wang, inghun ajrih angalani. Ing nguni inghun cinetha, marang kajenge yang sultan Matawis, lamun tulus seneng inghun, saha bala basingah, kala inghun taksih winawrat keng ibu, pineca mring kanjeng eyang, ing mangkya uwus pinanggih. Ah Sindurja wekasing wang, lamun sira inghun duta ing benjing, padunira den akukuh, mring si petor Semarang, myang kumundur Jepara poma den pengkuh, aywa sira kena mendat, raden patih awot sari. Sang nata malih ngandika, ari emas Puger wawekas mami, yen sira praptaing besuk, nagara Pranaraga, mungsuh ira tonjoken, nglayang den gupuh, sira karya papejah, aywa kema ing ajurit. Ri sampunira mangkana, ingkang rayi pinaring busana di, miwah reyall badhe sangu, jeng pangeran wot sekar, sigra medal punggawa katri tan kanton, sampun prapteng dalem ira, sigra asuwareng dasih. Oreg wadyeng Kapugenan, samya dandan sabusananing jurit, ing dalu datan winuwus, rina tatas kamantyan, wadyeng Kapugenan swaranya gumuruh, wus medal punang gagaman, aneng lulurung babaris. Swaraning wadya gumerah, wong amatang tuwin wadya saragni, miwah kang bekta lalayu, umbul-umbul asenang, asring tinon pare anom tunggilipun, alelayu geni roga, waose pethak jeninggring. Kapedhak king Kapugenan, jayadrema myang jayawirya ngirid, pranayuda sisihipun, kalawan wong gantaka, jarwa suta banyakpatra trajayeku, surajaya tambakbaya, sami andeling ajurit. Surtakarti kartiwongsa, setrewongsa sami siyageng jurit, miwah ingkang para sunu, sami tumuting ngrama, raden surya kusuma apamit sampun, dhateng pangeran dipatya, milu ing ngrama don jurit. Pra putra sampun siyaga, jeng pangeran sigra budhal tumuli, wong mager sari akumpul, myang gagaman wadana, ki dipati urawan balanya umung, ki tumenggung mangkuyuda, myang nata yuda umiring. Tumenggung wirawidigda, sampun budhal saking wismanireki, wus prapta ing alun-alun, sagunging kang gagaman, jeng pangeran ing pangurakan wus rawuh, ingiring ing para putra, lajeng dhateng ponca niti. Ngandika dhateng jro pura, jeng pangeran sagung pra dipati, prapteng pura samya ngujung, ri sampuning mangkana, sigra medal lajeng budhal barisipun, gumuruh swaraning bala, kang dadya cucuking jurit. Ki tumenggung mangkuyuda, myang tumenggung natayuda prajurit, wirawidigda sumambung, myang dipati urawan, para putra Kapugenan wurinipun, rahadyan Suryakusuma, anitih turongga putih. Kuda ran pun Samirana, binusanan nradab baludru abrit, ingkanga rayi munggend pungkur, rahadyan Ontawirya, nitih kuda tapuking tal ulesipun, turongga ran pun Samoga, samarga tansah anyirig. Inggang rayi munggend wuntat, raden Martataruna nitih wajik, pun siwagni namanipun, jajad biru ulesnya, raden Dipataruna nambungi pungkur, anitih kuda rekta, pun bambanag ingkang wawangi. Sira radyan Wongsatrana, munggend wuri citranira apekik, nitih kuda ules gempung, wastaning kang turongga, pun Gunawan sembada lan warnanipun, arahab sangkelat jingga, palisir

diwongga kuning. Ring-iring dneing kang bala, ari kalih sumambung munggend wuri, raden Songkasudameku, kalih nitih turongga, jeng Pangeran Puger lumampah neng pungkur, ingiring ing wadya bala, wong magersari maripit. Samya sikep waos pethak, nitih kuda pangeran songsong kuning, wadya pasisir neng pungkur, gumeder awurahan, apan ing Kudus sapangilen ingkang tumut, ginelak lampahing wadya, wus nabrang kali semanggi. Rereb sawetan bengawan, pan sadalu enjing budhaling baris, ing marga datan winuwus, prapta ing Jagaraga, panganjuring yuda wus prapteng Madiyun, ki tumenggung Mangkuyuda, lan Natayuda prajurit. Sigegen ingkang lumampah, kawarnaha kang baris Pranaragi, ing warta sampun misuwur, yen wadyeng Kartasura, pangajenging yuda prapta ing Madiyun, kang dadya manggalaning prang, Pangeran Puger jurit.

Serat Srikandhi guru manah angka 2 punika leresipun Serat Sembadra larung. Jonas Portir en. ko.

Para priyantun ingkang sami kakintunan serat kalowongan pamundhutipun pananggalan taun 1875 dipunaturi enggal amangsulaken serat kalowongan wau sarta amratelakaken sapinten pamundhutipun numbas, manawi boten kawangsulaken, kula badhe boten saged anyanggemi anggen kula kintun pananggalan wau. Jonas Portir en.ko.

Surakarta

Kula wisudhan

Nalika dinten Kemis Pon amarengi tanggal kaping 15 Dulkangidah taun Alip 1803 ,awit karsa Dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana ingkang kaping IX ing Surakarta.

1. Raden Mas Sapardikaran putranipun swargi Kanjeng Pangeran Tumenggung Sindusena, kakula wisudha dados pangeran anama Pangeran Tumenggung Bratakusuma, sapalih andherek nama ingkang eyang buyut Raden Tumenggung Brataningrat duk alam kina bupati ing Toyamas kaneman.
2. Raden Mas Riya Sumaharja putranipun swargi Pangeran Arya Suryakusuma kakula wisudha dados pangeran anama Pangeran Panji Puspakusuma.

Nalika ing dinten Senen tanggal kaping 12 wulan Dulkangidah ing taun Alip punika Raden Ngabehi Sumaatmaja abdi dalem kaliwon pulisi ing Klathen kinula wisudha dados tumenggung pulisi ing Bayalali kaparingan nama Raden Tumenggung Prawiradirja, Raden Tumenggung Dipadirja ing Bayalali samangke kaingser dados tumenggung pulisi ing Kartasura, wondene Raden Tumenggung Sumawirya ing Kartasura awit saking panyuwunipun piyambak kaundur kalenggahanipun samangke namung kaparingan pensiyun.

Candhakupun nawala nalika Kanjeng Tuwan Jendral pan Switen

Ing salebetipun lapuraning Jendral pan Switen sarta pakabaran wonten ingkang amurugaken punapa jendral boten kapara kaomberen pikir utawi kirang sengkutipun genira nindakaken, nanging redhaksi amewahi yen nalar makaten wau tan kening kadamel ngawrati kawicaksananing senapati langkung malih manawi katimbang sakathahing pakewed ingkang kedah dipunsingkiraken rumiyin punika boten wajib yen dipunuwukaken sapanunggilanipun.

Bilih kula pyambak kaomberen pikir wau ngatasing kang anyenapateni malah kalebet ing pangaleman botenkening teka dipundamel panetah, mila kula boten angresula sasebutan makaten wau sabab nalar cekak utawi kawanteran punika asring-asring boten amrayogeni ngatasing senapatining prang.

Ingkang anggumunaken genira saged amastani kaomberen pikir sarta kirang sengkut ing mangke reraosan wau anyuplik saking pakabaran utawi saking pemutanipun Jendral pan Switen, ing ngriku namung anyebutaken reringkesanipun kemawon punapa ingkang sampun kawujudan, mila gumun dene ingkang asung kabar boten mawi anggepokaken agal lebatipun sabab punika prelu dipun sumerepi murih saged amastani kaomberen pikir utawi kikirangan sengkut, malah pangraos kula bilih dipunabena sadaya ingkang sampun katindakaken badhe ambatalaken pakabaran ingkang kasebut wau.

Manawi kagalih ing dalem 47 dinten sasampuning mentas ing tanah Aceh aperang kaliyan mengsah kadi ingkang sampun kalawan tanpi pirantos liyanipun ingkang kabekta pyambak tuwin aperang kaliyan bongsa wanter ingkang amepeti margi sarta katuwenan ing wewelak ingkang angribedi tindaking wadya bala tuwin kawratan angopeni ingkang sami saras sarta amulasara kang sami sakit, kang mrelokaken nyantosani margi kang dhateng palabuan prelu ngatasing tanah benter murih ambebengi kesudipun wadya bala wang angyasaning urung-urung sarta adamel baterei tuwin karetek sarta gudhang-gudhang saha adamel panggenaning wadya bala tuwin anyorogi sawarnining kang masthi kangge utawi tatedhan barang kampemen sarta barang rumah sakit, mriyem obat pelor tuwin dandosani jeni, perang asilih ukir, nalar pinten-pinten wau

mongka tumuruntun suprandosipun saged angendhah mengsah saking panggenanipun ing dalem 47 dinten, lah ing pundi ingkang kadamel garan saged amastani yen kikirangan sengkut anggen kula nindakaken damel.

Punapa ingkang ngarang caryos amastani bilih wadya bala wau dunungipuning kitha kapuwa wonten jalaranipun saged angeceh-eceh timpo, o..lah punika boten pisan-pisan sabab ingkang dipunretosi sakalangkung kathah sarta sanget angencengaken daya sakwawenipun rinten dalu.

Menggah kadadosanipun lurugan wau ingkang mikantuki pyambak inggih punika panungkulipun praja pinten-pinten dhateng paprentahan Nedrelan kapara katawengan boten dipunwastani nalar ageng.

Serat kabar *Popatriyah* suprandosipun angmamanisi sarta amumuji, ing ngriku nyebutaken: manawi uruting cariyos amratandhani yen mengsah anggadhahi ajrih dhateng wadya bala kumpeni sarta bilih geteripun mengsah nalar saking krodhaning kumpeni anglangkungi benten kaliyan pamanggihipun ing Nedrelan.

Punika dados tetela amratandhani bilih ing Nedrelan boten saged anyemerepi pangereh tandak tanduk kawekelan tuwin dugi prayogi ingkang sami anuntun dhateng panungkul wausarta anganggep gusti dhateng sri maharaja Nedrelan, ing ngriku prajurit lautan sakalangkung kathah lelabetanipun, wondene panungkuling nagari Aceh wau ing panggalih kula pyambak nglangkungi malih paedahipun katimbang kaliyan pamanggihipun redhaksining serat kabar *Propatriyah* sabab aliya saking kalungkrahaning kanepson utawi kalemesaning pirantos ingkang dipuntemahi dening praja Aceh, pamanggi kula wonten malih ingkang dados jalaran.

Sapisan: [.....] badhe saged [....] sarta tanpa pangajeng-ajeng [.....].

Kaping kalih: awit anyumerepi bilih nagari mayar genira gadhah sesanggaman kaliyan kanjeng gupremen katimbang kaliyan kaparentah dhateng ratunipun pyambak.

Pamatawis kula yen ing benjing makaten babaripun boten anyumelangi malih, ananging rekaosipun dene boten inggal saged anyerepaken dhateng saising nagari ingkang teksih dhusun baleken awis asepanggiyan kaliyan tiyang nagari kawewahan makina-kina angandhut sengit dhumateng bongsa Nedrelan. Taksih wonten candhakipun.

Panjurung

Kula maos serat *Bra Martani* angka 51 ugi wulan taun punika , ing ngriku wonten panjurungipun kakaruh kula sisilih nama Sastra sudibya mratelakaken suraosing pitakening karuh kula ingkang nama reka-reka amanjurung dhateng mitra kula carik ing Langenarja, bab aslining tembung sambutan namung sakawan bab kados ingkang sampun kapratelakaken, ingkang punika panjenenganipun Sastra sudibya sakalangkung mangajeng-ajeng wangsulanipun carik ing Langenarja ingkang riris sarta patitis punapa malih mawi anamtokaken bilih carik ing Langenarja badhe boten anglairaken pamojar ingkang pasaja tabkawekening manahipun awit patakenan reka-reka amanjurung wau ewon patakening rare alit boten pisan kalebet ing golonganipun anyual aeng nyaleneh.

Menggah atur kula punika mugi sampun andadosaken kageting panggalhipun karuh kula panjenenganipun Sastra sudibya, sarehning kula sampun nyumerepi wangsulanipun carik Langenarja dhateng Reka-reka manjurung enget kula wonten ing serat *Bra Martani* angka 49, carik Langenarja anyuwun pangaksama sarta amrasajakaken bilih bab punika dereng angsal saserepan, kajawi ingkang sampun kasebat ing serat wyakarana jawa dereng sumerep ing katranganipun, boten saking punapa mila kula kamipurun anyelani atur sakedhik kados ingkang kasebut ing ngajeng wau sabab kula sampun sumerep watekanipun carik Langenarja ugi remen ataken tinaken, ananging bilih dipuntakeni tembung ingkang dereng sumerep lajeng enggal amrasajakaken bodho balilunipun, kalih dene saking panimbang kula kajawi karsanipun para saged tiyang wau bilih badhe ngupados indhaking saserepan sarta wewahing pawong sastra kadang karuh kados prayogi ingkang kathah prasajanipun tuwin angangge tembung alus sabab ingatasing kasagedan ing donya punika boten yen ngamungna kaangge tiyang satunggal kemawon, ingkang limrah tiyang wau sami kadunungan wahyu kawignyan piyambak-piyambak

liripun kadosta tuwan kaji tuwin ngulami dipuntakeni rapal makna tuwin donganipun tiyang salat utawi pujongga dipuntakeni tembung kawi tuwin parama sastra amasthi enggal kemawon anggenipun mangsuli sabab punika dipunjungkung rinten dalu amargi sampun kawajibanipun, sumongga upami tuwan kaji dipuntakeni pratikelipun tiyang ngabotohan dhek inggih linguk-linguk makaten sasaminipun atur kula wau. Lah punika kayaktosanipun kadosta ngelmi palak utawi kodrat, saking panginten kula sanesipun para priyantun ingp amulangan kados dereng wonten ingkang nyumerepi saking sakedhik antawis kula kerep-kerep amrangguli priyantun angungkaken bab ngelmi palak utawi kodrat wonten ing *Bra Martani* ngantos cacengkulngan anggen kula ngajeng-ajeng ingkang anjawab, ananging ngantos sapriki ameksa anglenthar kemawon inggih punika wau saking panginten kula sanesipun priyantun ing pamulangan upami amangsulana kula anamtokaken boten patitis, wasana panyuwun kula dhateng panjenenganipun Sastra sudibya mugi sampun andadosaken rengat sarta seling serep ing panampi dhumateng atur kula sadaya wau. Sastradata ing Tejamaya.

Mitra kula Open murih dhumateng mas Sebul anegesana tembung ingkang dados kodhanging manahipun Singarodra, sarehning ngajeng mas Sebul sampun mratelakaken badhe boten anegesi jalaran kamanah tanpa damel sarta ing dinten punika mas Sebul saweg kesah anglampahi ayahaning gusti, manawi kapareng kula ingkang sumengka angaturi tegesipun, lepat leres kula sumongga, nanging manawi lepat mugi mitra kula Open ananggulanga dhumateng panyakaripun Singarodra.

Kadosta *anrangbaya* wetahing tembung *anerang baya*, *anerang* tegesipun *anerajang*, *anarak* babaya, pakewed, kapilayu, kayungyun utawi kalayu, *sabrang kiduling benawi* leresipun *nyabrang kidul ing benawi*, manawi saking pamanah kula tembung makaten wau boten damel kodhanging manah, sok tiyanga ingkang waget maca tamtu sumerep dhumateng luluhing aksara, panggarbaning aksara, punika rak sami kimawon kaliyan tembung kasangsara, narendra, yaksendra, kaot kangge ing kidung kaliyan boten, anaming teges wau sami, ewadene anggen kula negesi wau boten pisan yen kula anganggeya leleser kula piyambak boten langkung kula boronga dhumateng mitra kula Singarodra utawi Open..

Ngarpat kapanasan kaping 21 Dhesember 1874. Katandhan Dirman.

Wangsulan pamungkas

Sarehning Singarodra tan mratelakaken bilih dereng purun amangsuli dhateng seratanipun mitra kula Kawa anaming ngentosi yen sampun saged mindhak kawignyanipun dhateng tembung tuwin patraping panyerat, menggah wangsulan makaten wau rak tetela bilih angungasaken kasagedanipun, ewadene kula inggih makaten ugi manawi Singarodra dereng saged anjereng wijangipun cangkriman kula tembung tigang bab kados sampun ingkang kapratelakaken [...] kaliyan manawi, nanging kaliyan naming, tuwin [.....], Singarodra mungela kados bethet sewu kula inggih badhe boten [...], mitra kula Kawa tuwin Sukarsa inggih kula aturi kendel kemawon [.....] yen wonten pangarubirunipun Singarodra malih, kajawi makaten mitra kula sakaliyan punika yen tumrapa sawung radi kawon tangled sarta kawon luwes [...], mila sanget anggen kula angadhangi supados sampun abruk dhateng panjenenganipun mitra kula sakaliyan. Open.

Anggelar andhe sanepa

Andhe sanepa punika dumunung salebeting manah tegesipun Kusumawicitra kembisanejana, dede tegesipun Singarodra, Singa galak utawi macan begal pundi ingkang patitis, sarehning wontenipun [...] tamtu ingkang kaseser, ananging Kusumawicitra boten mijeni sawala, sasaged-saged mirukun sarta asung margi kautamen, ananging Singarodra wangkal malah sangsaya dadrang anggenipun mayoki kaliyan nyampe dhateng para mitra sanesipun, Kusumawicitra dados namung ngempyangi anggenipun gelar kasudiran Singarodra ingkang supados sampun ngantos cuwa ing pangangen-angenipun.

Paribasan kembang sayejana dipunobrak-abrik macan nyanlunthang amesthi pating blingkrahe lebur sasekaranipun, ananging oyot taksih kekah tumancep siti malah godhong ijem liyu-liyu asri dinulu samanten wau yen wujud kembang sejati mekaten ugi macan pancen taremanipun mangsa kewan tuwin kuwonda, sareng nrajang sumedya mongsa kang dede karem-karemanipun dados kaweleh sabab kacelihi mamah tambining gurda kadadosanipun pokah siyungipun 4, mekaten malih tembang yen kadya wora-wari kang tamtu namung mrangangah tanpa arum.

Saking bab punika sampun kinodrat kembang wau amesthi wonten piliyanipun ingkang pelagi warna arum gandanya tur maedahi, mekaten ugi macan tanpa siyung sanadyan nyakota gek pisan mranani saestu namung gera gero lir mudah lawan tur ditudingi bae banjur jintel salin warna dados kucing cumbu, kekinthil sobat kula.

Ingang punika saupami kula boten byantoni mitra kula Open saestu kirang prayogenipun, pramila kula kedah nambahi nama pun kucing cumbu pinaren dados sirna tandang trengga rowannipun ngeleleh ringkes tanpa karkat, o..gampil sanget anggenipun ngipataken dalem sandhawah megat-megat meh bongka.

Mila kadi karuh kula mas Sebul kalih Cingkara sampun pisan miris ing galih tuwin gimiren swaraning kucing piler, yen boten kalintu tegesipun Sebul bongsa mumudya, dene Cingkara kucing condra mawa, yen kadamel wangsalan gendhing dados gendhing condra, kalih pisan anggadhahi suraos sing teges padhang, nala. Mudita, kayun, pundi ingkang patitis lah punapa yen tegesing panggalih mengsa bongsa rubeda ingkang tan miyatani.

Ing wasana kula prelu nusuli katrangan bab kalintonipun aksara bok manawi keser ing panurat utawi pangecapipun ing ngandhap punika.

1. mungel kula teteripun punika lepat, leresipun kula teteripun.
2. Mungel kikilat punika lepat, leresipun lir kilab.
3. Mungel sumedya nyingkiri punika lepat, leresipun sumedya nyingkari.
4. Mungel watek punika lepat, leresipun mbek tegesipun watek
5. Mungel sereng punika lepat, leresipun sendhu tegesipun sereng.
6. Mungel boten keled ing punika lepat, leresipun boten leleda ing.

Kajawi ingkang kula pratelakaken ing nginggil punika inggih teksih wonten ingkang kecer aksaranipun, anangingh boten susah kula pratelakaken awit badhe boten nalari ing pangukihipun mengsa kula sarehning sabarang tarekahipun satru kula sampun kathah para mitra ingkang nranggulang, o..langkung prayogi kula ngrerepiya kemawon supados ngeggar wardaya sokur manawi saged damel rena ing panggalihipun para mitra ingkang mitulungi amrih karaharjan, ing ngandhap punika sinawung kidung lagu mijil.

Kali nongka kacengkok ing puri, gunung gamping kulon, ardi mrapi ler wetan prenahe, candhi prambanan mango kang ing margi, paleret maggiri, giri laya kidul. Saprapane manjing aningali, parang kusuma grong, parang wedang tritis gambirawate, guwa langse mangung kang jeladri, gajah mungkur sarwi kagebyar ing ngalun.

Raden mas Kusumawicitra, Ngayogyakarta, putranipun, Sa.Fa.siswanipun, Ha.Pa., kadangipun Wa.Ta., mitranipun Sukarsa.

Yudaning kalam nginggil punika kendela samanten kemawon. Redhaksi.

Lintang sukra (Veneus)

Sampun sawatawis lami kula maos serat *Bra Martani*, ing ngriku amratelakaken manawi tanggal kaping 9 wulan Dhesember 1874 lintang sukra (Veneus) badhe tumbuk kaliyan surya, kajawi punika kathah tuwan ingkang nyukani pirsu dhateng kula ing bab prakawis badhe tumbukipun lintang sukra kaliyan surya wau malah wonten ingkang mratelakaken yen lintang sukra wau katingal gathukipun ing surya, agengipun satigan ayam ingkang kapara alit.

Mila nalika tanggal kaping 9 wiwit jam 7 enjing kula sampun aningali surya akaliyan kaca sinangub ananging boten katingal, sareng jam 10 kula aningali malih, ing ngriku kula semerep maujud cemeng agengipun kinten-kinten wonten saklungsu ingkang sedheng tumemplek ing

surya ingkang tembing ler sarta kapara ngandhap sakedhik, jam 4 kula ningali malih sampun sirna.

Inggang punika manawi panjenenganipun tuwan redhaktur kapareng mugè amaringana katrangan punapa inggih ingkang kula tingali punika ingkang winastanan gathuking lintang sukra kaliyan surya.

Titi sinerat ing Magetan kaping 12 Dhesember 1874. Katandhan Sutandar.

Sarehning panyual ing nginggil punika kalebet kawruh ing panujuman mongka kula pyambak sajak boten pisan-pisan katempelan sumerep kedhik-kedhika, mila kula amrayogekaken dipunsrantosena dumugi benjing manawi sampun wonten lapuran saking para saged ingkang sami kautus anyidigaken tumbukipun sang sukra kaliyan sang raditya, sokur manawi Sutandar saged tampi seserepan bab palintangan wau saking priyantun ingkang sinukmeng krami, mas Sastra sudibya sabab punika panrekaning redhaksi putus dhateng ilmu falak kadi ingkang sampun kapratelakaken ing panjurungipun kang kapacak ing *Bra Martani* angka 51, bilih redhaksi pyambak o.giris anggulang ilmu satunggal punika kajawi ingkang sampun kasusra nama astronom. Redhaksi.

Nalika tanggal kaping 2 wulan Dhesember 1874 para siswa ing pawiyatan Magetan sami dipundadar ing pangulah ing guna pangawikanipun (examen) wonten ing pandhapi kabupatèn, para siswa anggenipun amangun kawignyan andamel suka pirenanipun kanjeng presidhèn pawiyatan sarta para priyantun komisi.

Salebaring papirsan kanjeng presidhèn amaringaken ganjaran dhateng para siswa awarni serat waosan pen mes sarta sanes-sanesipun mongka pratandha pangalembana dhateng kataberen tuwin guna pangawikanipun, kathahing siswa ingkang tampi ganjaran 102.

Sontenipun mantri guru dalah para siswa dipuntimbali kanjeng bupatos dhateng pandhapi kabupatèn kaparingan babingah sarana tatingalan ringgit wacucal saha anepong khajatiipun kanjeng bupatos amilujengi dhateng para siswa.

Kanjeng bupatos ing salebetipun manggihi para siswa wau tansah amayakaken sotaning panggalih dene para siswa wau katingal tumemen pamarsudinipun agayuh kawruh sinaroja pangimur sarta pangetang labaning pangawikan sarta kawengkelan, punika ing tembe ingkang dados palunturipun kawirbawan ing sapangkat-pangkatipun wiyata pambukaning karaharjan wau winahya ing panabda ingkang getir juruh, yayah kadwang ganeka banjiran kilang kaleban tasik madu kabrukan prahata puspa sumrik sumarambah rumesep ing babayu sami sakal saged amangani budi, tumbuh ing agurenda tyas malat dhateng katumamen sarta anyengkudaken pangungkih ing para siswa angrasuk ing kawijaksanaan.

Ri sawija pamong siswa tansah tumungkul amarikelu labet saking jibeg bebeging manah kaprabawa direng palimarma tuwin gending pitulunganipun kanjeng bupatos dhateng ingatasing mantri guru ingkang prasasat janaloka tuwin ngendraloka sepen pitembungan ingkang patitis kadamel amratelakaken mamaning sabda sarta kebaring ujwala ingkang milangoni.

Boten punapa namung panuwun kula ingp anjenenganipun tuwan redhaktur karsa amitulungi amradinaken pawartos ingkang pantes kamireng para utami wau, kula amumuji sageda sumebar kalokeng ing samindraning atas angin sarta bawah angin.

Kaping kalih janma punggung genira amacakaken cucuplikaning serat ing *Bra Martani* angka 52 suprandosipun taksih lepat, dene juru pangecap angakeni kalintunipun.

Inggang punika ing mangke dipunkaping tigani pamujining janma punggung ajenga sampun ngantos kalintu malih.

Sekar draharsani.

Kresnajuna.

Nahan sabdanira janarddhana nararyya.

Sambyadan maraup akaryya dewa puja.

Kapwameaken udakanjali bathara.

Sampun mangkana sira saprahara yogi.
Ngkan rakwa kretawara sang nararyya parta.
Sang hwang rudra sira katon teka sarira.
Mastwaken pejaha jaya drateng ranangga.
Ndhan sang hyang pasupati sastra linirastra.
Sampun mangkana pangucap niranta suksma.
Tustambek prawara danangjaya tiharsa.
Si grajarta sirira sang nararyya kresna.
Swasti astu jarira janarddhanan panabda.

Punika cariyos Babad Kartasura

Sigra mesat sira Wongsapati, saking ing ngarsane gustinira, kang aneng pabethekane, lampahira gya rawuh, pamasaran ki Wongsapati, wus panggih lan ki Umar, Wongsapati muwus, ki Umar ulun dinuta, marang gusti pangran Puger kang asakit, kang aneng pabethekan. Kita kinen angrencang-ngrencangi, andodonga marang ing hyang suksma, darapon glis paluware, sing pabethekanipun, amanggiya harja basuki, ki Umar aturira, wus mantuka gupuh, Wongsapati pakenira, pan Pangeran Puger pasthi madeg aji, aneng ing Kartasura. Gya pamit mantuk ki Wongsapati, suka ring tyas prapteng Kartasura, wus umatur ing gustine, kawarnaha sang prabu, sampun ical dukanireki, kang rama ingapura, lan garwanipun, semana wus linuwaran, jeng Pangeran Puger nanging kinen ngalih, sing padalemanira. Kinen ngalih mring jethak tumuli, pra punggawa sampun sami bubar, mantuk marang ing wismane, Pangeran Puger wau, tansah soka sungkaweng galih, atajin dhahar nendra, lan saputranipun, miwah para garwanira, pan sadaya samya sungkawa ing galih, katon duk pinilara. Kala semana sri narapati, ngungelaken maariyem wasiyat, pan ki pamecut namane, sinungan mimis sampun, ngungelaken kagyat wadya lit, mimis tiba ing jethak, Pangran Puger wau, wewah sanget jareming tyas, pan kabubuh dening punggawa kakalih, ing Sampang Surapringga. Data tita lingira ing nguni, kawarnaha nagri Batawiyah, duk kala serat dhatenge, saking kumendur selut, Hendrik Hansah ingkang loloji, nagari ing Jepara, kasung wikan sampun, yen narendra Kartasura, mantuk maring rahmatolah putraneki, mangkya wus madeg nata. tan amawi pracayeng kumpeni, sedya apisah ing saudaran, tigal jangji duk ramane, para ratpeni kumpul, neng ngarsane gurnadur sami, jendral Horpek hurdiman, munggwing kantor agung, dadya kang punang bicara, tuhu cidra kang putra rajeng Matawis, kang madeg Kartasura. Dadya ajrih dursila ing batin, rembug para ratpeni sadaya, tinenung bae sedyane, sampun gupaya tenung, kang aregi limalas kethi, titir nagari sabrang, tenung makan ratu, kang tenung wus lumaksana, rupa janma awake saprau konthing, suku geng pitung cengkal. Rambut gimbal lamun winitawis, den rembata wong roro kabotan, pan sampun lepas lampah, Kartasura wus rawuh, pan lalembat awor lan angin, anjujug jroning pura, wayah tengah dallu, sirep nuju wong jro pura, pan pinareng sang nata ing dalu mijil, neng latar prabayasa. Punang tenung miyati sang aji, nulya anjong saking madyantara, anjenggeleg ing ngarsane, sang nata ebat dulu, amengkarag sariraneki, dharedheg denya tanya, wong apa sireku, sang nata emut ing driya, pangrasane juru taman lagi prapti, mari mangkarag ira. Angakuwa sira sun takoni, apa sira ya si juru taman, dening kaliwat gedhene, punang tenung sumahur, dudu juru taman puniki, ing sun tenung walonda, sapa dadi ratu, iya ing nagara jawa, baya sira gugunan gugup nauri, mangkarag sariranya. Dudu ing sun kang madeg narpati, apan iya pernah paman ing wang, ngalora kana enggone, yeku kang madeg ratu, kapugeran kadhatoneki, punang tenung wus kesah, ngalor paranipun, apan nyiluman lampahnya, jeng susunan semana leha ing galih, marase sampun ilang. Punang tenung semana wus prapti, kapugeran anjujug ing natar, anuju natar panepen, pangran nuju tuturuh, apan kagyat duk aningali, ing janma tanpa kaprah, wus grahiteng kalbu, narka yen dudu manusa, jeng Pangeran Puger matek sepi angin, tenung wus pinanggiyan. Sira iki setan apa ijim, dene gedhemu kagila-gila, punang tenung lon ature, pan ing sun iki tenung, endi ingkang dadi narpati, pangeran angandika, takon ratuningsun, iya apan sedyanira, ing kadhaton enggone narendra mami, punang tenung sru ngucap. Ingsun mau teka ing jro puri, ana wong kang

manggihi maring wang, bagus tur kuning warnane, atatur maring ing sun, yen ratune ana ing ngriki, apan kaprenah paman, lawan kang atatur, pangeran mesem ngandika, Insa Allah iyeng sun kang madeg aji, amengku nusa jawa. Apa sedyanira prapteng ngriki, punang tenung asru saurira, sedyaning ngong prapteng kene, pan ana kang angutus, tandhing sekti lan ratu jawi, yen wus ratune kalah, palastra dening sun, sun tumpes jagad sadaya, rewang ing sun kang padha kon neluhi, kabeh wong nusa jawa. Jeng pangeran mesem ngandika ris, alah payo sira tekakena, lelembut asudi gawe, sigra pangeran wau, wus anyipta rasaning tunggil, gusti lawan kawula, anunggal sawujud, sigra pinandengi tingal, punang tenung ngalumpruk sasira cilik, arupa rare bajang. Pan gumeter matanya mucicil, kajuwit-kajuwitan pangucap, pangran alon timbalane, wis kalah sira iku, lah alungaha sira den aglis, teka ing tanah jawa, aja gawe rebu, yen sira dora lungaha, apa nganti sira dadi wrejit cacing, dadi gadibaling wang. Sira lungaha amangalor aglis, gunung kendheng kang sira turuta, muliya mring sabrang maneh, ja sira ganggu-ganggu, ing dadalan marang wong cilik, pan kabeh duweking wang, ing tanah jaweku, kang tenung sigra umesat, saha tobat gunung kendheng den margani, kathah wong kena ngrumab. Pangran minggah ing panepen malih, kawarnaha paku sri narendra, semana ta srinane, nimbali patih wau, sumabrata wus prapteng pura, cundhuk saha tur sembah, mangusap pinabu, ing suku sang naradipa, sri narendra pangandikanira manis, eh bapa Sumabrata. uTusana amariksa aglis, mring daleme paman kapugenan, alakuwa sandi bae, manawa gerah iku, lan orane karuhna aglis, manembah Sumabrata, ,edal nulya ngutus, anukma mring kapugenan, tan adangu kang ingutus sampun prapti, katur ing sri narendra.